Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билим министрлиги

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Орта арнаўлы ҳәм кәсиплик билимлендириў басқармасы

Қ.Қ.Жәримбетов

Қ.К.Оразымбетов

ҚАРАҚАЛПАҚ ӘДЕБИЯТЫ

(Кәсип-өнер колледжлери оқыўшылары ушын сабақлық)

Нөкис

«Билим» баспасы

2006

Қ.Жәримбетов, Қ.Оразымбетов

Қарақалпак әдебияты

Сабақлық

Нөкис, 2006, 290-бет

Бул сабақлықта қарақалпақ фольклоры, қарақалпақ жазба әдебияты дәреклери, X1Y-X1X әсир қарақалпақ әдебияты, X1X әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты, ҳәзирги қарақалпақ әдебиятына байланыслы материаллар берилген. Сондай-ақ сабақлықта әдебият теориясынан мағлыўматлар темасы астында көп ғана әдебий атамаларға түсиниклер бериледи.

Сабақлық кәсип-өнер колледжлери оқыўшыларына арналған. Сабақлықтан орта мектеп ҳәм академиялық лицейлердиң оқыўшылары, оқытыўшылары, жоқары оқыў орынларының студентлери қолланба сыпатында пайдаланыўы мүмкин.

Пикир билдириўшилер:

С.Баҳадырова, филология илимлериниң докторы, профессор.

Қ.Юсупов, филология илимлериниң кандидаты, Өзбекстан Республикасы ағла оқытыўшысы

Көркем әдебият ҳаққында түсиник

Адам сыртқы орталықты, жәмийетти, турмысты тек әмелий хызмет барысында билиў менен ғана шекленбейди. Адам оларды көркем-эстетикалық пикирлеўлер, сезиўлер арқалы да үйренеди, яғный сыртқы орталық, жәмийет, турмыс туўралы түсиниклерди көркем образлар арқалы береди.

Көркем образлар көркем өнер (сүўретшилик, мүсиншилик, музыка, хореография, театр) шығармаларында жаратылады, демек, көркем өнердиң баслы ўазыйпасы – бул көркем образ жаратыў, дүньяны көркем образлар арқалы көрсетиў, танытыў, сәўлелендириў. Көркем әдебият та көркем өнердиң бир түри болып есапланады ҳәм өзиниң айрықша қәсийетлерине ийе болады.

Әдебият деген атама кең мәниске ийе болады. Улыўма хатқа түсирилген, жәмийетлик мазмунға ийе ҳәм әдебий тилдиң өлшемлерине сай жазылған шығармаларды **әдебият** деген атама менен жүритеди. Мысалы, илим-изертлеў тараўына тийисли шығармаларды **илимий әдебият,** ҳуқық-нызамға тийисли шығармаларды **юридикалық әдебият,** медицина тараўына тийисли шығармаларды **медициналық әдебият** деп атайды. Көркем сөз өнери арқалы дөреген шығармаларды жыйнақлы бир термин менен **көркем әдебият** деп жүритеди. Көркем әдебиятты көбинесе қысқаша ғана **әдебият** деп те атайды.

Көркем әдебият –көркем сөз өнери. Сыртқы дүньяны, жәмийетлик турмысты образлар арқалы таныўдың бир түри. Ҳақыйқатында да жазыўшы-шайырлар көркем сөздиң қүдирети менен сүўрет салады, тек ғана сүўрет салып қоймастан оған жан береди, Адам характерин ашып береди. Әдебият та жәмийетлик сананың бир түри болып есапланады. Ол тәбиятты, турмысты билиўге умтылады ҳәм олар туўралы түсиниклерди

көркем образлар менен береди. Соның ушын да көркем әдебияттың тәрбиялық хызмети үлкен.

Көркем әдебият В.Г.Белинскийдиң көрсеткениндей көркем өнердиң басқа да түрлеринен өзиниң жетекшилик қәсийети ҳәм қоспалылығы менен парық қылады. Мысалы, пъеса сахналастырылыўы ушын ең дәслеп оның әдебий нусқасы – драмалық шығарма пайда болыўы керек, кино экранластырылыўы ушын алды менен оның сценарийи жазылады ямаса музыка жазылыўы ушын оған қосық тексти болыўы шәрт.

Көркем әдебият раўажланыўдың узақ тарийхый жолларын басып өткен. Көркем әдебияттың дәслепки басқышы – халық аўызеки әдебияты, яғный фольклор. Жазыўдың еле пайда болмаған дәўиринде көркем шығармалар аўызеки дөрелген ҳәм атқарыўшылық ямаса аўызеки көркем баянлаў жолы менен тарқалған. Сонлықтан фольклорлық шығармалар ҳәр дәўирдиң талапларына муўапық өзгерип барады. Усы жағдайларды есапқа алып фольклорлық шығармаларды илимде жәмәәтлик (коллективлик) дөретпелер деп атайды.

Әдебий шығармалар жазба түрде, белгили бир адамның авторлығында дөрейди. Олар өзгертилмейди. Раўажланған әдебиятта ҳәр бир итибарлы жазыўшының жеке (индивидуаль) стили болады.

Фольклорлық шығармаларда образ жасаў әпиўайы усыллар менен иске асырылады. Жазба әдебиятта образ жасаў бираз қурамаласады. Көркем образға автордың жеке көзқараслары, жеке позициясы сиңдириледи. Реалистлик әдебиятта персонажлардың образлары олардың жеке характерлери арқалы жаратылады. Шығармаларда ҳәр бир персонаждың басқаларды қайталамайтуғын жеке минез-қулқын, ис ҳәрекетлерин, ишки кеширмелерин, сөйлеў өзгешелигин, сыртқы портретин бериў арқалы характер жаратылады. Усы характер персонаждың образын көркем ҳәм исенимли етип көрсетеди. Характер жаратыў - бул жаңа дәўир әдебиятының жемиси.

Көркем әдебияттың көркем өнердин баска түрлеринен баслы айырмашылықларының бири – ол көркем образды тил (сөз) арқалы жасайды. Мүсинши (скульптор) көркем образ жаратыўдың материалы ретинде тас, гипс, мәрмер, бронза усаған материалларды пайдаланады, сүўретши бояў менен қыл қәлемди, композитор музыка жаратыў ушын не түрли сеслерди пайдаланады. Ал жазыўшы (шайыр) образ жаратыў ушын сөзлерди пайдаланады. Ол шығармаларда ўақыяны сөз бенен коркемлеп сүўретлейди ямаса сөз бенен ишки сезимлерди, рухый кеширмелерди, ой-пикирлерди береди. Демек, көркем шығарма дөретиўдиң баслы шәртлериниң бири – бул көркем тилди толық меңгериў, оны көркем образ жаратыў ушын шеберлик пенен пайдалана билиў.

Көркем әдебият регионаллық әдебият, миллий әдебият болып шәртли түрде бөлиниўи мүмкин. Миллий әдебият өз шығармаларында белгили бир халықтың, миллеттиң өзгешеликлерин, характерин (менталитетин), рухый мәдениятын, тарийхын сәўлелендиреди. Ҳәр бир миллий әдебият сол миллеттиң басып өткен тарийхый жолларына, жәмийетлик турмыс шараятларына қарай ҳәр қыйлы дәўирлерде, ҳәр қыйлы жағдайларда қәлиплеседи, раўажланады. Мысалы, антик грек-рим әдебияты буннан 2500-2800 жыллар бурын қәлиплесе баслаған болса, Батыс Европа әдебияты алдыңғы орта әсирлерде қәлиплеседи. Ал көшпели турмыс кеширген халықлардың жазба әдебияты тарийхый шараятларға байланыслы буннан да кеш пайда болады. Қарақалпақ жазба әдебиятының сағалары ерте дәўирлердеги түркий жазба естеликлерден басланады ҳәм қарақалпақ әдебияты атамасы менен X1Y-XYШ әсирлерден дөретиле баслады.

Қарақалпақ фольклоры ҳәм оның түрлери

Салт-дәстүр қосықлары

Фольклор ҳаққында улыўма түсиник. Фольклор термини инглис тилинен алынған болып, сөзбе-сөз аўдарғанда халық даналығы, халық дөретиўшилиги дегенди аңлатады. (***folk*** – халық, ***lore*** – даналық) ҳәм ол халық аралық терминге айланып кеткен. Қарақалпақ тилинде фольклор менен қатар **халық дөретиўшилиги** сөз бирикпеси сыңар термин сыпатында өнимли қолланылады. Оны гейде аўызеки әдебият деген термин менен де атайды. Фольклор (халық дөретиўшилиги) өзиниң келип шығыўы бойынша узақ дәўирлерге яғный, мифологиялық дәўирлерге барып тақалады. Әййемги фольклор соңғы дәўирлер фольклоры сыяқлы түрлерге (жанрларға) жикленбеген болып, синкретикалық (қоспақ) қәсийетке ийе болған. Демек әййемги фольклор өзине музыка, хореография (аяқ ойын) театр элементлерин жәмлеп,тутас бир көркем өнерди аңлатқан ҳәм ҳәр қыйлы салт-дәстүрлерди, үрп-әдетлерди, ырымларды орынлағанда атқарылған. Фольклор заманлардың, жәмийеттиң раўажланыўы менен өзгерип баратуғын тарыйхый қубылыс. Өзгериўшеңлик, яғный сюжеттиң, образлар системасының, тилдиң әсиресе оның лексикалық қурамының өзгерип барыўы-фольклор шығармаларының тийкарғы қәсийети. Тарийхый раўажларыўдың барысында бир тутас синкретикалық өнер болып есапланған фольклор түрлерге ажыралып, жиклене баслайды; музыка фольклоры, хореография фольклоры көркем сөз фольклоры (аўызеки халық дөретиўшилиги) ҳ.т.б. Көпшилик фольклорлық шығармаларда, мысалы қосықларда, дәстанларда көркем сөз баслы орынға шығып, музыка театр элементлери оған қосымша болып қалады, ал бир қатар фольклорлық жанрларда мысалы ертеклерде, аңызларда, анекдотларда көркем сөз өнери жетекши орынды ийелейди.

Халық аўызеки сөз өнери (фольклор) бир қатар өзгешеликлерге ийе болады. Биринши нәўбетте фольклор **жәмәәтлик (коллективлик)**

дөретиўшилик болып есапланады, яғный фольклорлық шығарманың жеке авторы болмай, оны халық дөретеди. Бунда ең дәслебинде пүтин бир шығарма бир адам тәрепинен дөрелиўи мүмкин. Бирақ оның халыққа таралыўының барысында бул шығарманы айтқан адам оны тыңлап отырған аудиторияның (тыңлаўшылардың) талапларына, көркем эстетикалық талғамына, заманның өзгешелигине қарай өзгериўи, қысқарыўы ямаса қосыўы мүмкин. Сонлықтан фольклорлық шығармалар халық дөретиўшилиги, халық мийрасы болып есапланады.

Халық дөретиўшилигиниң өзгешеликлеринен бири-ол негизинен аўызеки дөреледи ҳәм тарқалады. Басқаша айтқанда фольклорлық шығармалар бурынғы заманларда хатқа түсирилмеген ҳәм нусқа болып қалмаған. Биреўден биреўге әўдадтан әўладқа аўызеки өтип ҳәм тарқалыўының нәтийжесинде фольклорлық шығарманың дәслепки авторы умытылып,олар халық мүлкине айланады. Дурыс, айырым дәстанларда ("Қырқ қыз", "Алпамыс" ҳ.т.б) жыраў өзинен бурын усы дәстанды жырлаған жыраўлар туўралы,дәстанның дәслепки дөретиўшиси туўралы мағлыўматлар береди. Бирақ олар дәстанның авторлары бола алмайды, ал оның атқарыўшылары болып табылады.

Фольклорлық шығармалардың және бир белгиси - бул олардың көп вариантлылығы. Жоқарыда айтылғанындай бир шығарманы ҳәр атқарыўшы өзинше өзгерислер киргизип,ҳәр қыйлы атқарыўы мүмкин. Мысалы, "Алпамыс" дәстанының қарақалпақ фольклорында көп вариантлары бар. (Қыяс жыраў варианты, Өгиз жыраў варианты, Есемурат жыраў варианты ҳ.т.б). Ҳәр бир жыраў дәстанның сюжетине, образларына мотивлерине өзинше өзгерислер киргизиўи мүмкин. Фольклорлық шығармалардың ҳәр бир халықтың көркем эстетикалық түсиниклерине, турмыс тәризине, тарыйхый шараятларына байланыслы халықлық вариантлары болады. Буларды илимий тилде миллий версиялар деп атайды. Мысалы, жоқарыда келтирилген "Алпамыс" дәстанының

қарақалпақша, өзбекше, қазақша версиялар болып, олардың сюжети, мотивлери, идеясы тематикасы бир-бирине жақын болғаны менен ҳәр бир миллий версияның өзгешеликлери бар.

Фольклорға тән қәсийетлердиң және бири- бул оның бурыннан киятырған көркемлик дәстүрлерди қатаң сақлаўы болып табылады. Ертеклер, дәстанлар, қосықлар турақлы басламаларға, сюжетлик мотивлерге, композициялық қурылысларға ийе болады. Мысалы, ертеклер "бир бар екен, бир жоқ екен, бурынғы өткен заманда, сол заманның қәдиминде..." деген турақлы басламаларға, дәстанлар батырдың әжайып болып туўылыўы, өсиўи, батырдың ат таңлаўы, батырдың қыз излеп кетиўи, батырдың гүрес тутыўы сыяқлы турақлы сюжетлик мотивлерге ийе болады.

Ал жазба әдебияттың талаплары пүткиллей басқаша. Мысалы, әдебият шығармалары белгили бир авторға ийе болады, ҳәр бир итибарлы жазыўшының (автордың) өзиниң жеке көркемлик услубы, жеке идеялары болыўы мүмкин. Жазба әдебиятта фольклордағыдай бир шығарманың бир неше вариантлары болмайды. Шығарма баспадан шығып көпшиликке тарқалған соң оны автордың келисимисиз ҳеш ким өзгерте алмайды ҳәм ол жазба нусқа болып қалады.

Әдебий шығарма жазба түрде дөрейди, жыраўларға, бақсыларға ертекшилерге тән импровизаторлық (суўырып салмай, ақпа шайырмалық) жазба әдебият ўәкилине жат усыл.

Фольклорлық дөретиўшилик пенен жазба әдебият арасындағы бундай айырмашылықлар олардың бир-бирине қарама-қарасы екенин аңлатпайды. Керисинше, көркем сөз өнериниң бул еки түри бир-бири менен тығыз байланыста болады, бир-бирине тәсир жасайды. Мысалы, жазба әдебият ўәкиллери халық дөретиўшилигинен көп нәрселер алады (нақыл-мақаллар, сүўретлеў қураллары, түрли образлар ҳ.т.б.), оның сюжетлерин, мотивлерин пайдаланады. Өз гезегинде халық шайырлары

жазба әдебияттан көп нәрселер үйренеди. Ҳәттеки олардың айырымлары үйрениў барысында жазба әдебият ўәкиллерине айналып кетеди. Қарақалпақ әдебияты тарийхында Аббаз Дабылов, Садық Нурымбетов дөретиўшилик жолын халық шайырлары сыпатында баслап, соңын ала XX әсир қарақалпақ әдебиятының ири ўәкиллери болып жетилисти.

Ҳәзирги заман фольклорының өзгешеликлери. Жоқарыда атап өтилген өзгешеликлер барлық заманлар ушын соның ишинде илим ҳәм техниканың раўажланыў шыңларына жеткен XX-XXI әсир ушын жарамлы бола бермейди. Мәселен, фольклорлық шығармалар аўызеки дөретиледи ҳәм халық арасына атқарыўшылар жәрдеминде аўызеки тарқалады деген қағыйда жазыў-сызыўы болмаған әййемги дәўирлерге ямаса саўатсызлық үстемлик еткен орта әсирлерге тән болып есапланады. Ал халықтың ғалаба саўатлылығына ерисилген ҳәзирги дәўирде фольклорлық шығармалар жазба түрде дөреле бериўи мүмкин. Мысалы, ҳәзирги заман халық шайырлары қосықларды, соның ишинде той, беташар қосықларын жазба түрде дөретеди ҳәм көбинесе олардың жазба текстлерин той мәресимде оқып береди. Егерде дәстанлар, ертеклер, бурынғы заманларда жыраўлар, бақсылар, ертекшилер тәрепинен халыққа аўызеки жеткерилген болса, ҳәзирги ўақытта фольклордың бул түрлериниң вариантлары жазып алынып, китап түринде баспадан шығарылған. Қәлеген саўатлы адам ҳәзирги фольклор шығармалар менен атқарыўшылардың көмегисиз-ақ китап нусқасын оқып таныса бериўине болады.

Ҳәзирги ўақытта фольклорлық шығарманың авторы болмаўы керек деген уғымда гөнерген деўге болмайды. Халық дөретиўшилиги усылында пайда болған көп ғана шығармалардың авторы белгили. Ҳәттеки булардың шығармалары баспадан шығып та турады. Мәселен қазақ ақыны Жамбыл Жабаевтың, өзбек бақсысы Фазыл Юлдаш уғлының, қарақалпақ жыраўлары Қурбанбай Тәжибаевтың, Қыяс Қайратдиновтың шығармалары

тиккелей өзлеринен жазылып алынып солардың авторлығында баспадан шығарылған.

Бирақ бул айтылған жағдайлар техника раўажланып кеткен ҳәзирги заманда халық дөретиўшилиги менен жазба әдебият арасындағы айырмашылық өшти дегенди билдирмейди. Олар көркем сөз өнериниң еки түри болып қала береди. Фольклорлық шығармалар жазба түрде пайда болып, баспадан шығарылған менен олар бәрибир халық дөретиўшилигиниң тийкарғы принциплери шеңберинде дөретиледи. Мысалы, фольклорлық шығарманың авторы белгили болған менен ол бәрибир фольклор поэтикасы тийкарында дөретиледи, яғный фольклордың поэтикалық дәстүрлери қатаң сақланады. Булар фольклорлық шығармалардағы дәстүрли басламалар, дәстүрли сүўретлеў қураллары (метафоралар, эпитетлер, теңеўлер, гиперболалар ҳ.т.б.) көпшилик шығармаларға ортақ баянлаў стили автордың индивидуал стили ҳ.т.б. белгилер. Демек, ҳәзирги заман фольклорының дөреў усылы, техникасы өзгерген менен оның улыўма фольклорлық поэтикасы сақланып қалады.

Фольклор-бул халық даналығы, халықтың мәдений мийрасы, руўхый дүньясы. Оны қәстерлеп жыйнаў, сақлаў ҳәм халықтық руўхый мүтәжине жаратыў-бул ҳәзирги әўладтың әдиўли ўазыйпаларынан болып табылады.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар.

Қарақалпақ фольклорының түрлери

Қарақалпақ фольклоры мазмуны, тематикасы, көркем формалары жағынан да күтә бай, рәңберең, көп түрлерге, жанрларға бөлинеди. Фольклордың түрлерге, жанрларға жиклениўи жоқарыда айтылғандай оның узақ эволюциялық раўажланыўы даўамында жүз береди. Сонлықтан фольклорлық шығармалардың ишинде адамзаттың раўажланыўының барлық тарыйхый дәўирлериниң қатламлары, элементлери бар

(мифологиялық, диний, тарийхый, этнографиялық, социаллық, ҳ.т.б.). Қарақалпақ фольклоры да усы тийкарда түрлерге бөлинеди.

Қарақалпақ аўызеки әдебиятының халық аўзынан жыйналыўы, текстологиялық жақтан исленип баспадан шығарылыўы XX әсирдиң биринши ярымында иске асырылады.Оның дәслепки жыйнаўшылары ҳәм түрлерге бөлип изертлеўшилери Н.Дәўқараев, Н.А.Баскаков, Қ.Айымбетов, О.Кожуровлар болды. 1950-1960-жыллары қарақалпақ фолбклорының түрлери бойынша Н.Жапақов, И.Сағыйтов, Қ.Мақсетов, Ә.Тәжимуратов, Қ.Мәмбетназаров, Н.Камалов, Ә.Алымов, Т.Нийетуллаев, М.Низаматдинов ҳ.т.б жумыс алып барды. Усы фольклоршы алымлардың мийнетлерине сүйене отырып қарақалпақ фольклорын төмендегише жиклеў мүмкин: салт-дәстүр жырлары: балалар фольклоры: халық дөретиўшилигиниң киши жанрлары (нақыл-мақаллар, жумбақлар, жаңылтпашлар): халық қосықлары (мийнет қосықлары, ашықлық қосықлары,хошласыў қосықлары,айтыслар ҳ.б): фольклордың эпикалық жанрлары: ертеклер, аңызлар шешенлик сөзлер, күлдирги әңгимелер (анекдотлар): дәстанлар (қаҳарманлық дәстанлар ямаса батырлар жыры, лиро-эпикалық ямаса ашықлық дәстанлар). Халық дөретиўшилиги шығармаларының жанрлық қәсийетлери,белгилери бойынша жиклениўи илимде **фольклордың классификациясы** деп аталады.

Қарақалпақ фольклорының атқарыўшылары

Фольклорлық шығармалардың халық арасында тарқалыўы ҳәм әсирлер бойы әўладтан әўладқа өтип жасаўы олардың атқарыўщыларына байланыслы болып келеди. Атқарыўшылар тыңлаўшылардың тилегине,түсиниклерине ҳәм заманның талапларына қарай өзлери атқарып отырған шығармаларға өзгерислер киргизип барады.

Қарақалпақ фольклорының атқарыўшылары көп болған. Ертеклерди, аңызларды, мифлерди, күлдирги әңгимелерди қатықулақ,

ядыкеш, сюжет тақыў ҳәм оны баянлаў уқыбы жоқары, тилге шешен адамлар айтатуғын болған. Олар өзлери айтқан әңгимелерди қызықлы мағлыўмат сыпатында ғана емес,ал оларды көркемлеп образлы етип айтып берген. Нәтийжеде олардың айтқан әңгимелерин көркем шығарма дәрежесине көтерилген.

Қарақалпақ аўызеки дөретиўшилигиниң ең салмақлы жанрларының бири дәстанлар болып табылады.Дәстанлар үлкен еки топарға-батырлық дәстанлар ҳәм ашықлық дәстанлар болып бөлинеди.Батырлық дәстанларды қыйқалап шертетуғын музыка әспабы қобыз бенен белгили намаларға салып жыраўлар айтқан.Жыраўлар сондай-ақ киши көлемли поэтикалық жанрлар болған дидактикалық,философиялық мазмунға ийе термелер ҳәм толғаўларды да атқарған. Ашықлық (лиро-эпикалық) дәстанларды дуўтар әспабы менен **бақсылар** айтқан. Бақсылар соның менен бирге дидактикалық, ашықлық, тарийхый, социаллық мазмундағы лирикалық қосықларды да атқарған.

Жыраўшылық қарақалпақлар халық болғалы берли бирге киятырған көп әсирлик дәстүрлерге ийе ески өнер. "Алпамыс", "Қоблан", "Мәспатша", "Қырқ қыз", "Едиге" сыяқлы қаҳарманлық дәстанлар жыраўлардың атқарыўында таралды ҳәм бизиң дәўиримизге шекем келип жетти. Қарақалпақлардың жыраўшылық мектеби XIV әсирде жасаған уллы жыраў Соппаслы Сыпыра жыраўдан басланады. Оның жолын Асан Қайғы, Доспамбет, Шалкийиз, Мүйтен жыраўлар, XVIII-XIX-әсирлерде Жийен жыраў, Қазақбай жыраўлар даўам еттирген. XX-әсирдеги жыраўшылық мектебиниң ири ўәкиллери Өгиз жыраў (Хожамберген Ниязов, l884-1954), Қурбанбай жыраў Тәжибаев (1876-1958), Есемурат жыраў Нурабыллаев (1885-1979), Қыяс жыраў Қайратдиновлар (1903-1974) болып есапланады.

Қарақалпақларда бақсышылық өнериниң пайда болыўы олардың отырықшылық турмысқа өтиўи менен байланыслы.Бақсылар тийкарынан

"Ғәрип ашық", "Саятхан-Ҳамра", "Ашық Нәжеп" сыяқлы ашықлық дәстанларды,өз алдына айтылатуғын лирикалық қосықларды айтылатуғын лирикалық қосықларды,сондай-ақ муҳаббат,дослық,мәртлик,жаўынгерлик сыяқлы жоқары қәсийетлерди жырлайтуғын "Ахмет-Юсуп", "Ғөруғлы" дүркинине киретуғын "Бәзирген", "Қырмандәли", "Юнис пери" дәстанларын атқарған.

Қарақалпақ бақсышылық өнериниң XIX әсирдеги ири ўәкиллери Ақымбет бақсы,Муўса бақсылар болып табылады. Қарақалпақ халқы сүйип тыңлайтуғын "Муўса сен яры", "Арыўхан"намалары Муўса бақсының аты менен байланыслы.

XX әсирде бақсышылық өнери Жапақ бақсы Шамуратов (1993-1973),Есжан бақсы Қосполатов (1904-1952) Әмет бақсы Тарийхов (1923-1991), Генжебай бақсы Тилеўмуратовлар даўам еттирди.

Атқарыўшылық өнердиң техникалық мүмкиншиликлери раўажланып кеткен ҳәзирги заманда халық қосықларын музыка әспабларының көп түрлери менен қуралланған ҳәр қыйлы фольклор топарлары, эстрада ансамблери атқара береди.

Теориялық мағлыўматлар

Жанр. Сөзлик мәниси бойынша ***genre*** - түр дегенди аңлатады. Көркем сөз өнериниң раўажланыўының барысында қәлиплескен әдебий ямаса фольклорлық шығармалардың түрлери. Көп ғана шығармалар уқсас ямаса ортақ көркем формаларға, тематикалық бағдарларға, сүўретлеў принцплерине (шәртлерине) ийе болады.Мысалы,батырлық дәстанлар жанры дегенде көплеген дәстанларда ушырасатуғын ортақ ямаса уқсас белгилерди түсинемиз. Турақлы басламалар,уқсас тематика(батырлық темасы),ортақ сюжетлик мотивлер (батырлық әжайып болып туўылыўы,өсиўи,ат таңлаўы,қыз излеўи,батырдың сыртқы душпанлар

менен гүресиўи ҳ.т.б) батырлық дәстанларға тән жанрлық белгилер болып табылады.

Вариант. Французша ***variante*** сөзинен келип шығып, бизиңше **өзгермели** деген мәнисти аңлатады. Бир көркем шығарманың ҳәр қыйлы өзгерислерге ийе нусқаларына оның вариантлары деп айтылады. Вариантлар түрли жағдайларға байланыслы пайда болады. Автор өз шығармасын жеңиллестириў мақсетинде әўелги вариантты өзгертилиўи, оған қосымшалар киргизиўи ямаса бир бөлеклерин алып таслаўы мүмкин. Бул жазба әдебияттағы вариантлардың пайда болыўы. Вариантлар фольклорда көп ушырасады. Бир ертекти, аңызды, мифти ҳәр айтыўшының өзинше баянлаўы ямаса бир дәстанды ҳәр жыраўдың, бақсының өзинше жырлаўы нәтийжесинде олардың түрли вариантлары пайда болады. Мысалы, бир ″Алпамыс″ дәстанының көп ғана вариантлары белгили. Олардан Өгиз жыраў, Қыяс жыраў, Есемурат жыраў айтқан вариантлары басылып шыққан. ″Едиге дәстанының Өгиз жыраў,Қыяс жыраў вариантлары жарық көрген.

Импровизация. Латынша **-IMPOVIGO** -бирден тосыннан дегенди аңлатады. Қарақалпақша **суўырып салмай, төкпе** дегенге туўра келеди. Көркем дөретиўшиликтиң айырықша бир усылы. Белгили бир темаға алдын-ала таярлықсыз бирден шығарма дөретиў усылы **импровизация** деген термин менен жүритеди, ал **импровизация** усылы менен дөретиўшини **импроваизатор** деп атайды. Импровизация усылы көбинесе фольклорлық айтыс жанрында өнимли қолланылған.

Классификация. Фольклор илиминде теориялық түсиниклердиң бир-бирине жақынлығы, шығармалардың уқсас тематикасы, көркем формасы, жанрлық белгилери бойынша жиклениўи **классификация** деп аталады.

Синкретизм. Әййемги грек тилиндеги **синкретис-қоспақ** дегенди аңлатады. Көркем өнердиң алғашқы жәмийетке тән түрлерге бөлинбеген

бир пүтин ҳалын синкретикалық өнер деп атайды. Алғашқы жәмийетте музыка, саз шертиў, қосық айтыў, аяқ ойыны, театр өнериниң айырым элементлери қосылып бир тутас өнерди пайда еткен. Соңын ала булар ҳәр бири өз алдына көркем өнер болып ажыратылып келеди. Бирақ көркем сөз өнер еле лирика, эпос, драма болып түрлерге бөлинбей бир пүтин өнер болып жасайды. Мысалы, халық дәстанларының қурамында лирикалық элементлер, эпикалық қәсийетлер (сюжет, персонажлар дүзими), драмалық элементлер (диалоглар, шараятларды сүўретлейтуғын экспозициялар ҳ.т.б.) бар. Буларды көркем шығармадағы синкретизм деп атайды.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар

1. Фольклордың улыўма қәсийетлерин анықлап бериң.
2. Жәмәәтлик дөретиўшилик деген не?
3. Фольклордағы вариантлар түсинигине анықлама бериң.
4. Фольклорлық шығармалардың тарқалыў усыллары.
5. Ҳәзирги заман фольклорына тән белгилер.
6. Қарақалпақ фольклорын жанрларға жиклең (классификация етиң), ҳәр жанрға мысаллар келтириң.
7. Қ.Айымбетовтың ″Халық даналығы″ ҳәм Қ.Мақсетовтың ″Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар″ китаплары бойынша қарақалпақ фольклорын атқарыўшылардың (жыраўлардың, бақсылардың) шежире-кестесин дүзиң.

Қарақалпақ халқының салт-дәстүр қосықлары

Қарақалпақ аўызеки дөретиўшилигиниң ең көп тарқалған түри-бул халық қосықлары. Олардың көпшилиги халықтың дүнья танымы, түсиниклери, турмыс салты, үрп-әдет ҳәм дәстүрлерине байланыслы дөрейди ҳәм атқарылады. Сонлықтан фольклордың бул түрин илимде турмыс-салт жырлары ямаса салт-дәстүр қосықлары деп атайды.

Салт-дәстүр қосықларын фольклор илиминде тийкарынан еки топарға бөледи: дәстүр, үрп-әдетлерге байланыслы қосықлар ҳәм жыл мәўсимлерине байланыслы қосықлар.

Қарақалпақ халқының турмысында ҳәр қыйлы дәстүрлерге, үрп-әдетлерге байланыслы қосықлар көп болған. Солардан бири қыз узатыў, келин түсириў мәресимлери менен пайда болған қосықлар. Булар сыңсыў, ҳәўжар, бет ашар қосықлары.

Сыңсыў. Қарақалпақ халқының дәстүринде узатылып баратырған қыз ата-анасын, туўған-туўысқанларын, ойнап өскен елин, қурбы-қурдасларын қыймай көзине жас алып, сыңсып жылайтуғын болған. Усы мәресимди орынлаў ўақтында қыз тийисли айтымларды айтып жылаўы тийис болған.

Қаладан алған шар айнам,
Сындырмай қалай сақлайын.
Айнанайын жан анам,
Ақ сүтиңди қалай ақлайын.
Шалқайып өскен шаңлағым,
Буралып өскен босағам,
Туўысқан-туўған қурбылар,
Хош болыңлар көргенше,
Ели-журтым ағалар.

Бул узатылып атырған қыздың хошласыўы болып табылады. Сыңсыў қосықларында қызлардың ата-аналарына, туўылған елине болған

сүйиўшилик сезимлери, олардың ишки дүньясы, қызлардың нәзик тәбияты терең лиризм менен бериледи.

Ҳәўжар. Қыз узатыў дәстүрин орынлағанда айтылатуғын айтымлардың бири-бул ҳәўжар. Ол да сыңсыўға усап хошласыў мотивине қурылады. Бирақ ҳәўжар қосығында қыздың тек хошласыў сезимлери берилиў менен шекленбестен оның өз тәғдирине наразылық, өкиниш сезимлери де бериледи. Буның себеби өтмиште, урыўлық-патриархаллық дүзимде қызларда таңлаў еркинлиги болмаған, оның еркине қарамастан узатылған. Сонлықтан ҳәўжар қосықларында қызлардың наразылық сезимлери көбирек берилген.

Өз әкениң есиги жупар есик ҳәўжар.
Кирсем-шықсам шашымды сыпар есик ҳәўжар.
Қайнатамның есиги шеңгел есик ҳәўжар,
Кирсем-шықсам шашымды жулар есик ҳәўжар.

Салт-дәстүр жырларының ески түрлеринен бири-бул **жоқлаў.** Ол жақын адамлардың (ата-ана, ул-қыз, аға-қарындас) өлимин азаплап, оларды соңғы сапарға шығарып салыў мәресимине байланыслы дөреген ҳәм атқарылған. Жоқлаў бурынлары шайыршылық ҳәм атқарыўшылық өнери бар ҳаяллар айтқан. Жоқлаўда өлген адамның жақсы тәреплери айтылып, оны көклерге көтерип мақтаған. Сонлықтан жоқлаўларда метафоралар, метонимиялар, эпитетлер, теңеўлер, гиперболалар жийи-жийи қолланылған. Мысалы:

Қаршығам (метафора) түсти қалыңға,
Ишим бир толды-аў жалынға,-метноимия
Жалыным қашан сөнеди,
Кеше бир кеткен **беглерим,** -метафора
Елге бир қашан келеди.
Ағын бир суўдың ағысы, -метафора
Ақ орамал нағысы, -метафора

Қулағымнан кетпейди-аў,
Беглеримниң даўысы.

Бул мысалда еринен айырылып, орны толмас жоғалтыўға ушыраған қаралы қостардың трагедиялық жағдайы сәўлеленген. Ерин жоқлаған ҳаял **арысланым, айбатым, беглерим, султаным** сыяқлы, улын жоқлаған ана **қулыным,** ″ботам″, **көз қараығым** сыяқлы метафораларды өнимли ислеткен. Бундай метафоралар жоқлаўдың трагедиялық мазмунын тереңлетип, образлылығын күшейтип турады.

Жоқлаўлар тек марҳумларды соңғы сапарға узатып салған күни ғана емес, ал оның қырқы, жүзи, жылы сыяқлы ас-абат мерекелеринде де айтыла берген.

Қарақалпақ фольклорындағы жоқлаўлар менен қазақ, ноғай, қырғыз жоқлаўлары генетикалық (келип шығыўы) жағынан бир-бирине үнлес болып келеди. Себеби бул халықлардың турмыс салты, соның ишинде марҳумды жоқлаў салты бурынлары бир-бирине жақын болған.

Ҳәзирги заманда да марҳумды азалаў мәресимлеринде жоқлаў айтылады. Бирақ жоқлаў айтыўға ҳәмме уқыплы бола бермейди, сонлықтан оны көбинесе көпти көрген, тил-аўзының еби бар ҳаяллар айтады.

Улыўма жоқлаў өзине тән мазмунға, мотивлерге, пафосқа ҳәм ырғақ, уйқас сыяқлы көркемлик қәсийетлерге ийе халық поэзиясының жанры.

Той қосықлары

Салт-дәстүр жырларының бул түри халық турмысының кеўилли тәреплеринен болған той мәресими менен байланыслы. Халық үй-шаңарақта жүз берген ҳәр қыйлы қуўанышлы ўақыяларға байланыслы ағайын-туўған, қуда-тамыр, дос-яранларды шақырып той берип қуўанышты ортақласқан. Той бериў дәстүри барлық халықларға тән ортақ қубылыс. Қайсы бир қуўанышлы ўақыяны руўхий қәдирият деп билсе,

халық соған байланыслы тойлар берген. Мысалы, қыз узатыў ямаса улды үйлендириў тойлары ҳәр қыйлы өзгешеликлери менен барлық халықларға тән болса, туўылған күнди той етип белгилеў, юбилей тойларын бериў көбирек Европа халықларына тән болған. Тойдың бундай түрлери XX әсирден баслап халықлар арасындағы қатнасықлардың күшейиўине байланыслы Орта Азия халықлары турмысына да келип кирген. Қарақалпақларда қәлиплескен тойдың түрлери төмендегилерден ибарат: уллы болғанда той бериў, бесик той, тусаў той, сүннет той бериў, таза қонысқа келип үйли-жайлы болыў мүнәсибети менен той бериў, келин түсириў, қыз узатыў тойлары ҳ.т.б. Ҳәр бир тойдың өзгешелигине байланыслы той қосықлары атқарылған. Той қосықларының ишинде **той баслар** ҳәм **бет ашар** айтымлары көбирек тарқалған. Олар ҳәзирги заман тойларында да айтылады.

Той баслар

Той айтымларының бул түри келин түсириў дәстүри менен байланыслы. Келинди алып келгеннен соң оны бирден үйге киргизбеген, ал тийисли қәделерин атқарып болып киргизген. Бул қәделердиң бири-той баслар айтымы. Оны шайыршылық уқыбы бар адам айтатуғын болған. Той баслаўшы адам келиншекти ҳәм оның қасында узатып келген жеңгелерин аўыл-ел, той берип атырған үй менен қәдели айтымлар арқалы таныстырған, қосылып атырған жасларға жақсы тилеклер айтып, бахыт-саадат тилеген. Мысалы:

Гүл жамылған бойларыңыз,
Дус келипти ойларыңыз,
Жыйналыпты қойларыңыз,
Қутлы болсын тойларыңыз.
Бағыңда бүлбил сайрасын,
Ошағыңда шай қайнасын,
Қазаныңда май қайнасын,

Қутлы болсын тойларыңыз.

Бет ашар

Қарақалпақ халқында той атымларының бири-бул бет ашар айтымлары. Бет ашар келин түсириў тойдың қәдели айтымларынан.

Келин тойда қонақлар ишип-жеп, ойнап-күлип болған соң той тарқатыўдың бир түри ретинде бет ашар қәдесин жеген. Келиншекти шымылдықтан шығарып, аўыл-елге, қайын ата, қәйин енеге, жасы үлкен, жасы кишиге тийисли айтымлар айтып, ийилдирип сәлем бергизген. Бет ашардың ўазыйпасы жаңа түскен келинди аўыл-ел, оның халқы, түскен үйи менен таныстырыўдан ибарат болған.

Келиншек келди көриңиз,
Көримлигин бериңиз,
Қутлы болсын келиншек,
Еңкейип түскен елиңиз.

Турпатыңа қарасам,
Пәкизе ғана бойыңыз,
Бойыңызға ылайық,
Ақыл менен ойыңыз.

Қолына қолын услаған,
Қәлегенине қосылған,
Қутлы болсын келиншек,
Қуўанышлы тойыңыз.

Бет ашарда елдиң итибарлы адамларын, жасы үлкенлерин үлги етип мақтайды, ал айырым адамлардың минез-қулқындағы, жүрис-турысындағы, турмыс қәлпиндеги кемшиликлер юмор-сатиралық сүўретлеўлер арқалы өткир сынға алынады.

Қаўын көрсе пышақлаған,
Ақша көрсе усақлаған,
Арақ ишип, мәс боп жүрип,
Жолда турған столбаны
Қатыным деп қушақлаған,
Сәлмен деген қайнағаң,

Оған бериң бир сәлем.

Бет ашар айтымлары ҳәзирги заман тойларында да дәўир өзгешеликлерин сәўлелендирген ҳалда айтыла береди. Ҳәзирги заман бет ашарларында техниканың жетискенликлери кең қолланылады. Мысалы, даўысты күшейтип беретуғын техника үскенелери, ҳәр қыйлы музыкалық әсбаплар пайдаланылады. Айырым жағдайларда бет ашардың композициялық бөлимлери арасында музыкалық паузалар берилип барады. Бет ашар айтымларында халықтың этнографиялық тарийхы, дидактикалық ой-пикири сәўлеленеди.

Теориялық мағлыўматлар

Дидактика. Грек тилиндеги **дидактикос** деген сөзден алынып, **үлгили. Сабақ аларлық** деген мәнисти аңлатады. Фольклорда ҳәм жазба әдебиятта көп ғана шығармалар дидактикалық мазмунға, яғный ақыл-кеңес, үгит-нәсият мазмунына ийе болады, адамларды мийнет етиўге, әдеп-икрамлы. Инсаплы болыўға. наданлықтан қутылып билим алыўға, жақсылық пенен жаманлықты, ҳадал менен ҳарамды айырыўға шақырады, үгитлейди. Қарақалпақ халық поэзиясында термелер, толғаўлар, бет ашар қосықлары ҳ.т.б. халықтың дидактикалық ой-пикирин сәўлелендиреди.

Этнография. Грек тилиндеги **этнос-қәўим, халық, графо-жазыў** деген сөзлерден келип шыққан. Терминологиялық мәниси бойынша халықтың үрп-әдетлерин, салт-дәстүрлерин, турмыс ҳәм мәдений өзгешеликлерин үйренетуғын илим дегенди аңлатады.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар

1. Салт-дәстүр жырлары қандай жағдайларда пайда болады ҳәм атқарылады?
2. Салт-дәстүр жырларын түрлерге жиклең.

3. Жоқлаў айтымларында адамның қандай руўхий жағдайлары сәўлеленеди?

4. Бет ашардың турмыслық ўазыйпасы қандай?

5. Той қосықлары қандай мазмунға ийе болады?

6. Ҳәўжар, жоқлаў, бет ашар қосықларында халықтың қандай өзгешеликлери сәўлеленеди?

7. Ҳәзирги заман бет ашарларынан бир неше үлгилер топлаң ҳәм оларға дидактикалық, этнографиялық таллаў жасаң.

8. Салт-дәстүр жырларына сүўретлеў қураллары бойынша таллаў жасаң.

Балалар фольклоры

Халық дөретиўшилиги (фольклор) балалардан басланады. Айырым шығармалардың пайда болыўына балалар да қатнасыўы мүмкин, бирақ балалар фольклорын көбинесе үлкен адамлар дөретеди. Балалар фольклорына тийисли ертеклер, аңызлар, әңгимелер, қызық сюжетли, тили жеңил, түсиниўге аңсат, балалар қосықлары болса уйқаслары келискен, ядлаўға қолай болыўы керек. Балалар шығармалары мазмунлы, тәрбиялық қәсийетке ийе болып келеди. Олар балалардың ой-өрисин, сана-сезимин өсириўде, тәбият ҳәм жәмийет туўралы түсиниклерин тереңлетиўде, тилин жатлықтырып, адамгершиликке тәрбиялаўда үлкен әҳмийетке ийе. Айырым қосықлардың пайда болыўы ҳәм тарқалыўы аналардың бөбекти бесикке бөлеп тербетип, оған арнаўлы айтымлар айтыўы менен байланыслы.

Ҳәйиў, ҳәйиў ақ бөпе,

Ақ бесикте жат бөпе,
Қонақ келди қой сойдық,
Қой пискенше жат бөпе.
Ҳәйиў, ҳәйиў, ҳәйиўим-ай,
Алла берди алсын деп,
Алғанда қоллар талсын деп,
Сүйгенде мийри қансын деп.

Аналардың тилинен айтылатуғын бундай мазмундағы шығармаларды **бесик жыры** деп атайды. Бесик жырлары жеңил намалар менен бир бапта бесик шайқағанда айтылады. Бул уйқының қурысы тутып турған нәрестени тез уйықлатыўға тәсирин тийгизген. Бесик жырларына ананың өз перзентине болған терең сүйиўшилик сезимлери сиңдирилген.

Балалар қосықларының бир топары балалардың ойыны ўақтында дөрейди ҳәм атқарылады. Мысалы, ″Әўелемен, дүўелемен″, ″Ҳәкке қайда″, ″Соқыр теке″ ойынларын ойнағанда дәстүрли айтымлар айтылады.

Балалар қосықларының көпшилиги сораў-жуўап. Диалог формасына қурылған. Жетекши сораўлар бериледи, оларға жуўаплар бериледи. Бул усыл балалардың логикалық ойлаў қәбилетин өсириўге жәрдем береди. Мысалы, ″Ҳәкке қайда″ ойын-қосығын алып қарайық:

- Ҳәкке қайда? - Кимлер ушын?
- Уясында. - Беглер ушын.
- Не ислеп атыр? - Бег несин береди?
- Кесте тигип атыр. - Алтын пышағын береди.
- Кестеси қандай?
- - Алақандай.

Шығарма усылай сораў-жуўап формасында даўам етип кете береди. ″Түлкишек″, ″Ҳә түйелер, түйелер″ қосықлары да диалог формасына қурылған.

Балалар қосықларының бир топары **өтирик өлеңлер**ден ибарат. Атамасының көрсетип турғанындай бул қосықлардың мазмунын шынлыққа сыйыспайтуғын өтирик сөзлер қурайды. Айтыўшының шеберлиги оның лапгөйлик уқыбы менен баҳаланады. Мысалы:

Туттым бүргениң анасын,
Тутқа байладым танасын,
Қосқа қостым жуп танасын,
Жер сүдигар етпедим бе?
Бир бүрге тепти диземе,
Келдим алты айда өзиме,
Инанбас адам сөзиме,
Алты ай кесел жатпадым ба?

Өтирик өлеңлердиң тийкарғы мақсети балаларды алдаў емес, ал оларды лапшөйлик жолы менен күлдирип, кеўиллендириў болып есапланады. Гиперболалық сүўретлеўлер өтирик өлеңлерде көп қолланылады.

Балалар фольклорына сондай-ақ балалар турмысын сәўлелендиретуғын ертеклер, қызықлы аңызлар, мифлер киреди. Соның менен бирге балалар фольклорына жаңылтпашларды, жумбақлардың, нақыл-мақаллардың балаларға бийимлестирилген айырым түрлерин жатқарыўға болады.

Балалар фольклоры ҳәзирги заманда да раўажланып бармақта. Мектеплерде, балалар бақшаларында ҳәр қыйлы ҳәрекетшең ойынлардың сценарийлери дүзилип, олар халық дөретиўшилиги усылына күтә жақын. Мысалы, мектеплерде әлипбе байрамларында айтылатуғын қосықларды нағыз балалар қосықларына жатқарыўға болады.

″А″ дегеним Алым,
Ҳәриптиң бәрин билер,
″Б″ дегеним Базар,

Қәтесиз етип жазар.

Бундай қосықлардың вариантларын ҳәр мектеп өзинше дүзип ала бериўи мүмкин.

Жуўмақлап айтқанда балалар фольклоры балалардың сыртқы орталық ҳаққында түсиниклерин, көркем-эстетикалық көзқарасларын қәлиплестириўде әҳмийетли орын тутады.

Халық даналығының киши жанрлары

Халық даналығында көлеми бойынша бир неше қатарлардан туратуғын кишкене шығармалар көп. Олар нақыл-мақаллар, жумбақлар, жаңылтпашлар.

Нақыл-мақаллар Халық дөретиўшилигиниң бир түри. Турмыс шынлығы туўралы қысқа, бирақ өткир ҳәм образлы етип айтылатуғын сөзлер. Нақыл-мақаллар турмыс сабақларынан, өмир тәжирийбелеринен келип шығып айтылады, кең ой-пикирди жыйнақлы етип береди. Мысалы, ″Билеги күшли бирди жығады, Билими күшли мыңды жығады″ деген нақыл қысқа ғана қатарлар арқалы илим-билимниң әҳмийетин, наданлықтың жолы тар екенин аңлатады. Басқаша айтқанда билимли, руўхий дүньясы кең адам мыңларды өзине қаратып, олардың санасына илим-билим нурларын қуйып, руўхий дүньясын байыта алады, ал тек қара күштиң ийеси, билимсиз, надан адам бундй руўхий күшке ийе бола алмайды. Бундай нақыллар илим-билимди, руўхий раўажланыўды жасларға нәсиятлаўда үлкен әҳмийетке ийе.

Нақыл-мақаллар жуп сөзлер түринде бир қосылып айтылып, терминологиялық жақтан бир түсиникти береди, бирақ фольклор

илиминде оларды ажыратып түсиндиреди. Нақыл айтылатуғын ой-пикирди тымсалламай туўра мәнисинде береди ҳәм қурылысы бойынша бир, еки ямаса оннанда көп қатарлардан ибарат болып келеди, қатарлар қосыққа усап уйқасып келеди. Бир неше мысаллар:

Бир қатардан ибарат нақыл:

Сабыр түби-сары алтын.

Еки қатарлы нақыл:

Ер туўған жерине тартады,
Ийт тойған жерине тартады.

Төрт қатарлы нақыл:

Асық ойнаған азар,
Топ ойнаған тозар,
Ҳәммесинен көп оқып,
Билим алған озар.

Мақаллар көбинесе аўыспалы ямаса астарлы мәниске ийе болып келеди. Сөйлеп атырған адам мақалды қыйсыны келген жеринде ретин таўып гәпке қосып барады. Мысалы, **"Соқыр таўыққа бәри тары"** деген мақал тиккелей соқыр таўық ҳаққында айтылған емес, ал затларды бир биринен ажыратып билмейтуғын топас, надан адам туўралы айтылған.

Қарақалпақ халқы нақыл-мақалларға күтә бай, олар әсирлер бойы халық аўзында айтылып, ысылып келген. Олар өмир тәжирийбелеринен туўылып, турмыстың түрли тараўларын сәўлелендиреди. Усыған қарап фольклор илиминде нақыл-мақалларды тематикалық бағдарлары бойынша жиклейди. Мысалы, мийнет ҳаққында нақыл-мақаллар, денсаўлық, өнер. Билим, түрли кәсиплер, туўылған жер, әдеп-икрамлылық, адамгершилик, дослық ҳ.т.б. туўралы нақыл-мақаллар болып шәртли түрде бөлинеди. Төменде нақыл-мақаллардың бир неше үлгилери бериледи.

Нақыллар: "Мийнети қатты болса, мийўеси татлы болады". "Ериншек адам тиленшек". "Жылай-жылай жап қазсаң, күле-күле сүў

ишесең". "Шөби жоқ деп жерден түңилме, малы жоқ деп ерден түңилме". "Жалғыз ғарғаның үни шықпас. Жалғыз аттың шаңы шықпас". "Қус қанаты менен, адам елаты менен".

Мақаллар: "Самал болмаса шөптиң басы қыймылдамайды". "Жоғалған пышақтың сабы алтын". "Соқырдың тилегени еки көзи". "Бөри арығын билдирмес". "Ийт жоқ жерде шошқа үреди". "Қапта қалғанша, тапта қалсын".

Жумбақлар Халық дөретиўшилигиниң бир жанры. Атамасына қарағанда "жум" ҳәм "бақ" деген еки сөздиң бирикпеси болып, сөзлик мәниси бойынша бир нәрсени ойлап жасырыў (жумыў) ҳәм оның шешимин изле, қара (бақ) дегенди аңлатады. Жумбақтың мәнисин табыў ушын өткир зейинлилик, билимлилик, ақыллылық, тапқырлық талап етиледи. Жумбақтың тийкарғы хызмети адамның ой-пикирин, сезимин, тапқырлық уқыбын раўажландырыўдан ибарат. Онда халықтың дүньяға, тәбиятқа, турмысқа, жәмийетке көзқараслары, қатнаслары бериледи. Соның менен бирге жумбақлар көркемлик қәсийетлерге ийе. Соның ушын да олар көркем сөз өнериниң бир жанры болып саналады. Жумбақлар көбинесе адамлардың шуғылланатуғын кәсип-кәрине, үй-хожалық турмысына, ҳайўанлар ҳәм өсимликлерге, улыўма қоршап турған орталыққа байланыслы дөрейди.

Жумбақлар әсиресе жас әўладлардың ақыл-ойын, тапқырлығын, сезгирлигин раўажландырыўда үлкен тәрбиялық әҳмийетке ийе. Жумбақларды мазмунына қарай бир неше тематикалық топарларға жиклеў мүмкин: тәбият көринислерине байланыслы жумбақлар, ҳайўанатларға, өсимликлерге байланыслы жумбақлар, ҳәр қыйлы кәсип-кәрлерге, үй-

руўызгершилигине, үрп-әдет, дәстүрлерге байланыслы жумбақлар ҳ.т.б. Төменде жумбақлардың бир неше үлгилери бериледи.

Жас күнинде орақтай,
Орта жаста шөректей. (Ай)

Он еки шақалы дарақ,
Ҳәр шақада отыз жапырақ,
Жапырақтың бир жағы қара,
Бир жағы ақ. (12 ай, 30 күн, 30 түн)

Базардан табылмайды,
Тәрезиге тартылмайды,
Өзи палдан да татлы,
Бирақ оны жеп болмайды. (Уйқы)

Өзи дәннен туўған,
Мойнын беккем буўған. (Суў қабақ)

Дузсыз пискен ас көрдим,
Домаланған тас көрдим. (Қаўын)

Қыста мазар, жазда базар. (Жүзим)

Узын қуйрық саўысқан,
Бир көлдиң суўын таўысқан. (Қуйы ҳәм шелек)

Сырты пүтин, иши түтин. (Тандыр)

Кишкене ғана ақ тана,

Мүйизим бар деп мақтанар. (Шәйнек)

Мурты бар сақалы жоқ,
Тоны бар шапаны жоқ,
Отырып от басында ойланады,
Узаққа баратуғын сапары жоқ. (Пышық)

Жаңылтпашлар

Сөзлерди жаңылмай, алжаспай дурыс айтыў дегенди аңлата-ды. Жаңылтпашлар тийкарынан балалар фольклорының жанры. Олар бир жағынан киши жастағы балалардың тилин жатлықтыратуғын, сөзлерди тез ҳәм дурыс сөйлеўге үйретететуғын методикалық көнликпе хызметин атқарса, екинши жағынан балалар сөзлерди жаңылып айтып күлкиге қалады ҳәм жаңылтпашлар бул жағдайда ҳәзил-дәлкек хызметин атқарады. Әдетте жаңылтпашларды тез-тез айтыў керек, сонда айтыўшы сөзлерди жаңылып күлкиге қалады. Жаңылтпашлар өзиниң поэтикалық қурылысы бойынша тилдиң сеслик дүзилисине тийкарланады. Оларда анафоралар (сеслердиң қайталаныўы), ассонанслар (даўыслы сеслердиң қайталаныўы), аллитерациялар (даўыссыз сеслердиң қайталаныўы) жийи-жийи қолланылады. Төменде жаңылтпашлардың бир неше үлгилери бериледи.

Айыр атаңды жүк қартайтар,
Семиз қойды май қартайтар,
Үй қартайтар, бүй қартайтар.
Адамға сөк шөпшеттирмесин,
Сөк шөпшеттирседе көп шөпшеттирмесин.
Бизиң тамның қуяшламасында
Қуяшламассаңда қуяшламасасаң,

Қуяшламаспасаңда қуяшламасасаң.
Қаладан алғаным алты арба асқабақ,
Алты арба асқабаққа жеккеним
Тарғыл ала, тайпақ мүйиз
Ақ бөксе баспақ, ақ бөксе баспақ.
Есиктиң алды ғарры қарабарақ,
Ғарры қарабарақты шаўып атырған
Қара шалбарлы ғарры қарақалпақ, ғарры қарақалпақ
Ҳәмме қара қасқа баспағын
Қарабарақландырмаға апаратыр,
Мен де қара қасқа баспағымды
Қарабарақландырмаға апаратырман.
Қырда қырық қырғаўыл,
Қырық қырғаўыл ишинде
Қырық жыл қысыр қалған
Қызыл қыл қуйрықлы қырғаўыл.

Ертеклер ҳәм аңыз сөзлер

Ертеклер халық дөретиўшилигиниң кең тарқалған жанры.Ертеклер өзиниң жанрлық тәбияты бойынша ҳақыйқый турмыстан узақ, онда турмыста ушыраспайтуғын дерлик қыялый (фантастикалық) сюжетлерге қурылады. Ертеклерде сүўретленетуғын ўақыялар күтә қызықлы, тартымлы, қыялый ой-пикирдиң жуўмақларына қурылған, баянлаў усылы әпиўпайы ҳәм түсиникли болып келеди. Ертеклер сөз өнериниң эпикалық (эпос) түрине жатады,көркем тилдиң проза түри менен де,поэзия (қосық) түри менен де баянлана береди. Ертеклер мәзи қызық ушын, ермек ушын шығарылмайды, оларда халықтың әсирлик әрманлары, тилеклери, жақсылық ушын жаманлыққа қарсы гүреслери сәўлеленген.

Ертеклерди сюжетлик қурылысына,тематикасына,мазмунына образлардың ҳәр қыйлылығына қарай шәрли түрде бир неше түрлерге бөлиўге болады.Олардан үш түри фольклорда кеңирек тарқалған: 1. Қыялый ертеклер. 2. Турмыс ертеклери. 3. Ҳайўанлар ҳаққында ертеклер. Бундай ертеклер қарақалпақ фольклорында да көп ушырасады.

Қыялый ертеклерде сюжет қыялый (фантастикалық) ўақыяларға,гейде мифологиялық қубылысларға қурылады,турмыста ушыраспайтуғын қыялый нәрселер сүўретленеди,қыялый персонажлар ҳәрекет етеди.Мысалы, айырым ертеклерде бас қаҳарманлар қыйын қыстаў ўақытта ушар гилемге ямаса қанатлы тулпарларға минип ушып,узақ аралықларды,алты айшылық шөллерди ҳап заматта басып өтип мәнзилге аман-есен жетеди,ел жоқ жерлерде ашыл дәстүрхан жәрдемге келеди.Бас қаҳарман гейде қыялый ямаса мифологиялық мақлуқатлар, бәлеметлер менен гүреседи. Мысалы,ол жети баслы айдарҳа, жалмаўыз кемпир, адамхор дәў, сыйқыршылар, жин-жыпырлар, түрли әрўақлар менен гүреседи, оларды жеңип шығады. Қаҳарманлар қыйын-қыстаў ўақытта оларға қарсы сыйқырлы тас, сыйқырлы жүзик, сыйқырлы қылыш сыяқлы фантастикалық қуралларды пайдаланады.

Қыялый ямаса фантастикалық ертеклерде турмысты жақсылаў, илим ҳәм техниканы раўажландырыў сыяқлы халықтың арзыў-әрманлары сәўлеленген. Бул әрманлардың көпшилиги илим ҳәм техника өсип кеткен бизиң заманымызда өзлериниң фантастикалық ямаса ертеклик қәсийетин жоғалтып, ҳақыйқатлыққа айланбақта. Мәселен, узақ аралықты қысқартатуғын ушар гилем ямаса әпиўайы сүймурық қуслардың, қанатлы тулпарлардың орнына самолетлар,космос кемелери пайда болды ҳәм турмыста қолланылмақта. Дүньяның жүзин көрип отырыў, дүньяның хабарларын ҳәп заматта билиў сыяқлы халық әрманлары ертеклерде **айнайы жәҳән** қуралына жәмленген. Ҳәзирги бизиң турмысымызда қолланылып атырған телевизорлар, компьютерлер, интернет тармақлары

халықтың айнайы жәҳән ҳаққында әрманларының иске асып атырғаны деп есаплаўға болады.

Демек, буннан көп әсирлер бурын дөреген қызық сюжетли қыялый ертеклерде халықтың илим ҳәм техниканы жоқары дәрежеде жеткериў, турмыс машақатларын жеңиллестириў ҳаққындағы әрманлары, нийетлери сәўлеленген.

Қыялый ертеклердиң ишинде **"Қәпестеги қусты тапқан бала"** ертеги сюжетиниң қызықлы болыўы менен дықатты тартады. Ертектиң бас қаҳарманы-бир байдың генже баласы. Ол ақыллы, тапқыр, ҳадал, кең пейил жигит болып ер жетеди. Атасының тапсырмасы бойынша әлўан түсли пәри бар әжайып қәпесте жасайтуғын гөззал қусты таўып келиў ушын қәўипли жолға раўана болады. Жолда ол дөгерек-дашқа ўайран салып жүрген, жаўыз күштиң ийеис, ысқырған айдарҳаны өлтирип, үлкен қара қустың палапанларын аман алып қалады. Қара қус жигитке миннетдар болады. Буннан соң атасының тапсырмасын орынлаўда бул қара қус көп жәрдемлер береди. Себеби ол ғайры тәбийий күшлерге ийе сыйқырлы қус еди. Оның жәрдеми менен ҳаўада ушатуғын, теңизде кеме болып жүзетуғын сыйқырлы гилемге, бир патшалықтың күшине тең болған қурал сыйқырлы таяққа, кийсең адамды көрсетпей таслайтуғын сыйқырлы шөгирмеге ийе болады. Усы сыйқырлы күшке ийе қураллардың жәрдеминде жигит күтә қәўипли жағдайлардан, қәўипли күшлерден аман қутылады. Қыйын ўақытларда қара қустың пәрин түтетсе, қара қус балаға жәрдемге келеди. Мысалы, атасының қыйын тапсырмасын орынлап, көп олжалы болып киятырған жигитке оның еки ағасы жаманлық етип жолда аңлып олжаларын тартып алады, өзин өлимши етип дүзге таслап кетеди. Жигит қара қустың пәрин түтетип оны жәрдемге шақырады. Қара қус жигитти тирилтип, өлимнен аман алып қалады. Және де көп қыйынышылықларды жеңип елине аман-есен қуўысады. Гүнкарларды жазалап елде әдиллик орнатады, шадлы дәўран сүреди.

Бул ертектеги сүўретленген ўақыялардың барлығы дерлик қыялый. Мысалы, айдарҳа менен баланың айқасы, қара қустың жәрдемлери, баланың қыялый журтларға атланыўы ҳ.т.б. ертектиң сюжетин қурайды. Ўақыяларға қатнасатуғын персонажлар да қыялый, турмыста ушыраспайды. Ғайры тәбийий күшке ийе дәўлер, қара қус (суймурық), ғайры тәбийий мақлуқ айдарҳа, алты күнде алты айшылық жол алатуғын тулпар, сыйқырлы таяқ, шөгирме, гилем, мәйек, қара қустың сыйқырлы пәри ҳ.т.б.-қыялый ертектиң тийкарғы элементлери.

Қыялый ертеклердиң тийкарғы идеясы инсанның ақыл-ойының тереңлигин, ушқыр қыялын, тапқырлығын, руўхий күшин улығлаў болып табылады. Көп ғана қыялый ертеклер ғайры тәбийий күшлер менен гүресте адамның жеңиске ерисиўин сәўлелендиреди.

Турмыс ертеклери

Бул топардағы ертеклерде фантастикалық сюжетлер ҳәм персонажлар сүўретленбейди, ал реал турмысқа жақын ўақыялар, шараятлар, халықтың турмыс-тиришилиги сүўретленеди. Турмыс ертеклериниң қаҳарманлары қыялый дәўлер, айдарҳалар, шарўалар, саўдагерлер, байлар, бийлер, қулласы халықтың ҳәр қыйлы қатламынан шыққан адамлар болып табылады. Турмыс ертеклериндеги ўақыялар қыялый ертеклердегидей жети қат жердиң астында ямаса жети қат аспанның үстинде емес, ал реал турмыс ертеклерин фольклор илиминде **реалистлик ертеклер** деген термин менен де атайды. Реалистлик ертеклер бул шәртли атама. Оған қарап бундай ертеклерге әдебияттағы реализм методының қатаң талапларын, қағыйдаларын қойыўға болмайды. Ертектиң аты ертек. Онда ушқыр қыял, гиперболалық сүўретлеўлер басым болыўы тийис. Басқаша жағдайда ертеклер ҳақыйқый жанрлық қәсийетин жоғалтады. Турмыс (реалистлик) ертеклерде ҳәзил-дәлкек (юмор), ашшы күлки, сықақ етиў (сатира) белгили орын ийелейди, қызықлы, күлкили

ўақыялар, шараятлар сүўретленеди. Мысал ретинде ″Еки дос″, ″Есим бойрашы″, ″Тоғыз тоңқылдақ, бир шиңкилдек″, ″Ақыллы ғарры″, ″Отыншы баба″, ″Еки ағайинли жигит″, ″Ақыллы ҳаял ҳәм ахмақ патша″, ″Тазша″, ″Дийхан″, ″Алдар көсе″, ″Мухтар көсе ҳәм Духтар көсе″ ертеклерин келтирип өтиў мүмкин.

″Еки дос″ ертегинде қарапайым халықтан шыққан Ещан ҳәм Дощан деген дос жигитлердиң турмысы сүўретленеди. Олар әпиўайы дийхан жигитлер болса да епшил, тапқыр болып шығады, дос, татыў болып жасайды. Дощан өзиниң тапқырлығы, ҳийлекерлиги менен елди шабыўға келген душпанларды қорқытып изине қайтарады, елди душпан шабыўлынан аман алып қалады. Бул хызмети ушын елдиң патшасы Дощан менен Ещанды сыйлап, оларды үйли-жайлы етеди, еки ўәзириниң қызларын некелеп берип, даңғаралы той береди. Дощан патшаның әскербасысы болып тайынланады. Еки дос бахытлы турмыс кешireди.

Бул ертекте фантастикалық сүўретлеўлер көринбейди, онда турмыслық сүўретлеўлер басым.

Турмыс ертеклериниң баслы идеясы қарапайым халықтың даналығын, тапқырлығын, епшиллигин улығлаўдан ибарат. Оларда әдиллик, ҳадаллық, ар-намыс, ҳүждан мәселелери көтериледи, жақсы патша, берекетли ел, абадан турмыс ҳаққындағы халық әрманлары сәўлеленеди.

Ҳайўанатлар ҳаққында ертеклер

Бул топардағы ертеклерде ҳайўанатлар баслы қатнасыўшылар болып, персонажлар дәрежесине көтериледи. Олар көркем сөз өнериниң шәртлилиги бойынша **жанландырылады,** яғный адамлардай болып ҳәрекет етеди, сөйлейди, ойлайды. Ертеклерде ҳайўанлардың тәбиятын сүўретлеў арқалы адамлардың минез-қулқы, жүрис-турысы, үрп-әдетлери астарлап бериледи. Мысалы, үй

ҳайўанларынан ешек-ақылсыз, өжет, қой-жуўас, тил алғыш, ешки-сумлықлы, жабайы ҳайўанлардан қасқыр-жыртқыш, ашкөз. Нәпискаў, түлки-ҳийлекер, жалакер, сағал-нәпискаў, тураксыз, қоян-қорқақ етип сүўретленеди. Бирақ ҳайўанлардың образлары арқалы адамлардың турмысы, кеўил-кейпи, жүрис-турысы тымсаллап бериледи. Сонлықтан ҳайўанатлар ҳаққындағы ертеклерди айырым жағдайларда **тымсал-ертеклер** деп те атайды.

Ҳайўанатлар ҳаққында ертеклердиң пайда болыўын фольклор илиминде ерте дәўирлердеги мифологиялық түсиниклер менен, яғный **тотемизм** түсиниклери менен байланыстырады. Ерте дәўирлерде адамлар тәбият сырларын түсинбей ҳайўанларда қандай да бир сырлы күш бар деп билген, олардан қорыққан, оларға табынған. Бирақ адамларда тәбият туўралы түсиниклердиң кеңейиўи менен ертеклерде ҳайўанлар кем-кемнен мифологиялық сыпатын жоғалтып, тиришилик дүньясының әпиўайы бир бөлеги болып көринеди.

″Түлки менен Қораз″ ертегинде сумлығы сәтине түспей қалған түлкиниң ис-ҳәрекетлери сүўретленеди. Аш болып аўылға таўық урлыққа келген түлки қораның төбесине қонақлап отырған қоразды алдастырып жерге түсирмекши болады. Түлки ҳәмме ҳайўанлардың дослықта ҳәм татыў жасаўы кереклиги туўралы патшаның буйрығы шыққанын айтады, жерге түсип сөйлесип отырыўға мирәт етеди. Сонда қораз: түлки достым, әнеў киятырған еки ийт те жетип келсин, бәримиз бирге гүрриңлесемиз, дейди. Түлки қуйрығын путына қысып, қашыўға қолайласады. Қораз: түлки достым, неге қашасаң, патшаның буйрығы барғой, дейди. Түлки: ийтлер еле бул буйрықты еситпеген шығар, деп зып береди.

Ертекте сумлықлы түлки образы арқалы мийнет етпей ҳийлекерлик пенен күн көриўге әдетленип кеткен адамның тымсалый образын аңлаўға болады. Ҳайўанатлар ҳаққындағы ертеклерде ҳайўанлардың өз ара қатнаслары, бир бири менен соқлығысыўлары арқалы жақсылық пенен

жаманлық арасындағы гүрес сәўлеленеди, ашкөзлик, зорлық, ҳийлекерлик қараланады.

Аңызлар

Халық аўызеки дөретиўшилигиниң белгили бир бөлегин аңызлар тутады. Сөз өнериниң эпикалық түрине жатады. Аңызлар көркем тилдиң проза (қара сөз) түри менен де, поэзия (қосық) түри менен де баянлама бериўи мүмкин. Аңызлар рус фольклорында **легендалар,** өзбек фольклорында **рәўиятлар** деп аталады.

Аңызлар белгили тарийхый ўақыялардың ямаса тарийхый адамлардың әтирапында пайда болған әңгимелер, шығармалар болып табылады. Аңызларда фантазиялық, гиперболалық сүўретлеўлер мол болғаны менен олар тарийхый шынлықтың шеңберинен алылап кетпейди. Мысалы, бир аңызда қарақалпақ халқының батыры Ерназар Алакөздиң Хийўа ханының тойында 50 пут (800 кг) жүк көтергени әңгиме етиледи. Адамның соншелли салмақты көтере алмаўы мүмкин, бирақ Ерназар Алакөздиң тарийхта болғаны, Хийўа ханының жыйынларына қатнасқаны рас.

Аңызлар халықтың өткендеги тарийхы, турмысы туўралы бай мағлыўматлар береди. Қарақалпақлардың тарийхына бйланыслы Ормамбет бий, Маман бий, Айдос бий, Бозатаў, Қоңырат ўақыялары туўралы, жер-суў атларына байланыслы Хожели, Шымбай, Назлымхан сулыў, Гүлдирсин, Қырық қыздың қаласы, Шоманай атамаларына байланыслы ҳәм басқа да көплеген аңызлар бар.

Аңызлар тематикалық жақтан бир неше топарларға бөлинеди: 1. **Тарийхый аңызлар:** Булар тарийхый ўақыяларға, тарийхый адамларға байланыслы дөрейди. Мысалы, Мама бий, Айдос бий, Ерназар бий туўралы аңызлар. 2. **Топонимикалық аңызлар.** Бул топардағы аңызлар

жер-суў атамаларына байланыслы дөрейди. Мысалы, Шымбай, Шоманай ҳаққындағы аңызлар. 3. **Диний аңызлар.** Олар пайғамбарлар, саҳибалар, әўлийелер, шайықлар ҳаққында болып келеди. Мысалы, Муҳаммед пайғамбар, оның төрт досты (шәрярлар) Ҳәзирети Али, Омар, Осман, Сиддиқ туўралы аңызлар усы топарға киреди.

Аңызлардағы ўақыялар, шараятлар, адамлар көркем тил менен сүўретленеди, сюжетлер белгили бир композициялық қурылысқа ийе болады. Соның ушын да аңызлар көркем дөретиўшиликтиң бир жанры болып есапланады.

Қарақалпақ фольклорында ″Гүлдирсин″ аңызы қарабақанаға айналған ески Гүлдирсин қаласының атамасына байланыслы пайда болған. Ерте заманларда Хорезм елинде Гүлистан деген абат қаланы душпанлар қамал етеди. Қала халқы ашлыққа қарамастан шыдамлылық пенен мәртлерше қорғанады. Бирақ патшаның Гүлдирсин атлы қызы душпан патшасының баласына шаҳзадаға ашық болып, қамалдың сырын ашып береди. Гүлдирсинниң сатқынлығы ақыбетинде қала қарап болады, халқы тутқын болады ямаса посып кетеди. Шаҳзада асаў аттың қуйрығына Гүлдирсинди байлатып айдатып жибереди. Себеби, өзиниң жеке тилеклерин қанаатландырыў ушын ата-анасына, ели-халқына қыянет еткен қыз, ертең маған да аңсат қыянет ете алады,-дейди шаҳзада. Усыннан баслап қәреп болған қаланың атын халық Гүлдирсин деп атай баслаған.

Шешенлик сөзлер

Қарақалпақ фольклорында өз алдына жанр болып қәлип-

Лескен сөз маржанларынан. Шешенлик сөзлер халықтың турмыс тәжирийбесинен келип шығып, жасап турған заманның мазмунына қарай өткир зейин, терең ақыл, ширели тил менен айтылған. Шешенлик сөзлерди ерте заманларда ел басқарып, халықты изине ерткен бийлер, даўлы ислерге төрелик беретуғын, көп көрген дана кисилер айтқан. Оларды **шешенлер**

деп атаған. Шешенлик сөзлер турмыстың ҳәр қыйлы жағдайларына байланыслы айтылып, оларда әдиллик, ар-намыс, ҳүждан сыяқлы адамгершилик мәселелери ортаға қойылады. Қарақалпақ халқында Жийренше ҳәм оның шешенлик сөзлери ҳаққында әңгимелер кең тарқалған. ″Жийреншениң байыўлылар менен сөйлесиўи″ деген әңгимеде Жәнибек хан аў салып жүрип бир гөне тамда үш байыўлының отырғанын көрип, олардың не сөйлесип атырғанын билип кел деп Жийреншени жибереди. Жийренше байыўлылар өз-ара қуда түсип атырғанын, қыз тәрепи қалың малына 300 гөне там сорап атырғанын, бирақ күйеў тәрепи ондай көп гөне тамды төлей алмайтуғынын, сонда ортадағы кәткуда байыўлы: егер Жәнибек хан болып турса, 300 емес 500 гөне там аўысып қалатуғынын айтып атыр деп келеди. Жәнибек хан залым болып, журтты постыртып жибергенин сонда биледи. Жийренше өзиниң даналығы, тапқырлығы менен ханның залымлығын өзине билдиреди, байыўлылардың қуда түсиў сюжети арқалы салықты көп салып журтты постырып жибергенин әшкаралайды.

Шешенлик сөзлердиң басым көпшилиги аңызлық характерге ийе болады. Мысалы, Жийренше Асан Қайғы сыяқлы шешенлер тарийхта болған деп есапланады.

Шешенлер сөзи-халық даналығының ең жарқын көринислериниң ири.

Күлдирги әңгимелер. (Анекдотлар)	Халық даналығының бир

түринде күлки-

ли шараятлар, күлкили ис-ҳәрекетлер, жүрис-турыслар қызықлы әңгиме етиледи. Күлдирги әңгимелер ямаса анекдотлар киши көлемли болып, қызық сюжетке ийе болады ҳәм өткир күлки менен аяқланады, сатиралық ямаса ҳәзил-дәлкек (юмор) мазмунына ийе болады, лапгөйлик яки гиперболалық сүўретлемелер көбирек қолланылады.

Қарақалпақ фольклорында Хожа Насратдин, Алдар көсе, Өмирбек лаққы, Досназар солақай ҳ.б. байланыслы күлдирги әңгимелер күтә көп. Олар халық аўзынан жазып алынып, бир неше мәртебе китап болып шықты. Төменде қарақалпақ анекдотларынан айырым үлгилер бериледи.

* * *

Бир күни Өмирбектиң танасы аўылдың молласының танасын сүзип өлтирип қойыпты. Қысыныспаға түскен Өмирбек әри ойланып, бери ойланып молланың алдына барыпты.

- Тақсыр кеше сизиң танаңыз бизиң тананы сүзип өлтирип қойыпты. Шарият тәртибинде бул қалай шешиледи екен, китап ашып қарап жибересиз бе?-деп өтиниш етипти.

Молла китап ашып, әри отырып, бери отырып былай депти:

- Тана тананы сүзип өлтирсе, адамнан көриўге болмайды екен, өлген тананың ийесине қун төленбейди екен.

Өмирбек қуўанып кетип:

- Әдил шешим айтқаныңыз ушын рахмет, тақсыр. Танаңыздың терисин адам жиберип алдырағойың, сизиң танаңызды бизиң тана сүзип өлтирип қойып еди,-дп шығып кетипти.

Сумлығы басына жеткен молла өтирик рәўият бергенине қатты өкинипти.

***

Өмирбек пенен Досназар солақай жол жүрип киятырып түнге қалып бир аўылда қудайы қонақ болыпты. Қонған үйи шәўле асып берипти. Аш болған Өмирбек ыссы шәўледен асап жибергенде аўзы күйип көзинен моншақ-моншақ жас тамыпты. Буны көрген Досназар солақай:

- Ҳаў Өмеке, неге жылап отырсаң?-деп сорапты.

- Аўылдан шыққанда дайым қатты аўырып атыр еди, әлле нетти екен деп, кеўлим бузылып отыр,-деп жуўап берипти Өмирбек.

- Қой, қапа болма, дайың аўырса тәўир болып кетер,-депти Досназар солақай достының кеўлин алып. Усыны айтып болып өзи де ыссы шәўледен асап жиберген екен, аўзы күйип, еки көзинен парлап жас ағыпты. Сонда Досназар солақай:

- Әй Өмирбек, дайыңның үйи-иши биротала қырылды ма деймен, мениң де көзимнен жас ағып кеттиғой,-депти.

Теориялық мағлыўматлар

Мифология (грекше **mifhos** ҳәм **logos**) аңыз әңгимелер, әпсаналар дегенди аңлатады. Қудайлар, периштелер, ҳәр қыйлы руўхлар, дәслепки адамлар (Адам-Ата ҳәм Ҳаўа-Ана), тири мақлуқатлар, өсимликлер ҳәм олардың келип шығыўы ҳаққындағы қыялый әңгимелер, әпсаналар, сондай-ақ жер, суў, космос ҳәм ҳәм олардың жаратылысы туўралы қыялый әңгимелердиң барлық жыйынтығының илимде **мифология** деп жүритеди. Соның менен бирге дүнья халықларының мифлерин, олардың пайда болыўын ҳә раўажланыўын, тарқалыў жағдайларын үйренетуғын илимди де **мифология** деген термин менен атайды.

Мифлер менен ертеклер қыялый әңгимелер болып, бир бирине уқсас болсада, оларды бирдей түсиник деп қабыллаўға болмайды. Ертекте сүўретленип атырған заттың ямаса ўақыяның қыялый екени алдын ала белгили ҳәм оларға исениў шәрт емес. Ертек қызықлы ҳәм қыялый әңгиме сыпатында қабылланады. Ал мифтеги сүўретленип атырған нәрселер, ўақыялар шы исеним менен қабылланған.

Мифлер күтә ерте дәўирлерде, атап айтқанда алғашқы урыўлық жәмийетте пайда болған. Адамлар ол дәўирде еле тәбият пенен жәмийеттиң, улыўма сыртқы дүньяның сырларын илимий тийкарда

түсиндириў мүмкиншилигине ийе емес еди. Сонлықтан мифлердиң баслы мақсети дүньяның сырларын, адамзат жәмийетиниң пайда болыўын, ҳайўанатлар менен өсимликлер дүньясын қыялый (фатастикалық) тийкарда түсидириўден ибарат еди. Мысалы, Адам-Ата ҳәм Ҳаўа-Ана ҳаққындағы мифлерде олардың ең дәслепки адамлар екенлиги айтылады, адамзат жәмийети солардан өрбиген деп түсиндириледи. Демек, мифлер сыртқы дүньяны, оның қубылысларын тек сүўретлеп қоймастан, оларды түсиндириўге ҳәрекет етеди ҳәм адамларды оларды исениўге шақырады.

Мифология ең әййемги идеологиялық қубылыс болып, жәмийетлик сананың көп түрли белгилерин өзине жәмлестиреди. Мифологияның қурамында динниң, философияның, илимниң, көркем өнердиң белгилери болады. Мысалы, дүнья, тәбият, жәмийет ҳаққындағы мифологиялық түсиниклер илимий-философиялық ой-пикирлердиң жүзеге келиўиндеги дәслепки қәдемлер болды. Соның менен бирге мифология көркем ой-пикирдиң, көркем сүўретлеўдиң дәслепки үлгилеринен есапланады. Себеби мифологиялық ой-пикирлер, түсиниклер тек қурғақ баянланбастан, көркем тил, көркем образлар арқалы бериледи. Солай етип мифология көркем сөздиң (фольклордың, әдебияттың) сағаларының бири деп есапланады.

Фантастикалық (қыялый) сүўретлеўлер мифлердиң, ертеклердиң тийкарғы шәртлеринен болып есапланады. Грекше **phantastica-қыяллаў** деген сөзден алынған. Реал турмыста жоқ қыялый нәрселердиң, түсиниклердиң, ўақыялардың, мақлуқатлардың, бәлематлардың образларының берилиўи **фантастикалық** ямаса **қыялый сүўретлеўлер** деп аталады. Мысалы, ертеклердеги ашыл дастурхан, ушар гилем. Сыйқырлықтың күши менен адамның тасқа, ҳайўанға ҳ.т.б. нәрселерге айналыўы фантастикалық ой-пикирдиң жемиси. Мифлердеги адамның, ҳайўанлардың пайда болыўы ҳаққындағы әңгимелер, тәбият қубылыслары,

аспан денелери туўралы сада түсиниклер дүнья туўралы фантастикалық пикирлеўдиң нәтийжесинде пайда болған.

Фантастикалық сүўретлеўлер жазба әдебиятта да кең қолланылады. Бирақ олар илим ҳәм техниканың жетискенликлерине сүйендириледи. Дүнья әдебиятында фантастикалық сүўретлеўлер өз алдына жанр дәрежесине көтерилген. Мысалы, Англия жазыўшылары Томас Мордың (1478-1535), ″Утания″, Джонатан Свифттиң (1667-1745) ″Гулливердиң саяхатлары″, Герберт Уэллстиң (1866-1946) ″Ўақыт машинасы″, ″Көринбейтуғын адам″, Франция жазыўшысы Жюль Верниң (1828-1905) ″Жерден Айға″, ″Капитан Гранттың балалары;, рус жазыўшысы Александр Беляевтиң (1884-1942) ″Адам-амфибия″ романлары фантастика жанрының үлгилери болып табылады. Қарақалпақ әдебиятында И.Юсуповтың ″Мәңги булақ″ поэмасында фантастикалық сүўретлеўлер мол қолланылған, С.Исмайловтың ″Жүрек галактикасы″ романы ҳәм басқа да шығармалары фантастика жанрында жазылған.

Бирақ әдебияттаныў илиминде фантастика менен **фантазия**ны ажыратып түсиндиреди. Фантастика туўралы жоқарыда айтылды. Ал фантазия болса жазыўшының дөретиўшилик уқыбы, ойлаў, қыяллаў, тоқыў, сүўретлеў уқыбы болып табылады. Мысалы, шығарма қатнасыўшыларының жүрис-турысын, минез-қулқын, портретлерин, түрли шараятларды жазыўшы өзи тоқып шығара бериўи мүмкин, бирақ олар турмыстан узақлап кетпейди. Ал фантастика турмыста болмайтуғын нәрселерди сүўретлейди. Сонлықтан фантазия ҳәр қандай көркем шығармада қатнасады, онысыз образ жаратылмайды.

Халық қосықлары

Қосықлар **қ**арақалпақ фольклорының күтә үлкен бөлимин қурайды. Қосықлар ҳәр қыйлы тарийхый ҳәм турмыс шараятларына, кеўил-кейпине

байланыслы дөрейди. Сонлықтан қосықтың тематикасы бай, көп түрли болады. Қосық адам туўылғаннан баслап өмириниң ақырына шекем руўхий азық ретинде хызмет етеди. Адам қуўанышлы күнинде қосық айтып ямаса тыңлап кеўлин көтереди, шадланады, қайғылы күнинде қосық пенен шерин тарқатады, қапа кеўлин жубатады.

Қосықлар өзиниң жанрлық тәбияты бойынша көркем сөз өнериниң лирика түрине киреди. Қарақалпақлар қосыққа бай халықлардың бири. ″Қарақалпақлар саҳрадағы биринши шайырлар ҳәм қосықшылар″ деп XIX әсирде жасаған белгили ағартыўшы, фольклоршы ҳәм тарийхшы алым Шрқан Ўәлийханов (1835-1865) бийкарғы атаған емес. Сонлықтан қарақалпақ халық қосықлары тематикалық жақтан рәңбәрең ҳәм мазмунлы болып келеди. Оларда адамгершилик, азаматлық, батырлық, муҳаббат, мийнет темалары сәўлеленеди.

Қосықтың сөзлик мәниси ″Қосыў″ сөзинен келип шығып, қосып айтыў, яғный сазға, намаға қосып айтыў дегенди билдиреди. Қосықтың тийкарын, тарийхын үйренген алымлар оның термини ретинде түркий халықлардың көркем сөз өнериде күтә ерте дәўирлерден бери қолланылатуғынын, атап айтқанда Махмуд Қашқарийдиң ″Түрик сөзлериниң китабы″ (″Девону луғатит турк″), Юсуф Хас Хажибтиң ″Бахытқа баслаўшы билим″ (″Қутадғу билик″) китапларында ушырасатуғынын айтады.

Қарақалпақ халық қосықларының басы термелер ҳәм толғаўлар деп айтыўға болады. Терме ҳәм толғаўлар формалық дүзилиси (қосық қурылысы) бойынша бидей болғаны менен мазмуны жағынан ажыралады. Сонлықтан көпшилик фольклоршы алымлар оларды айырым жанрлар деп қарайды (Н.Дәўқараев, Қ.Мақсетов ҳ.б.).

Термелердиң пайда болыўы ҳәр қыйлы темалардағы нақыл-мақаллар, ақыл-нәсият сөзлер менен байланыслы, солардың жыйынтығынан ақыл-нәсият мазмунындағы шығармалар болып

қәлиплеседи. Ҳәр ғыйлы тематикадағы нақыл-мақалларды терип алып, оларды шығармаға жәмлегенликтен **термелер** деген жанрлық атама қәлиплескен. Термелерде ақыл-нәсият мазмунындағы ой-пикирлер турмыстың түрли тараўындағы тәжирийбелердиң жуўмақлары ретинде көринеди. Мысалы:

Билегимде күшим бар,
Батырман деп мақтанба.
Бахыт қонып басыма,
Үлкейдим деп мақтанба.
Дүнья жыйып үйиме,
Көркейдим деп мақтанба.
Телек толы үйимде,
Дәним бар деп мақтаба.

Бул термеде жүрис-турыс, әдеп-икрамлылық қәделери бойынша ақыл-нәсият бериледи. Терминиң ҳәр бир еки қатары өз алдына нақылға усайды.

Термелерди жыраўлар айтатуғын болған. XIX әсирге келе термелерди бақсылар да айтатуғын болған. Бирақ бақсылардың термелери жыраў термелериндей шубыртпа қатарлы емес, ал төрт қатарлы бәнтлерге түскен, белгили уйқас қағыйдаларына (а-а-а-б ямаса а-а-б-а) бағынатуғын болған.

Толғаўлар қандайда бир үлкен ўақыяны ҳәм сол ўақыяға байланыслы болған жеке адамды, көбинесе тарийхый ўақыя менен тарийхый адамды сүўретлеўге, сол ўақыя ҳәм оған қатнасқан адамлар туўралы ойланыўға, толғаныўға байланыслы дөрейди. Соның ушын да бундай шығармаларға **толғаўлар** деген жанрлық атама берилген.

Асыў-асыў таўлардан Ормамбеттей бийлерден
Асыға көшти көп ноғай, Ул қалмады, қыз қалды.
Едил менен Жайықтан, Алғыр қустың пәнжеси,

Жабыла көшти көп ноғай. Үш қызының генжеси,
Ормамбет бий өлгенде, Сарыша сулыў дер еди.
Он сан ноғай бүлгенде,

Бул толғаўда қарақалпақлардың Ноғайлы дәўирине тийисли тарийхый ўақыя (XVI әсирдиң ақыры) тийкарғы сюжет етип алынған. Онда қалмақ басқыншылығы салдарынан қарақалпақлардың ата-мәканын таслап Түркстанға посыўы сәўлеленген. Персонажлар сыпатында халық ҳәм қарақалпақлардың жаў қолынан қурбан болған бийи Ормамбеттиң ақыллы қызы Сарыа сулыў қатнасады. Толғаўларда ўақыяның сүўретлениўине адамның руўхий кеширмелери, ишки муң-шер. қайғы-ҳәсирет сезимлери қосылып, қарысып жүреди.

Толғаўларды жыраўлар айтқан. Толғаўлар формасы бойынша түркий халықларға гөне заманлардан мийрас болып киятырған дәстүрли жыр үлгисинде дөретилген. Қурылысы бойынша белгили бир бәнт өлемлерине, уйқас тәртиплерине бағынбай 7-8 буўынлы шубыртпа қатарлар түринде болған.

Толғаўлар дәстүри XIX әсирде тематикасы ҳәм идеялық мазмуны бойынша **тарийхый қосықларда** даўам еттирилген. Оларда халық тарийхына байланыслы үлкен ўақыялар, ҳәдийселер, тарийхый адамлар ҳәм олардың ийгиликли ислери туўралы толып-тасып жырланады. Қарақалпақ фольклорында ″Қарақалпақ″, ″Жети үйге бир белдар″, ″Мәдикар″, ″Бир әламат заман болды″, ″Бозатаў″, ″Әўезжан″, ″Ешбай″ қосықлары кеңнен белгили.

Жапакешлер қарсы турып қозғалды,
Парахат халыққа аяз жар салды,
Жети үйге бир адам мәрдикар алды,
Халықты терең ойландырған мәрдикар.

Бул қосықта 1916-жылы Патша Россиясының биринши жер жүзилик урыста жеңимпаз болыў мақсетинде жергиликли халықтан фронт

жумыслары ушын адамлар алғаны, бундай мәниссиз, йигиликли емес иске халықтың наразы болыўы ҳәм қозғалаң көтериўи сыяқлы тарийхый ўақыя сәўлеленген.

Халық қосықларының ишинде **муҳаббат қосықлары** күтә кең тарқалған. Оларды **ашықлық қосықлары** деп те атайды. Оларда жас жигит яки қыздың сүйген ярына болған терең, нәзик, пәк сезимлери, ҳижран-айралық дәртине гириптар болған ашықтың муң-шер сезимлери бериледи. Сондай-ақ сүйген ярдың сулыў келбети, қәдди-қәўмети, ақыл-парасаты, жоқары адамгершилиги арнаў-тәрийип түринде көтериңки, мақтанышлы сезимлер менен жырланады.

Жасымнан қосылып, ойнап күлгеним,
Сол ушын сарғайып отқа күйгеним,
Қушақ ашып, интизар боп сүйгеним,
Қайда қалды, хабар бергил ақ боз ат.

Бул қосықта жаўға атланған сүйген яры қурбан болып, айралық күйген басына түскен опалы қыздың жүрек сезимлери бериледи.

Халық арасында ҳәзирге шекем ″Нәйлейин″, ″Ақ боз ат″, ″Ағлары″, ″Қызлар үйге кир″, ″Яша пәри″, ″Дәрдиңнен″, ″Ақсыңгүл″, ″Сәўдигим″, ″Қыз Минайым″, ″Қаракөз″ сыяқлы ашықлықты жырлайтуғын қосықлар кеңнен мәлим болып, сахнада, тойларда, зыяпатларда тез-тез айтылады.

Мийнет қосықларының баслы темасы ҳадал мийнет, кәсип-кәр, өнер, дийханшылық, шарўашылық болып келеди. Бир қатар қосықларда жалланба мийнеттиң аўырлығы, жумыс бериўши мүлк ийесиниң әдилсизлиги, ашкөзлиги сынға алынады.

Аржағы Дәўқара, бержағы Шымбай,
Еки ортада қос айдадым бир тынбай.

Ямаса:

Ала бәҳәр сен қостырдың арбаңды,
Сәскеде келтирдиң суйық жармаңды,

Айында көрмедик майлы сорпаңды,
Дийхан аштан өлер болды, Қазы ийшан.

Мийнет темасына байланыслы қосықлар социаллық турмысқа реал сәўлелендириўи менен өзгешеленип турады.

Дәстанлар

Халық дөретўшилигиниң көлемли ҳәм қызықлы жанрларының бири дәстанлар болып табылады. Дәстанлар жанрлық тәбияты ҳәм белгилери бойынша эпикалық түрге киреди. Фольклор илиминде халық дәстанларын **эпос** деген термин менен де жүритеди. Мысалы, ″Қырық қыз″ эпосы, ″Едиге″, ″Манас″ эпосы, ″Гөруғлы″ эпосы деп те атаў мүмкин. Демек, дәстан ҳәм эпос фольклор илиминде синоним термилер болып есапланады. Дәстанлардың сюжети қызықлы ҳәм шийеленискен ўақыяларға қурылады. Оларды ел деп еңиреген ерлердиң батырлық ислери ямаса өз муҳаббатына садық болған ашық-машықлардың шийеленискен тәғдирлери жырланады. Халық дәстанларында ўақыялар көбинесе биргелки басланады, избе-из, басқышпа-басқыш раўажланады ҳәм табыслы, жеңисли аяқланады. Мысалы, ″Алпамыс″, ″Мәспатша″, ″Ғәрип ашық″ сыяқлы қарақалпақ халық дәстанларында сюжетлер усы тәртипте раўажланады ҳәм жуўмақланады.

Халық дәстанларының сюжетлери көбинесе қосық түринде баянланады, айырым дәстанларда қосық ҳәм қара сөз бенен аралас баянланады.

Халық дәстанлары дәслебинде дөретиўшилик талантқа ийе жыраў яки бақсы тәрепинен жүзеге келеди. Соңынан дәстанлар басқа атқарыўшылар тәрепинен айтылып, әўладтан әўладқа өтиў барысында дәслепки дөретиўшилер умыт болады ҳәм жәмәәтлик дөретиўшилик шығармаларына, яғный халық (фольклор) шығармаларына айналады.

Түркий халықлардың дәстанлары саз әсбаплары (қобыз, дуўтар, домбыра) жәрдеминде атқарылады. Дәстанлардың атқарыўшылары қарақалпақларда жыраўлар, бақсылар, өзбеклерде, түркменлерде бахшилар, қазақларда ақынлар ямаса жыршылар деп аталады.

Дәстанлардың жазба әдебий түри де бар. Олар белгили бир авторлар тәрепинен дөретилип, жеке дөретиўшилик белгилерине ийе болады. Атап айтқанда олар жазба әдебият нусқалары болып есапланады, оларға соңғы әўладлар өзгерислер, қосымшалар киргизе алмайды, сүўретленип атырған ўақыяларға, персонажларға жеке авторлық қатнаслар, көзқараслар бериледи, авторлық проблемалар, идеялар сәўлеленеди. Жазба әдебият дәстанлары жеке авторлық стильге ийе болады. Мысалы, Фердаўсийдиң ″Шаҳнама″, Наўайының ″Ҳамса″, Бердақтың ″Ахмақ атша″, А.Дабыловтың ″Баҳадыр″ дәстанлары усындай қәсийетлерге ийе.

Дәстанлар тематикалық бағдарына, сюжетлик ҳәм идеялық мазмунына қарай **қаҳарманлық (батырлық) дәстанлар** ҳәм **ашықлық (лиро-эпикалық дәстанлар)** болып ажыралады.

Қаҳарманлық (батырлық) дәстанлар

Дәстанлардың бүл түрин халық дөретиўшилигинде ҳәм фольклор илиминде **батырлар жыры** деп те атайды. Ески түркий сөз өнеринде улыўма поэзияны **жыр** ямаса **йыр** деп, ал оны атқарыўшыларды **йырағыў (жыраў)** деп атаған. Батырлықты жырлайтуғын шығармалар бир қанша көлемли болған ҳәм оларды **үлкен жырлар** яки **батырлар жыры** деп жүриткен. Усы **жыр** ҳәм **жыраў** атамалары сол ески түркий заманнан баслап ҳәзирги дәўирге шекем қарақалпақлардың мәдений турмысында үзиликсиз қолланылып келмекте. **Қаҳарманлық дәстанлар** термини парсы тилинен алынған болып, өзбек әдебияты арқалы қарақалпақ әдебиятына ҳәм фольклор илимине ХХ әсирдиң орталарында айланысқа түскен. Ҳәзир бул атама фольклорда ҳәм илимде турақласып кеткен,

сонлықтан қаҳарманлық дәстанлар ҳәм батырлық дәстанлар терминлери теңинен қолланыла береди.

Батырлық дәстанларда ел-халық тәғдири, оның ар-намысы, мәмлекет тәғдири ушын болған гүрес жырланады. Олардың тийкарғы тематикасы батырлық, ел қорғаў, сыртқы душпан менен гүрес, ар-намысты қорғаў болып есапланады. Басқа барлық ўақыялар, эпизодлар, турмыстың түрли көринислери усы баслы теманы толықтырыў ушын қосымшалар ретинде киргизиледи. Дәстанларда бтырдың әжайып күш ийеси екенин, жаўынгерлик уқыбын, ерлигин, гүреслерде жеңимпаз болыўын сүўретлеўге айрықша итибар бериледи.

Қарақалпақ батырлық дәстанларын жыраўлар тарын қыйқалап шертетуғын саз әсбабы қобыз жәрдеминде қырылдаған даўыс пенен айтатуғын болған. Жыраўлар-батырлық дәстанлардың дөретиўшилери ҳәм атқарыўшылары.

Қаҳарманлық дәстанлар төмендеги турақлы белгилерге ҳәм қәсийетлерге ийе болады.

Дәстанның бас қаҳарманы әжайып күш ийеси, дәў жүрек, уллы жаўынгер, йигиликли ислер ушын гүресетуғын пидайы батыр болады. Батыр әжайып болып туўылады, әжайып болып өседи. Өзине садық жолдас ретинде әжайып ат ҳәм қурал-жарақ таңлайды. Дәстанда батыр менен ат образы ажыралмаған ҳалда бир қосып түсиниледи. Батыр гүресте бел бермес әжайып палўан етип сүўретленеди. Батыр ер жеткен соң өзине ылайық өмирлик жолдас- қыз излейди. Усы қыз излеў ҳәм оны елге алып қайтыў барысында оның батырлық ислери, палўанлық күши көринеди. Батыр ҳақ кеўил, исенгиш, ол гейде сум қыяллы адамлардан адамлардан алданып турады. Батырдың нағыз күши, жаўынгерлик уқыбы, халық исине пидайылығы сыртқы душпанлар менен гүресте көринеди. Булардың ҳәммеси батырлық дәстанның сюжетиндеги **мотивлер** болып табылады. Усындай мотивлер киши-гирим өзгерислер, айырмашылықлар менен

көпшилик батырлық дәстанлардың сюжетлик мазмунына тийкар болады. Бундай мотивлер қарақалпақ қаҳарманлық дәстанлары ″Алпамыс″та, ″Қоблан″да, ″Мәспатша″да, ″Едиге″де, ″Қырық қыз″да ушырасады.

Әдебият теориясынан мағлыўматлар

Көркем образ. Көркем әдебият ҳәм фольклор шығармаларында сыртқы аралық қалай болса солай фотосүўреттей етип көрсетилмейди, ал турмыс ҳақыйқатлығы қайта исленип, көркем образлар арқалы сәўлеленеди. Егерде шығармада турмыс материаллары, ўақыялар, адамлар қурғақ баянланса, онда шығарма әпиўайы, жансыз мағлыўматнама дәрежесинде қалып қояды. Көркем шығарма болыў ушын сол турмыс материаллары, ўақыялар, адамлар, олардың ой-пикирлери, ишки сезимлери түрли бояўлар менен көркемлеп берилиўи шәрт, басқаша айтқанда сүўретленип атырған нәрсениң дәл көширмеси емес, ал көркем образ ажыратылыўы шәрт.

Көркем шығармада қатнасыўшы адамлардың жүрис-турысы, минез-қулқы, түр-түси (портрети), ишки дүньясы көркемлеп сүўретленеди. Қатнасыўшы адамларды әдебияттаныў илиминде түрлише атайды: персонажлар, қаҳарманлар, бас образлар, екинши дәрежели образлар, характерлер, типлик образлар.

Жаңа дәўирдеги көркем әдебиятта образ жасаў бираз қурамаласқан. Қатнасыўшы адамлардың образларын жаратыў олардың жеке характерли арқалы иске асырылады, яғный, ҳәр бир қатнасыўшының образы басқаларды қайталамайтуғын жеке минез-қулқы, жүрис-турысы, ис-ҳәрекетлери, ишки дүньясы, сыртқы портрети арқалы ашып бериледи, бир сөз бенен айтқанда оның жеке характери жаратылады.

Фольклорлық шығармаларда образ жасаў бираз әпиўайы усылларда иске асырылады. Образлар қарама-қарсы еки бояў менен: унамлы ҳәм унамсыз болып жаратылады. Бир образға тутас бир социаллық топардың,

адамлар характериниң, пүтин бир халықтың өзгешелик белгилери жәмленген болады. Сонлықтан фольклор образлары **жыйнақланған образлар** болып келеди. Мысалы, ″Алпамыс″ дәстанында Алпамыс образы орта әсирлик дәўирдеги урыўлық-патриархаллық жәмийеттиң көпшилик белгилерин, үрп-әдетлерин, ал Мәстан кемпир, Тайша хан, Ултан таз адамгершилик өлшемлерине қайшы келетуғын қәсийетлерди өзлеринде жәмлейди.

Сюжет. Бул термин француз тилиндеги **сужет** сөзинен алынып, сөзлик мәниси бойынша ″нәрсе″, ″мазмун″ дегенди аңлатады. Сюжет бул көркем шығармада сүўретленетуғын ўақыялардың, персонажлардың ис-ҳәрекетлериниң белгили бир тәртипке түскен дизими ямаса жыйнағы. Сюжет персонажлардың көркем образларын жаратыў ушын ҳәм шығарманың баслы идеясын бериў ушын қолланылады. Сюжеттиң раўажланыўы ушын персонажлардың ис-ҳәрекетлери сүретленеди, руўхий дүньясы, характери сәўлеленеди.

Халық дәстанларындағы сюжетлерде ўақыялар менен персонажлардың ис-ҳәрекетлери бир тәртипте, избе-из, басқыпа-басқыш раўажланады. Бундай сюжетлерде ҳәр бир басқышты белгилейтуғын элементлери, бөлеклери болады. Төменде сюжеттиң қурам бөлеклерине анықламалар бериледи.

Экспозиция бөлиминде ўақыя басланғанға шекемги жағдай, шараят сүўретленеди, ўақыяға қатнасатуғын персонажлар, ўақыя болған ўақыт ҳәм орын менен таныстырылады. Мысалы, ″Алпамыс″ дәстанында ўақыя басланбастан бурын Жийдели Байсын ели, еки дос Байбөри ҳәм Байсары ҳәм олардың қостарлары менен таныстырылады.

Ўақыяның басланыўы ямаса **ўақыяның түйини.** Экспозициядан соңғы бөлим. Онда ўақыяның басланыўына түртки болатуғын жағдайлар сүўретленеди ҳәм ўақыяның буннан былай раўажланыўына жол ашып бериледи. ″Алпамыс″ дәстанында Байбөриниң уллы болып той бериуи

Байсары менен мәлеллесиуи ҳәм Байсарының өкпелеп Қалмақ елине көшип келиўи сюжеттиң буннан былай раўажланыўына жол ашып береди.

Ўақыяның раўажланыўы. Өз жөни менен ҳәр тәреплеме раўажлана баслайды көлеми кеңейиўи. Персонажлардың қарым қатнаслары шийелиниседи өз ара гүреслери сүўретленеди нәтийжеде олардың характери қәлиплесип оброзларының баслы тәреплери ашылады шығарманың баслы идеялары айқынласады. Мысалы Алпамыс дәстанында ўахыяның раўажланыўы Алпамыстың қалмақ журтына Баршынды излеп кетиўи Қаражан менен беллесиўи қалмақлар менен соқлығысыўы сыяқлы ҳәдийселер менен белгиленеди.

Ўақыяның раўажланыў шыңы (кулминация ҳәм шешими). Ўақыялардың кең ҳәм ҳәр тәреплеме раўажланыўы нәтийжесинде персонажлар арасындағы қарама-қарсылық (конфликт) шешиледи сюжеттиң раўажланыўы аяқланады. Сол Алпамыс дәстанының екинши бөлиминиң аяғында жети жыллық сергизданлықтан соң Тайшаханды жеңип Байсынға қайтады елдеги бийбастақлыққа тыйым салып оның басшысы Ултан тазды жазалайды елде тәртип әдалатлылық орнатады өз мақсетине ериседи. Ўақыяны буннан соң да раўажландыра бериў өз мәнисин жоғалтады. Шығарманың көтерген мәселеси проблемасы идеясы кулминацияда ҳәм финалда толық ашылады. Бирақ сюжет барлық шығармаларда усындай таяр кесте менен раўажлана бермейди.

Көплеген шығармаларда әсиресе ҳәзирги заман реалистлик методы менен жазылған шығармаларда сюжеттиң жоқарыда келтирилген тәртиби сақлана бермейди оларда сюжет Еркин раўажланады гейде алды менен ўақыяның шешими берилип раўажланыўы оннан кейин бериледи.

Соның менн бирге шығарма сюжетинде оның композициясында пролог ҳәм эпилог сыяқлы компонентлерде қатнасыўы мүмкин.Пролог (грек тилиндеги кирис сөз алғы сөз дегеннен алынған) Негизги сюжет басланбастан алдын усы шығарма ҳәм оның мақсети туўралы айтып бериў.

Мысалы Бердах ″Ақмақ паша″ дәстанының басында шығарманы жазыўға түртки себепши болған жағдайлар туўралы баян етеди.

Эпилог. (грекше-epilogos соңғы сөз мәнисинде) Ўақыя раўажланып болғаннан соң шығарманың соңында персонажлардың буннан соңғы тәғдирлери туўралы мағлыўматлар берилетуғын бөлим.

Мотив француз тилинде мотиф-**нама, ырғақ** дегенди билдиреди. Мотив көркем шығарманың сюжетиниң раўажланыўына тәсир жасайды. Мотив фольклорлық шығармаларда (сюжетлерде, дәстанларда) турақлы қолланылады. Қаҳарманлық эпосларда сюжеттиң баслы бөлеклери белгили мотивлерге тийкарланып раўажланады. Мысалы, батырдың әжайып болып (ғайрытәбийий) туўылыўы ҳәм өсиў мотиви, батырдың ат таңлаў мотиви, қалыңлығын излеп кетиў мотиви, душпан батыры менен беллесиў мотиви ҳ.б. ″Алпамыс″, ″Қоблан″, ″Мәспатша″ дәстанларында сюжеттиң турақлы компоненти ретинде қолланылады.

Троплар-сүўретлеў қуралларының көп қолланылатуғын түри. Грек тилиндеги **tropos-ойланыў, өзгериў** деген сөзден келип шыққан. Терминологиялық мәниси бойынша көркем шығармада сөздиң ямаса сөз бирикпесиниң туўра мәнисинде емес, ал аўыспалы мәнисинде қолланылыўы. Троптың өнимли қолланылатуғын түрлери төмендегилер: **метафора (**грекше **metha**-қайтадан, **phora**-көширемен)затларды бир-бирине мегзетиўге тийкарланған, метафора теңеўдей етип затларды салыстырмайды, ал уқсатады, мегзетеди. Мысалы, ″**Лашын едим** қанатымнан қайрылдым, **Тулпар едим,** дойнағымнан айрылдым″. Бул мысалда персонаж лашынға, тулпарға теңелмейди, ал мегзетиледи.

Теңеў - бул сүўретленип атырған адамды яки затты басқа нәрсе менен салыстырыў. Ол көбинесе **дай, дей, тай, тей, яңлы, киби, мисли, сыяқлы** деген көмекши сөзлердиң жәрдеми менен жасалады. Мысалы, ″**Айғырдайын** шайнасты, **Қораз киби** жулысты, **Қошқар киби** дүгисти″.

Метонимия - сөзлик мәниси бойынша грекше **metha** – қайтадан, **nimos-** атаў дегенди аңлатады. Метонимиялық сүўретлеў усылын қолланғанда сүўретленип атырған зат ямаса ҳәдийсе басқа ат ямаса атама менен бериледи. ″Есабы жоқ, саны жоқ, лек-лек жатқан **қол келди**″. Бул мысалда әскерлер, жаўынгерлер (армия) деп заттың атамасы туўра берилмейди, ал образлы түрде **қол** деп айтылады.

Эпитет - грекше **epitheton** – анықлаў сөзинен келип шыққан термин. Адамның, заттың ямаса қандай да бир ҳәдийсениң сыпатын, қәсийетин қосымша анықлап туратуғын аўыспалы сүўретлеў қуралы. ″Астына минипти **сары-ала жорға,** Қулаққа тағыпты **алтын** жуп **сырға**″ деген мысалда жорғаның түр-түси, сырғаның қымбат баҳалы металдан (алтыннан) екени қосымша анықланады ҳәм бул эпитетлер сүўретленип отырған затлардың образларын еле де толықтырады.

Гипербола - грекше **hyperbola** – **улғайтыў** сөзинен алынған термин. Адамды, затты, ҳәрекетти сүўретлегенде өзиниң ҳақыйқый шамасынан бираз арттырып, бөрттирип көрсетиў. ″Бойлары бар минардай, Қоллары бар шынардай″ деген мысалда адамның бойы бийик минарға, қоллары жуўан шынар терегине теңелип, асыра сүўретленеди. Гипербола сүўретленип атырған затқа ямаса образға оқыўшының дыққатын айрықша қаратыў ушын қолланылады.

Литота - грекше **lithotes** - әпиўайылық деген сөзден алынған. Гиперболаға қарама-қарсы түсиник. Литота адамды, затты ямаса ҳәрекетти өзиниң ҳақыйқый муғдарынан, көринисинен әдеўир киширейтип сүўретлейди. Литота сүўретлеп атырған затты образлы етип көрсетиў ушын қолланылады. Мысалы, ″Алпамыс″ дәстанындағы ″Келе берди бир бала, Атлары бар **ырғайдай,** Мойынлары **қуўрайдай,** Қус урған **қара торғайдай**″ деген қатарларда Қаражан қалмақ Алпамысты жассынып, оған менсинбей қарайды. Кеўли өскен қалмақ батырының көзине Алпамыс даладағы қуўрайдай (шөптиң атамасы), кишкене ғана торғайдай болып

көринеди ҳәм **″Шаппаттай баланы** жерге сиңирмей неси бар″ деген менменлик қыялға кетеди. Бул жерде литоталар Қаражанның инезиндеги менменлик, турпайылық қәсийетлерин көрсетеди.

Демек, гиперболалар ҳәм литоталар образларды толықтырып сүўретлеў ушын қолланылады. Олар фольклорлық шығармаларда (ертеклерде, дәстанларда) өнимли пайдаланылады.

″Алпамыс″ дәстаны

Дәстан туўралы мағлыўматлар. ″Алпамыс″ дәстаны-қарақалпақ халқының ең сүйикли дәстанларының бири. Бурынғы дәўирлерде оны жас та, ғарры да сүйип тыңлаған. ″Алпамыс″ты жырлаған жыраў болмаған.

″Алпамыс″ дәстанының сегиз варианты жазып алынған. XX әсирдиң биринши ярымында оны Өгиз жыраў, Қурбанбай жыраў, Есемурат жыраў, Қыяс жыраў, Арзымбет жыраў, Кәрам жыраўлар халық арасында жырлаған. Соннан Өгиз жыраў, Қыяс жыраў, Есемурат жыраў вариантлары баспадан шықты. Бул жағдай ″Алпамыс″ қарақалпақ халқының тол+== дәстаны екенлигинен дәрек береди. Дәстанда қарақалпақ халқының арзыў-әрманлары, тилек-нийетлери, руўхий талаплары, миллий идеялары сәўлеленген. Соның ушын да ″Алпамыс″ ҳақыйқый халықлық шығарма болып табылады.

Соның менен бирге ″Алпамыс″ дәстанының басқа миллий версиялары да бар. Ол өзбек, қазақ, татар, башқурт, алтай сыяқлы түркий халықларда да кеңнен белгили. Дәстанды изертлеўшилердиң тастыйықлаўы бойынша ″Алпамыс″ ерте дәўирлерде көпшилик түркий урыўлар еле бир қәўимлик аўқамда биригип жасаған ўақытта дөреген. Соң олар өз алдына халық болып қәлиплесип бөлинип миллий дәстаны болып қалған. ″Алпамыс″ты жырлаўшылар ҳәр бир халықтың турмысына, басынан кеширген тарийхый ўақыяларына, үрп-әдетлерине, географиялық

ҳәм экономикалық шараятларына, миллий руўхий ҳәм көркем-эстетикалық талапларына байланысып дәстанның сюжетине, персонажлар қурамына, көркемлик дүзимине өзгерислер киргизген. Солай етип ″Алпамыс″ дәстанының миллий версиялары пайда болған.

″Алпамыс″ дәстанының идеясы. Дәстанда феодаллық пытыраңқылықты сапластырыў ҳәм бөлинип кеткен урыўларды бир аўқамға бириктириў, идеясы баслы орынды тутады. Дәстанда бул идея бир пүтин Қоңырат қәўиминиң бөлинип кетиўи ҳәм Алпамыс батырдың күш-ғайраты менен қайтадан бирлесиўи мысалында бериледи. Сондай-ақ дәстанда халықлар дослығы идеясы қоңырат Алпамыс пенен қалмақлар Қаражан, Әшим арасындағы садық дослық мысалында сәўлеленеди. Адамгершилик ҳүждан, ар-намыс, әдалатлық, халыққа азаматлық қалыс хызмет етиў идеялары Алпамыс образы арқалы бериледи.

Көркем шығармада ҳәр қандай жақсы идея қызықлы сюжет ҳәм көркем образлар арқалы ашылады. Соның ушын төменде ″Алпамыс″ дәстанының сюжетлик қурылысына, образлар дүзимине тоқтап өтемиз.

″Алпамыс″ дәстанының сюжети. Бурынғы заманда Жийдели Байсын жерин жайлаған Қоңырат елинде Байбөри ҳәм Байсары деген бай-дәўлетли еки дос болады. Қудайдан перзент тилеп Байбөри уллы болады, атын Алпамыс қояды, Байсары қызлы болып атын Гүлпаршын қояды (оны еркелетип Баршын деп те атайды). Еки дос қуда болады. Бирақ Байбөриниң тойында еки қуда мәлеллесип, Байсары өзине қараслы Қоңыраттың бир бөлегин ертип узақтағы Қалмақ журтына көшип кетеди. Пүтин ел бүлинип, екиге бөлинеди.

Алпамыс ержетип батыр жигит болып шығады. Батырлықтың шәрти бойынша ол өзиниң жылқыманы ҳәм кеўил жақын жасүлкени Қултай бабаның кеңеси менен көп жылқының ишинен көримсизлеў шубар тайды таңлайды. Соңғылықта оны Байшубар деп атайды. Байшубар тек жолға минетуғын көлик емес, ал батырдың барлық аўыр күнлеринде бирге

болатуғын, оның аўырманлығын алып жүретуғын ҳақыйқый жаўынгер досты боладыю Дәстанда Байшубар персонаж дәрежесинде сүўретленеди.

Урыўлық-патриархаллық жәмийеттиң тәртиби бойынша куда болып, нан сындырысып атастырылған қалыңлығы қандай да бир себеплер менен басқа жаққа кетип қалса, күйеў оған даўагер болып излеп барыўға ҳақысы бар еди. Егерде ол қалыңлығын таўып алып қайтпаса, пүтин елдиң, урыўдың абырайын төккен болып есапланады. Усы тәртипке муўапық Алпамыс жаў-жарағын асынып, Байшубарды минип атастырылған қалыңлығы Гүлпаршынды излеп қалмақлар елине атланады. Бул Алпамыстың биринши батырлық атланысы еди. Буны батырлық дәстанларда **"батырдың өз қалыңлығын излеў мотиви"** деп жүритеди. Алпамыс қалмақ батыры Қаражан менен дәслеп жаўласып, соңынан жарасады, қалың дос болады. Қаражанның жәрдеминде Алпамыс көп тосқынлықларды, қыйыншылықларды жеңип Баршынды Байсын елине алып қайтады. Усының менен дәстанның биринши бөлими тамам болады.

Екинши бөлимде Алпамыс Қалмақ елинде қалып қорланып атырған қәйин атасы менен қәйин енесин азат етиў ҳәм Қоңырат елине қосыў ушын екинши батырлық атланысқа шығады. Бирақ ол жолда қалмақлардың ханы Тайшахан жиберген Мәстан кемпирдиң ҳийлекерлик дузағына түсип, жети жыл зинданда жатыўына туўра келеди. Тайшаханның қой шопаны Әшим кәл тосаттан зинданның үстинен шығып, Алпамыс пенен танысады, дос болады. Әшим жолын таўып Тайшаханның қызы Арзайым менен зиндандағы Алпамысты байланыстырады. Алпамыста кеўли бар Арзайым оған зинданнан шығыўға жәрдем береди. Батырлық дәстанлардағы бундай сюжетлерди **"жат журтлық сулыўдың батырға жәрдем бериў мотиви"** деп атайды.

Қоңыраттың Алпамысқа қарсы нәмәрт жигитлери батырды өлди, Баршын жесир қалды деген өсек таратады. Урыўлық-патриархаллық дәўирдиң дәстүри бойынша өлген күйеўдиң жесирин оның ағайинлериниң

бири өзине некелеп алыўы керек болған. Усы дәстүрди пайдаланған Алпамыстың урыўлас ағайинлериниң бири болымсыз, қопал, пәмсиз Ултан таз ағамның жесири маған тийисли деп Баршынды күйеўлей баслайды, Қоңыраттың бийлигин өз қолына алады. Бирақ дурыслап басқара алмай, елдиң берекети кетип, ағайин арасында ала аўызлық, жәнжел, әдалатсызлық үстемлик етеди. Ултан таз Баршынды некелеў мүнәсибети менен гүлли Қоңыратты жыйып үлкен етип той береди. Той үстине Алпамыс бойын жасырып жылқыман Қултай сүўретине кирип келеди, жай-жағдайдың бәрин билип болып Алпамыс өзин ашады.

Бул сюжетти әдебияттаныў ҳәм фольклор илиминде ″батырдың өз ҳаялының тойының үстинен шығыўы″ деп атайды.

Алпамыс Ултан таз басшылығындағы гүнакарлардың барлығын жазалап, Қоңырат елиниң бирлигин тиклейди, елде тынышлық, берекет, әдалат орнатады. Дәстанның сюжети усының менен жуўмақланады.

″Алпамыс″ дәстанындағы образлар

Алпамыс образы - дәстанның сюжетине уйтқы болатуғын, оны қурайтуғын бслы образ. Дәстанның баслы идеясы да тийкарынан усы Алпамыс образы арқалы ашылады. Батырлық дәстанлардың идеялары батырлық мотивлер арқалы бериледи. Сонлықтан Алпамыс образында батырлық қәсийетлердиң барлығы жәмленген. Ол әжайып болып туўылады (бийперзент ата-анасы әўлийелерге зыярат етип қудайдан тилеп алады), әжайып болып өседи. Батырлықтың шәртлериниң бири ретинде өзине жолдас әжайып ат Байшубарды таңлайды. Дәстанларда батырлық ислер тек батырлық, палўанлық, жаўынгерлик қәсийетлерди культ (ессиз, көзсиз табынатуғын нәрсе) етип көрсетиў мақсетинде сүўретленбейди, ал жоқары идеяларды бериў ушын сүўретленеди. Алпамыстың батырлық ислери тек Баршынға үйоенип үй-хожалық болыў ушын исленеди десек, онда дәстанның идеялық қуны түсип, Алпамыс батыр дәрежесине көтериле алмаған болар еди. Алпамыстың батырлық ис-ҳәрекетлери күнделикли

турмыс-тиришилик дәрежесинен әлле қайда жоқары. Олар жоқары идеялар менен, яғный тарқап кеткен урыўларды бирлестирип, феодаллық пытыраңқылықты сапластырыў идеялары менен байланыслы. Баршынды Алпамыстың алып қайтыўы мәлеллескен ағайинлердиң жарасыўына, феодаллардың (Байбөри менен Байсарының) менменлиги, такаббырлығы, ел тәғдирине жуўапкерсизлиги ақыбетинде тарқап кеткен урыўлардың бирлесиўине алып келеди. Демек, батырдың ғайры журттағы атастырылған қалыңлығын излеп таўып, оған үйлениў сюжети жоқарыда келтирилген уллы идеяларды сәўлелендириўдиң тийкарғы көркемлик шараяты болып хызмет етеди.

Алпамыстың батырлық саўлатын толықтырып туратуғын жоқары қәсийетлердиң бири-бул оның кең пейиллиги, кеширимлилиги, ўәдеге опалылығы, досқа садықлығы. Оның бул қәсийетлери дәстанның ең қызықлы сюжетлеринде көринеди.

Алпамыс душпан Қаражан қалмақ пенен жети күн айқасып, оны жеңеди. Өлтирер ўақытта Қаражан жалынып, батырдан аманлық тилейди. Батыр өзин басып, қанасына түсип ″Сен өлген менен жер толмас, бир қалмақтан душпан болмас, бар кештим қаныңды″ деп босатып жибереди. Аман қалған Қаражан Алпамыстың қалмаққа жүрисиниң ҳақлығына түсинип, оған садық дос болады, қыйын-қыстаў күнлерде дослықты бәржай келтиреди.

Алпамыстың жоқары адамгершилик қәсийетлери Тайша ханның қой шопаны жәмийеттеги кишкене адам Әшим кәл менен дослығында көринеди. Әшим Алпамыстың исиниң ҳақлығын түсинип, тәғдирге тәўекел етип, Тайша ханның есапсыз қойларын зинданда жатырған Алпамысқа сойып берип жети жыл бағады. Зинданнан шыққаннан соң Алпамыс қалмақты жеңип, Тайша ханды қулатады, Гүлпаршынның ата-анасын азатлыққа шығарады, мақсетине жетеди. Бирақ қыйын күнлерде жәрдем берген Әшим шопанды естен шығармайды. Оған Тайша ханның қызы

Арзайым сулыўды некелеп береди. Орта әсирлик феодаллық жәмийеттиң тәртиби бойынша мийрасхоры жоқ босап турған тахытқа күйеў отырғызылады. Усы нызамға муўапық Алпамыс Қалмақ елиниң тахтына Арзайының күйеўи қарадан шыққан Әшимди отырғызады.

Алпамыстың ақ к54иллиги оның адамларға исенгишлик қәсийетинде де көринеди. Қалмаққа екинши мәрте атланып баратырғанда оның алдынан Тайша ханның тапсырмасы менен ҳийлекер мәстан кемпир менен қасына қырық қыз ерген шығады.Ол өзин Вайвөриниң дуз айдап қалмаққа туўысқаныман,мынаў мениң қызларым ,сениң туўысқан жийенлериң, деп таныстырады. Апаңның үйине түсир,қонақ болып кет,деп мират етеди. Алпамыстың жүрегинде туўықанлық сезимлери ойнап,кеўли елжиреп Мәстан маманың жуўҳалық сөзлерине киреди. Алпамыстың садалығы басым келип,бийғамлыққа бериледи,шарап ишип мәс болады, ақыбетинде зинданға түседи.

Деген менен Алпамыс барлық ўақытта сада,ессиз,көзсиз батыр емес. Ол терең ақылға, өткир зейинге ийе,хат саўаты бар,қолы өнерли жигит.Зинданда жатып қойдың жилик сүйегинен жағымлы ҳаўаз шығаратуғын, түрли намаларға шертиўге болатуғын әжайып сыбызғы соғады. Оны өзинен сәлемнама ретинде Әшим арқалы Арзайымға жибереди. Бул Арзайымның Алпамысқа деген кеўил сезимлерин оятады.Бирақ Алпамыс садық қостар. Некелиси Гүлпаршынды ҳүрмет етеди. Тайша ханды қулатып, Қалмақ журтының бийлиги өз қолына тийгендеАлпамыс ойсызлық етип босап турған тахтқа отырмайды, ханға күйеў болып Арзайымға үйленбейди. Қостары Гүлпаршынға садық болып қалады. Қалмақ елин бағынышлы қылмай өз екин өзине қалдырады, халықлар, мәмлекетлер арасында дослық орнатады. Ол өзиң жеке сезимлерине берилип кетпейди, оларды иркеди, халық, мәмлекет тәғдирин өз мәплеринен жоқары қояды. Бул Алпамыстың мәмлекетлик дәрежеде ой

жүритп, пикирлей алатуғын, ис-ҳәрекет ететуғын, терең ақылға ийе көреген сиясатшы екенинен гуўалық береди.

Батырлық дәстанлардың дәстүрине муўапық Алпамыс халық әрман еткен теңи-тайы жоқ күшке ийе, ел деп еңиреген батыр, халық мәпи ушын хызмет ететуғын азамат, ата-анасына ғамхор перзент, садық қостар,ғамхор әке,опалы дос. Бул жоқары қәсийетлер Алпамысты идеал образлар дәрежесине көтереди.

Байшубар образы. Батырлық дәстанлардың көркемлик дәстүри бойынша батырдың аты мәзи күш-көлик емес , ал батырдың жолдасы ,қыйын күнлерде жәрдем беретуғын досты. Айырым қыйын қыстаў жағдайларда батырдың атына тил питип, сана-сезимге ийе болады,өз бетинше ҳәрекет етип батырды аўыр аўҳаллардан алып шығады. Демек, батырлық дәстанларда оның аты персонаж дәрежесинде сүўретленеди. "Алпамыс" дәстанында батырдың аты Байшубарда усы қәсийетлердиң барлығы бар.Байшубар әпиўайы ат емес, шығысы бойынша суў тулпардан дөреп, жас бийеден туўған ҳасыл туқым әжайып ат. Ол дәстанда персонаж дәрежесинде ҳәрекет етеди. Баршын ушын атбайраққа шыққанда Байшубар дәслеп бойын жасырып атлардың изинде жүреди,күшин сақлайды. Шубарды шапқан Қаражанның ғапыллығынан оның төрт аяғына душпанлар гүл мыйық қағып майырып кетеди. Сонда Шубарға тил питип, өзин қамшылап етин қыздырыўды Қаражаннан өтинеди.Ет қызыўы менен ол байгеден озып келеди. Алпамыстың ҳәм яры, ҳәм намыс-ары болған Баршынды алып береди. Алпамысты зинданнан азат етер ўақытта қырық қулаш тереңликтеги зинданнан ҳеш Ким батырды тартып шығара алмайды.Сонда Алпамыстың досты Әшим: Ҳәм ағасы ҳәм иниси, елинен шыққан жолдасы, бир шығарса байшубар шығарады оны,-дейди. Алпамыстың өзи де қыйналып турған жерлерде "Ағам болған Байшубар, иним болған Байшубар" деп атты өз басына теңейди, оны қыйналғанда сүйенетуғын тиреги, жалғыздың жолдасы, туўысқаны деп биледи.

Дәстанда Байшубарға ат деп қарамай персонаж дәрежесинде дыққат бериўдиң мәниси бар. Ата-бабаларымыздың турмысында айрықша орын тутқан. Жақсы ат көшсе көлиги, бәйги жарысында ар-намысын әперетуғын тулпары, жаўгершилик күнлерде жаўынгер жолдасы болған. Соның ушын да халық даналығында ушырасатуғын "Ат-жигиттиң жолдасы болған", "Ат-батырдың қанаты,"Атлының несийбеси алтаў, "Жылқы малдың патшасы", "Ат болмаса дәрт болар", "Атлан, атлан дегенде атланарға ат жоқ, Қатардан қалқан сол жаман", дегенге усаған нақыллар халық турмысында аттың қаншелли әҳмийетке ийе болғанынан гуўалық береди. Егерде Алпамысты Байшубардан ажыратып суўретлегенде батыр образы шықпай қалар еди, ҳәттеки шығарманың өзи батырлық дәстан дәрежесине көтерилмей қалар еди. Сонлықтан батырлық дәстанларда бас қаҳарман астындағы әжайып аты ҳәм жаў-жарағы менен қосып суўретленсе ғана бир пүтин образға, батыр образына айналады.

Гөлпаршын образы. Дәстандағы бас қаҳарманлардың бири - Гүлпаршын. Ол қәдди-қәўмети, сын сымбаты келискен, ақыл-парасатлы, турмысты, шәрт-шараятларды тез ҳәм терең түсинетуғын зейинли қыз.

Жыраў Гүлпаршынның портретин төмендегише сүўретлейди:

Қамшы яңлы бармағы,
Шершиге барсаң ҳинжи бар,
Гүмис яңлы тырнағы,
Ҳинжини көрде тисин көр.
Устаға барсаң сандал бар,
Қар үстине қар жаўар,
Сандалды көрде шашын көр,
Қарды көрде етин көр
Моллаға барсаң қәлем бар,
Қар үстине қан тамар,
Қәлемди көрде қасын көр.
Қанды көрде бетин көр.

Гүлпаршын тек батырдың сүйгилиги, боз орданың жарасығы назлыбийке ҳаял емес. Ол-қыйын-қыстаў жағдайда батырға қап қолдасатуғын жәрдемши, оған ақыл-кеңес беретуғын, асқынлап кетсе төрели сөз айтып басып қоятуғын ақылгөй досты. Бир сөз бенен айтқанда

Гүлпаршын батырға ҳәмме тәрепинен ылайық өмирлик жолдас, халық түсинигиндеги идеал ҳаял.

Гүлпаршын жас болса да өзиниң терең ақылы, өткир зейни менен жасы үлкен кәткуда, абырайлы бийлердиң шешиўи мүшкил болған түйин мәселелерге тапқырлық пенен төрелик береди. Мысалы, Қалмақтың ханы Тайша, батыры Қаражанның Гүлпаршынға кеўли кетип, оның қолын сорап теңнен жаўшы жибереди. Биреўине жуўап берсе, екиншиси наразы болып, арада даў-жәнжел болатуғын қәўип туўады, жөнсиз урыс-қағыс болып, ақыбетинде пуқара халық жәбир шегетуғын болады. Гүлпаршын олардың ҳеш биреўине де кесип жуўап бермейди. Ол усы даўлы ҳәм қәўипли мәселени парахат жол менен төмендегише әдил шешеди.

Ханыңа берсем жуўапты, Қырық күншилик жолларға,
Бийиңниң келер кеўлине. Ат жиберсин байраққа.
Бийиңе берсем жуўапты, Аты озған жигиттң,
Ханыңның келер кеўлине. Киминди қул демеймен,
Ханыңнан да тәмем бар, Киминди хан демеймен,
Бийиңнен де тәмем бар Киминди қара демеймен,
Мениң нашар басыма Аты озғанға тийемен,
Алты ай берсин мәўлетти… Биймәлел болсын қайнаға,
Алты ай он еки күн толғансоң Жалғыз нашар басымды
Уллы тойды басласын… Ат байраққа тигемен.

Бул Гүлпаршынның тапқырлығын көрсетеди. Усы ақылы менен Гүлпаршын бийгүнә қан төгиспениң алдын алады, екинши жағынан Алпамыстың узақтағы Байсыннан Қалмақ елине жетип келиўине мәўлет алады.

Гүлпаршын өмирлик жолдасына шын берилген садық қостар. Алпамыс жети жыл тири ғайып болып, хабар-атарсыз кеткенде ол үмитин үзбейди, батырды күтеди. Ол өзиниң туўылған жерин, елин, ата-анасын шын жүрегинен сүйетуғын ўатанпәрўар қыз.

Он төртимде мениң бахтым ашылғай,
Дуз несийбем Байсын елге шашылғай.

Гүлпаршын жат журтта ўатанды көриў, оған қаўышыў әрманы менен Байсынды сағынып жасайды.

Дәстанда Гүлпаршын келбети келискен, ишки дүньясы бай, зейинли, тапқыр, кең пейил, ата-анасына мийриман, садық қостар образында сүўретленеди. Гүлпаршын образы арқалы ″Алпамыс″ дәстанының сюжети қызықлы раўажланады, Алпамыстың барлық ҳәм басқа да ийгиликли ислери Гүлпаршынға байланыслы иске асырылады. Гүлпаршын образына орта әсирлик урыўлық-патриархаллық дәўирдеги халық түсинигиндеги идеал ҳаялдың қәсийетлери, белгилери жәмленген.

Қаражан образы. Дәстанда Қаражан үлкен күш ийеси, қарыўлы, ер жүрекли, қайсар жигит сыпатында сүўретленеди. Ол-Қалмақ елиниң батыры. Айтқанынан қайтпайтуғын болғанлықтан оны Қаражан қайсар деп атайды. Алпамыстың биринши батырлық иси Қаражан менен айқаста билинеди.

Демек, дәстанда АлАлпамыстың батырлығын, палўанлығын, дәў жүреклигин көрсетиўде Қаражан образы баслы орынды тутады. Дәстанда Қаражан образы киргизилмесе, Алпамыстың батырлық образы ашылмай қалған болар еди.

Қаражан жеңилип Алпамыс пенен дос болады. Соңғылықта Алпамыстың жақсы нийетлери, ийгиликли мақсетлери усы Қаражан достының жәрдеминде иске асады. Қаражан ҳеш қашан дослыққа қыянет етпейди. Ол-әдиллик ҳәм әдалатлық тәрепдары. Сонлықтан Тайша ханның бийбастақлығына, зорлығына көнбейди, оған қарсы шығады, Алпамыс тәрепли болады, себеби оның исиниң ҳақлығын түсинеди. Қаражан жағдайлардан дурыс жуўмақ шығаратуғын, ақ к54ил, ҳадал жигит. Дослықтың шәртин бәржай етиў ушын ол айтқанын қылмаған, әдил иске қарсы шыққан баласы Доспамбетти қара аты менен қоса өлтиреди.

Ҳәзирги заман оқыўшысына бул сюжет ерси туйылыўы мүмкин. Бирақ оған тарийхый көзқараслардан баҳа бериў керек. Әке менен баланың айқасы, әкесиниң өз баласын өлтирип қойыўы дүнья халықлары фольклоры ҳәм әдебиятында бурыннан кең тарқалған сюжет. Мысалы, Фердаўсийдиң ″Шаҳнама″ дәстанында батыр Рустем баласы Суҳрабты қылышлап өлтиреди, XIX әсир рус жазыўшысы Н.В.Гогольдиң ″Тарас Бульба″ повестинде батыр казак Тарас Бульба сатқын баласы Андрейди атып өлтиреди. Бирақ олардың өз балаларын өлтириўи қанхорлықтан яки жеке басының мәпи ушын емес, уллы гуманистлик (улыўма инсаныйлық) идеялардың, әдиллик ҳәм әдалатлықтың үстемлиги ушын иске асырылады. Қаражанның өз баласын өлтириў мотиви де усындай идеялар менен ақланады. Қаражан қалай болмасын Баршынды Алпамысқа қуўыстырыў мақсетинде күйип-жанады. Себеби Баршын тек басы бәйгиге тигилген байрақ емес, ол гүлли Қоңыраттың жат журтқа кеткен ар-намысы, келешек үмити. Алпамыс усы ар-намысты аяқ асты қылмай Қоңыратқа қайтарыў мақсетинде Қалмақ елине батырлық атланысқа шығады. Орта әсирлик урыўлық-патриархаллық дүзимниң тәртиби бойынша атастырылған қалыңлықты басқа биреўдиң күйеўлеўи ямаса оны зорлап алыўы күтә айып болған. Түрли себеплер менен жатқа кеткен қалыңлығын қайтарыўға урынбаған жигит адам есабына алынбаған, оның бул иси намәртлик, қорқақлық деп баҳаланған ҳәм барлық елдиң бетине ширкеў деп есапланған. Сонлықтан Алпамыстың өз қалыңлығы Баршынды Қалмақ елине қуўдаласып барыўы-бул ашықлық саўдасы емес, ал ел-халықтың ар-намысын тиклеў ҳәм бөлинген елди бириктириў мақсети болып есапланады. Мине, усындай әдил иске, жоқары идеяларға Қаражан жан-тәни менен хызмет етеди. Қаражанның Алпамысқа садықлығының баслы себеби де усында.

Дәстанда Қаражан образы унамлы ҳәм қызықлы ис-ҳәрекетлери тийкарында көркем етип жасалған.

Дәстанда **Қултай баба** ҳәм **Әшим кәл** образлары да унамлы сүўретленген. Олар-әпиўайы шопанлар, мийнеткеш халық ўәкиллери, Алпамыстың тилеклери, оған ҳәр тәреплеме жәрдем береди. Олар мийнети менен күн кеширетуғын кеўли де, қолы да ҳадал адамлар. Алпамыс кең жүрекли, кеўли де, қолы да ашық жомарт жигит болғанлықтан Қултай менен Әшимди умытып кетпейди. Халық мәпи менен қызықпайтуғын, өз қара басының мәпин, ҳәзлигин көбирек ойлайтуғын Тайша ханды қулатып, орнына қарапайым халық ишинен шыққан Әшимди хан көтереди. Бундай сюжетлер ″Алпамыс″ дәстанының терең халықлық идеялар менен суўғарылатуғынан дәрек береди. Қултай ҳәм Әшим образлары сатиралық, юморлық усылларда қолланыў арқалы қызықлы ҳәм шебер жасалған. Дәстанда Қултай ҳәм Әшим образлары Алпамыс образын ҳәр тәреплеме толықтырып турады.

Дәстанның баслы идеясын сәўлелендириўде Алпамыстың әкеси **Байбөриниң,** Баршынның әкеси **Байсарының** образлары итибарлы орын тутады. Олар үлкен мал-мүликке ийе Қоңыраттың утқасын тутып турған ири феодаллар. Есапсыз малына мәсирген олар ел-халық тәғдирине, оның турмыс-тиришилигине бас айланбайды, оларды менменлик, тәкаббырлық сезимлери бийлейди, өзлерин басқалардан жоқары санайды. Болар болмас нәрсе үстинде (тойда көкпарға таласып) еки бай мәлеллесип, бир бирин көрместей болып тарқасады. Байбөри менен Байсары арасындағы жеке өкпе-гийне бир пүтин Қоңырат елиниң бирлигин бузады, ел еки байдың тәрепине айырылып берекети кетеди, ала аўызлық басланады. Өзлериниң дегенин болдырыў ушын бул байлар ҳәш нәрседен қайтпайды. Байсары көкпарға өкпелеп өзине қараслы елди шуўлатып жат-журт Қалмаққа көшеди. Елде қалғанды мақул көрип, көшкиси келмегенлерди арбаға байлап сабайды. Көшпейик деп жалынған ҳаялы Жантилести де сөгип азаплайды. Байбөри де райынан қайтып Байсарыдан кеширим сорап келмейди. Бул сюжетлер тарийхта феодаллық пытыраңқылық, феодаллық

ала аўызлық деп аталатуғын дәўирдиң ҳақыйқый көркем көринислерин береди. Мине, усы ала аўызлықты сапластырыў дәстанда Алпамыс батырдың еншисине тийеди. Бундай уллы ўазыйпаны Алпамыс өзине атастырылған нызамлы қалыңлығы Гүлпаршынды излеў ҳәм елге алып қайтыў сылтаўы менен инабатлы орынлап шығады. Дәстанда Байбөри ҳәм Байсары байлар феодаллық ала аўызлықтың символы сыпатында сүўретленеди.

Дәстанда көбирек ҳәрекет ететуғын унамсыз образлардың бири - Қалмақ журтының ийеси **Тайша хан.** Дәстандағы жаманлық ислердиң көпшилиги усы Тайша хан басшылығында иске асырылады. Алпамыстың нызамлы қалыңлығы Гүлпаршын сулыўды хан сарайының жарасығы етип қойыў ушын өзи алғысы келеди. Усы мақсетте Алпамыстың ҳақ исине көп кесент келтиреди, жаманлық изинен жаманлық етеди, ҳәттеки мәккарлық ҳәм қыянетлик жолы менен оны зинданға бәнт етеди. Тайша ханның жаманлық ислерине оның оның жалпылдақлары **Көкаман** ҳәм **Мәстан кемпир** жәрдем береди. олар өз қулқынын тойдырыў ушын жаманлықты, мәккарлықты қурал етип алған еки жүзли адамлар еди.

Унамсыз персонажлардың бири - келте пәм, жигерсиз **Ултан таз.** Алпамыс жети жыл тири ғайып болып кеткенде ол жалғаннан жесир деп дағазаланған Гүлпаршынға үйленип, гүлли Қоңыраттың бийлигин алып бийлик дәўран сүргиси келеди. Ултанның түсинигинде елге бийлик етиў-бул ҳәзлик, ўақты хошлық етиў, қатын алыў, той тамашалаў. Оннан аржағына оның той бергизеди, алтын қабақ аттырады, гүрес туттырады, ат келте пәми алыспайды. Ақылы қысқалығынан ол бийликти алар алмастан Алпамыстың тегин малын шашып үлкен етип гүмбирлеген шаптырады. Усы тойда Гүлпаршынның некесин қыйдырып ҳаялыққа алыўды ойлайды. Елге бий болғанда оның билгени усылар ғана. Бирақ оның ҳарам нийетлери иске аспайды. Той үстине жети жыллық ғайыплықтан Алпамыс

келип қалады ҳәм оның ″иси келиспей″ тийисли жазасын алады. Ултан таз әдалатлықты бузыўшы, қыянетши сыпатында сүўретленеди.

″Алпамыс″ дәстанының көркемлиги. Дәстанның сегиз вариантының ишинде Өгиз жыраў ҳәм Қыяс жыраў вариантлары сюжетиниң ықшамлығы, композициялық жақтан шебер дүзилиси, көркем тилдиң мүмкиншиликлерин кең пайдаланыўы, қосық қурылысының жетискенлиги менен өзгешеленип турады. Дәстанның сюжети фольклор поэтикасының дәстүри бойынша қызықлы ўақыялардан қуралған, сюжеттиң барлық дәстүрли компонентлери сақланған (ўақыяның басланыўы, раўажланыўы, тегине жетиўи, шешилиўи ҳ.т.б.). Сюжетти баянлаўда сүўретлеў қуралларының көп ғана мүмкиншиликлери өнимли пайдаланылған (метафоралар, метонимиялар, теңеўлер, эпитетлер, гиперболалар, литоталар ҳ.т.б.). Булардың ҳәр бири дәстандағы образларды жаратыўда ҳәм оның баслы идеяларын ашыўда тийисли хызмет атқарады. Жоқарыда, теориялық мағлыўматлар бөлиминде образларға, сюжетке, сүўретлеў қуралларына теориялық анықламалар бериўдиң барысында ″Алпамыс″ дәстанынан тийисли мысаллар келтирилген. Сонлықтан бул жерде және анықламалар, мысаллар келтирип қайталаўдың зәрүрлиги жоқ.

Дәстанның шырайын шығарып, көркемлигин арттырып туратуғын жағдайлардың бири-бул оның сюжетиниң тийкарынан қосық пенен баянланыўы. Шынында да ″Алпамыс″ дәстанының қосық қурылысы басқа қаҳарманлық дәстанлардың қосығынан өзиниң жетискенлиги менен өзгешеленип турады. Әсиресе Қыяс жыраў вариантының қосығы өзиниң пуқта исленгенлиги жыраўдың қосық дөретиўде аса талантлылығы менен басқа дәстанлардан үстин турады. Қосықларда сес ырғақларының (ритм) бир тегис берилиўи, қосық қатарларының буўын өлшемлерине қатаң бағынып, бир муғдарда (7-8-9 ямаса 10-11 буўынлы болып) берилиўи, қосық қатарларының сулыў уйқаслар меен безедиўи, баянланатуғын

ўақыялардың темпераментине, драматикалық кескинлигине ямаса басқа да жағдайларына қарай қосық қурылысының өзгерип барыўы дәстанның көркемлик қунын асырып турады. Мысалы, Қаражан батырдың астындағы Қара аты Дәрбент таўда алға баспай тебинлеп, үрке береди, себеби ол узақта киятырған Алпамысты, оның аты Шубардың дүбирин сезип сетем алып турған еди. Қаражан буны түсинбей, астындағы Қара атты қамшылап, оған гийнели сөзлер айтады.

Мудам жортқаның ар ма еди, Душпанлар қурған тор ма еди, Келгенлер бизден зор ма еди, Не көрдиң қара ат, не көрдиң? Мингениң бәлент таў ма еди, Киятқан бизге жаў ма еди, Келгенлер бизден ғаў ма еди, Не көрдиң қара ат, не көрдиң?	Мақпалдан тигип дорба иследим, Кишмиштен сайлап жем бердим, Жеминди қашан кем бердим, Не көрдиң қара ат, не көрдиң? Алды едим ол менен, Алпыс туўар мал менен, Тулпар деген даң менен. Не көрдиң қара ат, не көрдиң?

Дәстандағы прозалық баянлаўлардың да көтеретуғын көркемлик жүзи бар. Биринширен, прозалық баянлаўлар узын сюжетти жыйнақлап бериў ушын хызмет етеди, екишиден, олар көпшилик орынларда әпиўайы қара сөз емес, ал ритмикалық проза түринде болып келеди, анығырақ айтқанда олар белгили дәрежеде қосыққа тартып, ырғаққа ийе болып келеди, яғный ярым қосық формасын ийелейди. Мысалы: ″Гүзектиң айы

туўды, арқадан суўық жүрди, көлдиң жийеги қатты, қубладан келген ғазлар қыйыршық муз жеп, қублаға қайтты:

Айырым орынларда қаҳарманлардың ишки сезим-туйғылары, руўхий толғаныслары лиризм түринде берилип, образлардың рәңбәрәңлиги тәмийинленеди. Мысалы:

Аталылар ойнайды екен еллерде,
Атасызлар қой бағады шөллерде,
Келерме екен ғайып болған жан атам,
Ақшам-күндиз еки көзим жолларда.

Бул атасынан айра түскен көзи жаслы, иши дәртли жас Жәдигердиң руўхий толғаныслары. Дәстанда бундай лирикалық шегинислер баршылық. Мысалы, Алпамыстың Қалмақ журтына атланар алдында ата-анасы менен жыллы хошласыўы, Баршынның Байшубарға айтқан хошамет сөзлери, Қултай бабаның Алпамысты жоқлап ай далада гүңирениўи ҳ.т.б.

Халық қосықларының, қаҳарманлық дәстанлардың көркемлик өзгешеликлериниң бири сонда, оларда турақлы басламалар, яғный көркем қайталаўлар жийи-жийи ушырасады. Қайталаўлар фольклор поэтикасының дәстүрли белгилеринен болып табылады. ″Алпамыс″ дәстанында көркем қайталаўлардың көплеген түрлери қолланылады. Мысалы: ″Ҳаўа жаўсын, рйдын көллер сел болсын, Жылдан жылға аз дәўлетиң мол болсын″, ″Мен жылайман бир қудаға зар-зар, бәршемизди халық әйлеген бийрибар″, ″Шашгенемди әрман менен тарайман, Өзим нашар не күнлерге жарайман″, ″Лашын едим қанатымнан қайрылдым, жүйрик едим, дойнағымнан майрылдым″, ″Қарқарам бар бул басымда шоқтан шоқ, Мен жылайман жаратқанға қайғым көп″ ҳ.т.б. Олардың ҳәр биринде терең сезимлер берилип, олар қаҳарманлардың ишки дүньясын ашыўға жәрдемлеседи.

Жуўмақлап айтқанда ″Алпамыс″ дәстаны қаҳарманлық дәстанлардың ишинде, өзиниң идеялық ҳәм көркемлик дәрежесиниң

жоқарылығы менен, терең халықлығы менен, халық арасына күтә кең тарқалыўы менен өзгешеленип турады. Соның ушын да ″Алпамыс″ - қарақалпақ халқының ең сүйикли дәстанларының бири.

″Қырық қыз″ дәстаны

Дәстан ҳаққында қысқаша мағлыўматлар. ″Қырық қыз″ дәстаны қарақалпақ халқы аўызеки поэтикалық дөретиўшилигиниң әжайып шығармасы. Дәстан қарақалпақ жазыўшылары А.Бегимов, Ш.Хожаниязов ҳәм С.Мәўленовлар тәрепинен 1939-жылы тақлы қарақалпақ жыраўы Қурбанбай Тәжибаевтан (1876-1958) жазып алынған.

Қурбанбай жыраўдың берген мағлыўматы бойынша ″Қырық қыз″ дәстанын дәслепки мәртебе жырлаған XVIII әсирде жасаған қарақалпақ жыраўы ҳәм шайыры Жийен жыраў. Оннан соң дәстанды XIX әсир даўамында Халмурат жыраў, Шаңқай жыраў, Қазақбай жыраў, Жийемурат жыраўлар жырлаған.

Дәстан биринши рет 1949-жылы қарақалпақ тилинде басып шығарылды. Соңынан 1956-жылы қарақалпақ тилинде екинши мәрте басып шығарылды, көлеми 20000 ға шамалас қосық қатарларынан ибарат. Бул шығарма рус тилине аўдарылып бир неше мәртебе басып шығарылды (1949, 1951, 1952, 1956, ...), сондай-ақ ол өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен тиллерине аўдарылды ҳәм басып шығарылды.

Бул мағлыўматлар ″Қырық қыз″ дәстанының қаншелли халықаралық абырайға ийе болғанынан, гуманистлик, демократиялық идеялар менен суўғарылғанынан дәрек береди.

″Қырық қыз″ дәстанының тийкарғы идеясы - туўылған жерди, елди басқыншылардан қорғаў, Ўатанның ғәрезсизлиги, ар-намысы ушын гүресиў. Дәстанның барлық сюжетлик қурылысы, персонажлар дүзими, олар арасындағы конфликт, барлық қосымша эпизодлар усы баслы идеяны

ашыўға қаратылған. Дәстан бастан ақырына дейин ўатан сүйиўшилик идеялар менен толы.

Қысқаша сюжети. Ўақыя бурынғы өткен заманда ата журты Түркстанда Саркоп деген қалада болып өтеди. Усы елдиң атақлы адамы Аллаяр байдың жигерсиз алты улы ҳәм баласынлы, сулыў, ақыллы Гүлайым атлы қызы болады. Он төрт жасқа келгенде оған жаўшылар көбейеди, ҳәттеки Аллаярдың қой шопаны келбети келиспеген Журын тазға дейин сырттан бир пай ашық болады. Бирақ Гүлайым жаўшыларды қайтарып жибереди. Ол қасына қырық қарыўлы қыз алып, Мийўалы деген жерден қорған салдырып, қолларына қурал алып әскерий өнер үйрене баслайды.

Гүлайымның жоқлығында қалмақтың ханы Суртайша Саркопты шаўып, адамларын бенде етип айдап кетеди. Гүлайым қырық жаўынгер қызы менен Суртайшаның изинен қуўады. Дәрбент таўда дәслепки мәрте қалмақ әскерлери менен саўаш болады. Душпан жеңилип өз қаласына барып тығылады.

Саўатан соң дем алып атырған Гүлайымға Хорезм елиниң батыры Арыслан дусласады. Оның елин қызыл баслар елиниң патшасы Нәдирша шаўып кеткен еди. Арыслан Гүлайым менен бирге Суртайшаға атланады. Гүлайым Суртайша менен жекпе-жек айқасқа шығып, оны жеңеди, залымның геллесин қылышы менен қағып таслайды. Арыслан қалмақтың дәўдей батыры Қарқашқты, Гүлайымның батыр қызларының бири Сәрбиназ қалмақ батыры Қунқарды жекпе-жек айқаста өлтиреди. Олар бирликте қалмақтың қаласы бузып, саркоплы бенделерди Суртайшаның қуллығынан азат етеди. Түркстанға қайтып ели-халқының ырзашылығы менен Арыслан менен Гүлайым қосылып, неке тойын береди. Соңынан Арыслан, Гүлайым, Сәрбиназ және атланып Хорезм халқын Нәдиршаның қуллығынан азат етеди. Нәдирша өзине ҳаяллыққа қайыл болмағаны ушын Алтынайды азаплап Қорықлы деген көлде мал соңына салып қойған еди.

Батырлар Алтынайды да күңликтен қутқарып, аман-есен елге қосады. Түркстан ҳәм Хорезм еллери азат болып, елде тынышлық орнайды, халқы абадан турмыс кешире баслайды.

Гүлайым образы. Гүлайым - өз елиниң азатлығы, ғәрезсизлиги ушын басын гүреске тиккен пидайы, батыр қыз. Басқа қаҳарманлық дәстанларда ҳаял-қызлар батырдың жолдасы, ақылгөйи болып сүўретленсе, ″Қырық қыз″да ҳаял-қызлар батырлық ислерди тиккелей өзлери атқарады. Гүлайым тек ғана ат шаўып, қылыш сермеген көзсиз батыр емес, ал жыраўдың сүўретлегениндей ″турқы сом алтыннан соққандай″, ″айсыз түнде далаға шықса, қараңғы үйге ҳасыл гәўҳар қойғандай″, елдиң тили-көзине түскен сулыў, ақыллы қыз. Ол елим деп жасайды, халқым деп күйеди. Гүлайым алты ағасының жигерсиз, болымсыз екенин, ел-халыққа пана бола алмайтуғынын аңлап, оны орынлаў ушын қырық батыр қызы менен әскерий өнер үйренеди. Соның менен бирге батырлардың сәрдары болып жетиседи. Душпан менен саўашларда үлкен батырлық ҳәм әскербасылық уқып көрсетеди.

Улыўма алғанда Гүлайым образы батырлар образлары ишинде өзиниң оригиналлығы, терең халықлық, азатлық идеялар сиңдирилгенлиги менен ажыралып турады.

Басқа да унамлы образлар. Дәстанда батыр Гүлайымның әтирапына жәмленген унамлы қаҳарманлар бар. **Сәрбиназ -** батыр қызлардың бири, Гүлайымның ақылгөйи, жақын сырласы ҳәм жаўынгер жолдасы. Ол қырық қызды әтирапына үйирип, олардың тилеклерин Гүлайымға жеткерип отырады. Сәрбиназ батырлықты Гүлайым менен тең турып бәржай етеди.

Арыслан - Хорезм елин душпанлардан бирликте азат етеди. Арыслан ҳәм Гүлайымның жақынласыўына, бирлесиўине олардың ислери ҳәм мақсетлериниң ортақлығы, тәғдирлериниң уқсаслығы себеп болады.

Дәстанда Гүлайым ҳәм Арыслан образлары Түркстан ҳәм Хорезм халықларының өз ара жақынлығы, дослығы сәўлеленеди.

Отбасқан - ел деп еңиреген ерлердиң бири, Түркстанның батыры. Саркоп ушын жан-тәни менен урысады, бирақ жаўдың күши басым болып қолға түседи. Ол бенделик күнлери түскинликке берилмейди, азатлыққа шығыў үмити менен жасайды. Гүлайымның қырық қызы келгенде ол қайтадан ғайратланып қалмақ пенен урысқа шығады, халқының азатлығы ушын душпан қолынан қаза табады.

Дәстанда унамсыз образлардың басында С**уртайша хан** турады. Ол тыныш елди шабатуғын басқыншы, сурбет, тили де, өзи де зәҳәр жаўыз адам. Оның мақсети-басқыншылық жол менен мал-дүнья арттырыў, өз салтанатын көтериў. Дәстанда Суртайша образы төмендегише бериледи:

Саркоптағы халықтың,
Еркеклерин қул етип,
Ҳаялларын тул етип,
Нәрсе қоймай қолында,
Тартып алды малларын,
Жай қалдырмай өртеди.

Бул қатарлар мийримсиз басқыншының келбетин анық көрсетеди. Бирақ әдил ис жеңип, Суртайшаның пайманасы толады, Гүлайымның қолынан әдил жаза-әжел табады. **Нәдирша образы** да өзиниң жасалыўы бойынша Суртайша образына жақын. Ол тыныш Хорезм елин шуўлатқан басқыншы, мийримсиз патша. Бирақ Нәдирша Гүлайым ҳәм Арыслан баслаған әдил күшлерге шыдам бере алмай жер менен жексен болып қыйратылады, Хорезм ели азатлық алады.

Дәстанда **Әшир, Аманқул, Саеке** қақайлар Гүлайымнан тәмедар болып, өз-ара сырттан таласып жүреди. Гүлайымның қолына сораўға жүрексинип барған Саекениң иси келиспей, таяқ жеп, атына терис минип, масқара болып қайтады. Олар абырайсыз ҳәм бийдәўлет адамлар,

сонлықтан олар итибарлы жигит есабына илинбей, елге пайдасы жоқ гезенделер қатарында жүреди.

Журын таз - Аллаяр байдың шопаны, кеўли таза емес. Өзиниң шамасына қарамай Гүлайымға ашық болады, қалай болмасын Аллаяр байға күйеў болып, ақ отаўда отырып мийнетсиз, бийғам турмыс кеширгиси келеди. Дәстанда оның ис-ҳәрекети сатиралық усылда мысқыллап сүўретленеди: ″Қойларын ертеден қораға қамап, Шапанының жыртығын Тебени менен жамап, Ақ таяғын ат қылып, Малақайын қус қылып, Тазы қылып көпегин, Шыдап бундай татаўға, Аяқлары жарылып, Түнде түскен қыраўға, Күйип жанған Журын таз, Жетип келди ҳаўлығып, Гүлайым жатқан отаўға″. Журын таз ҳийлекерлик пенен Гүлайымның атасы Аллаяр байды руўхий қорқытып, қызын оған бериўге көндиреди. Журынның ″табысын″ қызғанған Саеке қақай тойда оны пышақлап өлтиреди. Усылайынша ҳарам нийетли Журын таздың ҳийлекерлик жолы иске аспай өмири ада болады. Ултанның өлими-жаманлықтың жазаланыўына исенген халықтың әрманы.

Дәстанның көркемлилиги. Сюжетиниң композициясы (қурылысы) басқа дәстанларға қарағанда бираз қурамалы. Онда параллел раўажланатуғын сюжетлер ҳәм қаҳарманлар образлары бар. Мәселен, Гүлайым ўақыясы менен Арыслан ўақыясы қатар раўажланады. Гүлайымның журты Саркопты қалмақлар шапса, Хорезмди қызылбаслар шабады. Суртайша ҳәм Нәдирша образларында да уқсаслықлар бар. Дәстанда ҳәр бир персонаждың атқаратуғын көркемлик хызмети бар. Дәстан бастан аяғына қосық түринде дөретилген. Қосық қатарлары 7-8, 10-11 буўынлы болып келеди. Қосықлары шубыртпа қатарлардан, сондай-ақ төрт қатардан ибарат бәнтлерден турады. Уйқаслары халыққосығына сай, жақсы ысылған, уйқастың сеслик нызамларына бағындырылған.

Дәстанда көркемлеў қураллары өнимли қолланылған. Онда метафораларды, эпитетлерди, теңеўлерди, гиперболаларды, литоталарды,

нақыл-мақалларды, ушырма сөзлерди, ҳәр қыйлы көркем сөз дизбеклерин жийи-жийи ушыратыўға болады. Олар тилдиң образлылығын күшейтип, образдың көркемлик дәрежесин арттырып турады.

Жуўмақлап айтқанда ″Қырық қыз″ қарақалпақ халқының дәстаншылық өнерин көклерге көтеретуғын оригинал шығарма.

Лиро-эпикалық дәстанлар

Қарақалпақ халық дөретиўшилигинде батырлықты жырлайтуғын эпикалық дәстанлар менен бирге көп ғана лиро-эпикалық жанрдағы дәстанлар да бар. Оларда қаҳарманлық дәстанлардағыдай батырлық ислер, гүрес тутыў, саўаш көринислери сүўретленбейди, ал бир бирин ессиз сүйген жаслардың шийеленискен тәғдирлери айралық азаплары, сағыныш сезимлери бериледи. Соның ушын бундай дәстанларды қарақалпақ фольклорында **ашықлық дәстанлары** деп жүритеди, ал халықаралық әдебий терминологияда **романикалық поэмалар** деп атайды. Олардың сюжетлери шийеленискен, қыйырман-шыйырман эпикалық ўақыяларға толы болып келеди. Соның менен бирге ашықлық дәстанларда сүйискен жаслардың жүрек сезимлери, айралық, сағыныш зардабынан пайда болған руўхий ҳалатлар, кеўил дәртлери терең лиризм менен бериледи. Демек, ашықлық дәстанларда ўақыялар эпикалық жол менен баянланады ҳәм қаҳарманлардың жүрек сезимлери, руўхий ҳалатлары терең лиризм менен бериледи екен. Усы белгилерине қарай әдебияттаныў ҳәм фольклор илиминде ашықлық (романикалық) дәстанларды **лиро-эпикалық дәстанлар** ямаса **лиро-эпикалық поэмалар** деп атайды. Ашықлық дәстанларды бақсылар атқаратуғын болған ямаса жеңил намаларға салып қыссаханлар оқыйтуғын болған. Оларды XIX әсирде жасаған қарақалпақ бақсылары Ақымбет бақсы менен Муўса бақсыдан баслап XX әсирде жасаған Қаражан бақсы Қабулов, Жапақ бақсы Шамуратов, Ещан бақсы Қосполатов, Әмет бақсы Тарийховлар халық арасында өмир бойы айтқан.

Қарақалпақ халқы арасында кең тарқалған ашықлық дәстанларынан ″Ғәрип ашық″, ″Саятхан-Ҳамра″, ″Ашық Нәжеп″ти атап өтиўге болады.

″Ғәрип ашық″ дәстаны

″Ғәрип ашық″ - қарақалпақ халқының сүйип тыңлайтуғын дәстаны болған. Қарақалпақ бақсыларының нама билиў дәрежеси, ашықлық дәстанларын атқарыў шеберлиги усы ″Ғәрип-ашық″ дәстаны менен өлшенген. Шынында да ″Ғәрип-ашық″ дәстаны өзиниң идеялық мазмуны, сюжетлик ҳәм композициялық писиклиги, көркемлик дәрежеси, қосықларының лирикалық тереңлиги ҳәм нәзиклиги бойынша әдеўир өзгешеленип турады. Дәстанның ишиндеги лирикалық қосықлардың халық кеўлине жаққаны соншелли, олардың көпшилиги дәстаннан ажыралып, өз алдына халық қосықларына айналып кеткен. Мысалы, ″Бес жылды болды айра түстим ярымнан″, ″Дәртиңнен″, ″Ярдың гүли келди, өзи келмеди″, ″Келер саллана, саллана″, ″Ғәрибим″, ″Сәнемжан″, ″Нигарым″, ″Сен яр кеткели″ ҳ.т.б. қосықлар ашықтың жүрек сезимлерин, кеўил дәртлерин береди. Олар ҳәзир де дәстаннан бөлек халық қосықлары ретинде халық намаларына салып тойларда, зыяпатларда, театр сахнасында атқарыла береди.

″Ғәрип-ашық″ дәстаны жазыўшы Х.Тәжимуратов тәрепинен баспаға таярланып, 1960-жылы қарақалпақ тилинде биринши мәртебе басып шығарылды. Соңынан 1985-жылы ″Қарақалпақ фольклоры″ көп томлығының қатарында қайта басылды.

″Ғәрип-ашық″ дәстанының тарқалыў географиясы күтә көп еллерди, халықларды өз ишине қамтыйды. Дәстан бир қатар илимпазлардың изертлеўине қарағанда XVI әсирде жазба түрде дөреген, соңынан халық арасына аўызша тарқалыў барысында жәмәәтлик дөретиўшиликтиң шығармасына айналып кеткен. Дәстан Киши Азия түрклери арасында

ямаса Ирандағы Табриз әтирапында дәслепки мәрте пайда болған, кейнинен басқа халықларға тарқалған деп шамаланады. Бул дәстан Кавказ халықлары болған азербайжанларда, грузинлерде, арменлерде, кабардинлерде, Иран азербайжанларында, Болгария түрклерин Орта Азия халықлары түркменлерде, өзбеклерде, қарақалпақларда кең тарқалған, олардың ҳәр бириниң миллий дәстаны болып кеткен. Фольклоршы алымлар Қ.Айымбетов, Қ.Мақсетовлардың шамалаўы бойынша ″Ғәрип-ашық″ дәстанын қарақалпақлар қоңсылас түркменлерден ҳәм Хорезм өзбеклеринен XVIII әсирден баслап өзлестирген, XIX әсирдеги қарақалпақ шайырларының, қыссаханларының, бақсыларының қайта ислеўи, атқарыўы нәтийжесинде қарақалпақ халқының миллий дәстанына айналған.

″Ғәрип-ашық″ дәстанының бслы идеясы - инсанға тән ҳасыл сезимлердиң бири болған муҳаббатты улығлаў, муҳаббатқа садықлықты, ярға опадарлықты, таңлаў еркинлигин жырлаў. Дәстан орта әсирлик раўажланған феодализм дәўиринде қала турмысы шараятында пайда болған. Бундай шараятларда инсанның жеке өзлигин аңлаў ҳәрекети, жеке тәғдирге қызығыўшылығы артады. Бул жағдай қаҳарман тәғдирин, образын үлкен тарийхый ўақыялар фонында емес, ал қаҳарманның жеке басынан кеширген қыйырман-шыйырман ўақыялары, шийеленискен тәғдирлери, оның жеке ишки сезимлери арқалы бериўди талап етеди. Ал жеке тәғдирди сүўретлеўде муҳаббат, ашықлық темасын пайдаланыў ең қолайлы усыл. Лиро-эпикалық дәстанларда тийкарынан ашықлық темасының сәўлелениўи, мине, усындай тарийхый-эстетикалық талаплардан келип шыққан.

Егерде қаҳарманның дәстанларда батыр пүтин урыўдың, қәўимниң мәпи, ар-намысы ушын гүресетуғын болса, лиро-эпикалық дәстанларда ашық жеке инсанға тән ҳуқықлар ушын, муҳаббат ҳәм таңлаў еркинлиги ушын гүреседи. Сонлықтан дәстанда шахс ҳуқықлары, оның сүйиў, таңлаў

еркинлиги улығланады, оларға кесент келтиретуғын, оларды басып таслаўға ҳәрекет ететуғын ески феодаллық уғымлар, тәртиплер, дәстүрлер аяўсыз қараланады. Мысалы, дәстанда бир бирин шын сүйген, бир бирине ҳадалдан берилген Ғәрип пенен Шасәнемниң муҳаббаты, олардың кең ҳәм гөззал руўхий дүньясы үлкен поэтикалық күш ҳәм йош пенен жырланады. Ал патша Шааббаз ҳәм оның әтирапындағылар Ғәрип пенен Шасәнемниң сөнбес муҳаббатын тән алғысы келмейди, оны күш пенен таплап таслағысы келеди. Олардың бул ҳәрекети дәстанда унамсыз сүўретленеди.

Дәстанның сюжети. Ўақыялар ерте заманларда Диярбәкир, Әлепшырўан, Бағдад қалаларында болып өтеди. Диярбәкир шәҳәринде Шааббаз деген патша ҳәм Ҳәсен деген ўәзир бир бири менен дос болады, елди бирликте басқарады. Екеўи де бийперзент еди, қуда берип Ҳәсен уллы, Шааббаз қызлы болады. Дослар ақлай қуда болады. ҳәсен ўәзир Алланың аманатын тапсырып, тосыннан қайтыс болады. Балалар өсип, есейген ўақытта Ҳәсенниң ҳаялы Абадан баласы Ғәрипке Шааббаздың қызы Шасәнемди бурынғы келисим бойынша сорап барады. Шааббаз ўәдесинен тайып Абаданды қуўып жибереди. Бирақ Ғәрип пенен Шасәнем мектепте оқып жүрген күнлерден-ақ бирин бири шын жүректен сүйетуғын еди. Ғәрипке кемлик келип узақ бир аўылды бес жыл киси малын бағыўына туўра келеди. Бес жыллық айралық ашықтың жүрек-баўырын езеди, ол өзиниң ҳәм руўхий ҳәм жисманий шеккен азапларын мал соңында қосық етип айтып жүреди.

Бес жылдур сийнемде көпдур әрманым,
Шығар болды тәннен бул шийрин жаным,
Кеше-күндиз пикирим сенсең жананым,
Иләжим жоқ, ярға бара билмедим.

Ғәрип мал бағыўды қойып, қалай болмасын Сәнемди бир көриўди, оның менен дийдарласыўды өзине мақсет етип қояды. Диярбәкирге келип өзин қул базарға салады. Шасәнем оны қул сыпатында сатып алып

жасырын бирге болады. Бул жағдай билинип, Ғәрипке қәўип туўғанлықтан, ол сарайдан қашып узақтағы Әлепшырўан қаласына кетеди. Буның арасында Ғәрип пенен Шасәнемниң басынан түрли драматикалық ўақыялар кешеди. Шаабаз қызы Шасәнемди оның тилегине, Еркине қарамай бир елдиң патшасы Шаўалетке (китабый тилде Шах Валид) некелеп бермекши болады. Ғәрипти шын жүрегинен сүйетуғын Шасәнем күтә қыйын жағдайда қалады. Орта әсирлик феодаллық жәмийеттиң тәртиплери бойынша ул-қызды үй қылыў мәселеси олардың еркинен тысқары тек атасы ғана шешетуғын еди. Усы тәртипке муўапық атасының шешимине қарсы келе алмаған Шасәнем ҳийлекерлик жол таңлайды. Ол Шаўалет мени алатуғын болса, жети ай даўамында той берсин, деп шәрт қояды. Шаўалет қайыл болады. Шасәнем Әлепшырўанда жүрген Ғәрипке өз жағдайларын дослары Гүлнәҳәл (Ақша апа) ҳәм Әзберхожа арқалы хабарлайды. Ғәрип Диярбәкирге қарай пайыў-пияда жолға шығады. Оны пирлер қоллап ҳап заметте Диярбәкир елине жеткерип таслайды. Ғәрип өзин билдирмей мүсәпир сүўретине кирип, Шаўалеттиң гүмбирлеген тойына келеди. Сәнем отырған бәлент көшкиниң астына келип ашықлық қосықларын кәмине келтирип айтады. Сәнемниң садықлығын сынап көриў ушын ″Ханзаданы хан алса, Мурат деген сол болар″// ″Шахны таслап мениңдейин бийшараны нетерсең″ деп түйреме қосық айтады. Сәнем Ғәрипти танып, оған жуўап қосық айтады:

Есит Ғәрип, арзы билән зарымды,
Сениң келгениңди билә билмедим.
Тарк әйледим намыс билән арымды,
Сениң келгениңди билә билмедим.
Той соңынан келип, көшким астына,
Дөҳмет әйлеп таслар Ғәрип үстине,
Көшки үстинде тақат қыла билмедим.

Усы қосықтан соң Ғәрип пенен Шасәнем дәсме-дәс айтысады. Ахырында Сәнем бәлент көшкиден Ғәрипке өзин таслайды. Сүйген ярым жерге қулап жазым болады, деп Жаны қалмаған Ғәрип ″Өзиң болғыл пәрмана, аман жеткер ярымды″ деп қудаға жалбарады. Оның тилеги қабыл болып, пирлер қоллап Сәнем көшкиден пәл-пәллеп келип Ғәриптиң қушағына қонады. Булардың шын ашықлар екенлигине қайыл қалған халық, ашықларға жүрим тилейди. Сәнем менен Ғәриптиң бир бирине садықлығына ҳайран қалған шаўалет жомартлық етип Сәнемнен кешеди ҳәм уллы патшалық тойды Ғәрип пенен Шасәнемгиң тойы деп дағазалайды. Шаўалеттиң мәртлигине разы болған Ғәрип қарындасы Гүлжамалды Шаўалетке некелеп береди. Ашықлар мақсет-мурадына жетеди.

Ғәрип ҳәм Шасәнем образлары. Дәстанның сюжети усы еки бас қаҳарманның басларынан кеширген қыйырман-шыйырман ўақыялар негизинде раўажланады. Усы еки образ тийкарында дәстанның баслы идеясы бериледи, яғный адамзатқа тән болған ҳасыл қәсийетлердиң бири болған муҳаббат улығланады. Ғәрип пенен Шасәнемниң барлық күш ғайраты, сана-сезими, ақыл-ойы ҳадал муҳаббатқа бағышланған.

Ғәрип өз атасы Ҳәсен ўәзир өлген соң социаллық жағдайы төменлеп, жоқшылық, кәмбағаллық басына түседи, киси малын бағып күнелтеди. Бирақ Ғәрип қанша қыйыншылықларды, азап-ахырет, жоқшылық, айралық, жат журтларда сергизданлықты басынан кеширседе өз муҳаббатынан безип кетпейди, Сәнем деп жасайды, Сәнем ушын шийрин жанынан кешиўге де таяр турады. Себеби, ол өз өмириниң мазмунын Сәнемге қосылыўда деп биледи. Ғәрип-өз муҳаббаты ушын, ар-намысы ушын қара күшлерден қорықпай гүресетуғын дәў жүрек жигит. Бирақ ол қаҳарманлық дәстанлардағы батырлардай астына ат минип, үстине саўыт кийип, кейнине оқ жай асып, қолына қылыш, найза алып саўаш майданында гүреспейди. Ғәрип-жүрегин ашықлық аты шалған,

дуўтарынан намасы төгидген, тилинен әжайып қосығы төгилген хош ҳаўаз, сазенде, өнерпаз жигит. Ол ашығы Сәнемди дүньядағы ҳәмме нәрседенде жоқары қояды. Ҳәр кимниң өз сүйген яры болса, соны ең жетискенлик деп биледи.

Бәршениң мурадын бир алла берсин,
Ҳәр ким яры менен ойнасын күлсин,
Ҳәр ким мүтәж болса, алсын, бай болсын,
Маған зар керекмес, дийдар керекдур.

Ғәрип көп ғана қыйыншылық жағдайларды өзиниң сазенделик, гойенделик (қосық айтыў) өнери менен жеңип шығады. Ғәрип батырлық дәстанлардағы Алпамыс, Қоблан сыяқлы урыўдың, қәўимниң ямаса пүтин бир халықтың ары, мәпи ушын гүреспейди, ал өзиниң ҳадал муҳаббаты ушын, сол муҳаббатқа, яғный сүйиўге, сүйгилигин таңлаўға болған инсаныйлық ҳуқықы ушын жан-тәни менен гүреседи. Сонлықтан да Ғәриптиң қайсы урыўдан, ҳәттеки қайсы халықтан екени туўралы айтылмайды, оған улыўма әҳмийет берилмейди. Ғәрипке жол бермейтуғын күшлер баршылық еди. Бирақ Ғәрип барлық қыйыншылықларға, азапларға төзим береди, муҳаббатқа гүлли өмирин бағышлайды ҳәм жеңиске ериседи.

Ғәриптиң шын муҳаббатына Шасәнем ылайықлы қыз. Ол Ғәрипти барлық жан-тәни менен сүйеди. Сағыныш, айралық отына мәртлик пенен шыдам береди. Ғыйбаткешлерге, шуғылларға ақыл-парасат пенен төтепки береди. Шасәнем ушын ең жоқары мақсет-Ғәрипке қосылыў, муҳаббатың үстинлигине ерисиў. Шын муҳаббат социаллық теңсизликти, рассалық ямаса миллий айырмашылықты мойынламайды. Оның мойынлайтуғыны ҳақыйқый жүрек сезимлери, сол сезимлерге садықлық, опадарлық ғана, басқа мәселелер сүйискенлер ушын екинши дәрежели болып табылады. Сәнемде усы қәсийетлердиң бәри бар. Оны байлық, мәртебе қызықтырмайды. Сонлықтан да ол социаллық жақтан өзинен әлле қайда

төмен, кәмбағал Ғәрипти шын кеўлинен сүйеди, оған садық болады. Ол көп жерлерде Ғәрип ушын, яғный өз муҳаббаты ушын жеке басын қәўип-қәтерлерге тигеди, айралық азапларына шыдам береди, үмит ойын сөндирмей сүйген ярын узақ жыллар күтеди.

Ҳәр бир өткен күним бир жылдай кешти,
Күннен күнге ҳалым жаманға түсти,
Мудам матам менен күнлерим кешти,
Бир күн шад болмадым сен яр кеткели.

Бул қатарларда ярынан айра түсип, сағыныш қурсаўында қысылған Сәнемниң жүрек дәртлери бериледи.

Ғәрип ҳәм Шасәнем образының гөззаллығы соннан ибарат, олардың ишки дүньясы гөззаллыққа, жүреклери сан муҳаббаттың мөлдир сезимлерине толы. Олардың муҳаббат жолындағы көрген көримлери, ис-ҳәрекетлери адам ҳуқықын аяқ асты ететуғын, ширип кеткен орта әсирлик феодаллық тәртиплерге, дәстүрлерге қарсы гүрестиң сәўлелениўи болып табылады. Муҳаббат-бул жоқарыда айтылғанындай социаллық теңсизликти, миллий айырмашылықты, мәмлекетлик шегараларды мойынламайтуғын улыўма инсаныйлық пазыйлетлердиң бири. ″Ғәрип-ашық″ дәстанындағы гуманистлик идеяларға толы деп айтыўымыздың мәниси де усында.

Дәстанда Ғәрип ҳәм Шасәнем образларын толықтырыўға жәрдем беретуғын образлар бар. Олардан **Ақша (Гүлнәҳәл)** Шасәнемниң сырласы, қысылғанда кеңес беретуғын ақылгөйи. Ол еки ашықтың табысыўын, тәғдирлерин бир бирине қысыўына көп жәрдем береди, оларға тилеклес болады.

Ғәриптиң **анасы Абадан, қарындасы Гүлжамал** образлары да дәстанда белгили орын ийелейди, сюжеттиң раўажланыўы басқышларында қатнасып барады.

Дәстанда сүйискенлерге қарсы феодаллық қара күшлердиң символы **Шааббаз патша** турады. Ол социаллық жағдайы төмен, өзиниң теңи емес Ғәрипке Шасәнемди бериўге намысланып, Ғәрипти үзиликсиз қуўдалайды. Шааббаз-ески феодаллық тәртиплердиң, гөнерген дәстүрлердиң қорғаўшысы. Оның ушын муҳаббат сезимлери жалған, түсиниксиз нәрселер. Оның түсинигинде жасларды некелеў материаллық, экономикалық жақтан пайдалы болыўы керек. Шааббаз жеке басының ғамын ойлап, тажы-тақтын беккемлеў ушын қызы Шасәнемди оның ықтыярына қарамай патша Шаўалетке бермекши болады. Бирақ оның бул нийети иске аспайды, сүйискен Ғәрип ҳәм Шасәнем өзлериниң муҳаббатына садықлығы, дәў жүреклилиги менен жеңип шығады.

Патша Шаўалет образының ҳәм унамсыз ҳәм унамлы тәреплери бар. Унамсыз тәреплери соннан ибарат, ол дәслеп Ғәрип пенен шасәнемниң муҳаббатын мойынламайды, Ғәрипти ел гезип жүрген саяқ, дийўана деп қабыллайды. Шасәнемниң гезенде Ғәрипти сүйетуғынына исенбейди. Ол Ғәрипти мысқыллап: ″Көшкиниң астына барып, бир-еки аўыз сөз айт. Егер Шасәнем қәлесе, мен саған берип жақсылық етемен,- деди. Шаўалеттиң кеўлинде: ″Мениңдей патшазада оны алмақшы болғанда, бундай бир кәмбағалды не қылсын″ деген ой болады. Ғәрип бир неше қосықлар айтады. Шасәнем Ғәриптиң үстине бәлент көшкиден таслайды. Пирлердиң қоллаўы менен еки ашық аман-есен қаўышады. Буны көрген Шаўалет кеўлиндеги менменлик пикирден қайтып, еки ашықтың муҳаббатына тән береди. Муҳаббат дегенниң уллылығын, оның ҳәр қандай қара күшлер жеңе алмайтуғынын түсинип жетеди. Ол мәртлик етип өзиниң шаў-шуўлы тойын Ғәрип пенен Шасәнемниң тойы деп дағазалайды. Бул эпизодлар оның образының унамлы тәреплерин көрсетип турады.

Дәстандағы екинши дәрежели персонажлар Әзберхожа, Бабахан шайыр, Хожа бағман, Ясмық мама, Айсәнем бир қанша эпизодларда көринеди ҳәм Ғәрип пенен Шасәнемниң образларын ҳәр тәреплеме

толықтырыўға, сюжетти қызықлы етиўге көмегин тийгизеди, олардың ҳәр бириниң өзине тийисли көркемлик жүги бар.

″Ғәрип ашық″ дәстанының көркемлиги. Дәстанның дыққатты тартарлық, көзге түсерлик биринши өзгешелиги-бул сюжеттиң драматизмге толы, шийеленискен қызық ўақыяларға қурылыўы. Ашықлар кескинлескен ўақыялардың, шараятлардың ийримине тез-тезден түсип турады. Оқыўшы ямаса тыңлаўшы дәстанның бастан аяғына дейин ашықлық саўдасы басына түскен Ғәрип пенен Шасәнемниң тәғдиринен қәўипленип, оларға тилеклес болып отырады.

Дәстанның және бир көркемлик өзгешелиги сонда, оның дәслепки шийрақ китабый тили ″жумсарып″, шын халықлық поэтикалық тилге жақынласады. ″Ғәрип ашық″ дәстаны өзиниң шығысы бойынша китабый (жазба) шығарма болғанлықтан онда лириканың мураббә, мухаммес (беслик) усаған китабый жанрлары пайдаланылған, бирақ олардың композициялық қурылысы, лексикалық қурамы жайдары халық поэзиясына жақынластырылған.

- Сөйле мениң баўырымда кәбап етпе, нигарым,
Кеўлим ғамлы, жүзимди қара етпе, нигарым,
Салып турман сизди дәртке, бийтап етпе нигарым,
Рәҳим әйлегил ҳалыма, қарап етпе, нигарым.

Бул мухаммес (халық тилинде ″мухаллес″) қосығында усы жанрдың тийкарғы сыртқы формалық белгилери сақланған: бәнтлер бес қатардан қуралған, қатарлары 14 буўыннан ибарат, уйқаслары а-а-а-а-а; а-а-а-а-б; а-а-а-а-в болып келеди. Басқа қосықлардың бәнтлери төрт қатардан ибарат болып, а-а-а-б, а-а-а-в тәризинде уйқасады.

″Ғәрип ашық″ дәстанының ең күшли тәрепи терең лиризмге ийе болыўында. Шығарманың лирикалық шегинислерине қаҳарманлардың нәзик жүрек сезимлери, руўхий толғаныслары, кеширмелери бериледи. Булар бас қаҳарманлардың руўхий дүньясын, сезимлер сарайын, өмир

идеалларын ашып бериўде үлкен хызмет етеди, олардың образларын көркемлик жақтан түрлендирип, идеялық жақтан тереңлетеди, халықшыллық дәрежесин күшейтип жибереди. Усындай жоқары идеялық, көркемлик қәсийетлерге ийе болғанлығы ушын да ″Ғәрип ашық″ дәстаны әсирлер даўамында бақсылар, қыссаханлар тәрепинен сүйип жырланды ҳәм халқымыз тәрепинен сүйип тыңланды. Бул дәстан ҳәзирги заман әўладлары ушын да көркем-эстетикалық ҳәм тәрбиялық әҳмийетке ийе. Оның қосықлары ҳәзирде халық жыйынларында, театр сахналарында сүйиўшилик пенен атқарылып, халқымызға заўықлы сезимлер бағышлайды.

Қарақалпақ жазба әдебияты ҳаққында

Алдыңғы сабақларда қарақалпақ аўызеки дөретиўшилиги (фольклоры) ҳаққында мағлыўматлар ҳәм түсиниклер берилген еди. Енди бул бөлимде қарақалпақ жазба әдебияты ҳаққында мағлыўматлар бериледи ҳәм көркем шығармаларға таллаўлар жүргизиледи.

Фольклор күтә ерте дәўирлерден, яғный адамлар сана-сезимге ийе болып, тил байлығына жетискен дәўирлерден басланады. Анығырақ айтсақ фольклор адамзат тарийхының **соңғы полеолит** дәўиринен баслап (буннан 40 мың-12 мың жыллар аралығында) пайда болған. Бирақ фольклор шығармалары дәслепки пайда болған түринде сақлана бермейди. Олар ҳәр қыйлы дәўирлердиң тәсирине ушырап ямаса узақ-дәўирлер желисине аяқ қоса алмай умыт болып кетеди, күшли өзгерислерге ушырайды. Сонлықтан да халық дәстанларында, аңызларында, ертеклеринде ҳәр қыйлы тарийхый дәўирлердиң жаңғырықларын абайлаўға болады. Ал жазба әдебияттың дөреў нызамлылықлары фольклорға қарағанда өзгеше. Оның тийкарғылары алдыңғы бөлимде айтылды. Сонлықтан оларға кеңирек тоқтап өтиўдиң зәрүрлиги жоқ. Жазба әдебияттың ең баслы шәртлери мыналар: көркем шығарма жазба түрде дөреледи, оның белгили

авторы болады, шығармада жәмәәтлик ой-пикирден гөре жеке авторлық көзқараслар, ой-пикирлер, жеке авторлық шеберлик басым болады. Буны әдебияттаныў илиминде бир сөз бенен **жеке авторлық стиль** деп атайды.

Ал қарақалпақ жазба әдебияты қашан пайда болған? Бул сораўға бир аўыз гәп пенен жуўап бериў кемлик етеди. Сонлықтан оған тарийх ҳәм филология илимлериниң жетискенликлерине сүйенип жуўап берген дурыс болады.

Қарақалпақлар түркий халықлардан бөлинип шығып өз алдына халық болып қәлиплескен. Олар VII-XV әсирлер аралығында түркий қәўимлердиң ҳәр қыйлы сиясий бирлеспелеринде, аўқамларында болған. Түрк қағанатлығында (ханлығында), мәлим дәрежеде Огузлар бирлеспесинде, Қыпшақлар бирлеспесинде, Ноғай аўқамында болып, XV-XVI әсирлерден баслап ҳәзирги қарақалпақ атамасы менен өз алдына халық сыпатында тарийх майданында көрине баслаған. Түркий қәўимлер бирликте VII-VIII әсирлерден баслап өз тарийхын, фольклорын, жазба әдебиятын жарата баслаған. Қарақалпақлар да түркий халықлардың бири сыпатында усы ерте дәўирлерде қәлиплескен улыўма түркий мәдениятқа, түркий әдебиятқа ортақ. Бул жағдай XX әсирдиң екинши ярымында алып барылған изертлеўлер нәтийжесинде дәлилленеди. Сонлықтан қарақалпақ жазба әдебиятының арғы сағаларын VII-VIII әсирлерде пайда болған улыўма түркий халықларға ортақ дүньяға белгили ″Орхун-Енисей″ жазба естеликлеринен баслаў дурыс болады. Еский түркий жазба әдебияты көпшилик түркий халықларға түсиникли бир әдебий тилде (ески түркий тилде) жаратылған. Онда түркий халықларға ортақ руўхий дүнья сәўлеленген, түркий халықлардың ортақ мәплери жырланған, түркий қәўимлерди бир ордаға, бир туўдың астына бирлесиўге шақырған. Сонлықтан соңғы дәўирлерде өз алдына туў көтерип, айырым халық болып кеткен өзбеклердиң, қазақлардың, қырғызлардың, түркменлердиң, түриклердиң, ноғайлардың, башқуртлардың, татарлардың, уйғырлардың

миллий әдебиятының сағалары бир жерден басланады, атап айтқанда ″Орхун-Енисей″ жазба естеликлеринен (VII-VIII әә.) басланады.

″Қорқыт ата китабы″ XVIII-XI әсирлерде Сырдәрья бойларын жайлаған түркий қәўимлер огуз-қыпшақлардың турмысын, руўхий дүньясын сәўлелендиреди. Китаптың сюжетлери XVI әсирде хатқа түсирилген ҳәм ″Китабы дедам Қорқуд″ деген атама менен тарқалған. Китап бөлек-бөлек 12 жырдан ибарат. Жырлардың ҳәр бири өз алдына сюжетке ийе. Олардың айырымлары қарақалпақ жыраўлары айтқан дәстанларға усайды. Мысалы, ″Бамса-Бейрек″ сюжети ″Алпамыс″ дәстаны менен үнлеседи. Аңыз гәплерге қарағанда жыраўлардың түп бабасы (биринши жыраў), дәслепки қобыз әсбабын соққан, Сыр бойында жасаған Қорқыт ата тоқыған ҳәм түркий огуз-қыпшақ қәўимлери арасында жырлаған деп шамаланады.

″Огузнама″ - Огуз батыр яки Огуз хан ҳаққында дәстан. Дәстан әййемги мифлик аңызлары, ертеклик сюжетлер тийкарында қуралған. Соңынан ала олар IX әсирде хатқа түсирилип, жазба нусқа етип қалдырылған. Соның ушын ″Огузнама″ жазба әдебият естеликлеринен болып табылады. Шығармада Огуз батырдың әжайып болып туўылғаны, огуз (түркий) қәўимлериниң ханы болғаны, Орайлық Азия далаларын жайлаған түркий қәўимлерди бирлестиргени әңгиме етиледи.

Юсуп Хас Ҳажибтиң ″Қутадғу билик″ ″Бахытқа баслаўшы билим″) дәстаны. Китап XI әсирде 1069-жылы қосық түринде жазылған. Бул дәўирде Орта Азияны түркий Қараханий патшалары сорайтуғын еди. Қараханий патшалары сорайтуғын еди. Қараханийлер мәмлекетинде илим-билимге күшли дыққат берилген. Сонлықтан түркий тилде китаплар жазылған. Ески түркийде **қут** деген сөз бақыт, дәўлет дегенди аңлатады. Китап дидактикалық (ақыл-нәсият) темасында жазылған. Елди басқарыўда патша қандай жақсы қәсийетлерди басшылыққа алыўы кереклиги

айтылады. Әдалатлық байлық, ақыл, билим, қанаат мәселелери көтериледи.

Патша елди басқарғанда әдилликке, дурыслыққа сүйениўи керек. Әдиллик мәселеси дәстанда патша **Күнтуғмыш** образы арқалы бериледи. Мәмлекет бай болыўы ушын, оның халқы тоқ ҳәм абадан жасаўы ушын мәмлекетти билимли, есап-санаққа дүзиў, ҳадал адамлар басқарыўы тийис. Китапта бундай басқарыўшы ўәзир Айтолды образы арқалы сәўлеленген. Сондай-ақ мәмлекет басқарыў исинде илим-билим менен бирге ақыл-парасат, сабыр-тақат та баслы орында турмағы лазым. Бундай ҳасыл қәсийетлер ўәзирдиң улы Уғдулмыш образында сәўлеленген. Соның менен бирге дәстанда қанаат, инсап мәселеси де көтериледи. Дәстанда бул мәселе қанаат ийеси, инсаплы дәрўиш Одгурмыш образы арқалы шешиледи.

Юсуп Хас Ҳажибтиң пикири бойынша елдиң ийеси үш нәрсеге бекем болыўы тийис: биринши-мәмлекеттте пулдың қәдирсизлениўине (инфляцияға) жол қоймаў, екинши-халыққа зәрүр ҳәм пайдалы, бирақ әдил нызамлар шығарыў, үшинши-жолларды қарақшылардан қорғап, жолаўшылардың, кәрўанлардың қәўипсизлигин тәмийин етиў. Усындай шараятларды елде орнатып болған соң патша өз пуқараларынан төмендеги шәртлерди талап етиўине ҳақылы: биринши-патшаның шығарған пәрманларын, буйрықларын халықтәрепинен орынланыўы, екинши-салықлардың төлениўи ҳәм мәмлекет өз ўақтында тапсырылыўы, үшинши-мәмлекеттиң барлық халқы патша тәрепинде болыўы, патшаның достына дос, душпанына душпан болыўы тийис.

Юсуп Хас Ҳажибтиң ″Қутадғу билик″ шығармасында мәмлекетлик дүзим ҳәм оның басқарылыўы, мәмлекет басшысының ўазыйпалары, мәмлекетлик мәплер менен пуқаралар мәпләриниң сәйкесленiўи сыяқлы әҳмийетли мәселелерди көтереди. Мәмлекетти билимли, ақыл-парасатлы, әдил патша басқарыўы керек, оның әтирапындағы әмелдарлар да усындай қәсийетлерге ийе болыўы лазым. Дәстанда бундай пикирлер, мәселелер

VIII-XI әсирлерде Орта Азияда қәлиплескен раўажланған феодализм дәўирине тән күшли пул-товар қатнасықлары ҳәм қурамаласқан мәмлекетлик дүзим шараятларынан келип шығып айтылады.

″Қутадғу билик″тиң әдиллик, елге хызмет етиў сыяқлы баслы идеялары бизиң заманымызда да өз әҳмийетин жоғалтқан жоқ. Ол улыўма түркий халықлар әдебиятының мақтанышы болып есапланатуғын уллы шығарма.

Ахмед Югнакийдиң ″Ҳибатул ҳақойиқ″ (″Ҳақыйқатлар сыйлығы″) китабы XII әсирге тийисли әдебий естелик. Дәстан дидактикалық ой-пикирлерден турады. Түркий тилде қосық пенен жазылған. Бул шығармада тилге, әсиресе илимге итибар бериў сыяқлы ағартыўшылық идеяларды, бул дүньяның өткинши екенлиги сыяқлы философиялық мәселелер, ийман, инсап, сақыйлық ҳәм бақыллық (сықмарлық), қызғаншақлық, ашкөзлик, менменлик ҳәм кишипейиллик сыяқлы этикалық мәселелер көтериледи. Ахмед Югнакийдиң бул китабы Караханийлер патшалығы дәўиринде пайда болған ҳәм түркий халықлардың руўхий байлығына айналған.

Маҳмуд Қашғарийдиң ″Девону луғатит турк″ (″Түрк тилиниң сөзлиги″) китабы 1074-жылы жазылған. Китап өзиниң жазылыў мақсети ҳәм хызмети бойынша филологиялық изертлеў болып табылады. Бирақ онда түркий халықлардың оғада көп санда қосықлары, аңызлары, нақыл-мақаллары, ушырма сөзлери берилген. Сонлықтан бул китаптың белгили дәрежеде хрестоматиялық хызмети де бар. Усындай қәсийетлерине бола оны көркем әдебият тарийхына да киргизип жүрипти. Китаптағы көп ғана қосықлар ҳәм нақыл-мақаллардың усы заманда айтылып жүрген нақыл-мақаллардан айырмасы жоқ. Бир неше мысал: 1. Жаўды аясаң, жағаңа асылады. 2. Қайғыны ер көтереди, жаўды жер көтереди. 3. Еки айғыр тебиссе, ортасында тай өлер. 4. Қус қанаты менен, ер аты менен (күшли). 5.

Адам аласы ишинде, мал аласы тысында (сыртында). 6. Бес бармақ бирдей емес ҳ.т.б.

Хожа Ахмед Яссаўий ҳикметлери (даналықлары). Яссаўий XII әсирде Түркстан жеринде жасаған суфий шайыр. Ислам дининдеги суфийлик тәлиматтың ири ўәкиллериниң бири. Бул тәлиматтың тәртиби бойынша ҳақыйқат жолына түскен мусылман инсан шариат нызамларын сақлап, өзин-өзи жылаўлап жүриўи керек. Жаманлыққа қарсы гүресип, жақсылық жолынан жүриўи лазым. Нәпси бәлесин дизгинлеп, к54илди қудаға берип, тәни менен жанын (руўхий дүньясын) бир бирине сәйкеслендириў керек. Яссаўий жаманлық, жәмийетлик иллетлер менен гүресиўдиң ең бир жарамлы қуралы шариат тәртиплерине қатаң әмел қылыў деп биледи. Усы түсиниктен келип шығып өз поэзиясын ислам руўхы менен, әсиресе суфийлик тәлимат пенен терең суўғарады. Яссаўий өз заманындағы жәмийетлик иллетлерди: әдилсизликти, залым патша және ҳәкимлерди, парахорлықты, ашкөзликти, байлыққа көзсиз умтылыўшыларды аяўсыз әшкаралайды.

Қазы, имам болғанлар,
Наҳақ даўа қылғанлар,
Ақырзаман болғанда
Жүк астында қаларлар.

Ҳарам тамақ ҳәкимлер,
Жәҳән малын алғанлар,
Өз бармағын тишлабан
Қорқып турып қаларлар.

Яссаўий поэзиясының тили әпиўайы, кең халықтың талғамына шақланған. Сонлықтан Яссаўий ҳикметлери (даналық сөзлери) халық арасына күтә кең тарқалған. Оларда ҳәр қыйлы образлар, метафоралар, эпитетлер, теңеўлер, метонимиялар кең қолланылады. Бул Яссаўий ҳикметлериниң поэтикалық күшин, тәсиршеңлигин жоқары дәрежеге көтереди.

Яссаўий поэзиясының баслы идеялық мотивлери - ҳадаллық, социаллық әдиллик, руўхий байлыққа умтылыў XIX әсир қарақалпақ шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш шығармаларында өз заманының тарийхый-социаллық шараятларына муўапық кең сәўлеленген. Олар Яссаўий тәлиматын терең үйренген, оны жаманлыққа, әдалатсызлыққа қарсы гүрестиң руўхий қуралы деп билген.

Ноғайлы ҳәм Түркстан дәўириндеги қарақалпақ әдебияты (XV-XVIII әсирлер)

Қарақалпақлар XIV-XVI әсирлерде Едил (Волга) ҳәм Жайық (Урал) дәрьялары бойларында жасап, Ноғай аўқамы қурамына киреди. Бул аўқамға ҳәзирги қазақлардың, өзбеклердиң, ноғайлардың, татарлардың, башқуртлардың ата-бабалары кирген. XV-XVI әсирлерде көшпели қазақлар, өзбеклер Ноғай аўқамынан шығып, өз алдына туў көтерип, орда дүзген. Қарақалпақлар да XVI әсирден баслап тарийхқа ҳәзирги атамасы менен көрине баслаған.

XVI әсирдиң ақырында ноғайлылардың сәрдары Ормамбет бийдиң тусында Орайлық Азия далаларынан есап-сансыз көшпели жунғар (қалмақ) басқыншылары Едил-Жайық бойларына желдей есип келип, ноғайлыларды тоз-тоз етип жибереди. Ноғай ордасы биротала қулайды. Қарақалпақ әдебиятында ″Ормамбет бий″ толғаўы усы тарийхый ўақыяның көркем сәўлеси ретинде көринеди. Қарақалпақлар Түркстанға посып Сыр бойын жағалай қонысланады. XVI-XVIII әсирлер қарақалпақлар тарийхының Түркстан дәўири деп аталады. XVIII әсирдиң екинши ярымынан баслап және де жаўгершиликтиң салдарынан қарақалпақлар Сыр бойынан көтерилип, бир бөлеги Ташкент, Ферғана әтирапларына, екинши бөлеги Бухара, Самарқанд дөгерегине, үшинши үлкен бөлеги бурынғы ата мәканы Хорезм ойпатына Әмиўдәрьяның қуяр аяғына, Аралдың түслик жағалаўларына көшип қонысланады. Жийен

жыраўдың ″Посқан ел″ толғаўы қарақалпақлардың усы соңғы посыўының көркем сәўлелениўи болып табылады. XVIII әсирдиң аяқларынан қарақалпақ халқының Хорезм дәўири бсланады.

Ноғай ҳәм Түркстан дәўиринде жоқарыда атап өтилген түркий халықлар бирге жасап, жақын мәдений қатнас қурғанлықтан олардың ортақ болған толғаўлар, термелер, батырлық жырлары (дәстанлар) дөреледи, оларды усы халықларға ортақ жыраўлар атқарады. Демек, бул дәўирдеги сөз өнери естеликлериниң басым көпшилиги қарақалпақ, қазақ, ноғай халықларына ортақ болып есапланады. Соның ушын бул дәўирдеги әдебий мийраслар қарақалпақ әдебиятының сағалары болып та табылады.

Бул дәўирдеги көркем сөз нусқалары аўызеки дөретилген, жазба нусқалар қалмаған. Дөретиўшилер тийкарынан жыраўлар болған. Халық ишинде аты шыққан абырайлы жыраўлар өзлери дөреткен терме, толғаўлар, дәстанларға авторлық ийелик етиўге умтылған, шығармаларын меншиклеп өз атлары менен мийрас етип қалдырған. Олардың дөреткен шығармаларын халық ядында сақлап, бизиң күнлеримизге шекем жеткизген. Бул фольклорлық жәмәәтлик дөретиўшиликтен жеке дөретиўшиликке өтиўдиң дәслепки белгилери еди. Усы белгилерге қарай изертлеўшилер Ноғайлы ҳәм Түркстан дәўиридеги поэзия дөретиўшилерин **жыраў-шайырлар** деп атайды. Солай етип XIV-XVIII әсирлерде жыраў-шайырлар мектеби қәлиплеседи ҳәм раўажланады. Бул мектептиң ири ўәкиллеринен Соппаслы Сыпыра жыраўды (XIV әсир), Асан Қайғы жыраўды (XV әсир), Доспанбет жыраўды (XVIII әсир) атап өтсек болады. Бул жыраў-шайырлардың ҳәр бириниң атына таңылып жүрген термелер, толғаўлар бар. Олар жыраў жасаған заманның тарийхый ўақыяларын, жәмийетлик өзгешеликлерин көркем сәўлелендиреди. Сонлықтан бул жыраў-шайырлардың терме-толғаўлары ҳаққында мағлыўматлар ҳәм таллаўлар берип өткен мақул болады.

Соппаслы Сыпыра жыраў. XIV әсирде жасаған уллы жыраў. Тоқтамыс хан сорамы Алтын ордада, Едигениң сорамы Ноғай ордасында, Әмир Темир сорамы Үргениш әтирапында жырлаған. Қарақалпақ жыраўларының түп бабасы есапланады. Сыпыра жыраўдың атына ″Бабаңман″, ″Мен жыраўман, жыраўман″ толғаўлары, ″Бир дегенде не жаман″ деп басланатуғын терме таңылады. Сондай-ақ қарақалпақлардың сүйикли дәстаны ″Едиге″ни биринши дөреткен ҳәм жырлаған Сыпыра жыраў деген шамалаўлар да бар. Оның өмири ҳәм дөретиўшилиги туўралы тарийхый дәреклер менен тастыйықланған анық мағлыўматлар жоқ. Ол туўралы мағлыўматлар халық аўзынан жазып алынған фольклорлық дәреклер болып табылады.

Сыпыра жыраў ″Бир дегенде не жаман″ термесинде көпти көрген қария тилинен тыңлаўшыларға нәсият айтады. Халықтың этикалық түсиниклеринен келип шығып, жүристурыс, әдеп-икрамлылық қәделери туўралы ой жүритеди, жақсылық ҳәм жаманлық ҳаққында тыңлаўшыларға ой таслайды. ″Бабаңман″ толғаўында Шыңғыс ханнан бериде өткен ири баслы ханларға сыпатлама береди, өзине заманлас ханлардың насазлығын, сораған елине жәбир беретуғын болымсыз сиясатын аяўсыз әшкара етеди.

Қозғалаң салған журтына,
Жесир қатын, жетим ул,
Тыңламай дадын жылатқан,
Шайтан жолдан азғырған,
Ақыбетин сорасаң,
Сизлерди көрген бабаңман.

Асан Қайғы XV әсирде жасаған жыраў-шайыр. Халық тәғдирин уўайымлап, халық мәпи деп күйип-жанғаны ушын халық арасында Асан Қайғы деп аталып кеткен. Төмендеги үзинди буның гүўасы бола алады.

Қуйрығы жоқ, жолы жоқ,
Қулан қәйтип күн көрер?

Аяғы жоқ, қолы жоқ
Жылан қәйтип күн көрер?
Хан менен бийлер қысқанда
Халық қәйтип күн көрер?

Асан Қайғы Едил бойында туўылып, Жәнибек ханның (XV ә.) тусында жасаған ҳәм дөретиўшилик еткен. Оның жырлары ″биймәлел нәсият″ емес, ал анық адресине қаратылған, мазмуны терең, тили өткир болып келеди.

Қымыз ишип қызынып,
Қызараңлап терлейсең.
Өзиңнен басқан хан жоқтай
Елерип неге сөйлейсең.

Халқың қәйтип шыдайды
Жағдайсыз келген бул иске
Орынсыз келген салықтан
Ғәзийнеңди толтырдың
Алтын менен гүмиске.

Бул киши-гирим әмелдарларға емес, ал тиккелей Жәнибек ханның өзине қаратылған сөзлер. Ол заманларда (XIV-XVI әә.) хан ордасында жыраў айттырыў үрдис болған. Көплеген жыраўлар ханды ҳәм оның тутымын көзсиз мақтап ханнан сый-инамлар алып турған. Асан Қайғы да ха зыяпатында талай мәрте жырлаған, аңызларға қарағада ҳәттеки Жәнибек ханның ақылгөйи болған, сарай адамы болған. Бирақ Асан Қайғы сарай мәпи менен халық мәпин шатастырмаған, халық тәрепинде болған, себеби ханның күни халық пенен екенин жақсы түсинген. Жоқарыдағы толғаўда Асан Қайғы қатты қоллығы ҳәм мийримсизлиги менен аты шыққан Жәибек хан алдында тайсалмай сын сөзлер айтады, халыққа жайсыз салық сиясатын әшкаралайды.

Улыўма Асан Қайғы толғаўларында ҳәм термелеринде терең мазмунға ийе халықлық нәсият айтылады, өткир социаллық мәселелер көтериледи.

Доспанбет жыраў (XVI әсир). Бул жыраў Ноғай Ордасының ыдырап, ноғай султанларының ала аўызлығы өз ара жәнжеллери, қыян-

кески урыслары жағдайында жасаған. Сонлықтан оның толғаўларында жаўынгерлик руўхы сезиледи, феодаллық пытыраңқылық, ала аўызлық мәселелери көтериледи. Доспанбеттиң өзи де жаўынгер (батыр) жигит болған, феодаллық урыслардың тиккелей қатнасыўшысы болған. Оның көпшилик толғаўларында феодаллық жәнжеллердиң тоқтап, тыыш күнлердиң орнап, парахат турмысты күсеў мотивлери баслы орында турады.

Айланып аққан Ақ Жайық Ат салмай өтер күн қайда? Есиги бийик боз орда Еңкеймей өтер күн қайда?	Едилдиң бойын ел жайлап, Шалғайына ат байлап, Боз орданың төринде Қыз баланың қолынан Қымыз ишер күн қайда?

Мүйтен жыраў (XVIII әсир). Түркстан дәўириниң жыраў-шайыры. Сығнақ қаласы әтирапында жасаған. Түркстан дәўиринде Сыр бойын жайлаған қарақалпақлар Бухара халығына қараслы болған. Мүйтен жыраў толғаўларында қарақалпақлардың бурынғы мәканы Едил-Жайықты еслеў, Ноғайлы дәўирин күсеў мотивлери жаңлайды. Мысалы, ″Мен Мүйтенмен, Мүйтенмен″ деп басланатуғын толғаўында бул мотивлер анық көринеди:

Едилден жүзип өтемен,
Елиме барып жетемен.
Жайықтан жүзип өтемен,
Жайлаўыма жетемен.

Ер Едиге тусында
Бабам қайсар ер еди.
Нуратдин тусында
Батыр ноғай дер еди.

Мүйтен толғаўларында жыраў-шайырлар дөретиўшилигине тән дидактикалық тема үстин турады, сондай-ақ өткир социаллық, феодаллық ала аўызлық темалары анық көзге тасланады.

Өткиши мынаў дүньяда
Малы көп адам бай болар.
Қарсылық қылған қара халық

Саўаш болса арада
Нешше қатын тул болар.
Ериншек болса улыңыз

Қамшы менен ий болар. Жаў алдында қул болар.

Бул толғаўда үлкен мүлк ийелери менен мүлксизлер арасындағы қарама-қарсылық, феодаллық жәжеллер, урыслар нәтийжесинде халықтың шегетуғын жәбири ашық айтылады ҳәм феодаллық дүзимге тән бундай социаллық ҳәм сиясий жағдайлар өткир сынға алынады.

Жийен жыраў Аманлық улы

(1730-1784)

Жийен жыраўдын өмири ҳәм дөретиўшилиги қарақалпақ халқының XVIII әсирдеги турмысы менен тығыз байланыслы. Сонлыктан Жийен жыраў XVIII әсир қаракалпак халқының турмысы, тарийхый тәғдири туўралы көплеген толгаяларды мийрас етип қалдырған. Булардан "Ылағым", "Бер түйемди", "Хош болың дослар" сыяқлы киши толғаўларында жарлышылық, жетпеслик жағдай, адамларға зорлық, қысым жасаў сыяқлы социаллық теңсизлик, адалатсызлык аўҳаллары ашыктан-ашық әшкараланады. Сондай-ақ "Айырша", "Айтпасам болмас", "Алды-артым бийик жар", "Хан Касында төрелер" киши толғаўларында да заман қысыўметин, халықтын басына түскен аўырманлықты жырлайды. Улыўма Жийен жыраў өз толғаўларында халыктын муң-шерин, аўыр социаллык жағдайын онын жан ашыр бир перзенти ретинде бәлент ҳаўаз бенен жырлайды.

Деген менен оның тийкарғы шығармалары-қ классикалық поэзиясының үлкен ҳам баҳалы естеликлеринен есапланатуғын "Посқан ел" ҳәм "Уллы таў" толғаўлары. Жийен жыраўдың бул шығармаларынын тийкарында тарийхый ўақыялар жатады.

"Посқан ел" толғаўы қарақалпак халқының Түркистаннан Хорезмге көшиў ўақысын саўлелендиреди. XVIII әсирдеги бул қарақалпақ жыры жаўгершилик, бүлгиншилик себепли жүз берген тарийхый жағдайларды эпикалық усыл менен сүўретлейди. Бунда ўақыя ҳәм персонажлар

объектив(сырттан) сүўретленеди. Усы тәреплери менен "Посқан ел" толғаўы XVI әсир қарақалпак әдебиятындағы "Ормамбет бий" толғаўына уқсап кетеди.Тап усындай тарийхый ўақыялар, мысалы XIX әсирдиң орталарында қарақалапқлар тарийхында болып өткен Бозатаў ўақыясы Әжинияздың "Бозатаў" қосығында бериледи. Әжинияздын бул шығармасында қорғаўсыз қалған қарақалпақ аяылларына түркмен баспашыларының шабылыўы, елдин посып бүлгиншиликке ушыраўы лирикалық усын менен берилсе, Жийен жыраў толғаўларында XVIII әсир тарийхый ўақыялары эпикалық усыл менен бериелди. Демек, "Посқан ел" толғаўы қаракалпак сөз өнеринде белгили тарийхый жырлардын бири.

Толғаў деп аталатугын жырлардын гейпаралары әдеўир көлемли болып, кишигирим дәстанларға кейип береди. Мысалы, Жийен жыраўдың "Уллы таў", "Посқан ел" шығармалары толғаў деп аталады. Оларда оз басланыўына, раўажланыўына, жуўмақланыўына ийе эпикалық сюжет бар, сондай-ақ эпикалык персонажлар ҳәрекет етеди. Соның менен бирге бул шығармаларда жыраўдың "мен"и арқалы лирикалық шегинислер де бериледи. Мысалы, "Посқан ел" шығармасындағы бир үзиндиге сер салайық:

Ал жигитлер , мен сорлы,
Посқан елдиң ишинде,
Қобызымды қолға алып,
Қайғылы нама шаламан.
Неге қапа болмайын,
Қобызымды не ушын ,
Қайғылы етип шалмайын,
Мына өлген жас жанлар,
Мына өлген аналар,
Анаў өлген аталар,
Көзлерин ғарғ ашоқыйды,

Таппаған соң паналар.

Бул жыраўдың ишки толғанысларын, кеўил күйин беретуғын лирикалық шегинис. Демек, бундай толғаўларда эпикалық қәсийетлер араласып келеди. Усы себептен болса керек, бир қатар әдебиятшыларымыз (А.Каримов, С.Ахметов, К.Мәмбетов) Жийен жыраўдын "Уллы таў", "Посқан ел" толғаўларын ҳәзирги заман термини менен **поэма** деп атайды ҳәм эпикалық шығарма ретинде таллайды.

Қарақалпақ халқының тарийхындағы күтә аўыр кешкен ўақыялардың бири-олардын Түркистаннан Хорезмге көшиўи болды. Бүлгиншилик үстине "жол азабы гөр азабы" на тең болып халық қатты қыйыншылық көрди. Жийен жыраў посып көшкен халықтың ишинде болып, бүлгиншилик ҳәм жолдың азабын халық пенен бирге басынан кеширген. Шығарманың тийкарғы қаҳарманы-Жийен жыраў өз ўақтынын алдынғы қатардағ ыой-пикирли адамы болғанлықтан, сол дәўирдиң ең әҳмийетли тарийхый ҳәм социаллық мәселелерин жырлаған демократ шайыр. Оның "Посқан ел" толғаўы жаўгершиликтиң салдарынан ата-мәканын таслап көшкен қарақалапқ халқының Түркистаннан Хорезмге көшип келип жайғасыўы менен тамамланады. Шайыр ашшы ҳәм тарийхый ҳә турмыс шынлыгын бурмаламастан, реал сүўретлеп береди. Сонлықтан "Посқан ел" толғаўы XVIII әсир қарақалпақ әдебиятының жарқын естеликлериниң бири болыўы менен қатар қарақалпақ халқы тарийхын толықтыратуғын баҳалы тарийхый дәрек болып табылады. Жийенниң өзи де толғаўдың бир персонажы ретинде сюжеттиң бастан ақырына шекем қатнасып барады. Посыў салдарынан ол көрген аўыр азаплар, гүнасыз өлген жас жанлар, ғарры ата-аналар шайырдың қабырғасын қайыстырып, жүрек-баўырын езип жибереди, қатты қыйналдырады.

Ата журты Түркстан,
Өмирлик жайлаў болмады,
Күни-түни жыйналып,

Он еки айда тапқаны,
Қыс азыққа жетпеди,
Тамтар болды суўлары,
Ексе егин питпеди,
Жаўгершилик көп болды,
Сансыз адам қырылып,
Ғарға жеген өликке,
Жылғ асайлар топ болды,
Бийгүна гелле кесилди,
Ақ денели арыўдың,
Бурымлары есилди,
Сағыйраның қанлары,
Суў орнына төгилди,
Жол жүриўге жарамай,
Жасы қайтқан ғаррылар,
Бүгилген бели аналар,
Жолда қалды көмиўсиз,
Көшкен көшке ере алмай,
Далада қалды көмиўсиз,
Қызыл қумды аса алмай.

Бунда шайыр сол халық басына түскен аўыр күнлерди муңлы-шерли толғаныслар арқалы ашып береди. Бунда жыраў-шайырдын эпикалық таланты менен бирге лиризмди қолланыя шеберлиги де көринеди. "Посқан ел" шығармасының баслы персонажларынан бири- қыз Минайым образы сүўретленеди. Панасыз қалған жас өспирим қыз Минайым посқан елдин көшине гә илесип , гә қалып жәрдемге, қәўендерликке мүтәж болады. Жийен бул жетим қыздын тәғдирине араласып, онын ушын көп азап көреди, аўыр жағдайларға дуўшар болады. Соған қарамастан шайыр қараўсыз жетим қызғ ақолдан келген жәрдемин берип отырады. Жийен

жолда Минайым менен асқар қумларды асып, көшин түсирип отырған бир байдын үстинен шығады. Аш адамлар өзлериниң қыйын аўҳалларын билдирип, байдан нан сораса, ол буларға адамгершилик етип жәрдем бериўдиң орнына аўыр азап береди:

Быды-быдым бет аўзы,
Бир баласы бар екен,
Отыр екен төринде,
Тамақ ишип тамсанып…
Қасымдағы жетимге
Қарады да жутынды,
Маған айтт ыжекирип,
Тойғаннан соң тамаққа,
Қайта-қайта кекирип,
Маған бер мына қызыңды,
Ҳаяллыққа аламан,
Жаман болса негизи,
Қой кейнине саламан.

Солай етип есерсоқ бай баласы жас өспирим қызды тартып алады, оны қорғамақшы болып қарсылық билдирген Жийенди таяклап жығады.

Шығармадағы жетим қыз Минайымның басына түскен аўыр саўда эпизодышайыр сүўретлеген сюжетти, образларды ҳәр тәреплеме ашып береди.

Жийен жыраўдың толғаўлары қарақалпак халқ ыөтмишиниң гүўасы. "Уллы таў" толғаўындаг ытийкарғ ысюжетте ел бийлериниң ала аўызлығы нәтийжесинде халық қорлыклы аўҳалғы түседи, ел бүлинип берекети қашады, бийлердиң бир-биринен өш алыў ушын болған өз ара жәнжеллери тамам болмайды. Елдеги бундай аўыр сиясий ҳәм социаллық жағдайларды Жийен жыраў тыныш турмыс кешириўди қәлейтуғын пухара халықтың тәрепдары болып жырлайды.

Алды-артым бийик жар екен,
ңпейли тар екен,
Байлар менен бийлердиң,
Еткен қысыўметинен,
Жаз күнлерим қар екен.
Нан табалмай адамзат,
Қапылған қара заманда,
Ийттен бетер хор екен.
Теңлик жетпей басына,
Иши дәртке толы екен.
Қайда барсан ашық жоқ,
Қурыўлы турған тор екен.
Жетим-жесир шуўлаган,
Бир тислем нанға зар екен.

"Уллы таў" толғаўы шай ырдың "Посқан ел" толғаўынын идеялық даўамы сыпатында болып, онда ханлардың, бай ҳәм бийлердиң халыққа жасаған қысымы, оны жөнсиз тонаўы, тәбият қыйыншылықлары себепли елдиң бүлинип посқаны тәрипленген. Улыўма алғанда "Уллы таў " шығармасы қарақалпақ халқы тарийхының оғада аўыр күнлериниң гүўасы болып табылады.

Шайырдын "Посқан ел" , "Уллы таў" толғаўлары қларды ата журты Түркстаннан Сырдәрьяның аяғы, Қуўандәрья, Жаңадәрья бойларынан көтерип, бул жерлерден посып Хорезмге, яғный ҳәзирги жасап атырған жерлерине келгеннен кейинги бир әсирлик дәўирдиң көркем сәўлеси болып табылады. Бул шығармаларында ол ҳәр қандай қыйыншылыққа, бүлгиншиликке, посқыншылық, жаўызлық, ҳәм теңсизликке ушыраған елдиң муң-шерин, арзыў-әрманларын ортақласады. Оның барлық шығармаларында патриотлық, гуманистлик идеялар сәўлеленген. Жийен жыраўдың "Посқан ел" ҳәм "Уллы таў" толғаўлары қарақалпақ халқының

тарийхын, тәғдирин, онын өз бетинше халық болып ҳәм басқа халықлар менен тең болып жасаў мәселелерин ортаға таслаўы жағынан да әҳмийетли.

Солай етип XVIII әсирдиң орталары ҳәм екинши ярымында жасаған Жийен жыраўдың дөретиўшилиги XIV әсирден басланатуғын қарақалпақ жыраў-шайырлары болған Соппаслы Сыпыра жыраў, Асан Қайғы жыраў, Доспанбет жыраў, Мүйтен жыраўлардың поэзиясын ҳәм көркемлик жақтан ҳәм тарийхый жақтан жуўмаклайды. Жийен жыраўдың дөретиўшилиги XVIII әсирдиң екинши ярымындағы қарақалпақлардың жәмийетлик турмысын, олардың Сырдәрья бойларынан бурынғы тарийхый Ўатаны Хорезм алапларына көшип қонысланыўы сыяқлы үлкен тарийхый ўақыяны сүўретлейди. Сондай-ақ Жийен жыраў уллы талант ҳәм алдыңғы ой-пикир ийеси болғанлықтан өзинен бурынғы жыраў-шайырлардың поэзиясын ең бәлент шоққыға көтерди, оны жаңа поэтикалық формаларда дөретилген XIX әсир қарақалпақ поэзиясына тарийхый, идеялық, көркемлик жақлардан ушластырды. XIX әсирде жасаған қарақалпақ шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш ҳ.б. XIV-XVIII әсирлердеги жыраў-шайырларға қарағанда басқаша тарийхый ҳәм әдебий шараятларда жасады ҳәм дөретиўшилик етти. Сонлықтан олардың дөретиўшилигин өзлери жасаған дәўирдиң талапларына ылайық өз алдына үйренемиз.

Күнхожа Ибрайым улы

(1799-1880)

Күнхожа Ибрайым улы XIX әсир қарақалпақ поэзиясының көрнекли ўәкили. Халықшыл, реалист шайыр сыпатында да өзине заманлас ҳәм өзинен соңғы халықлық, демократиялық бағдардағы қарақалпақ

шайырлврының устазы сыпатында да оның қарақалпақ әдебияты тарийхындағы хызмети ҳәм тутатуғын орны айрықша. Ол қарақалпақ халқының харезм ойпатына келип, Хийўа ханлығы қоластына қараған жаңа дәўирдеги турмысын, жаңа тарыйхый жағдайларға, жәмийетлик ҳәм сациаллық өзгерислерге байланыслы қарақалпақ халқы санасындағы жетилискен миллий бирликке ҳәм ғәрезсизликке, сиясий сациаллық теңликке умтылыў сезимлерин биринши биринши болып жырлаўшы шайыр болды.

Күнхожа дөретпелериниң тәсиринде қарақалпақ поэзиясының сациаллық ҳәм тарихый мазмуны айрықша өткирлести, оның тутас халыққа тийисли миллий белгиси ҳәм жазба әдебиятлық характери айқын қәлиплести. Сонлықтан да әдебият тарихшылары күнхожаны қарақалпақ жазба әдебиятының тийкарын салыўшысы деп есаплайды.

Күнхожа қарақалпақ халқы тарийхындағы жаңа жәмийетлик қатнаслар шарятында ғана емес, ал халықтың миллий, сациаллық руўхий санасының өсиўи шараятында да жасады. Шайыр жасаған XIX әсирдиң орталары ҳәм екинши ярымында Хийўа ханлығында сиясий ҳәм жәмийетлик турмыс турақлы болмады. Халықтың басым көпшилиги кәмбағал турмыс кеширди. Соның менен бирге ири феадаллар материаллық байлықтың үлкен бөлегин өз қолларында услады (жер, суў, өндирис, қураллары, маллар, жайлаўлар ҳәм.т.б.). Нәтийжеде жәмийетте үлкен сациалық айырмашылықлар, усы тийкарда сациаллық әдилсизлик пайда болып турды. Ири мүлк ийелеринде, әлдарларда байлыққа көзсиз умтылыў, ашкөзлик, сациаллық мәселелерге кеўил бөлмеў жағдайлары мудамы жүз берип турды. Бул жағдайлар туўралы Күнхожаның "Орақшылар", "Шопанлар", "Күн қайда", "Неге керек", " Жетимниң ҳақын жеп қойма", "Ел менен", "Заман" қосықлары анық гуўалық береди. Мысал:

Қарап турсаң бул заманға
сондай жайсыз жыбын жанға,

Жылға, сайлар толды қанға,
Әлеўмет бул қандай жаман?
Малы барға ҳем нәрсе емес,
Оларға малсыз тең емес,
Айтсаң бул ўақ күн емес,
Қара түнек болды заман. (Заман)

Шайыр бул аўыр сациаллық жағдайлрды өз көзи менен көрип өз басынан кеширип, олардан сациаллық, философиялы, этикалық жуўмақлар шығарады. Сациаллық мотивлер оның дидиктикалық қосықларының баслы идеялары болды. Сондай-ақ, Күнхожа "Неге керек" қосығындағы дидактикалық ой-пикирлер, жуўмақлар өзи жасаған заманның сациалық алағатлылығы ишарат екени көринип тур.

Халықтың арын арламаса,
Бары-жоқты барламаса,
Аш ҳәм тоқты қарамаса,
Аўан басшы неге керек?
Халыққа әдил болмаса,
Жылағанды жубатпаса,
Халық татқанды татпаса,
Халық ийеси неге керек?
Еки жақты тең көрмесе,
Туўры әдиллик бермесе,
Халық пенен ойнап-күлмесе,
Кәткудалар неге керек?
(Неге керек)

Қосықта ел ағаларының әдиўли ўазыйпалары анық ҳәм дүрыс белгилеп берилген. Күнхожаның бул нәсиятлары конкрет сациаллық жағдайлардан, турмыслық фактлерден келип шыққаны көринип тур.

Күнхожа поэзиясы қарақалпақ әдебиятындағы демократиялық ағымлардың сағалары сыпатында қараўға болады. Ол-турмыстың нағыз қара қазанында қайнап пискен, өмири халық пенен араласып өткен терең билимли шайыр. Оның қосықларының басым көпшилиги өзи көрген аўыр турмысты, сол дәўирдеги кәсип ийелери ҳәм дийқанлардың қыйын күн көрисин сәўлелендириўге бағышланған. Мысалы:

Ийнинде күнлик шапаны,
Пақалға тырналып саны,
Бәркулла қыйналып Жаны,
Атызда жүр орақшылар.
("Орақшылар")

Ямаса:

Ордық орақ, шаптық отты, қаздық жап,
Тердик масақ, ийнимизгесалдық қап,
Жас өмирлер гүлдей солып болдық сап,
Бул жүристен енди бизге күн қайда?
("Күн қайда")

Шайыр қыйын турмыстан, аўыр мийнеттен, азап шеккен халықтың налыш ямаса наразылық сезимлерин бериў арқалы сол дәўирдеги мийнеткеш халықтың сациаллық жағрайларынреал ашып берди.

Күнхожа реализмниң күши бәринен де бурын XIX әсирдиң қарақалпақ жәмийетиниң белгилеўши сиясий маңызы-сациаллық теңсизликти, сациаллық топарлар арасындағы қарама-қарсылықты ашып бериўде көринеди. Жалланба мийнет адамларының аўыр аўҳалын, ҳуқықсызлық жағдайын, дәрбедарлық өмирин сүўретлеўге шайыр көп дыққат бөлген. XIXәсирдеги халық өмириниң үлкен бир шынлығы болған жалланба мийнет адамларының өмирине айрықша кеўил бөлиўи де Күнхожаның өз заманасының реалист шайыры болғанлығын айқын

дәлиллейди. Мысылы: "Күн қайда?" қосығында күнликшилердиң қуллық мийнетлери:

Орақ орып өмир бойы болдық қул,
Жумыс ислеп ала аламадық қара пул...

Деп сүўретлеп береди. Сациаллық теңсизликтиң, пухара халықтың ҳуқуқсызлық жағдайының сүўретилениўи шайыр қосықларының реалист күшейтип турады. Бул қосықта дийқаншылықта мәўсимли жумысларды ислеў жалланып жүргенадамлардың турмысы барлық характерли белгилери менен көретиледи.

"Шопанлар" деген қосығында шайыр ашық-әптадалықтан бетлеринен қаны қашып, күндиз-тўни тынымсыз қос айдап, асқар қумларды жалаңаяқ аралаған, дүньяның барлық рәҳәтинен бос қалған, елсиз, қутсыз қашқан қула дүзде жүргенликтен тилким-тилким болып, бетлери торланып кеткен, топыраққа былғанып, шаң жутип, ыссы да, суўықта да ай далада төсексиз жатқан, көз жаслары менен Қызылқумды сел еткен топанлар турмысының аянышлы көринисин шеберлик пенен сүўретлейди.

Қайнаған ыссыда қумларды басып,
Алаңлап көзлери, ақылдан сасып,
Қойып жайылғанда арқасын қасып,
Күни ушын жүрген ғәрип шопанлар.
Кийиминиң арасын таяқлар тилген,
Биразының қолы отларға күйген.
Жасы жетпей қыпша бели бүгилген,
Сансыз қой кенинде жүрген шопанлар.

Бул қосықта жәмийеттиң сациаллық жақтан қорғалмаған мийнеткеш қатламының ҳал-жағдайы реалистликлик бояўлар менен көрсетиледи. Күтә

аўыр аўҳалды қой баққан шопанлардың мийнет ҳақысы да кобинесе дурыслап берилмей қалады:

Қайысып баққаны байдың қойлары,
Бир ылаққа қш жыл жүрген шопанлар.

деп шопанладың қыйын жағдайлардың қыйын жағдайын бүркелистен ашық атап көрсетеди.

Күнхожаның ел, халық жәмийет ҳаққындағы көз қарасларын түсиниўде оның "Ел менен" қосығы оғада үлкен әҳмийетке ийе. Бул қосықта шайырдың сациаллық иддеялары баян етиледи: Мысалы:

Ғәзийнеси толысы алтын ақшаның,
Ҳәўли-ҳәрем және бағыў-бақшаның,
Халықты сорап турған хан ҳәм патшаның,
Шалқығаны ғәрип-қәсер ел менен.
Адамға қаст етип мийрими келмес,
Ким жақсы, ким жаман парқыны билмес,
Жыласаң да көздиң жасыны көрмес,
Патшаң жаман болса күниң зар билен.
(«Ел менен»)

Қосықта шайыр ел-халықтың жағдайы сациаллық, әдиллик мәселелерин көтериў менен бирге өз заманасындағы басқарыўшы топарға өткир ҳәм әдил сын айтады. Шайырдың "Ел менен" қосығының тағы бир әҳмийетли тәрепи сонда ол жақсы келешекти халықтың бирлиги ҳәмминиң жәм болып ҳәрекет етиўи арқалы жақынластырыў мүмкин деп түсиндиреди.

Халықтың адам болып, халық болыўы,
Қараңғы түнектиң жарық болыўы,
Көкирегиниң шадлықларға толыўы,
Талап етсе, ҳүжим етсе ел менен

("Ел менен")

"Умытпаспан" қосығында Күнхожаның жәмийетлик,сиясий жеке авторлық көз қараслары оның байқалады. Бул қосықта шайырдың өзи жасап турған дәўирдеги сиясий тутымға қатнаслары, жәҳил патша туҳралы халықтың идеялға сүйенген пикирлери бериледи.

Үш ағаш тур кең майданда, Адам өлген жайып қушақ
Орналасып қызыл қанға Көздиң жас моншақ-моншақ,
Қыйылып ҳәм шыбын жында Қолларында өткир пишақ,
Турғанларын умытпаспан. Жәлладларды умытпаспан.

("Умытпаспан")

Қосықта XIX әсир Хийўа қаласындағы жаўызлық көринислер сүўретленген. Олар шайырдың әдил патша түўралы түсиниклерине, улыўма гуманистлик көзқарасларына сәйкес келмейди. Қосықта лирикалық қаҳарманның жақсы патша туўралы идеяларының, адалатлы турмыс туўралы ойларының, әрманларының, үмитлериниң күл-талқан болып қыйрағанын көремиз. Сонлықтан ол мәмлекетлик тәртиплерди жетилистириўге, халық турмысын жақсылаўға жуўапкер ел басшысының унвмсыз образын әшкаралаўшы сатира менен жаратады.

Халықтың аянышлы турмысын, сациаллық әдиллик темалары шайырдың "Жарымыдым", "мениң балам", "Яранлар", "Әрманда", "Балалар ма екен," қосықларында да кең сәўлеленилген. Улуўма айтқанда, Кунхожа ел-халықтың мәпин, мийнетадамының дәртин жырлайтуғын нағыз халықшыл, демократ шайыр болды. Күнхожаның халықлық, демократиялық идеяларға толы шығармалары өзине заманалас ҳәм сонғы дәўирлердеги қарақалпақ шайырлары ушын көркем-идеялық тәжрийбе, үлги мақсети болды.

Әжинияз Қосыбай улы (Зийўар шайыр)

(1824-1878)

Әжинияз - XIX әсир қарақалпақ әдебиятының классик шайыры. Қарақалпақстанның ҳәзирги Мойнақ районы аймғында орта ҳаллы хожалықта туўылған. Дәслеп мешитте саўат ашқан, аўыллық медреседе оқыған. Соңынан Орта Азияда белгили оқыў орайларынан болған Хийўадағы Қутлымурат инақ ҳәм Шерғазы хан медреселеринде билим алған, иләҳият (дин) илиминиң жетик маманы болып шыққан. Елине келип мешитте билимлендириў жумыслары менен шуғылланған. Соңынан Киши Жүз қазақлары арасында бир неше мәртебе болып, Мырза Қожбан деген ири феодалдың қәўедерлигинде мешит ашып бала оқытқан. Турмыстың түрли қыйыншылықларын басынан кеширген. Өз заманының терең ой-пикирли, жетик билимли адамы болған. Оның бул қәсийетлери қосықларына терең сиңдирилген. Әжинияз өз қосықларына **Зийўар** деген тақаллус қойып жазған. ″Зийўар″ сөзлик мәниси бойынша ″сулыў, шырайлы″ дегенди аңлатады. Шығыс поэзиясының дәстүри бойынша белгили шайыр өзиниң шығармаларына ҳақыйқый атын емес, ал **тақаллус,** яғный шайырлық лақабын қойып жазған. Тақаллус қосықтың ең соңғы бәнтине қойылатуғын болған. Мысалы:

Зийўарың хошласар қәдириңни билип,
Көзини яшартып, бағрыны тилип.

Әжинияз (Зийўар) шайырдың дөретиўшилик мийрасы тийкарынан лирикалық қосықлардан ибарат. Олардың тематикасы ҳәр қыйлы: Ўатан темасы, социаллық тема, дидактикалық тема, философиялық темадағы қосықлар, муҳаббат қосықлары ҳ.т.б.

Ўатан ҳаққындағы қосықлары. Ҳәр бир көрнекли шайыр өзиниң туўылған жерин, елин сүйеди, оларды шайырлық йош пенен жырлайды. Әжинияз да өзиниң туўылған жерин шын жүрегинен сүйди ҳәм жырлады. Ўатан темасы оның поэзиясының өзек темаларынан болды.

Беглер тәрийип етсем Қалпақ йўртыны,
Хуп әжеп тамаша еллери бардур.
Ариф болып ҳақ йолына еришкен
Муршийди мукаммал пирлери бардур.

(″Бардур″)

Өтирикти ырас етип айтпаған,
Туўры жолдан бас кетседе қайтпаған,
Намаҳремди ҳасла жолдас тутпаған.
Аты қарақалпақ еллерим барды.

(″Еллерим барды″)

Бул қосықлар лириканың тәрийип (мақтаў, арнаў) жанрында жазылған. Оларда шайыр қарақалпақ елиниң жақсы жақларын көтериңки, мақтаныш сезимлери менен жырлайды, оның руўхий камалатқа ерискен уламаларын (арифлерин, жетик пирлерин), қарақалпақлардың халықлық характерин, түрли-түрли аңлары менен жемислерин, әдеп-икрамлы ҳәм гөззал қыз-жаўанларын, Ғөруғлыдай батыр жигитлерин, ел басқарған атақлы бийлерин терең ҳүрмет ҳәм сүйиўшилик пенен мақтайды, солар арқалы пүткил қарақалпақ елиниң атын көтереди.

Зийўар шайырдың Ўатан темасына арналған бир қатар қосықларында жат еллерде жүрген адамның өз ўатанын айра түсип, оны аңсап, жүрегин сағыныш сезимлери бийлеген ҳалаты бериледи:

Арзыў әйлер кеўлимиз өз йўртымызға барғалы,
Ярыў-дослар ҳәм қәдирдан билән биргә йүргели,
Рәҳим әйле патшаҳым, елге жеткер сен мени,
Я иләҳим, елимди көрер күнлер бар ма екен?

(″Бар ма екен″)

Туўылған елди, ата-ананы, ул-қызды, досларды сағыныў, сүйиў, оларға садықлық сезимлери, бир сөз бенен айтқанда Ўатанды сүйиў мотивлери Әжинияздың ″Бозатаў″, ″Қал имди″, ″Бар ма екен?″, ″Хош

имди″, ″Шықты жан″, ″Салам дегейсең″, ″Жақсы″, ″Әжинияздың Қыз Меңеш пенен айтысы″ шығармаларында айқын сәўлеленген. Улыўма алғанда Әжинияз поэзиясында Ўатан темасы белгили бир көркем концепция, идея сыпатында (Ўатанды сүйиў, патриотизм түсиниклериниң системасы, дүзими сыпатында) көтериледи ҳәм сәўлеленеди.

Социаллық темадағы қосықлары. Әжинияз дөретиўшилигиниң белгили бир бөлегин социаллық темадағы қосықлары қурайды. Шайыр оларда заман теңсизлигин, халықтың социаллық қыйын жағдайларын, әдалатсызлықларды бүркемей көрсетеди, зорлықты, инсапсызлықты, басшы топарлардың бийбастақлығын ҳ.б. унамсыз қубылысларды өткир сынға алады.

Муҳаббат лирикасы

Жанрлық қәсийетлери бойынша муҳаббат қосықлары лирикалық қаҳарманлардың жүрек төринен шыққан мөлдир сезимлерин береди. Ашықлық қосықларында лирикалық қаҳарманды адамға тән ҳасыл қәсийет болған шын кеўилден сүйиў сезимлери бийлейди, ол усы сезимлер қурсаўында болады. Әдебияттаныў илиминде муҳаббат қосықларын **интим лирикаға** жатқарады. Бул термин латын тилиндеги **интимус** сөзинен алынған болып, сөзлик мәниси бойынша күтә терең, күтә ишки дегенди аңлатады. Интим лирика лирикалық қаҳарманның жүрегин аўыртып шыққан сезимлерин, жеке дәртлерин, аҳыў-зарын береди. Муҳаббат сезимлери де жеке дәртлерге жатады. Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде айырым мийнетлерде интим лириканы **пинҳамы лирика** деп те жүритеди.

Әжинияздың муҳаббат лирикасының көпшилиги романтикалық усылда жазылған, яғный муҳаббат иләҳий бир сезим, ал ашық-машықлар күнделикли турмыстың майда-шүйдесинен әлле қайда жоқары туратуғын, муҳаббатқа садық иләҳий инсанлар болып сәўлеленеди.

Қара көзли, шийрин сөзли дилбарым,
Сендин өзге сәўер ярым йоқ мениң.
Таза гүлистаным, моҳи әнўарим,
Ҳәсиретиңнен ҳеш қарарым йоқ мениң.
Сени көрсем болур мениң к54лим шад,
Жәҳенниң ғамийдин болурман азад,
Нәзакат бабында қәматиң шамшад, (сулыў дарақ)
Сендин өзге үлфикарим йоқ мениң.

(″Йоқ мениң″)

Әжинияздың лирикалық қаҳарманы (ашық) өз машығына жан-тәни менен берилип, оны ессиз сүйеди, оның ушын жисманий ҳәм руўхий азапларға гириптар болады, бирақ бул азапларға төзим береди, өз муҳаббатынан безип кетпейди, муҳаббатқа исенип жасайды.

Тынбас кеше-күндиз көзим гирьяны, (көз жасы)
Болыпман мен оның бағры бирьяны, (күйгени)
Жисмимди өртеди дағы, ҳижраны,
Көзде яшым төкип кетти шул пәрий.

(″Бир пәрий″)

Муҳаббат темасы Әжинияздың ″Бир жанан″, ″Гөззаллар″, ″Бир пәрий″, ″Йол болсын″, ″Сәўдигим″, ″Ҳәр киманың яры болса″, ″Дилдарым″, ″Түсер″ қосықларында ҳәр тәреплеме сәўлеленген. Оларда ашық өз машығын жүрегинен сүйеди, оның азабында күйип-жанады, машығына шын бериледи, садық болады, оған жүрек сезимлерин арнайды, пүткил өмирин бағыш етеди. Әжинияз жырлаған ашықтың кеўил сарайы усындай ҳадал ҳәм мөлдир сезимлерге толы.

Әжинияздың муҳаббат жырлары мәзи кеўил ашар ямаса зыяпат қосықлары емес, оларда муҳаббат мәселеси пүтин бир философиялық концепция сыпатында көтериледи. Әжинияз концепциясы бойынша муҳаббат социаллық қубылыс емес, ал социаллық айырмашылықларға бағынбайды, ол ″шаҳыў-гада″ға бирдей тән болған ҳасыл ҳәм иләҳий сезим. Әжинияздың муҳаббат концепциясы терең лирикалық сезимлер, жоқары дәрежедеги көркемлик пенен сәўлеленген.

Әжинияз мухаммеслери

Қарақалпақ поэзиясына Шығыс лирикасының мухаммес жанрын биринши мәртебе енгизген Әжинияз болды. Мухаммеслерди халық тилинде ″мухаммеслер″ деп атаған, олар халық бақсылары репертуарынан кең орын алып, өз алдына ″муқаллес″ намалары пайда болған.

Мухаммес қосық қурылысы бойынша Шығыс поэзиясының аруз өлшеминде жазылатуғын лирикалық жанр. Бул қатардан ибарат бир неше бәнтлерден турады, а-а-а-а-а, б-б-б-б-а, в-в-в-в-а, г-г-г-г-а тәризинде

уйқасады. Мухаммеслер ҳәр қыйлы темаларда жазылады. Олардан муҳаббат ҳәм философиялық темаларға жазылғанлары көбирек көринеди. Әжинияз өз мухаммеслеринде ышқы-муҳаббат, айралық, сағыныш, өкиниш, сүйиниў, толқынланыў усаған ишки сезимлерди, руўхий толғанысларды береди.

Көп салам мендин бирадар, ашнайыў дуўжаҳан -а
Шиддатий рузый қыяметдин йаман, - а
Алты сан алашны гездим, тапмадым намыў-нышан, -а
Иншалла гүзге барарман, болсам аман, -а
Аҳ дарийға, ўаҳ дрийғ, мың саны ярман, шықты жан. -а
(″Шықты жан″)

Бул мухамместе лирикалық қаҳарман жүрек сырларын, арзыў-әрманларын, басынан кешкен азапларын баян етеди.

Әжинияз мухаммеслеринен ″Бери кел″, ″Ай әлип″, ″Оян″ ашықлық темасына, ″Көзлерим″, ″Шықты жан″ налыш, өкиниш, ″Қыз Ораз″ тәрийип, мақтаў, ″Керек″ ҳәзил-дәлкек темаларына жазылған. Әжинияз өз мухаммеслеринде көркемлеўдиң ҳәр қыйлы усылларын орынлы ҳәм өнимли қолланып, оларды түрлендирип, жилўаландырып жибереди. Әжинияз өз мухаммеслеринде көркемлеўдиң ҳәр қыйлы усылларын орынлы хәм өнимли қолланып, оларды түрлендирип, жилўаландырып жибереди. Мысалы, онын ышқы –муҳаббат темасына жазылған "Әй әлип", "Бери кел" мухаммеслеринде Шығыс поэзиясындағы дәстурли сөз ойыны усыллары шебер ислетилген.

Әй-әлип ақ йүзиңдур, айни алам анўарий, -а- 14 буўын
Бе-белиң қыпша дилбар, көз ғанан шахла ўәлий, - а- 14
Те-тисиндур дана-дана ләблериңнин палларий, - а- 15
Се-сорып шийрин ләбин қанадурман әй пәрий. – а – 14
Жим-жамалын кормегенше, зары-гирян Зийўарий. –а- 15

Мысалға келтирилген мухаммес әлипбе тәртибинде жазылған, бес қатарлы сегиз бәнттен ибарат, әлипбениң барлық ҳәриплерине қатарлар байланған , қатарлары 14-15 буўынлы, а-а-а-а-а, б-б-б-б-а, в-в-в-в-а тәризинде уйқасады, ашыклык темасын саўлелендиреди. Әжинияздың "Бери кел" мухаммеси де әлипбе тәртибинде жазылған , бес қатарлы алты бәнттен турады, бул да ашықлық темасына бағышланған.

Әжинияз XIX әсир қарақалпақ поэзиясына мухаммеслерди енгизип, оларды әдебий жанр сыпатында қәлиплестиреди. Онын мухаммеслери терең мазмунлы, көркемлиги жоқары, сонын менен бирге олар қарақалпақ халқынын көркем-эстетикалык уғымларына, түсиниклерине, талапларына шақлап жазылған. Әжинияздын мухаммес жазыў тәжирийбеси ҳәзирги заман қарақалпақ шайырлары тәрепинен кең пайдаланылмақта..

"Бозатаў" поэмасы

Әжинияздың "Бозатаў поэмасы - қарақалпақ халқынын басынан кешкен тарийхый ҳәм трагедиялық ўақыяны көркем сәўлелендиретуғын шығарма. Әжинияз дөретиўшилигин үйренген әдебиятшылардың барлығы дерлик "Бозатаў"ды тарийхый мазмундағы шығарма деп таныйды ҳәм оны тарийхый жыр ямаса тарийхый поэма деп атаайды.

"Бозатаў"ды жаўгершилик ҳәм поскыншылық жагдайлары сәўлеленеди. Бул жағынан "Бозатаў" өзинен алдыңғы әсирлерде дөреген "Ормамбет бий", "Посқан ел" толғаўларына кейип береди. Шығармада XIX әсирдиң орталарында (1858-жыл) өткен тарийхый Бозатаў ўақыясы сөз болады.Тыныш отырған елге түркмен баспашыларының басып кириўи, елди шабыўы, адамларды бенде етип айдап кетиўи терең лиризм ҳәм драматизм менен жырланады.

Кимсе шаҳийд болды, жандын айрылды,

Кимсе гада болды, малдын айрылды,

Кимсе көзи қунқарыдын айрылды,
Башыңа қыямет түшти Бозатаў.

Зийўарың хошласар қәдириңни билип,
Көзини яшартып, бағрыны тилип,
Аман болса ҳал сорасар бир келип,
Хош аман бол , бизден қалдың Бозатаў.

Шығармада шайыр Ўатаннан, туўып-өскен мәканнан айра түскен адамның ахў-зарын, тыныш елдиң посып бүлгиншиликке ушыраўын терең лирикалық сезимлер менен береди, ўақыяларды жүрек елегинен өткерип, өз жүрегиндеги Ўатан дәртин қайғы-ҳәсиретлерин улыўма ххалықлық дәртлерге ушластырады ҳәм терең лиризм арқалы халықлық трагедияны береди. Шығармада өзиниң басланыўына, раўажланыўына ҳәм жуўмақланыўына ийе эпикалық сюжет ҳәм эпикалық персонажлар көринбейди, ўақыялар жоқарыда ескертип өтилгениндей лирикалық қаҳарманның жүрек сезимлери арқалы сәўлеленген. Демек, "Бозатаў"-өзиниң жанрлық тәбияты бойынша лирикалық шығарма. Улкен тарийхый ўақыя лирикалық қаҳарманның жүрек сезимлери арқалы берилгенликтен "Бозатаў" ды-лирикалық поэма деп белгилеў мүмкин.

Әжинияздың "Бозатаў" поэмасы қарарқалпак әдебияты тарийхында Ўатан, халық тәғдири темасын жырлайтуғын терең мазмунлы, тәсирли уллы шығармалардың бири болып саналады. Сонлықтан халық оны ядқа билген ҳәм белгили "Бозатаў" намасына салып айтқан.

Әжинияздың бенен Қыз Меңештиң айтысы

Көркем сөз өнеринде айтыс жанрының өзине тән талаплары, белгилери бар. Айтыслар еки түрге бөлинеди: аўызеки айтыс ҳәм шайырлар айтысы (жазба түрде). Аўызеки айтысқа айтысыўшылар тойд аямаса қандай да бир жыйында жүзбе-жүз ушырасып, дәсме-дәс

айтысады. Айтысыўшылар импровизация (алдын-ала таярлықсыз, суўырып салмай) жолы менен сөз жарысына түседи. Олар жеңиске ерисиў ушын гейде бир –бириниң түрли кемшиликлерин бетине басып минейди, сынайды. Айтыс шайырлардын импровизациялық талантын белгилеп беретуғын қызықлы жанр. Әжинияз тәғдир айдап қазақтың ақын қызы Меңеш пенен айтысқа түсип, өзиниң шайырлық талантын, импровизаторлық уқыбын көрсеткен. Меңеш те өзи мәкән еткен өңирде топ айырып шыққан, өлең сөздиң шебери, асқан ақын, талай ақынлар менен жарысқа түсип бәйги алған, мереке-жыйын, той-думанның көрки болған қыз. ("Биледи Меңеш десе Киши, Уллы жүз"). Әжинияздың өзи берген мағлыўматқа қарағанда, ол қыз Меңеш пенен қырк жасында айтысқан("Жылым қой, жасым қырқта, ай Қыз Меңеш"). Бул айтыс халық арасына кең тарқалып, онын тексти Ташкентте шығатуғын "Түркстан ўалаяты" газетасында биринши мәртебе 1878-жылы басылған.

Әжинияздың Киши жүз қазақлары арасына Қожбан деген ири феодалдын қарамағындағы мешитлерде моллашылқ етеди. Ол заманның үрдисис бойынша үлкен байлар тойға мирәт етилсе, қасына гүреске түсетуғын палўанын, бәйгиге түсетуғын атын, айтысқа түсетуғын ақын, шайырларын алып баратуғын болған. Мырза Қожбан үлкен бир тойға мирәт етилген. Әжинияз өзиниң моллашылығын сылтаў етип айтысқа түсиди қәлемесе де, Мырза Қожбан Киши жүздиң атақлы ақын қызы Меңеш пенен айтысқа түсесең деп, тойға зорлап алып барған. (Қоймады хеш еркиме Мырза Қожбан, Тусында ақ Меңештиң өлең айт деп).

Әжинияздың Қыз меңеш пенен айтысы усы жанрдың дәстүри бойынша ат-жөн, урыў, ел сорасыў, жол болсын сораўдан басланады.

Меңеш: Қалпақпысаң, сартпысаң, өзбекписең?
Әкеңниң қойған аты ким, сүйегиң ким?

Әжинияз: Әкемниң қойған аты Ҳажынияз,
Урыўым қарақалпақ, сол сүйегим.

Меңеш: Қарақалпақ дегенде журт болып па?
Дегениң қарақалпақ немене еди?...

Әжинияз: Қарақалпақ қазақ пенен теңбе-тең журт,
Көрмей, билмей сыртынан қылмай мазақ.

Буннан соңғы сораў-жуўапларда қарақалпақ жигитлериниң, қызларының сыпатламасы бериледи, қарақалпақлардың халықлық белгилери үрп-әдетлери, дәстүрлери сүўретленеди. Бул сүўретлемелерде Әжинияздың өз елин, халқын, жигит-қызларын мақтаныш етеди, туўылған Ўатанына, халқына болған сүйиўшилик сезимлери айқын көринеди.

Айтыста шайырлар елдеги социаллық мәселелерди тирек етип биринің үстинен бири жеңиске ерисиўге урынады, бирақ айтыстың барысында қазақлар да, қарақалпақлар да социаллық жағдай төмен дәрежеде екенлиги ашылады.

Меңеш: Астырттан қалпақ келер жетелеген,
Ҳәр үйден пәтия берип нан тиленген,
Хожаке, сениң елиң мырза болса,
Келеди қалпақ неге тентиреген…

Әжинияз: Ҳәр елдиң ондай ашы болмай ма екен?
Аш қазақ бизиң елде оннан да көп…
Бул заман келме-гезек сондай заман,
Айтасаң оның несин салық қылып.

Айтыс даўамында еки елдеги социаллық жағдай, ҳаял-қызлар теңсизлиги, адам ҳуқықы, ири мүлк ийелериниң, әмелдарлардың зорлығы туўралы ҳақыйқатлық ашылады. Айтыстың соңында Әжинияздың улама сыпатында оқымыслылығы, жоқары мәдениятя көринеди. Ол Меңешти жеңдим деп масайрап кетпейди, өзиниң инсаныйлық пазыйлетлерин сақлап, Меңешти ҳүрмет етеди. Айтыс Әжинияз ушын қарсыласын муқатыў, кемситиў, баспалатыў қуралы емес, ал сөз өнериниң жарысы, тил

жүйриклигин, ой-өристиң кеңлигин белгилейтуғын майдан. Буны ақыл-ойы терең Меңеш те жақсы түсинеди. Сөз жарысынан соң қарсыласлар айтыс бабында айтылған қатты-қайрым сөзлерди дәрҳал умытып, бир-бирин ҳүрмет етеди. Әжинияз улама сыпатында айтыстағы қарсыласы Меңешке жыллы-жыллы сөзлер айтып, ҳақ пәтиясын береди.

"Әжинияз бенен Қыз Меңештиң айтысы"-қарақалпақ әдебиятында айтыс жанрын ҳәр тәреплеме толтырып, оны жоқары дәрежеге жеткерген шығарма. Бул айтыс улыўма инсаныйлық идеяларды сәўлелендириўи ҳәм социаллық жағдайларды қозғаўы менен урыў ямаса аўыл шеңбериндеги жадағай айтыслардан әлле қайда жоқары турады. Онда еки айтысыўшының да тил жүйриклиги, дүнья, жәмийет, социал турмыс ҳаққында ой-пикириниң тереңлиги көринеди. Айтыстың жанрлық тәбиятына ылайық сатиралық сүўретлеў мейлинше кең қолланылған. Онда ирония (мысқыл), сарказм, түйреме сөзлер көп ушырасады, сондай-ақ метафора, эпитет, теңеў сыяқлы сүўретлеў қураллары да өнимли қолланылады.

Бердақ Ғарғабай улы

(1827-1900)

Қарақалпақ әдебияты тарийхында Бердақ (Бердимурат) Ғарғабай улының дөретиўшилиги айрықша орын тутады. Ол XIX әсир қарақалпақ әдебиятын ҳәм идеялық мазмуны, ҳәм көркем-эстетикалық дәрежеси бойынша жоқары шыңларға көтерди. Ол адамның кеўил туйғыларын, жүрек дәртлерин қозғайтуғын, оқығанда яки тыңлағанда түрли сезимлер, терең ой-пикирлер оята алатуғын жоқары көркемликтеги лирикалық шығармалар дөретти. Сондай-ақ жоқары инсаныйлық қәсийетлерди, халықтың өзлигин, миллий сана-сезимин, тарийхын сәўлелендиретуғын ҳәм усы қәсийетлерди тәрбиялай алатуғын "Ахмақ патша ", "Шежире", "Амангелди", "Айдос баба",

"Ерназар бий" сыяқлы эпикалық шығармалар дөретти. Олар қарақалпақ халқының әдебияты ҳәм улыўма мәдениятында көрнекли орын ийелейди.

Бердақ XIX әсир қарақалпақ әдебий тилин қәлиплестириўге, раўажландырыўға үлкен үлес қосқан шайыр. XVIII-XIX әсирлерге келип түркий халықларға ортақ болған он әсирлик ески түркий әдебият ҳәм түркий әдебий тил өзиниң тарийхый миссиясын (ўазыйпасын) өтеп болған еди. Тарийхый шараятларға байланыслы бул бир пүтин түркий мийрас орнында жаңа өзбек әдебий тили, қарақалпақ әдебий тили, қазақ әдебий тили қәлиплесе баслады. Бердақ бул тарийхый процессти күтә терең сезди ҳәм түсинди. Соның ушын ол Күнхожа шайыр баслап берген жаңа қарақалпақ әдебий тилиниң қәлиплесиўине, раўажланыўына айрықша дөретиўшилик күш салды. Бердақ шығармаларының тили ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң тийкарғы тиреклеринен болып есапланады.

Бердақ 1827-жылы Әмиўдәрьяның қуяр аяғында дәрьяның оң жағалығында туўылған. Жаслайынан ата-анадан жетим қалып, турмыс қыйыншылығын өз басынан кеширген. Ол өз өмиринде бир неше тарийхый ўақыялардың гүўасы болды. (1855-1856 жыллардағы Ерназар бий баслаған халық азатлық көтерилиси, 1859-жылдағы Қоңырат көтерилиси, Хийўа ханларының тез-тез алмасыўлары, 1873-жылы Хийўа ханлығының Россия империясы тәрепинен жаўлап алыныўы ҳ.т.б.). Бул тарийхый ўақыялар ҳәм халықтың социаллық жағдайы Бердақ шығармаларының тийкарғы тематикасы болды. Қарақалпақ халқының халық сыпатында қәлиплесиўи, миллий сана-сезимди оятыў, қарақалпақ халқының келешек тәғдири, мийнет адамының ҳуқықлары, социаллық жағдайы, ҳаял-қызлар тәғдири, олардың жәмийеттеги орны, илим ҳәм ағартыўшылық—мине, Бердақ көтерген кескин жәмийетлик, ҳуқықый, миллий мәселелер менен идеялар. Бул өткир мәселелерди

Бердақ алдыңғы демократиялық ой-пикирлер, терең гуманистлик идеялар менен суўғарады. Соның ушын да Бердақ – уллы ойшыл (философ), демократ ҳәм гуманист шайыр.

Бердақтың дидактикалық ой-пикирлери

Бердақ ойшыл шайыр сыпатында жәмийетлик иллетлерди, социаллық түйин мәселелерди шешиў жолларының бири сыпатында инсанда жақсы пазыйлетлерди, жүрис-турыс нормаларын, ийман-инсап, мийрим-шәпәәт сезимлерин тәрбиялаў деп есаплайды. Бул туўралы оның "Қашан раҳатланадурсаң ?", "Жақсырақ", "Балам", "Халық ушын", "Билгейсиз", "Надан болма" сыяқлы көп санлы қосықлары гүўалық береди. Оларда жеке адамның минез-қулқы, жәмийетте өзин тутыў әдеплеринен баслап, оның мийнетке, жәмийетке, өзиниң азаматлық парызларына, рйўхий турмысқа қатнаслары, неке, шаңарақ мәселелерине көзқараслары мәселелерине дейин қозғалады.

"ЖИГЕРЛИ БОЛ ЖАСТАН, БАЛАМ". Уллы шайырымыздың түсиниги бойынша жәмийет избе-из раўажланып барыўы керек, алдыңғы әўладлар өзлериниң турмыс тәжирийбесин, руўхий байлығын кейинги әўладларға өткерип барыўы тийис. Бердақтың "Балам", "Билгейсиз" қосықлары усы шәртлер менен талапларды сәўлелендиреди. Бул қосықларда өмирден, жәмийеттен енди ғана өз орнын излеп жүрген, турмысқа енди қәдем қойып атырған жасларға ақыл-нәсият, мәсләҳәт, жол-жоба бериледи. Туўры жол менен игри жолдың қандай болатуғынын түсиндиреди. Ең биринши гезекте ҳәр бир азамат өз ели, халқы менен бирге болыўы керек ("Халқың қалмасын қасыңнан"). Шығармадағы лирикалық қаҳарман жаман менен жақсының парқын билиўди, жақсы адамға (бәлким, уламаға, ел басқарған бийге, колы гүл өнерментке) ерип, жаманнан (ғыйбаткештен,

қыянетшиден, ашкөз сықмардан, нәмәртлерден) аўлақ жүриўди кеңес етеди.

Ерме тағы шуғыл сөзге,
Жаманнан қаш жастан, балам,
Маңлайыңнан ағызып тер,
Жақсы жаманды сынап көр,
Жақсы адамның кейнине ер,
Сонда жолың болар, балам.

Усы "Балам" қосығында жас азаматтың адамгершилик қәсийетлери, өмирдеги орны, жәмийетте өзин тутыў, жүрис-турыс қәделери бериледи. Соның менен бирге Бердақ жаслар менен ата-аналар арасындағы қатнасларға, перзентлик ҳәм аталық парызларға айрықша дыққат бөледи.

Ата-анаңды қәдирле,
Өлгенинше жақсы сөйле,
Мал тапсаң торқаға бөле (ата-анаңды)
Өсиўиңе жақсы, балам.

Уллы шайыр жоқарыда еслеп өткенимиздей, көпшилик қосықларында адамгершиликтиң, азаматлықтың белгиси ретинде әззилерге қол созыў идеясын береди. Жас азаматқа бағышланған "Балам" қосығында да бул бул жағдай баслы идеялардың бири сыпатында бериледи :

Жетим көрсең қолыңды бер,
Аға болса кейнине ер.
Ғәрип көрсең ақылыңды айт,
Оныдағы ойла, балам.

Демек, Бердақ түсинигинде ғәрип-қәсерге жәрдем бериў--өмирдеги үлкен мурат, адамгершиликтиң баслы шәртлеринен, талапларынан болып есапланады.

«Жақсы жаман парқы болмас реңки – жүзден». Бердақтың нәсиятларында адамгершилик, минез-қулық, жүрис-турыс әдеплерине де жетерли дәрежеде дыққат аўдарылады. Шайыр адамгершилик нормаларын анықлаў ушын "жақсы адам " менен "жаман адам" түсиниклерин тийкар етип алады, оларды турмыслық фактлар менен салыстырады, олардың мораллық келбетин түрли реңлер менен сызып береди. Жаксы менен жаманның портретлери, әсиресе, оның "Халық ушын" нәсият қосығында анық көринеди :

Жаманлар қасынан қоңсы көширер,
Жақсы адам болса гийне кеширер.

Бердақтың жақсы ҳәм жаман туўралы пикирлери бул ҳаққында айтқан

Мақтымқулының ойлары менен сабақласады :

Жақсының кеўлинде гинее аз болар,
Жаманның күнде бир урысын көриң.

Бердақ жақсы менен жаманды булар ҳаққындағы халықлық түсиниклерге сүйене отырып айырады, жақсы адам менен жаман адамның минез-қулқын, ис-ҳәрекетин, журис-турысын антитезалық (қарама-карсылықлы) сүўретлеў усыллары менен береди :

Жаман жолдас пайдасына илдирер,
Жақсы жолдас адамгершилик билдирер.
Жақсы адам сөз мәнисин аңлайды,
Жаман адам пасық сөзди тынлайды.
Жаксы адам жагар шийрин жанына,
Жаман адам бояр қызыл қаныңа.

Шайыр түсигинде жақсы адам менен жаман адам түр-түсинен, бой-сымбатынан белгили болмайды (" Жақсы-жаман парқы болмас

реңки-жузден "), жақсы адам ен дәслеп сөйлеў мәденияты менен ажыралып турады ("Жақсыны пәм әйле сөйлеген сөзден"), ол мудам адамгершиликли, түсимпаз, ислеген иси, сөйлеген сөзи жанға жағымлы, кең пейил, кеширимли келеди, достының кеўлин бағып, оның пайдасын ойлайды ("Душпанды муңайтып, достын күлдирер"), жақсы адам ел хызметине тайын турады (" Жақсы адам туўылады ел ушын ", "Солар хызмет етер уллы халық ушын").

Солай етип, Бердақтың дидактикалық қосықларында "жаман болма" "жаксы бол" деген қурғақ үгитлер үстемлик етпейди, ал оларда дидактикалық ой-пикирлер ҳәр қыйлы эстетикалық сезимлерди оятыў арқалы бериледи. Мысалы, пәс қулықларға жеркенишли сезимлер оятыў арқалы хош қылықларға, жақсы ислерге деген сүйиниш сезимлерин оятады. Нәтийжеде шайыр өзиниң дидактикалық қосықларында қарама-қарсы эстетикалық сезимлерди (жеркенишлилик ҳәм гөззаллық сезимлерди) оятыў арқалы оқыўшыда жақсылыққа, гөззаллыққа, пәкликке, ҳадаллыққа ықлас сезимлерин тәрбиялайды. Бердақ жақсылық пенен жаманлық түсиниклерин қурғақ баянлаў жолы менен емес, оларды көркем сүўретлеў усыллары менен, әсиресе, көркем сүўретлеўдиң антитеза (қарама-қарсылықлы), метафора (аўыспалы мәнисте бериў) ҳ.б. усылларын жийи ҳәм утымлы пайдаланыў арқалы окыўшылардың санасына сиңдиреди.

"Кисиниң ярына сөз салма". Бердақ жәмийетти бирлестирип туратуғын уйтқы сыпатында шәриат заңларына тийкарланған некени, бирликли семьяны, ерли-зайыплылар арасындағы садықлықты, ҳадал катнасықларды таныйды. Мусылманшылықтың шәртлери бойынша ҳәр бир мусылман өз некелесине садық болыўы, оған ҳүрмет-иззет,меҳир-муҳаббат пенен қатнас жасаўы тийис.

Бердақтың бир қатар нәсият қосықларында неке, семья мәселелери мусылман юридикасы ислеп шыққан түсиниклерге,

талапларға, ҳуқықларға сондай-ақ пайғамбар нәсиятларына тийкарланып қозғалады.

Ақыл адам сөзлер ертпес изине,
Шөп салмас ярының ҳәргиз көзине,
Бақмас намәҳремниң ҳасла жүзине,
Солар хызмет етер бәрҳә халық ушын.

("Халық ушын")

ямаса :

Ғайры биреўлерди етип қурдасың,
Жүрме ағызып дилбарыңның көз жасын,
Жаман болса да ол өмирлик жолдасың,
Ўақытша қол берген ҳүрден жақсырақ.

("Жақсырақ")

Ерли-зайыплылардың бир-бирине садықлыгы, ҳадаллығы, ҳүрмет-иззет Бердақ түсинигинде ең жоқары, ең ҳасыл адамгершилик қәсийетлерден. Бул қәсийетлерди улығлаўдан, оларды кең халыққа нәсиятлаўдан Бердақ ҳасла жалықпайды.

Өзиңнен пәске жүз салма,
Намәҳремлерге көз салма,
Киси ярына сөз салма,
Өз ярыңнан қаладурсаң.

Өзиниң ақыл-нәсият қосықларында Зийўар да (Әжинияз) неке, семья мәселелерин жийи қозғайды ҳәм Бердақ пенен пикирлес болады :

Кисиниң ярына күлип баққаннан,
Шыбын жаның ышқы отына жаққаннан,
Өз бойына түрли насақ тақаннан,
Өз ярыңның тәрбиясын бер жақсы.

Бердақ та, Әжинияз да неке, семья қатнасықларын адамгершиликтиң, әдеп-икрамлылықтың басы деп түсинеди, сонлықтан

олар әдеп-икрамлылық тырнағына қурылған шанарақ беккем болады деп исенеди, ал ҳәр бир беккем шаңарақты пүткил жәмийетлик қурылыстың уйытқысы деп биледи.

"Мийнетсиз дүнья излеме". Бердақтың көплеген ақыл-нәсият қосықларында ҳадал турмыс, өндирислик мийнет мәселелери көтериледи. Оларда ҳадал мийнет туўралы әсирлер бойы қәлиплескен халық түсиниги анық сезилип турады. Мысалы, "Мийнет түби--рәҳәт", "Еңбек етсең емерсең", "Алтын отта, адам мийнетте белли ", "Мийнети қатты болса, наны татлы болады", "Ислесең тислейсең", "Жаўын менен жер көгерер, мийнет ер көгерер" дегенге усаған толып атырған халық нақыл-мақаллары мийнетти улығлайды, оны адамгершиликтиң дәслепки белгиси, ҳасыл қәсийет ретинде баҳалайды. Бердақ усындай мазмундағы халық даналығын басшылыққа алады, оны руўхий ҳам көркемлик тирек етеди. Қала берсе "Мийнет етиў –намаз-ибадат пенен барабар" деген пайғамбар ўәсиятлары да халық санасына терең уялаған еди. Бердақ өзиниң ҳадал мийнет, ҳадал турмыс мәселелерин көтеретуғын қосықларында усы пайғамбар ҳәдислерине де руўхий жақтан сүйенеди.

Шайырдың бирқатар қосықларында ("Жақсырақ", "Қашан раҳатланадурсаң ?" ҳ.б.) ҳадал мийнет тек күн-көрис, тиришилик дәреги сыпатында емес, ал адамның инсаныйлық келбетин белгилейтуғын, инсаныйлық пазыйлетлерин тәрбиялайтуғын күшли қурал сыпатында қаралады. Тек мийнет пенен, маңлай тер менен табылған ырысқы-несийбе ҳадал ҳәм татлы.

Түргелип ертеден жумысқа шығып,
Қолынды қабартып, белиңди бүгип,
Дизеңди сызлатып, мийнетин шегип,
Жеген бир зағараң палдан татлырақ.

Бердақтың түсинигинде мийнет адамды түрлендиреди, оның руўхын көтереди, кеўлин тазартады, ҳәр қыйлы гүналардан аўлақ етеди,

пәс кулыкларды жүўенлеп, руўхий ҳәм материаллық жақтан ғәрезсиз етеди.

Жоқарыда еслеп өткенимздей, Бердақ мийнет мәселесин тар түсиниклер менен шеклеп қоймайды, оған терең жәмийетлик мазмун береди.

Жумыс исле туўылған соң ел ушын,
Жаныңды аяма елде ер ушын,
Киндиктен қан тамып туўған жер ушын,
Өлип кеткенинше хызмет жақсырақ.

Бердактың нәсиятлары тек өз дәўири ушын ғана емес, ал бизиң заманымызда да өз әҳмийетин жоғалтқан жоқ. Себеби ол көтерген жақсылық ҳәм жаманлық, мийрим-шәпәәт ҳәм зулымлық, қайыр-сақаўат, ийман-инсап, әдеп-икрам мәселелери бизиң күнлеримизде де зәрүрли жәмийетлик ҳәм улыўмаинсаныйлық мәселелерден болып турыпты. Соның ушын да Бердақтың ақыл-нәсият қосықлары бизиң заманымызда жаңаша жаңлайды, жаңа ой-пикирлер туўдырады, оның үстине бул қосықлардың жоқары көркемлиги оларды түрли дәўир сынақларынан алып өтип, ҳәр бир заман талапларына жарамлы етеди.

Бердақтың лирикасында заман теңсизлигиниң сүўретлениўи

Бердақ мийнеткеш халық ортасынан шықты ҳәм сол халықтың көрер көзи, сөйлер сөзи болды. Халықтың аңсаған әрманы—Бердақтың әрманы еди. Сонлықтан да, ол сол халық пенен беккем байланыста болды. Сол ушын да оның : "Бердимурат халықты, халық Бердақты, жалғызындай көрер жаннан жақсырақ" деўи ҳақыйқат шынлық еди.

XIX әсирде аты кең тарқалған уллы шайырлар өзлери жасаған дәўирдиң шынлығына бийтәреп болып қалған емес. Олар өз пикирлерин көркем шығармаларында ашық билдирип отырды. Бердақ та усы шайырлардың қатарына киреди.

Бердақ өзиниң көп ғана лирикалық қосықларында өз дәўириниң оғада әҳмийетли социаллық мәселелерин ортаға қойды. Халықтың тилек-мақсетлерин, жақты өмирге умтылыўын, езиўшилерге наразылығын сәўлелендирди.

Солай етип Бердақ лирикасының баслы темасы халық тәғдири, оның аўыр күн көриўи, жақты турмысты аңсаў болды. Бул идея шайырдың. әсиресе, "Пана бер", "Болған емес", "Заманда", "Быйыл", "Салық" қосықларында айрықша күшли сүўретленген.

"Қарақалпақ посар болды,
Шөлистанды басар болды,
Неше қырдан асар болды,
Халыққа ақыл дана бер.

Биреўлер бар күтә жарлы,
Талаған оның барыны,
Нанға тоймаған қарыны,
Соларға өзиң пана бер ".

Бул "Пана бер" қосығында шайыр күннен күнге аўырласкан халықтың турмысын ашық түрде көрсетеди. Бул аўыр турмысқа себепкер болғанларды аяўсыз әшкара етеди.

"Салық" қосығында да халықтың аўыр турмысы сөз болады. XIX әсирде салғыртлар оғада аўыр ҳәм адам шыдамаслық дәрежеде болды. Аўыр салғырт пуқара халықты қатты қыйналдырды. Усындай халық басына түскен аўыр салғыртларды шайыр күтә реал сүўретлейди. Бул қосық өзиниң реалистлик характери ҳәм өткирлиги жағынан айрықша дыққатқа миясар.

Қосықтың тийкарғы мазмуны аўыр салықлардың мийнеткеш халықтың турмысына қыйратыўшы тәсири, халықтың

наразылығы, күн көриў тиришилигиниң барған сайын төменлесиўи, Хийўа ханы менен аўыз жаласқан қарақалпақ ҳәмелдарларының жеркенишли сыпатларын аяўсыз әшкаралаўдан ибарат.

Бердақтың турмысты үйрениўи, көпшилик халық пенен бирдей турмыс кешириўи, оның сол турмысқа, заман тәртибине болған көзқарасын өсирди ҳәм өткирлестирди, теңсиз заманға шайырдың наразылық сезимлерин күшейте түсти.

"Быйыл" қосығында да шайыр халық турмысын орап алған ашлық-жалаңашлықларды, аштан өлген гүнасыз жанларды, халық басына түскен аўыр күнлерди, езиўшилердиң зулымлығын әшкаралайды. Қосықта мийнеткеш халықтың аўыр турмысын сүўретлеў, шайырдың тийкарғы дыққат орайында турады :

Басалайдан баса тартып,
Быламыққа шопақ қатып,
Жутым ушын кийим сатып,
Қыйыншылық болды быйыл.

Аштан өлди неше адам,
Суўыққа да бермей шыдам,
Ашлық болды кетпей мудам,
Бәринен де өтти быйыл.

Бердақ қарақалпақ халқының қыйын жағдайын ҳәм зулымлық пенен ипласлықты өз көзи менен көрген. Ол өз дәўириниң барлық сиясий-социаллық ўақыяларын бақлады, мийнеткеш халықтың тәрепинде турды.

Не шара байлаўда турмыз жазықсыз,
Қарақалпақ күниң өтти жарықсыз…
деп халықтың қыйын жағдайына ашынды.

Ҳәттеки, өзиниң "Заманда" деген қосығында ол өмирди зинданға теңеди, халық басына түскен аўырманлықты айтыўға тил жетпейтуғынлығын билдирди.

Шайырдың отлы ғәзеп ҳәм аўыр қайғы менен жазған :

Адамға мийримсиз жәлладлар, жаўлар, --
Халықты жылатқан аталық , ханлар,
Басқа аўыр қайғы салған залымлар,
Көзлериме шаян—жылан коринди.
Дүньясы қурысын қазан урғандай,
Жасаўыллар найза алып турғандай,
Қара басқа ақыр заман қурғандай,
Заман маған қара думан көринди --

деген қатарларда шайырдың ғәзепли сезимлери айқын бериледи.

Бердақ феодаллық урыўлық жәмийеттеги экономикалық, сийсий-социаллық теңсизликтиң себеплерин қарастырды, усы теңсизлик нәтийжесинде жарлы халық турмысының адам шыдамаслық аўҳалда екенлигин билдирди :

Ойласам бул дүнья бийпаян екен,
Душпан иси халыққа көп зыян екен,
Байлар-түлки, қасқыр, халық--қоян екен,
Қараңғы қаплаған қайғы заманда.

Бердақ кисиниң ҳақын жеўшилерди, ғәрип-қәсерлерге азап бериўшилерди наданлар деп атайды ҳәм "Халық ушын" деген қосығында Бердақ үстем топарлар туўралы "Наданлар халықты жеп дәўран сүрерлер, кеўлим қабарады мениң сол ушын" деп жазады.

Бердақ феодаллық жамийеттиң ипласлығын ашып бере отырып, жарлы халық ушын бахытлы, жакты заманды әрман етти.

Бердақ өзиниң өмирин, күн көрис тиришилигин пуқара, мийнеткеш халықтан бөлек алып сүўретлемейди. Шайыр өзин езилген

көпшиликтиң бири, мийнеткеш халықтың ўәкили деп есаплайды. Сонлықтан, шайыр жақты дүньяға қалай ерисиў мүмкин, оның жоллары қандай, қалай еткенде халық бахытлы турмысқа жетеди?-- деген сораўларға да жуўап излейди. Шайырдың буған жуўабы "Халық ушын", "Жақсырақ" ҳәм тағы басқа қосықларында баян етиледи.

Бердақ халық мәпи ушын гүрескен, халық әрманын иске асырыўшы мәрт адамларды әрман етеди. Уллы демократ ҳам патриот шайыр ғайратлы ҳәм батыр, әдил ҳәм ғамхор адамларды әрман етеди. Өз заманласларын усындай қәсийетлерге ийе болыўға шақырады. Оның бундай пикирлери белгили "Излер едим" қосығында да күшли баян етилген.

"Излер едим" қосығы Бердақтың дүньяға улыўма көзқарасын көрсетиўде де үлкен әҳмийетке ийе. Бердақ бунда өз мақсетиниң халыққа бахыт излеў екенлигин айтады.

Қосықтың ақырында Бердақ мынадай жуўмақ шығарады :

Жоғымнан таппадым дәрек,
Сәрдарымды излер едим,
Мен сорлыға дәўран керек,
Дәўранымды излер едим.

Шайыр өзиниң излениўлеринде халық пенен ойласады, әрманлары менен ой-пикирлерин ортаға қояды, халықты аўыр турмыстан қутқарыўдың жолы сыпатында батырларды күсеў, бирликке шақырыў идеясы шайырдың басқа қосықларында да сәўлеленеди.

Бердақ дөретпелериниң бизиң ушын әҳмийети де оның усындай прогрессив идеяларына байланыслы.

Бердақ шығармаларында ҳаял-қызлар тематикасы.

Көркем шығармаларда ҳаял-қызлардың образын жасаў, олардың ақыл-парасатлылығын сүўретлеў қарақалпақ фольклорының, классик әдебиятының ең бир унамлы сыпатларының бири деп қараўға болады.

Буған көп санлы қарақалпақ дәстанлары мысал бола алады. Фольклордың усы жақсы дәстүри жазба әдебиятта даўам етти. Атақлы Жийен жыраў "Посқан ел" толғаўында жарлы қыз Минайымның аянышлы тәғдирин сәўлелендирди. Демек, бул теманың уллы шайыр Бердақтың дөретпелеринде үлкен орын ийелеўи тәбийий нәрсе.

Феодаллық дәўирде үстемлик еткен әдалатсызлық, нызамсызлық ҳаял-қызлардың турмыс, муҳаббат еркинлигине, жәмийетлик турмысқа араласыўына мүмкиншилик бермеди.

Бердақ та прогрессив ой-пикирдеги шайыр сыпатында бундай мәселелерден шетте қалған жоқ. Ол бундай патриархаллық тәртиплерге қарсы шықты. Ол ҳаял-қызлардың өз сүйгенине қосылыўы, еркин өмир сүриўи идеясын көтерип, қарақалпақ ҳаял-қызларының бас еркинлигин әрман етип жырлаған шайыр болды.

Тиккелей ҳаял-қызлар темасына арналған Бердақтың онлаған шығармалары бар. Булардың бәринде де шайыр сол дәўирдеги көзи жаслы, жүреги шерли қарақалпақ ҳаял-қызларының ҳақыйқат тәрепдары сыпатында көзге түседи. "Ойланба", "Келин" қосықларында Бердақ ҳаял-қызлардың адам шыдамаслық аўыр жағдайын айтыў менен бирге, олардың бас еркинлигине ийе дәўранын әрман етеди. Шайыр "Келин" қосығында :

"Артық сениң ақыл-ойың,
Тал шыбықтай, ҳәм де бойың,
Қарма-жарма болып тойың,
Әрман менен, турсаң келин.

Қорлық, азап көрген күниң,
Қапалықта өтти түниң,
Еркин шағлап шықпай үниң,
Қапалықта, турсаң келин…"—

деп жазып, ҳаял-қызлардың ақыл-парасатын, олардың басындағы аўыр күнди сүўретлеў менен бирге, "Теңиңди тап", ески дәстүрдиң қулы болған адамлардың кеўлине қарап, өз өмиринди қорлама деп ақыл береди :

"Усы бастан етип талап,
Киси ушын жүрме жылап,
Ертеректен теңиңди тап,
Матаўлықта, турма келин".

"Ойланба" қосығында да шайыр ҳаял-қызларды өз мақсетине жетиў жолында батыл ҳәрекет етиўге шақырды :

"Малы көп деп кетпе оған,
Азап берер ахмақ саған,
Опасыз ол сөзи жалған,
Сүйгениңе ҳеш ойланба,
Қапа болма, теңиңди изле,
Хор болмастай жерди гөзле…"

Бердақ "Заманда" қосығында да өз заманының ҳаял-қызларды ҳуқықсызлыққа дуўшар еткен иплас тәреплерин, ҳаял-қызлардың басына түскен аўырманлықларын әшкаралайды.

"Қыз жаўанлар сүйгенине кетпеди,
Шағлап күлип теңи менен жүрмеди.

Бул пикирлер Бердақтың басқа қосықларында да айқын түрде баян етиледи ҳәм олар шайырдың өзи өмир сүрген дәўирдеги заманға деген наразылығын тағы да өткирлестирип көрсетеди.

Ҳаял-қызлардың аўыр турмысына шайырдың аяныш сезимин билдириўи оның "Көрдим" қосығына да тән :

Жете алмай пақыр нийетке,
Жылап турған қызды көрдим.

Бул қатарларда да ҳаял-қызлардың ерксизлик, малға сатылыў жағдайы ашық сүўретленеди. Биз шайырдың шығармаларында оның сол

дәўирдеги тәртиплерге, ҳаял-қызларды тек ошақ басының адамы деп қараўшы феодаллық көзқарасқа пүткиллей қарсы болғанлығын айқын көремиз.

Бердақ ҳаял-қызлар ҳуқықы, тенлиги ҳаққындағы пикирлери бойынша өз заманласларының көпшилигинен алда болды. Бердақ бул туўралы батыл, прогрессив, демократиялық пикирлер айтты, ҳаял-қызларға ҳүрмет, сүйиспеншилик сезимлерин билдирди, олардың пәклигин, гөззаллығын жырлады.

Бердақтың тарийхый темадағы поэмалары

Бердақ өз халқының тарийхы, өткендеги өмири менен жақсы қызыққан шайырлардың бири болып табылады. Шайырдың қәлемине тийисли "Шежире", "Амангелди", "Айдос бий", "Ерназар бий" поэмалары усының дәлили бола алады.

Әлетте, Бердақ барлық тарийхый фактлерди дәлме-дәл сүўретлемесе де, халықтың тәғдиринде үлкен из қалдырған ири ўақыяларды өзиниң түсинигинше сәўлелендирген. Сол ушын да қарақалпақ халқының тарийхын изертлеўши белгили илимпазлар Бердақтың бул поэмаларының тарийх ушын оғада бай материал беретуғын шығармалар айрықша атап өтеди.

Бердақ шайыр ҳәм оның "Шежире" шығармасы

Күншығыс еллеринде өз халқының мәдений тарийхы ҳаққында шежире жазып қалдырған алым ҳәм шайырлар көп. Солардың арасында Бердақ айрықша орынды ийелейди. Бул "Шежире"ниң өзгешелиги соннан ибарат, онда қарақалпақлар тарийхы биринширлерден болып жазба нусқада қалған. "Шежире"ни шын мағанасындағы тарийхый шығарма сыпатында қаралмағаны менен қарақалпақлар тарийхы ҳаққында ең дәслепки болжаўлар сыпатында қараўға болады.

"Шежире"ниң өзинше жанрлық қәсийетлери бар. Онда тарийхый дәреклер, анық мағлыўматлар менен бирге мифологиялық материаллар, аңызлар , тарийх туўралы болжаўлар, шамалаўлар көплеп қолланылады. Түркий жазыўшылар Рабғузий "Қиссасул анбиё" ("Пайғамбарлар қыссасы"), Улығбек "Төрт улыс тарийхы", Абулғазы "Түрклер шежиреси" сыяқлы белгили шежирелер жазды. Бул шежирелерде тарийхый дәреклер менен қатар мифологиялық, аңызлық материаллар пайдаланылған. Бердақ өз "Шежире"син қосық пенен жазған. Ол шығармасын жазғанда шежире жанрының дәстүрли жолларын мол пайдаланады, яғный онда мифлерди, аңызларды, халық аўзындағы ҳәр қыйлы әңгимелерди өнимли қолланады. Бирақ бул шығармада тарийхый мағлыўматлар, дәреклер де аз емес. Демек, ол көп ғана тарийхый китаплар менен де таныс болған. Соның ушын да ол бул шығармасын өзиниң көрген-билгени, оқыған ҳәм еситкенлери тийкарында хатқа түсиреди.

Қулласы, бул шығарма тек қарақалпақ халқының тарийхы ғана емес, соның менен бирге бәрше түркий халықлар тарийхы ушын да оғада әҳмийетли болған бир ҳүжжет.

Автордың

Бердимурат ҳақның қулы,

Саҳрада өскен бүлбили,

Бул шежирени жылқы жылы,

Халыққа мәшҳур қылған екен--

деп жазыўына қарағанда "Шежире" 1894-жылы жазылған.

Басқа түркий шежирелер сыяқлы Бердақтың "Шежире"си де пайғамбарлар заманынан басланған. Бундағы ең баслы сюжет Адам атадан басланғаны менен де пайғамбарлар ҳәм олардың саҳабаларынан басланады. Мысалы :

Расулуллаҳ пырақ минип,

Қабы қаўсейин барған екен,

Қуда билен разы айтышып,
Ҳақ дийдарын көрген екен.

Гүл йүзлери шәмсуў камар,
Әбиўбәкир ҳәзирети Омар,
Осман, Әлий, төрт шәрияр,
Пайғамбардың яраны екен.

Отыз үш мың саҳабасы,
Жумла арабтың қәбийлеси,
Хызмет еттилер бәршеси,
Пайғамбардың заманы екен.

Пайғамбардан отыз үш мың саҳаба тарқалған болып, солардан еки саҳаба Арал бойларына келген. Бул Әнес ҳәм Мәлик саҳаба болып, олардың атлары Шығыс тарийхшыларының мийнетлеринде көбирек ушырайды.

Бердақ та қарақалпақлар тарийхын тап сол дәўирлерден баслаған.

Мысалы :

Әнес, Мәлик екки киши,
Пайғамбардың саҳабасы,
Әнес қазақтың баласы,
Шундин "алаш " болған екен.

Мәликтиң уғлы Разы-ҳақ,
Яшлығында қойды ғулрақ,
Кийген екен қара қалпақ,
Шундин "қалпақ" болған екен.

Солай етип, Бердақ қарақалпақлар Мәлик ханның улы Разыҳақтан тарқалған деген шешимге келеди. Бул жағдай тарийхый ҳақыйқатлыққа

әдеўир жақын. Бирақ буннан кейин Бердақ өзбек халқының келип шығыўы ҳаққында пикир жүргизеди де "Өзбек қалпақтың (қарақалпақтың) улы еди"—деген шешимге келеди. Бирақ бул пикир илимий ҳақыйқатлыққа туўра келмейди. Мысалы :

Саҳра халқы көшип гезмек,
Қантлы йерден ўатан дүзмәк,
"Қалпақтың" уғлыдур өзбек,
Өзбек йекке болған екен.

Шежиредеги буннан кейинги сюжет Майқы бийден басланған. Майқы бий шынында да барлық шежирелерде түркий халқының атасы сыпатында берилген.

Ал, Бердақтың көрсетиўи бойынша Майқы бий өзбектиң Жийен деген баласының бәйбишесинен туўылған болып, оннан Жайылған, Сейилхан деген еки бала қалған. Сейилханнан түркмен, Жайылғаннан Қоңырат туўылды,-- деп жорыйды. Екинши ҳаялы Сарназдан Қытай менен Қыпшақ, буннан кейинги ҳаялынан Мүйтен менен Қыят, ал оннан кейинги ҳаялынан Кенегес, Манғыт ҳәм Теке Яўмыт туўылды,--дейди.

Бердақ солай деп айтады да Майқы бийден кейин өзбек, түркмен, қарақалпақ ажыралып кетти—деген шешимге келеди. Яки :

Мүйтен, Қоңырат, Қытай, Қыпшақ,
Кенегес—Манғыт жиптикдек,
Бәри алты урыў қарақалпақ,
Өзбектен айрылған екен—

деп жазады.

Бул пикир тарийхый дереклерге әдеўир сәйкес келеди. Себеби қарақалпақлар XVI әсирде "Ноғайлының алты улы ордасы" деп те аталған. Буннан кейин шежирениң сюжети және де мифологиялық, аңызлық бағдарда раўажланып барады. Ерте заманда Алтын хан деген шәўкетли патша болып, ол бәрше халықларды басқарған екен. Зайыбы пери болып,

оннан Алмалы-Көрикли деген бир қызы болыпты. Қыз күнге ашық болып, соннан ҳәмледар болып қалыпты. Бул жағдайды қыздың анасы патшаға хабарлаған. Қәҳәри келген патша қызды алтын сандыққа салып дәрьяға таслатқан. Алтын сандық бир жерлерге ығып келгенде оны Томаўлы менен Шабан деген еки мерген көрип қалады. Соңынан екеўи ойласып Шабан сандықтың өзин алыўға, ал Томаўлы болса ишиндеги затқа разы болады. Солай етип, сандықтың бир мушынан атып, оны жағаға жақынластырмақшы болады.

Бердақтың пикири бойынша Қыят урыўы атамасының пайда болыўы да сол сандықтың қыя атылыўынан болған. Мәселен, "Шежире"де :

Алтын сандық зыят деди,
Зарар болса уят деди,
Туғры атпа, қыя ат деди,
Шуннан қыят болған екен.

Солай етип, сандықты жағаға шығарып, ишин ашып қараса, ишинде айы-күни толған гүл жүзли бир ҳәмледар келиншектиң отырғанын көреди. Томаўлы келисим бойынша Алмалы-Көриклини өзине некелеп алады. Оннан "Күн перзенти" болған Шыңғыс хан, соңынан Бөденетай, Бүркелтай деп аталған балалар туўылған.

Бердақ буннан кейин Шыңғыстың көп еллердиң үстинен қараған хан болғанлығы ҳаққында айтады. Мысалы :

Қойды қушбеги метерди,
Шыңғыс ханны хан көтерди,
Майқыға ықтыяр берди,
Хан атасы болған екен.

Майқы, Қотан ҳәм Кетбуға бийлер аўызеки әдебиятта көп ушырасқаны менен де жазба дереклерде онша ушыраспайды.

Бердақ буннан кейин және қарақалпақ қәўимлериниң пайда болыў дереклерин илгери сүреди. Ол қарақалпақлардың негизги алты қәўими (Қоңырат, Мүйтен, Қытай, Қыпшақ, Кенегес, Маңғыт) Шыңғыс хан дәўиринен бурын пайда болды—деген шешимге келген. Ҳәтте, соның пикири бойынша Шыңғыс қурған Алтын Орданың өзи де усы алты қәўим тийкарында раўажланған. Себеби Шыңғыс хан қарақалпақлардың еки арысын Орданың тийкары сыпатында қараған. Бул ҳаққында Бердақ өз "Шежире"синде :

Қоңырат тапты бир арысын,
Маңғыт тапты бир арысын,
Өзге ағашның бәрисин,
Өзгелерге салған екен—

деп жазады.

Демек, мәмлекетти арба деп есапласақ, оны бириктириўши еки арыс үлкен еки қәўим Қоңырат пенен Маңғытқа тийисли болған.

Солай етип, Бердақ ҳәр бир қәўимди пайда етиўши урпақ ҳаққында сөз етеди. Мәселен, Қытай-Қыпшақлардың пайда болыўы ҳаққында :

Сарназдан туўды Қытайбек,
Қытайы тонын қылды жөргек,
Йәне бириниң аты "Шақ",
Қытай-Қыпшақ болған екен.

Шах йаш бала ерке уғлы,
"Қып" демеклик әреб тили,
Қыпшақдур түркий мәниси,
Шуннан "Қыпшақ" болған екен—

деп жазған болса, олардың уранлары ҳаққында :

Қытайбек ҳәм қой жыйнады,

Қойы жаҳанға сыймады.
Ала таўларды жайлады,
Ол таў уран болған екен.

Қыпшақ ҳәм йылқы жыйнады,
Желиге қулын байлады,
Қымыз сабасын сайлады,
"Токсаба" уран болған екен.

Бердақ буннан тысқары өз шежиресинде Мүйтен, Қыят ҳәм Кенегес қәўимлериниң келип шығыўы ҳаққында да баҳалы пикирлерди айтады. Мысалы :

Бир зайыптан екки уғлы болған,
Мүйтен билан Қыят туўған,
Туўған анасы Арыўхан,
Қыятқа уран болған екен.

Мүйтен ураны Ақшолпан,
Қыят ураны Арыўхан,
Майқы бий Қоныpат болған,
Бәршеси қосылған екен.

Кенениң Маңғыт ағасы,
Кене тентекдур иниси,
Ҳәр иш етсе, кестдур иси,
Ол Кенегес болған екен.

Шөллерде гезер жейраны,
Жейранға қурған араны.
Кенегес-Маңғыт ураны,

Жаўлы шаўқай болған екен.

Қарақалпақлардың басқа да қәўимлери, мине, усы алты қәўим арқалы тарқалады.

Бердақ буннан кейинги қарақалпақтың урыў ҳәм қәўим атамаларының ҳәммесин де Шыңғыс хан әўладларынан болған хан, султан ҳам бий атамаларынан излейди. Оның пикири бойынша хан әўладларының тийкары Шыңғыс хан. Түркий ханларының негизи де Шыңғыс ханнан тарқалған деген шешимге келеди.

Бирақ солай болса да Бердақ қарақалпақлар шежиресин Шыңғыс ханның өзинен басламайды. Бәлки Шыңғыс ханның акылгөй кеңесшилериниң бири болған Майқы бийден баслайды. Яғный қарақалпақтың арғы атасы Майқы бий, оннан Жайылхан бий, оннан Нағадай бий, Нағадай улы Қарабек, Қарабек улы Жәнибек ҳәм Қәллибек,

Жәнибек улы Хайдар, оның улы Әлибек, Әлибек улы Ағәдил, оның баласы Байәдил.

Бердақтың айтыўы бойынша мал-мүлкти айырып тамға бастырыў дәстүри сол дәўирден қалған. Тамғалы тәртибиндеги урыўлардың келип шығыўы да тап сол дәўирден қалған. Бул ҳаққында шежиреде :

Қолына басқан Қолдаўлы,
Санына басқан Ашамайлы.
Жуптан басқан Қостамғалы,
Тамғасы қос болған екен.

--деп айтылады да, буннан кейин Ағәдил улы Толыбай, Толыбай улы Сарыбай, Сарыбай улы Бәдек, Бәдек улы Базар Ғулпақ, Базар Ғулпақ улы Томайлар ҳаққында сөз болады да, бул дәўирде пайда болған айырым урыўлар ҳаққында да пикир билдириледи.

Бердақ буннан кейин Хожакелди, Хажыкелди, Ханкелди, Жанкелди, Султан бийлердиң атын атайды да, бирден Ханкелдиниң улы

Қарабас, оның улы Ешнияз, Ешнияз улы Ораз аталық яки Султанның улы Айдос, Майбас—деп бирден XIX әсирге келип қалады.

Бердақ буннан кейин Хорезмдеги Қоңырат сулаласының ханларын сөз етеди. Сол тийкарда ол XVIII-XIX әсирдеги Хийўа ханларын сөз етеди.

Бирақ солай болса да Бердақ қарақалпақлар шежересин Шынғызханның өзинен басламайды. Бәлки шынғыз ханның ақылгөй кеңесшилеринең бири болған Майқы бийден баслайды. Яғний қарақалпақтың арғы атасы жайылхан бий, оннан Нағабай бий, Нағабай улы Қарабек улы Жәнибек, Жәнибек улы хайдар, оның улы Алибек улы Ағадил, оның баласы Байәдил.

Бердақтың айтыўы бойынша мал-мулкти айыртып тамға бастырў дәстури сол дәўирден қалған. Тамғалы тәртибиндеги уруўлардың келип шығыўы да тап сол дәўирден қалған. Бул ҳаққында шежереде:

Қолына басқан Қолдаўлы, Жуптан басқан Қостамғалы,
Санына басқан Ашамайлы, Тамғашы қос болған екен.

-деп айтылады да, буннан кейин Ағадил улы Толибай, улы Сарыбай, сарыбай улы, Бәке, Бәке улы Ғулпақ улы томайлар ҳаққында сөз болады да, бул дәўирде пайда болған айрым урыўлар ҳаққында билдириледи.

Бердақ буннан кейин Хожакелди, Хажикелди, Ханкелди, Жанкелди, Султан бийлердиң атын айтады да, бирден Ханкелдиниң улы Қарабас, оның улы Ешнияз улы Ораз аталық йәки Султаның улы Айдос, Майбас-деп бирден Сирге келип қалады.

Бирақ бунан кейин Хорезимдеги Қоңырат сулаласының ханларын сөз етеди. Сол тийкарда ол XVIII-XIX әсирдеги Хийўа ханлығынан сөз етеди. Бердақ буннан кейин шежереде қарақалпақ ҳаққында да сөз етеди. Олардан Досан, Ерсай, хожаназар, Айдос,ҳ.б батырлар ҳәм бийлер тилге алынады. Бердақ шежересиндеги фактлердиң көпшилиги исенимли. Бирақ

та онда дәўирдиң храналогиясы сақланбаған. Соның ушын гейде ҳәр қыйлы дәўир адамлары да араласады.

Жуўмақлап айтсақ, шежере жазыў дәстурында тарийхий фактлер менен фольклорлық дәреклер (аңызлар, мифлер, ҳәр қыйлы әңгимелер ҳ.т.б. араласып жүреди. Деген менен, шежерелер халық тарийхының көп тәреплерин ашыўға жәрдем береди. Бердақтың "Шежере" шығармасын тарийхшылар қарақалпақ халқы тарийхының бир дәреги сыпатында баҳалайды.Соның менен бирге, шежере-Бул әдебий-көркемшығарма. Онда ҳәр қыйлы дереклер, мағлыўматлар көркем тил менен,көркем образлар менен бериледи. Демек шежере өзиниң мазмунлық ҳәм көркемлик өзгешеликлерине ийе әдебий жанр. Қарақалпақлардың ҳәр бир урыўының (аўзеки) шежереси болған, ол атадан балаға өтип барған. Бердақ қарақалпақ урыўларының аўзеки шежерелерин, тәртиплестирип жазба көркем тил менен баянлаған, яғний түсирген, нусқа етип қалдырған. Олар белгили бир идеяға бағдарланып, мазмунын күшейткен. Бирақ "Шежере"синиң баслы идеялық мазмуны қарақалпақ халқының өтмиши, оның халық сыпатында басқа халықларарасында тутқан орны, келешектеги тағдири болып есапланады. Бердақ "Шежере"си-XIX әср қарақалпақ әдебиятының бийик шыңларының бири.

«Амангелди» поэмасы

Амангелди қарақалпақ аўзеки әдебиятында ҳәр турли аңыз, гурриңлерде үлкен орын алыў менен қатар қарақалпақ шайырлары дөретпелериниң сүйикли бир қаҳарманы болған батыр.Бердақтың "Амангелди" поэмасы тематикасы халықтың ар-намысын қорғаған Асан ҳәм Амангелди сыяқлы батырлардың ислерин жырлаўдан ибарат.

Шығармада сөз етилетуғын Қудайберген улы Асан бий ҳәм Амангелди батыр тарийхта болған адамлар.

Шығармада төмендеги тарийхый ўақыялар сөз етиледи:

Қарақалпақлардың биразы Сырдәрья бойын жайлап жүргенде XVII-XVIII әсирде Қоқан ханына пуқара болып жасаған. Сол ўақытта бир қатар қарақалпақлардың жол баслаўшысы ҳәм батыры Қудайберген улы Асан бий деген болған. Қоқан ханы өзиниң ҳәреми ушын халыққа қыз салығын салған. Ханның берген бул буйрығына Асанның ызасы келеди. Халық та, Асан да бул буйрыққа пүткиллей көнбейди. Қоқан патшасы өз буйрығын орынлатыў ушын Асанды азаплайды. Асан қандай азап болса да көнеди, бирақ халықтың намысына тийетуғын буйрыққа қарсылық билдиреди. Хан оны дарға асып өлтиреди. Асан өлтирилгеннен соң қарақалпақлар бүлинип, Қоқан патшасының қараўынан көшип, Жаңадәрья бойына кетеди. Қарақалпақлар Асаннан айырылғанына көп қыйналады. Қоқан патшасынан Асанның қанын алғандай батыр жигит болса екен деп әрман етеди. Соңынан Амангелди батыр қарақалпақ халқының ерки ушын Қоқан патшасының дарына астырылып өлтирилген Асанның қанын алады. Асанның орнына ханды гелле қылады.

Шығарма усы тийкарғы ўақыялар менен қатар Амангелдиниң басқа да саўашларда қатнасып, өзиниң батырлығының арқасында өз заманласлары арасында үлкен даңққа ийе болғанлығы, достына сүйеў болып, душпанын қорқынышқа салғанлығы сөз етиледи.

Асан өз халқының намысын жоқары санайды, өзиниң халық перзенти екенлигин түсинеди, халықтың мәпи ушын гүресиўди ең ҳүрметли ис деп биледи. Буны Бердақ былайынша гүрриң етеди:

Қоқан ханы қылды зорлық,
Қыз соратып берди қорлық,
Асан көрсетти дуғымлық,
Жылатпайман елди,-деди.

Сөзинен қайтпады Асан,
- ″Қыз аларсаң өлсем қашан,
Ўатан болмас бизге Қоқан,
Сен шуўлаттың елди″,-деди.

- ″Қарақалпақ бермес қызын,
Ҳәммеси де мениң қызым,
Тийдирмеспен тириде өзим″-

Деп Асан ер Қоқан келди.

Асан ханнан қорқып, сескенип яки ханның алдында алатуғын абырой ушын елди жылатқысы келмейди, ел ары деп, халық намысы деп жан береди.

Асандағы жоқары адамгершилик сезим, ел қорғайтуғын азаматлық қәсийети, мине усындай.

Амангелди де Асанның типиндеги адам. Ол елдиң ойға алған әрманын-Асан ушын Қоқан патшасынан кек алыўды орынлаўшы болып майданға келеди. Жас ўақтынан-ақ елди, халықты өзиниң изине ерте билетуғын батыр жигит болды. Амангелди де Асан сыяқлы өз өмирин халық ушын бериўге таяр туратуғын батыр.

Шығармада Бердақ шайыр Амангелдиниң шығысын, оның айрықша ер жүреклигин, батырлығын үлкен мақтаныш пенен, йошлы қатарлар менен сүўретлейди.

Амангелди Түркстанда, Ләшкер тартып атланғанда,
Ҳәмир етсе бир заманда, Бөлек-бөлек думан келди.

Оның бул қәсийетине Қоқан патшасын өлтириў ушын бел байлап, тәўекел етиўиниң өзи дәлил. Себеби, сонша күшке, қуралға йие болған ханды өлтириў деген әйтеўир нәрсе емес, бунша күшке қарсы атланған адамның көз алдында өмирден бурын өлимниң елеслейтуғыны даўсыз. Олай болса, Амангелдиниң сондай жолға атланыўы-усы атланыстың халық мәпи, халық намысы ушын кереклигин аңлаўында ҳәм халық ушын жеке басына келетуғын қандай қәўип болса да қайыл болыўында деп түсиниў керек.

Усыны ескерткен шайыр, жигитлердиң намысына тийетуғын өткир сөз бенен:

Амангелдидей батырға,
Барып ханнан қан алмаға,
Гелле кесип, жан алмаға,

Қай биринің шаман келди?
Астырды дарға Асанды,
Ел деп Асан берди жанды,
Оны қуртқан залым ханды,
Гелле қылды Амангелди,
Қайтпады бектен ҳәм ханнан,
Кешерлер шийрин жанын,
Амангелдиниң қолынан,
Қутылмағы гүман болды…-

деп көрсетеди. Жигитлерди Амангелдидей болыўға, қара басын бағып халқына қайыр тийгизбей жүрместен, халық еркин қорғаўға бәрҳа таяр турыўға шақырады.

″Амангелди″ поэмасы өзиниң көркемлилиги, образларының өткирлиги жағынан тарийхый шығармалар ишинде белгили орын тутады.

″Айдос баба″ поэмасы

Айдос бий XVIII әсирдиң ақырында ҳәм XIX әсирдиң басларында өмир сүрген белгили тарийхый адам.

Айдос бий қарақалпақ халқы Түркстаннан Хорезмге көшип келген ўақытлардағы өз урыўының атақлы адамларынан болып, оған Хийўа ханы Муҳаммед Әмин инақ тәрепинен бийлик ҳәмели берилген, соңын ала ханның ҳәр тәреплеме қуўатлаўы арқасында пүткил қарақалпақлардың, айрықша қоңыратлылардың басқарыўшысы дәрежесине көтерилип, ел арасындағы ҳәр түрли тартыс-даўларды өзинше шешип отырған, өзиниң ҳүкимин жүргизген. Айдос бий Муҳаммед Раҳим хан (1806-1825), Аллақул хан (1825-1842-жыллардағы Хийўа ханы) дәўириндеги ҳүрметли ҳәм қәдирли адам болып жүреди. Хан оның менен ″бий баба″ деп сөйлеседи, сыйлықлар берип, ҳүрметлейди.

Хийўа ханлары урыў басы феодаллардың абыройын көтерип, урыўлық қатнастың қалдығын беккемлейди. Ханның салғырт ҳәм

алымларды жыйнайтуғын жарлықларын өз ўақтында тез орынлаў ушын тийкарғы өндирис қураллары жер, мал-мүлк урыўдың атына есапланған. Усыған байланыслы салықлар урыў атына салынған. Ол салғыртларды шаңараққа урыў басылары бөлген. Қарақалпақ бийлери ҳәм салық жыйнаўшылары тәрепинен түскен салғырт көлеми тағы да арттырылып өндирилди. Буның үстине ″шарап пулы″, ″кесир пулы″ сыяқлы толып атырған салғыртлар төлетилген. Өндирис қураллары, жер, мал-мүлк урыў атына есапланса да, оны тийкарынан сол урыўдың бий, кәткудалары, байлары, дин ийелери пайдаланған. Сөйтип, салғыртлардың аўырманлығы мийнеткеш халықтың мойнына түскен.

Бул жағдайлар қарақалпақ мийнеткешлириниң экономикалық турмыс дәрежеси жағынан адам шыдамаслық дәрежеде төменлеўине алып келген. Бул аўыр салғыртларға, күшли езиўшиликке шыдамаған қарақалпақ халқы өз азатлығы ушын тез-тез көтерилис жасап турған.

Усындай көтерилистиң биреўи 1827-1828-жылларда болып өтеди. Көтерилис дәслеп қарақалпақтың қытай урыўының арасында басланады. 1827-жылы жазда гезектеги салғыртты жыйнайтуғын ўақытта қытай урыўы Хийўа ханының салғырт жыйнаўшыларының жүўенсизлигине қарсы шығады.

Қытайлардың көтерилис Қоңырат урыўы тәрепинен қуўатланады. Булардың басында Айдос бий турады.

Айдостың көтерилиске қатнасыўы қарақалпақлардың сиясий басқарыў тәртинен туўған аўыр салғыртлар себепли емес, ал Хийўа ханының салық жыйнаўшылары тәрепинен қарақалпақ ҳәкимлериниң де мәпине зыян келтиргенликтен болады.

Көтерилистиң барысында Айдос бий өлтириледи, оның тәрепдарларынан бир бөлеги қашып қутылады да, бир бөлеги хан нөкерлериниң қолына түсип, Хийўаға жибериледи.

Усы тарийхый ўақыяларды сүўретлеген Бердақтың ″Айдос бий″ поэмасының мазмуны төмендегише:

Айдос бий қарақалпақлардың мол салық жыйнап, оны хан менен бөлисип, жақсы дәўран сүрип жүреди. Хан әмелдарларын мисе тутпайды. Хан әмелдарларына оның бул жағдайы унамайды. Олар Айдосты ханға жаманлап, еки араға от салады. Айдос бурынғы шәўкетинен иззет-ҳүрметинен айрылады. Бул аўҳалға ызасы келген Айдос баба халықтың ханға, оның салық сиясатына наразылығын пайдаланып, халықты ханға қарсы көтереди. Бирақ көтерилис жеңиледи, Айдос өлтириледи. Бул жағдайды Бердақ төмендегише береди:

Ханға болмады пуқара,
Қарсы болды бара-бара,
Жоқдур өлимге ҳеш шара,
Шейит өлди Айдос баба.

Бердақ шайыр Айдостың алдаўшылық пенен қолға түскенлигин, соның менен бирге Хийўа ханының алдаўшылық сиясатын да көрсетеди:

″…Еки араға түсти гийне, Айдос деген уллы киси,
Ханның инамы бир ийне, Ақыры кетти қолдан күши,
Айдос бийге қылып ҳийле, ″Ханның иси-шайтан иси″-
Ғапыл болды Айдос баба. Деген екен Айдос баба″

Бул жағдайлар шығармада үлкен шеберлик пенен көрсетиледи.

″Айдос бий″ шығармасында шайыр Айдостың ҳәмелпаразлығына, аңқаўлығына қатты күйинеди. Соның менен бирге, пәнт жеген Айдостың көтерилис шығарып, оны басқарыўын қуўатлайды. Дурысында да, Айдостың соңғы ҳәрекети Бердақтың ойлаған ойы менен жақын еди.

Бердақтың ″Айдос баба″ поэмасы-XIX әсир басларындағы қарақалпақ халқының тарийхый турмысын көрсететуғын жоқары көркемликке ийе шығарма. Ондағы образлар, сүўретленген ўақыялар оқыўшыда ой-пикирлер оятады.

"Ерназар бий" поэмасы

Бул шығарманың бас қаҳарманы Ерназар алакөз тарийхта болған Адам. Ол 1856-жыллардағы ХийЯа ханынан қарсы қаракалпак халқының миллий-азатлық гүресиниң басшысы. Ерназар алакөз туўралы халық арасында көплеген аңызлар, гүрриңлер таралған.

Бул поэмада сөз етилетуғын тарийхый ўакыя 1855-1856-жыллардагы қарақалапақ халқының халык батыры Ерназар қолдаўлы басшылығындағы Хийўа ханы тәрепинен салынған салықтың аўырлыгы болса, екиншиден, ең баслысы қарақалпаклар Хийўа ханлығының ҳәлсирегенинен пайдаланып, өз ғәрезсизлигине ериспекши болады.

Бердактың "Ерназар бий" поэмасы усы тарийхый жағдайды өз ишине алыў менен бирге, Ерназар алакөздиң (ол әдебиятларда Ерназар қолдаўлы деп те айтылады) еткен баска да базы бир ислерин қазақ ханы Жанғазыны өлтириўи, ел ишиндеги жалахорды, жөнсиз жасаўыл ҳәм байларға тырнағын батырыўы, ҳәр түрли әскерий ислерди машқ етиў, ел бийлеў менен бирге қус салыў, бедеў миниў сыяқлы жигитлик салтанатлары, өткирлиги сөз етиледию

Шығармадағы ең тийкарғы кеўил аўдарарлық образ Ерназар бий образы. Ерназар бий Бердақтың өмир бойы әрман еткен идеал қаҳарманының бири. Ерназар өзиниң жақсы қәсийети менен оқыўшылардың да дыққатын тартады. Оның халық батыры болып аталыўының себеби де халықтың азатлығы ушын гүрес жүргизип , халықты өз әтирапына топлаў билиўинде .

Бердақ ең алды менен Ерназар алакөзди халықтың бирлиги, миллий ғәрезсизлиги ушын гүрескен батыр сыпатында сүўретлейди.

Ерназар алакөз батыр, қайтпас қайсар болыўы менен қатар, қыйыншылыққа шыдамлы, ҳәр қандай аўырманлыққа муңаймайды.

Аўырлық түскен сайын ондағы ондағы батырлық, душпанға қарсы өшпенлилик ныға түседи. Оның бул сыпатын Бердақ шайыр:

«Хан гүнакар қылғанында, Ҳәм ақ үйли қылғанында,
Бийлигини алғанында, Муңаймады Ерназар бий»

-деп сүўретлейди. Ерназар алакөздиң өзи де халыққа:

«Мени ҳеш ким тилемесин,
Жалынып сорап жүрмесин»-деп үндеў етеди.

Себеби оған - Ерназар алакөздей батырға, душпанның алдында бас ийип, оннан қайырхомлық күтиў өлимнен жаман. Ол қара басының ғамы ушын ар-намысын сатып, душпанның аяғына жығылмайды, адамшылық ҳүжданын жоқары услайды, жаўға жалынып жан сақлағаннан гөре, гүресип кек алыў керек деп есаплайды. Халықтың күшине, өз күшине, келешегине исеним менен қарайды.

Ерназар бийге халықтың жоқары исеним менен қараўының тағы бир себеби-ол халық душпанлары менен ҳеш қандай келисимге бармайды, халықтың ғәрезсизлиги ушын гүреседи. Ол халқын сүйеди, халқы ушын гүреседи, халқы менен бирге халықтың ғамында болады. Халық пенен усындай тығыз байланыста болған Ерназар батыр халқын қаншелли сүйсе, душпанын тсоншелли жек көреди, оларға рейимсизлик пенен қарайды.

Ерназар образы-Хийўа ханы ҳәм оның үстемлигин жек көрген, азатлық ушын гүрескен халық образын сәўлелендиреди.

Бердақ өз шығармасы ушын:

«Гөруғлы бектей ер еди, Толы журттың дәркары еди,
Қатарда қоса нар еди, Шейит болды Ерназар бий»-

деп питкереди.

Бул Бердақтың ғана сөзи емес, ал Бердақты өсирген халықтың да сөзи, сүйикли перзентине берген баҳасы.

Шайыр Ерназар батырға өз тилеклеслигин билдирип, оның ерликлерин көтериңкилик пенен жырлай отырып, сатылған бийлерге жек көриўшилик пенен қарайды, оларда ар-намыс сезиминиң жоқ екенлигин, қара басын қорғап душпанына хызмет ететуғынлығын, өз мәпи ушын халқын сатып, ҳәттеки халқына қарсы қанлы террор жасаўдан да шимиркенбейтуғынлығын әшкаралайды. Ерназар бий өлсе де, оның ерлик исин даўам еттиретуғын талай-талай ел перзентиниң шығатуғынлығын шайыр зор исеним менен жырлайды.

Поэмада Ерназар бийдиң еткен ислери қысқаша избе-излик пенен гүрриң етиледи.

Шығармада басқа эпослық дәстанлардағыдай ҳәр түрли қыялый элементлер, тарийхый шынлықтан узақ кететуғын жағдаййлар гиперболалық (асырып) сүўретлеўлер жоқ.. Ерназар қолдаўлы халық батыры, халық көтерилисин баслаўшы болып реал сүўретленеди.

Бердақтың «Ерназар бий» поэмасы баҳалы тарийхый мағлыўматларға толы, халықшыллық , миллий азатлық идеялары менен суўғарылған, жоқары көркемлилик пенен жазылған шығармалардың бири болып табылады.

«Ақмақ патша» дәстаны

«Ақмақ патша» дәстаны Бердақтың үлкен дөретиўшилик табысы болыўы менен бирге, қарақалпақ әдебиятының ең ири естелиги болып есапланады.

Ол өзиниң гүресшеңлик идеялылығы менен әдебият тарийхында үлкен орын ийелейди. Дәстанның бул әҳмийетин Бердақтың өзи де коре билген:

Бийкар кетпесин сөзим деп, Алтын ҳәр бир айтқан сөзим,
Жоғалған ўақта көзим деп, Сөзим емес, олдур өзим,
Дәстандағыны өзим деп, Жумылғанда еки көзим,

Бул қыссаға кеўил бөлдим. Ҳәр ўақытта турар жайнап.

Қәдиримди ҳалық билер,

Халық билмесе балық билер,

Өлмеген сөзимди көрер,

Ҳәм қәдирлер қолына услап.

Шығармада бир қанша әўладлардың өмири, узақ ўақытлар арасындағы ўақыялар, тутас бир үлкен дәўирди ашып беретуғын ҳәдийселер сөз етиледи.

Дәстанның жазылыў тарийхын Бердақ шайырдың өзи төмендегише түсиндиреди:

Қарасам жасым жетипти, Көп жыллар ойлап жүрген соң,

Тис түсип исим питипти, Жақсы жаманды билген соң,

Жигитлик бастан өтипти, Жасым еллиге келген соң,

Геўгим тартып ояқ-буяқ . Көп ойланып к54ил бердим.

Шығармада гүрес идеялары, Бердақтың ханлық системаға көз-қарасы айқын көрсетилген. Дәстанның кириспесинде Бердақ бул шығарманы қанша ўақыт жазылғанлығын, шығармадағы ўақыялардың қандай алынғанлығын, сол дәўирдеги халық турмысын избе-из баян етеди. Бул мағлыўматлар шығарманың жазылыў тарийхын, шайырдың дүньяға көзқарасын, уллы шайырдың дөретпелериниң халық дөретпелери мене байланысын анықлаўда биз ушын үлкен әҳмийетке ийе.

Биз соз етип отырған "Ақмақ патша" дәстаны халықтың аңызы тийкарында

жазылған. Бердақтың өзи бул туўралы:

Қолыма дуўтар алғанда, Оқып шықтым қайта-қайта

Ақдәрья бетке барғанда, Жүрдим оны айта-айта,

Бир қыссаны оқығанда, Көп ойландым, деппе қәте,

Бир ўақыя көрген едим. Тарийхын билмеген едим.-

деп жазады.

"Ақмақ патша" дәстанында Бердақтың гуманистлик, демократиялық идеялары, көзқараслары кең ҳәм өткир сәўлеленеди. Шығарманың тийкарғы идеялық мазмуны езилген халықлардың арзыў-әрманлары менен тығыз байланыслы. Шығарманың баслы қахарманлары Гүлим ҳәм Гүлзар, Зәриў образлары арқалы Бердақ халықтың жақтылыққа умтылыў тилеклерин сөз етсе, екинши жағынан, Ақмақ патша ҳәм оның жәлладларының образы арқалы ханлық дүзимди, ол дүзимге тәхн ҳәр түрли жыртқышлық ҳәм езиўшиликти әшкара етеди.

Өзиниң зулымлыгы менен аты шыққан патша елден қыз жыйнап, перзентсизлигин бәнелеп, халыққа қатты қысым көрсетеди, елден сулыў қызлар жыйнайды. Соныңдай қолга түскен кызлардың бири жас Гүлим болады. Шығарма Гүлимниң көрген азаплары, Гүлзардың туўылыўы, әңгимелерин ишине алып, композициялық жақтан шебер шебер қурылыўы менен ең акырында патшанын кысымына шыдамаған халықлардың бас көтерип, Ақмақ патшаны өлтирияи менен тамамланады. Өз дөретиўшилиги даўамында әдилликтиң, ҳаял-қызлар теңсизлигиниң жыршысы болған шайыр бул шығармасында өз еркин қорғаўға уқыплы ҳаял-қызлардың образын жасады.Шығарманың кейнинде халық зулым Ақмақ патшаға қарсы шығып, мийримсиз ханды өлтирип, бахытлы турмысқа ериседи. Мине, усы идея "Ақмақ патша" шығармасының тийкарғы идеялық мазмунын қурайды.

Шығарманы оқыганда ең алды менен оқыўшының көз алдында туратуғын Гүлим образы. Бердақ Гүлим образын ҳәр тәреплеме толық бере билип, оған ең жақсы адамгершилик сыпатларды жәмлеген. Бул сыпатлар мәртлик, ақыллылық ҳәм зийреклилик, ата-анага мийирбанлық шыдамлылық, тапқырлық ҳәм т.б. болып есапланады.

Гүлим ең жоқары адамгершилик қәсийетке ийе. Жас ўақтынан баслап турмыстың барлық қыйыншылықларынкөрген жетим қыз үлкен

парасатлылық пенен ғарры әкесин қәдирлейди. ҳәм оның ең жақын жәрдемшиси болады. Егер де буған Гүлимниң мийнет сүйиўшилик қәсийетин қосып айтсақ, ол Бердақтың ең идеал қаҳарманларының бири болып көзге түседи.

Гүлимниң ер жүреклилиги ҳәм мәртлиги қыз излеген жаўшылар келген ўақытта мәлим болады. Ол анталаған душпаннан қайтпастан өзиниң барлық күшин жыйып, жаўшыларға қарсылық көрсетеди. Биринши сапар қолға түспейди, қолға түскеннен кейин патша алдында Гүлим мийримсиз ханға ҳеш тартынбастан, оның уятсыз ҳәм арсыз екенлигин бетине басады:

Қарамадың жағдайыма, Зорлық еттиң жас жаныма.
Қара тиктиң маңлайыма, Тоймадың қызыл жаныма,
Қысым еттиң жас жаныма, Олардың келип мойнына,
Мийрими жоқ сур екенсең. Нақ сур жылан сен екенсең.

Бул исиң сениң ханлық па?
Кимлер шыдайды бул дыққа,
Ўайранлар салдың халыққа,
Хан емессең қанлы аўызсаң.

Гүлим өткир ҳәм ашшы сөзлер менен ханды әшкара етеди. Қыздың бул ҳәрекети, өзиниң адамгершилик қәсийетин жоқары услаўы шайыр тәрепинен оқыўшыларға үлги болады.

Гүлзар ҳәм Әнар образларында да Бердақ өзиниң тийкарғы идеясын көрсеткен. Гүлзардың патшаға айтқан сөзинде биз және бир мәртебе ханның мийримсизлигин, зулымлығын, ақмақлығын көремиз.

Дәстанда шайыр ханның ипласлығын ҳәр тәреплеме әшкаралаў менен бирге, Гүлзардың ержүреклилик сыпатын әдиўлеп көрсетеди.

Ақмақ патшаның қанлы тырнағына илинген қырық бир ҳаялдың жақсылық ислерине жәрдем бериўши Зәриў деген жигит те оқыўшының айрықша сезимин оятады.

Дәстандағы унамсыз типлердиң қатарына Ақмақ патшаның өзи ҳәм оның әтирапын орап алған ўәзирлери менен жәлладлары жатады.

Булардың барлығына жәрдем бериўши ҳәм руўхландырыўшы Ақмақ патшаның өзи. Ақмақ патшаның халыққа еткен қысымын мына қатарлардан айқын көремиз:

Қысылды халық азаптан, Халық көнбеди зорлыққа,
Әдиллик таппай патшадан, Бәрҳа түскен соң тарлыққа,
Жермен көбейди жән-жақтан, Шыдамады бул қорлыққа,
Көп жанларды қыйған екен. Ҳәмме күшин жыйған екен.

Жылға-сайға ақты қанлар, Қарсы шыққанын өлтирди,
Қыйылды гүнасыз жанлар, Табанларын тилдирди,
Отқа қарылды мыңсанлар, Үш ағашына илдирди,
Темир тамга басқан екен. Халық шуўлап шыққан екен.

Ақмақ патшаның улыўмаласқан образы арқалы Бердақ сол дәўирде Хийўа ханлары ушын характерли болған жыртқышларды оқыўшының көз алдына елеслетеди. Өзиниң зулымлығы ҳәм мийримсизлиги жағынан атасынан озып түскен Ақмақ патша барлық орында халық қә ҳәрине ҳәм жек көриўшилигине миясар болып, оған тек адамлар ғана емес,ҳайўанларға шекем нәлет айтады. Ақақ патшаның иплас тилегин орынламағаны ушын өз қызы Гүлзарды ийтлердиң алдына таслағанда, оны жеў былай турсын, қайта патшаға ийтлер нәлет айтады:

Апарып ийтке таслады, Нәлет болсын ақмақ патша,

Ийтлер ҳеш зиян қылмады, Өз қызын алар болар ма?

Қуйрығы менен сыйпады, Гүнасыз жанды қыйнап бунша,

Қызды көп аяған екен. Мениң алдыма таслар ма?!

Бул қатарлар арқалы Бердақ патшаның нағыз ҳарамы, өз перзентине ҳайўаннан бетер мийримсиз екенлигин көрсетеди.

Ақмақ епатшада адамгершилик дегеннен ҳеш қандай нышан жоқ. Ол тек ғана қара басының ўақты хошлығын мақсет етеди. Шайыр оның барлық исин ҳәм минезин ғәзепли жек көриўшилик пенен сүўретлейди. өз тилегиниң көриниси сыпатында оны қорлықлы өлимге дуўшар етеди.

Хийўа ханлары бийлеген дәўирдиң шынлығын жақсы билген, халықтың аўыр турмысы, үстем топарлардың қысыўмети бәрҳама көз алдында турған уллы гуманист шайыр өзиниң "Ақмақ патша" дәстанында сол дәўирдиң шынлығын ҳеш қандай тартынбастан сүўретлейди:

Қайғы болып ханнан сыйы, Сол хорлық азап арылмай,

Қазан киби қайнап мийи, Залымның таңы тарылмай,

Ишерге тамақ, жоқ үйи, Қара булт қаққа жарылмай,

Сансыз халық посқан екен. Бул заманға жеткен екен.

Бул қатарларды оқығанда халыққа езиўшиликтиң нешше жеркенишли түрлерин қолланған Хийўа ханларының образы барлық шынлығы менен көзге түседи.

Бердақ шығармаларының тили

Улыўма Бердақ шығармалары оғада жай халық тили менен жазылған. Бул ең алды менен оның жоқарыда сөз еткен «Ақмақ патша» дәстанына тийисли.

Өз халқының тил байлығын пухталық пенен ийелеген шайыр басқа шығармаларындағыдай-ақ бунда да ең жақсы сөз маржанларынқолланыў арқалы жоқары дәрежели көркемлиликке ерискен. Ол өзиниң ҳәр бир айтайын деген ойын эпитет, теңеў, гипербола, антитеза, метафоралар арқалы сүўретлейди. Булардың бәри халық уғымынан алынған болып, турмыстағы тийкарғы ҳәдийселер менен тығыз байланысқан.

Шығарманың унамлы қаҳарманларының атларының өзинде де үлкен мәни бар. Мысалы: Гүлим, Гүлзар, Әнар ҳәм т.б. Мысалы:

« Дүньяның жүзи тар болды, Кеўли хош емес, зар болды,
Жаз-күни қыс, қар болды, Десип Гүлзар қойған екен»-

деп түсиндиреди шайыр Гүлзарға ат қойылыўын.

Шығарманың қосық қурылысына келсек, көбинше 1-2-3-қатарлар бир уйқасып, төртинши қатар өз алдына бөлек туратуғын («аааб») қосық түринен ибарат. Булардан басқа биринши ҳәм үшинши, екинши ҳәм төртинши қатарлары уйқасып келетуғын түрлери де бар:

Алып елден арыў таңлап,- а Қырық бир сулыў алып сайлап, -а
Оймақ аўыз, қумар көзден,-б Бар ма мендей болып өткен?! –б

Буннан басқа да ҳәр түрли аралас уйқасықлар да ушырасып отырады.

Дәстан тийкарынан алғанда жети, сегиз, буўынлы қосық түри менен жазылған. Дәстанда бундай уйқаслар менен бир қатарда өз-ара қатар ишинде уйқасып келетуғын ишки уйқаслар да ушырасады. Мысалы, «Адам өлди, қан төгилди…» ҳ.т.б.

Өзлериниң кейнинде өлмес мийрас қалдырған уллы жазыўшылардың қайсысы болса да өз халқының әдебий мийрасларын

тереңнен үйренген, шығармаларында жақсы пайдаланған.Қарақалпақ халқының көркем сөз зергерлериниң бири ердақ шайырдың дөретпелери халық поэзиясы менен тығыз байланыслы. Халықтың нақыл-мақаллары, аныз сөзлери шайырдың шығармаларында көплеп ушырасады. «Ақмақ патша» дәстанында, шайырдың басқа поэмаларында, лирикалық қосықларында халықтың аңызлары, мифлери, халық юморы, басқа да сүўретлеў қураллары шеберлик пенен пайдаланылған.Оның барлық шығармалары жай қарапайым халық тили менен жазылған. Бул жағдай Бердақ шығармаларының улыўма бағытына ҳәм характерине шешиўши тәсир тийгизген, уллы шайырдың шығармаларының халық арасынан кеңнен таралып, бизиң күнимизге де жетиўи көп жағынан усыған байланыслы.

Бердақтың шығармаларында тәбият лирикасы, юмор ҳәм сатира, сиясий лирика көп ушырасады.

Булардың тилин шайыр сол шығармалардың сыпатына қарай таңлаған. Шайыр халықтың сөз байлығын кең түрде өзлестирип, өзиниң көпшилик сүўретлеў қуралларын усыннан алған. Оның қосықларындағы ушырасқан нақыл-мақаллардың бир бөлеги аўыз-еки халық дөретпесинен алынған болып, бир бөлеги шайырдың өзиниң бай турмыс тәжирийбеси тийкарында дөретилген. Бердақтың қосықларында формасы, мазмуны өзлестирилмей алынған нақыллар коп ушырасады: «Ердиң өзи өлсе де, сөзи өлмейди», «Жигит қанаты ат болар», «Бөри арығын билдирмес».

Соның менен бирге, шайыр өзиниң бай турмыс тәжирийбеси тийкарында да көп афоризмлер ойлап шығарған. Мысалы: «Жумыс исле туўылған соң ел ушын, Жаныңды аяма елде ер ушын..», «Парқы болар сөз дегенниң», «Қолыңды үзбе елаттан»,«Басыңды қос жақсы досқа», «Адам баласында болсын ар-намыс» ҳ т.б.

Бердақ шығармалары сөзлик қурылысының екинши дәреги шығыс әдебиятынан кирген сөзлер.

Бердақ шығармаларында қолланылған көркемлеў қураллары ҳәр түрли. Олардың ишинде ең көп ушырасатуғын теңеўлер қарақалпақ тилинде көбинесе, түбир сөзлердиң кейнинен «тай-тей», «дай-дей», «ша-ше», суффикслери жалғаныў менен жасалады. Буларға қоса «меңзер», «киби», «сыяқлы» , «яңлы», «қусап» деген сөзлердиң жәрдеми арқалы да теңеў дөретиледи. Теңеўлерде қандай болмасын, бир заттың белгиси екинши бир затқа мегзетилип, соның менен салыстырылып баян етиледи. Усы қағыйда бойынша қарағанымызда Бердақ шығармаларында теңеўлердиң ҳәр түрин ушыратамыз: «Лашын киби көкке ушып, Нар қусап шайнасты бүгин», «Жигит болсаң арысландай туўылған»

Шайырдың шығармаларында тутас түринде дизбеклесип ушырасатуғын теңеў де көп. Бул онын -«Халық ушын», «Көринди», «Заманда» қосықларына оғада характерли. Шайыр теңеўлерди қалай болса солай ала бермейди. Олардың ҳәр қайсысының дәлме-дәллигине қарай қолланады. Мәселен, халықты езген залымларды шаянға, уўлы жыланға теңейди. Ақыллы ҳәм парасатлы адамлардың образын бериўдехалық уғымындағы ең жақсы сөзлерди қолланады.

Бердақ эпитетлерди де көп қолланады. Эпитетлер аўызеки халық дөретпелеринде де көп ушырасады. Мысалы: «қара», «ақ» «сары» «қызыл» - аўызеки халық дөретпелериндеги турақлы эпитетлер. Эпитетлер қандай болмасын бир заттың айрықша белгисин көрсетиў ушын қолланылады.

Бердақтың қосықларындағы эпитетлерге мысаллар: «**Қара думан** қашан кетер», «Жабыққан **қара күнлерим**», «Кеўил деген **қызыл гүл**», «Сөйлесе сайрар **қызыл тил», «**Менде болды ең **жүйрик тил»** ҳәм т.б.

Көркемлеў қуралларының бул түрлеринен басқа Бердақта көбирек метафоралар ушырасады.

Метафоралар өзиниң түри жағынан теңеўге жақын турады. Теңеў сөзлердиң кейниндеги суффикслерин алып тасласақ, олар көпшилик орынларда метафораға айланып кетеди. Метафоралар теңеў сыяқлы бир затты екинши затқа уқсастырып отырмайды, ал бир-бирине уқсаслығы жақын болған еки заттың қатнасы кесип айтылады.

Бердақтың қосықларындағы метафораларға мысаллар: «Тарт қолыңды геллең кетер, Деди **арыслан Ерназар бий**», «**Жигитлик** деген **нар** екен, **Ғаррылық** деген **жар** екен»

Ирония, сарказм әдебияттағы ең күшли сүўретлеў қуралларынан есапланады. Ирония астарлы түрде мысқыллаў, ызғарлы күлиў, сарказм ирониянын ең жоқары түри. Бердақтың юмор-сатиралық қосықларында ирония ҳәм сарказм көп ушырасады.

Зийнети соныңдай артты, …Үфик мәҳрем бежит жүриң,
Қонақларын дым жарытты, Жолың жуўық па, жырақ па?
Онбес ара табақ тартты, Минипсең жылдырым оқты,
Несийбе сол болған екен. Ат па, ешек пе, пырақ па?

Онбес ара табақ тартқанда адамлардың аўқатқа жарымай қалатуғыны белгили. Бирақ шайыр «Қонақларын дым жарытты» деп той ийесин мысқыллап тур.

Сарказм иронияға қарағанда өткирлесип бериледи. Мысалы, шайырдың «Билесең бе» қосығы сарказмге жатады.

Бердақ шығармаларының қосық қурылысы тийкарынан алғанда жети-сегиз ҳәм он бир буўынлы, төрт қатарлы қосық түри менен жазылған. Шайырдың айырым шығармалары жыраўдың айтыўына қолайлы жазылған.

Сегиз буўынлы, төрт қатарлы қосыққа мысал:

Пар-қы бо-лар сөз де-ген-ниң, Хал-қың бол-сын из-ле-ге-ниң,
Ныр-қы бо-лар бөз де-ген-ниң, Сон-да дәў-ран сүре-дур-саң.

Жети-сегиз буўынлы қосықларға мысал:

Айдос бий қашты деген соң,
Хийўадағы шайтан хан,
Узағына хат жоллап,
Жақынына ат жоллап,
Гернай қоймай тарттырып
Дабылын қоймай қақтырып
Әскер қоймай жыйдырып…

Бердақтың шайырлық даңқы. XIX әсирдеги қарақалпақ әдебиятының айрықша танылып жоқары бәлентликке көтерилиўи Бердақ шайырдың дөретпелери менен тығыз байланыслы. Соның ушын да ол қарақалпақ әдебиятынны уллы шайыры, терең ойшыл гуманист болып есапланады. Бердақ шайырдың дөретпелеринде қарақалпақ халқының турмысы өзиниң кең ҳәм көркем сәўлениўин тапты.

Уллы демократ шайырдың шығармалары республикамызда бир нешше мәртебе басылып шықты, сондай-ақ Бердақтың таңламалы шығармалары рус, өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен ҳәм басқа да тиллерде өз алдына китап болып баспадан шықты. Буның бәри уллы шайырға деген терең халық сүйиўшилигин көрсетеди. Бердақ қазақтың Абай, түркменниң Мақтымқулы сыяқлы шайырларындай Орта Азияның жарық жулдызларының бири.

Бердақтың дөретпелерин изертлеўшилер, оның шығармалары туўралы пикир айтқан белгили илимпазлар оның шығармаларының баслы белгиси халықшыллық демократизм ҳәм жоқары көркемлик екенлигин атап көрсетеди.

Соңғы дәўирде талантлы халық шайыры Садық Нурымбетов өзиниң "Бердақ " (1950-жыл) поэмасын жазды, ал Жолмырза Аймурзаевтың "Бердақ" пьесасы театр сахналарында қойылмақта. Бизиң республикамызда Бердақтың атына университет, мектеплер, көшелер

қойылған, ең жақсы көркем ҳәм илимий шығармалар ушын республикалық Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлық белгиленген.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Бердақтың реалист шайыр екенлигиниң тийкарғы белгилериқандай ҳәм оның қайсы шығармаларында көбирек көринеди?
2. Бердақ жасларга қандай ақыл-нәсият береди, булардың бүгинги күн ушын әҳмийети қандай?

3.Бердақтың өз халқының тарийхына көзқарасы қандай? Ол қандай батырларды әрман еткен? Шайырдың тарийхы темаға арнап жазған тийкарғы шығаврмалары қайсылар?

4. «Ақмақ патша» шығармасын жазыўда шайыр қандай дереклерден пайдаланған ҳәм өз алдына қандай мақсет қойған?

5. Бердақтың қарақалпақ әдебиятында тутатуғын уллы орны нелер менен белгиленеди?

6. Бердақ шайыр туўралы заманлас шайырлардың ҳәм ҳәзирги заман жазыўшылары менен илимпазларының қандай пикирлерин оқыдыңыз? Бул мәселе бойынша өзлериңиздиң оқығаныңызды жәмлеп жазып шығың.

7. «Бердақ шайырдың нәсият қосықлары» деген темада өз бетиңизше шығарма жазың.

Өтеш Алшынбай улы

(1828-1902)

Өтеш Алшынбай улы XIX әсир қарақалпақ әдебиятындағы белгили шайырлардың бири. Шайыр қосыкларында өзи жасап турған жәмийетлик дүзим, турмыс шараятлары, тарийхый ҳәм социаллық жағдайлар ҳаққында әдил пикирлер айтады. Өтештиң бул позициясы оның дөретиўшилигиниң

халықшыллық негизин, демократиялық бағытын белгилейди. Өтеш XIX әсир қарақалпақ әдебиятында күшли сатирик шайыр сыпатында көзге түседи. Оның сатирасы жаманлық, наданлық, сықмарлық, ашкөзлик, менменлик сыяқлы пәс қәсийетлерди, айырым адамлардағы, дин хызметкерлериндеги, әмелдарлардағы еки жүзлиликти ашықтан-ашық әшкаралайды. Өтеш шығармаларында өткир ушырма сөзлер, сарказм, ирония (ашшы мысқыл) сыяқлы сатиралық усыллар шебер ҳәм өнимли қолланылады. Оның сатиралық шығармалары халық арасында тез тарқап, ядқа айтылып жүрген, бақсылар оларды өз репертуарына киргизип, тойларда, жыйынларда айтатуғын болған. Сонлықтан Өтеш жаратқан сатиралык шығармалар оннан соңғы қарақалпақ шайырлары ушын сатиралық образ жаратыўда үлги алатуғын тәжирийбе мектеби болып хызмет етеди.

Өтештиң бир қатар социаллық қосықларында иси менен сөзи, сыртқы көриниси менен ишки дүньясы сәйкес келмейтуғын жөги адамлар әшкараланады. "Нуратдийин", "Шерменде" қосықларында гейпара дин хызметкерлериниң унамсыз ис-ҳәрекетлери, жүрис-турысына, турмыс тәризине ислам шараяты көз қарасынан баҳа бериледи. Өтештиң сатирасына нышана болған молла да Бердақтың "Терис қайтқан" қосығындағы жөги суўпыға усап шәрият жолынан шығап кетеди:

Өтирик ғана оқып қуран,
Ҳәр кимге айттырып ийман,
Үйине алмайды мийман,
Дамолламыз Нуратдийин.
Жас қызларға қолын салып,
Сулыў оның есин алып,
Ҳалын билмей ынтығып барып,
Зордан шыққан Нуратдийин.
Нуратдийин Кабаға кетти,

Баратырып урлық етти,

Жолдан шығып Нуратдийин. ("*Нуратдийин*")

Шайыр тек сүўрети молла, нийети бузық адамды жамийетлик иллет деп биледи ҳәм онын образын әшкаралаўшы сатира менен сүўретлейди. Халықтың тийисли мийнет ҳақысын бермеген сүтхор Изимбетти "шерменде" деп атайды. Қосықта сықмарлық, қайыр-сақаўатсызлық жәмийетлик иллет ретинде сатиралық усыл менен қатты қараланады:

Аларады еки көзиң,

Былшырайды айтқан сөзиң,

Қалай-қалай бул минезиң,

Ҳақысын бергил шерменде.("*Шерменде*")

Халық дөрткен барлық материаллық байлықларды өз қолларында топлап отырған ири мүлк ийелериниң ашкөзлигин, сықмарлығын әшкаралаў шайырдың сатиралық шығармаларының тийкарғы бағдары. "Яңлыды" қосығында өтирик айтып, уў жалайтуғын, тәкаббыр, ўәдесине опасыз, өзинен басқаны ойламайтуғын Ермекбайдың образын сатиралық усылда сүўретлейди. Автор қосықта сонша мал-дүньясы бар бай адамның руўхый азғынлығын минеп-сынайды. Бул адам мал-дүньяның қулы болып, ийман-инсап, қайыр-сақаўат деген инсаныйлық қәсийетлерден журдай болған.

Өтеш шайыр шығармаларында өткен әсирлерде болған ўақыялар менен тарийхый адамлар образы да сүўретленеди. "Өтти дүньядан" қосығында қарақалпак халқының Ноғайлы дәўириндеги, Түркстанда жасаған жыллардағы жаўгершилик, бүлгиншилик турмысы сөз етиледи. Халықтың басын бириктириўге, онын ғәрезсизлигин сақлаўға умтылып, көп ҳәрекет еткен тарийхый адам Ормамбет бий, елди сыртқы топылыстан, ханлардың қысымынан қорғап, халықтың арына шаўып, сол себепли бири жаўдан, бири ханлар қолынан қаза тапқан батырлар Қара Сәтбай, Хожаназар, Хожаметлер мақтаныш пенен тилге алынады. Ал оларға қарсы

халыққа зулымлық еткен Алланғор сыяқлы бийлердиң ис-ҳәрекетлери әшкараланады.

"Өтти дүньядан" шығармасы шежире бабында жазылған. Буны шайырдың өзи де ескертеди. Мысалы, ол қаракалпақлардың түп бабаларының он санлы ноғай екенин, оны шежиреден көргенин айтады. Өтеш өзине дейинги қарақалпақ шайырларының , атақлы бийлериниң , батырларының тарийхын шежире формасында баянлайды.

Оны Өтеш шежиреден көрмишлер,

Соның аз-кем жерин айтып бермишлер,

Ол ноғайды қарақалпақ демишлер,

Бүлгиншилик пенен жүрген дүньяда.

Шығарма уллы классик шайыр ҳәм ойшыл, қарақалпақ халқының сүйикли перзенти Бердақтың өлимине бағышланған. Шығарманың мазмуны төмендегише: Шайыр (лирикалық қаҳарман) уллы Бердақтың өлимин еситип руўхый азапларға гирипдар болады. Бул қайғылы ҳәдийсе лирикалық қаҳарманды терең ҳәм узақ ойларға салады. Қарақалпақ халқы, оның тәғдири, тарийхы, уллы адамлары (бийлери, шайырлары) туўралы узақ ой-пикирлер жүритеди. Усындай қайғылы ой-пикирлерди көркемлеп бериў арқалы автор уллы Бердаққа ҳақыйқый баҳа береди: Бердақ шайырлардың данасы, халықтың сүйиклиси ("Бердақ еди шайырлардың данасы , Сөзине ийилди адам баласы"), халық тәғдири менен Бердақты қосып, онын өлими қарақалпақ халқы ушын уллы мүсийбет екени айтылады.

Өтеш шайырдың мақтаў, тәрийп қосықлары тийкарынан, ҳаял-қызлардың гөззаллығын мақтаўға бағышланған. Ҳаял-қызлардың аўыр турмысын, қайғысын жырлайды, қызлардың ериксиз малға сатылыўын, ҳуқықсызлығын, ески тәртип-қағыйдалардың надурыс тәреплерин қаралайды. Ҳаял-қызлар теңсизлигин гүллән халық теңсизлиги, бахытсызлығы деп түсиндиреди. Сонлықтан:

Заман келсе, бахыт келер қызларға,

Қыс күнлери айланады жазларға,-

деп жазады "Қызлардың" қосығында. Ҳаял-қызларға тек үй–руўзыгершилик шегарасынан қарайтуғын орта әсирлик көз қарасларға Өтеш қарсы шығады. Шайыр ҳаял-қызларды көркем–эстетикалық көз қараслардан баҳалап, оларды гөззаллық, жоқары инсаныйлық идеал сыпатында жырлайды:

Күйгелек киби көзлери,

Шийриннен шекер сөзлери,

Ҳур киби бәҳәр көзлери,

Гүлзийба қыз гүл яңлыды.

Көзи нурдан жаралғандай,

Сөйлесе мийриң қаңғандай,

Көрмегенлер таң қалғандай,

Ләйли-Мәжнүн ҳүр яңлыды.

Тәрийпте Өтеш шайыр сулыў қыздың қәдди қәўметин, көркин, жүрис-турысын, ақыл-ойын көкке көтерип мақтайды. Қосықта ашықлар әрман ететуғын идеал гөззалдың образы жаратылған. Гөззал қыздың портретин жаратыў ушын шайыр фольклорлық сүўретлеўлердиң қәлиплерин мол пайдаланады: күйгелек көзлери, шийрин шекер сөзлери, қасы жайдай, кирпиги оқ, юпқа додақ, бәдени ақ, ҳаўазы сыңғырлаған булақтай, бели сымдай буралған ҳ.б. "Гүлзийба" қосығында шайырдың фольклорлық сүўретлеўге көбирек сүйенгенин көремиз. Бул сол дәўирдеги қарақалпақ халқының көркем-эстетикалық талаплары фольклорға жақын екенлигин көрсетеди. Сондай-ақ шайыр Шығыс поэзиясының көркем сүўретлеў қәлиплерин, дәстүрли образларын кең пайдаланады. Гүлзийба қыз өзиниң сулыўлығы бойынша әпсанаўий Зулайхаға, Зуҳраға, Ләйлиге, Шасәнемге, Шийринге, Гүландамға, Ҳүрлихаға, Қыз Минайымға, Қыз

Жибекке теңеледи. Шайырдың тәрийп қосықлары халық поэзиясының гуманистлик, патриотлық идеялары менен терең суўғарылган.

Шайырдың шығармалары дәслеп "Қарақалпақ халық дөретпелери" деген топламда, 1940-жылы, соң 1948-жылы "Таңламалы шығармалары" баспадан шықты. Соңынан шайырдың "Таңламалы шығармалары" әдеўир толықтырылып, 1962-жылы ҳәм 1978-1988-жыллары қайта басылды. Оның бир қатар шығармалары орыс, өзбек, қазақ тиллерине де аўдарылды.

Омар Сүйирбек улы

(1879-1922)

XIX әсирдиң екинши ярымы XX әсирдиң бас гезинде жасаған қарақалпақ әдебиятының белгили ўәкиллеринен бири Омар Сүйирбек улы. Шайыр өз дөретиўшилигинде устаз шайырлар Күнхожа, Әжинияз, Өтешлердин дәстүрлерин даўам еттиреди.

Омар шайыр қонсы халықлардың арасына барып талап ислеген, санаат кәрханаларында, темир жол қурылысында жумысшылардың арасында хызмет етеди. Бул жагдай онын көзқарасының еле жетилспеген болса да күшли гүресшеңлик сезиминиң шешиўши дереги болады. Шайыр дөретиўшилигиниң тийкарғы өзгешелиги онда, тийкарынан XX әсирдиң басындағы халық турмысы, жалланба мийнет адамларының өмири сүўретленеди.

Шайырдын қосыкларында жалланып ислеўши мийнер адамларының турмысын сүўретлеў тийкарғы тема болды. Бул нызамлы қубылыс еди. Өйткени шайыр жасаған дәўирде жер, суў, дүнья-мал бай хәм әмелдарлардың қолында болып, халықтың тийкарғы бөлеги жалланып жумыс ислейтуғын еди. Езиўшилик күшейип, ел арасында жумыссыз адамлар көбейип, олардың көпшилиги узақ еллерге кетип талап ислеўге

мәжбүр болады. Шайырдың өзи де солар қатарында талап ислеген. Халық арасында сақланып қалған мағлыўматларға қарағанда Омар шайыр Қазалы, Ақмешит тәреплерге (Қазақстанның ҳәзирги Қызыл Орда ўәлаятында) барып темир жол қурылысында жумысшы болып ислейди. Қазақ арасында да болып, байларға жалланып мийнет еткен. Өзи туўылып өскен жеринде балықшылық кәсип пенен де шуғылланған.

"Не пайда?" қосығында өз даяириндеги аўыр турмыстың қыйыншылықлары айқын сүўретленеди. Қосықта шайырдың өмирбаянына тийисли мағлыўматлар менен бирге өз заманының жәмийетлик теңсизлигине, аўыр турмысына болған наразылығы да баян етилген:

Аспаны-зәмийнниң асты қапылып,
Залымларға пулсыз дийхан табылып,
Кеше-күндиз жүрген менен сарсылып,
Бизлерге пайда жоқ байларға пайда.

Етпеди залымлар кеўлимниң хошын,
Жедик бәрҳа байдың дүмпишин, мушын,
Көрсеттилер бизге қолының күшин,
Бул дүньяға шыққаныңнан не пайда?

Бул қатарларда жалланба мийнет етиўши халықтың аўҳалы сүўретленген. Халықтың аўыр турмысты сүўретлеўде арналған "Гүнайым", "Керек емес", "Қайтаман", "Бекпан" қосықларында да тынымсыз мийнет етип, арзвн мийнет ҳақысын да ала алмай қыйналғанлардын дәртин жырлайды. Бирак бул қосыкларында тек шайырдын өзиниң аўҳалын ғана емес, барлык жалланба мийнет адамларының турмысын көз алдымызғы келтиреимз.

Сол дәўирдин жәмийетлик дүзимине наразылық шайырдың "Берермен", "Айтпасам болмас" қосыкларының тийкарғы идеялық

мазмунуын қурайды. "Берермен" қосығында халықты езиўшилерди шаянға, уўлы жыланға теңеў арқалы олардың ҳәдден тыс жаўызлығын көрсетеди:

Адамға мийримсиз шаққан шаянның,
Таңда бир күн өзине азап берермен,
Зәҳәрли, қастыян қара жыланның,
Ордаларын бузып, ойран етермен.
Жерин басып алып, егин еккенниң,
Жазықсыз қыйналып, жанды сөккенниң,
Өзиндейдиң абырайын төккенниң,
Таңда бир күн өзине азап берермен.

Бул қатарларда "мийримсиз шаян", "зәҳәрли , қастыян қара жылан" метафоралары арқалы лирикалық қаҳарманның ишки отлы, ғәзепли сезимлерин береди. Шайыр қосықта жаманлыққа , зулымлыққәа деген жек көрияшилик сезимлерин метафоралық усылда шебер жеткереди.

Халық бирлигин бузып оны постырыўға шекем алып барған байлар, дәслеп Хийўа ханы менен, соң Россия патшалығының басқарыўшылары менен тил табысқан жергиликли ел басшыларының ислери "Айтпасам болмас" қосығында сүўретленген.

Бундай адамлар туўралы шайыр:

Болысқа сайланған томпайып урты,
Салықтан шуўласқан сораған журты,
Жазықсыздан үш ағашты илдирип, Басын жарып табанларын тилдирип,
Алты ай сорап сонша халықты бүлдирип,
Қошымның хорлығын айтпасам болмас.
деп жазады.

Қарақалпак әдебиятында халқын шын жүректен сүйип, юның аўыр турмысына ашынып жырлаған шайырлардың бири-омар Сүйирбек улы. Шайыр көпшилик қосықларында узақ жерлерде талап излеп жүргенде шеккен азапларын, өзелине сағыныш сезимлерин сүўретлейди. Асиресе, шайырдың "Елим" қосығында туўылған елге сүйиўшилик сезимлери оғада тәсирли бериледи. Шайыр халқын, оның жақсы үрп-әдетлерин, дәстүрлерин, қатар-қурбыларын, туўылған жер тәбиятын үлкен мақтаныш пенен тәрийплейди:

үйрек ушып, ғазлар қонған көллерим,
Қатар қонған жаз жайлаўға еллерим,
Тең қурдаслар менен жүрген күнлерим,
Ядыма түсип тур мениң нәйлейин!

Шарқы пәлек кетсе бир күн шарқ урып,
Гүл жүзине гүллер урып барқ урып,
Ел дегенде бағрым кәбап аҳ урып,
Елатым ядыма түсти нәйлейин!

Шайырдың бул қосығы идеялық мазмуны, жанрлық қәсийетлери жағынан Әжинияздың "Еллерим барды" қосығы менен үнлеседи.

Омар шайырдың туўылған жер ҳаққында дөретилген қосыкларында шайыр жасаған дәўирдиң жәмийетлик сиясий турмысы, әсиресе, өз елинен жырақта күнликшилик етип жүрген шайырдың өз елине сағыныш сезимлери, туўған-туўысқанды, дос-яранды қумсаў сезимлери жырланады. "Еллерге", "Қайтаман", "Жаңа суў" қосықлары усындай мазмунда жазылған.

Дузым тартса қайтып суўдан өтермен,
Асықпасам мурадыма жетермен,
Ата-анамыздың жайлаған жери,
Барып Жаңа суўды мәкан етермен.

Бул қосық қатарларында шайыр ҳәр бир инсанға киндик қаны тамған ата мәканның қаншелли қәдирли , уллы екенлигин уқтырады.

Омар шайыр дөретиўшилигинде өзи жасаған даўир сиясаты, әсиресе, ҳаял қызлардың теңсизлиги, ҳуқықлары шекленгенлиги оларға болған өзиниң тилеклеслиги бериледи. Шайырдың "Қызлар" қосығы көркемлиги жоқары, терең лирикалық сезимлерден дөреген.

Қыз күнинде қызыл кийим киймесе,

Өзи теңи менен ойнап күлмесе,

Несип тартып сүйгенине тиймесе,

Әрманың дүньяда шул болар, қызлар.

Шайырдың "Салийма", "Гүлбазар", "Гүлайым", "Әйбийке" сыяқлы қосықлары арнаў тәрийплик мазмундағы лирикаға киреди. Бундай қосықларында сулыў қыздың гөззал келбети, сын-сымбаты, әдеп-икрамы, жүрис-турысы, жоқары адамгершилик пазыйлетлери ҳәр қыйлы көркем формалары, сүўретлеў қураллары арқалы тәрийпленеди.

Омар шайыр поэзиясы халық аўызеки дөретпелери менен тығыз байланысқан. Ол Күнхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш шайырлардың бай әдебий дәстүрлерин даўам еттириўши. Шайырдың шығармаларында халықтың узақ жыллық тәжирийбесинен дөреген нақыл-мақаллар жийи қолланылады. Мысалы, "еситкен қулақта жазық жоқ", "шөмиштиң аласы , тәңирдиң бәлеси" ҳ.б

Шайыр поэзиясы өзиниң рәнберең көркем сүўретлеў қураллары, тил байлығы менен де өзгешеленеди. Әсиресе, шайыр ең көп қолланылатуғын сүўретлеў қуралларынан бири–теңеўлер. Қосықтағы лирик қаҳарманлардың, атап айтқанда қызлардын портретин сызыўда шайыр теңеўлерден шебер пайдаланады. Мысалы,

Жақты нуры әлемдей,

Қасы қыйылған қәлемдей,

Ғәрип ашық шаҳсәнемдей,

Сәўер яр жигитке.

Әлиптей қәўметиң далдай бүгилмиш,

Көзден жасым дәрья болып төгилмиш.

Сондай-ақ айрым унамсыз қаҳарманлардың образын сүўретлеўде де теңеўлер, соның менен бирге метафораларда қолланылады.

Басқа шайырлар сыяқлы, шайырдың шығармалары 30-жыллардын баслап халық арасынана жыйнап, жазып алына баслады. Дәслеп газета-журнал, алманах, жыйнақларда дағазаланады. Соңынан өз алдына китап ҳалында "Қарақалпақстан" баспасынан 1949-жылы (Омар шайыр, "Қосықлар"), 1960 (Омар Сүгиримбет улы, "Таңламалы шығармалары"), 1979-жылы (Омар шайыр "Айырша") басып шығарылады.

XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты

Тарийхый ҳәм мәдений шараятлар.Бул дәўирде қарақалпақ ҳалқы турмысында үлкен тарийхый өзгерислер жүз берди.1880-жыллардың орталарында Россия империясы Орта Азия халықларын жаўлап алыўды баслап, бул сиясий мапазды 1873-жылы Хийуа ханлығын алыў менен жуўмақланды. Усыған дейин Хийуа ханлығығына қараслы болып келген қарақалпаклар да Россия қарамағына өтти.Орта Азияда Қоқан ханлығы сапластырылып Бухара әмирлиги менен Хийуа ханлығы оз бетинше сыртқа сиясат жүргизе алмайтуғын вассал мамлекет лерге айландырылды.Орта Азия халықлары баскарыу орайы. Ташкенте болған.Түркстан генерал губернаторлығына бирлестириледи.оз гезегинде губернаторлық областларға. уалаятларға. бөлимлерге. ояздларға. аўылларға бөлинди. Қарақалпақларда бурынғы бийлер аталықлар институты сапластыпылды. Әмиудәрьяның он жағалығындағы қарақалпақлар Сырдәья уәлаятының Әмиудәрья бөлимине (басқарыу орайы Петро-Александровск ҳәзирги Төрткүл қаласы) сол жағалыгындагы қарақалпақлар Россиянын вассалы Хийуа ханлығына қараслы

болды.Қаракалпақлар үлкесинде өндирис хожалық тарауында айырым озгерислер жүз берди. Төрткүлде. Шымбайда. Хожелиде. Қоңыратта руслар жәрдеминде гейпара санаат кәрханалары кишигирим заводлар қурылды. Қалаларда Россия санаатынын өнимлери турмыста. үй хожалығында бул өнимлер көлеп қолланылатуғын болды.Деген менен бундай озгерисер халықтың социяллық турммысын ҳам мәдений талапларын унамлы шеше алмады.Халықтың төменги қатламы жалланба мийнет адамлары еле де корғаусыз болды.

Бул дәуирдеги қарақалпақ шайырлары усындай тарийхый ҳам адений шараятларда жасады ҳәм дөретиушилик пенен шуғылланды.Шайырлары Сыдық Тоқпан улы (1857-1917) Қазы Мәулик(Мәудит) Бекмухаммед улы(1885-1950). Аяпберген Мууса улы (1880-1936). Сейфулғабит Мәжит улы(1869-1938).Әбдиқадир Бекимбет улы (1860-1930).Омар Сүйирбек улы(1879-1929) усы дауирдин әдебиятының ири тулғалары болды.Олардың шыгармалары терең жәмийетлик мазмунга. Жоқары коркемликке ийе болды. Халык арасына кен тарқалды.Олар социяллык әдиллик жоқары адамгершилик демократиялык ҳәм ағартыушылык идеяларын жырлады.Айырым шығармаларда Россия ҳәкимшилигине наразылык сезимлери бир пүтин қарақалпақ халкынын екиге болинип бир жағы Россияға бир жағы Хийуаға караслы болыуыонын халык санасында кедешек тәғдири тууралы ойлары бериледи.

Бундай тарийхый уақыялар Сыдык шайырдын "Заман" деген шығармасы нда реал сәулеленген.Сондай-ак 1899-жылы болып өткен жергиликли ҳәкимиятка сайлаулардың (болыс, ақсақал, судья сайлауларынын) нәтийжелерине халық наразылык билдирип,котерилис шығарған.Қозғалан әскерий куш пенен бастырылып, онын басшылары ретинде он тоғыз адам қамақка алынады.Усы тарийхый уақыя Қулмурат шайырдың "Он тоғыз" деген колемли шығармасында кең сүуретленген.

XX әсирдиң басында кешкен,халыққа "Ақ капшық" деп аталған ашлық 1814-жылы басланған биринши дүнья жүзлик урыс,1916-жылы жүз Берген мәрдикар алыуға қарсы халық көтерилислери,1917-жылы иске асырылған Октябрь аударыспағы,Совет ҳәкимиятының орнауы сыяқлы тарийхый ҳам сиясий уақыялар Сыдық шайырдың "Ақ қапшық",Қазақбай шайырдың"Бола баслады",Аяпберген шайырдың "Бола баслады"шығармаларында сәулеленген.

XIX әсирдиң акыры XX әсирдиң басындағы жылларда қарақалпақ халқының мәдениятында да бир қатар озгерислерболып өтти.Мешит медреселердиң саны көбейип,халықтың сауатлылық дәрежеси XIX әсирге салыстырғанда әдеуир өседи.Усы дәуирде Орта Азия қалаларында жаңа буржуазиялық ағартыушылық ағым-жәдидшиликҳәрекети кең тарқалып, ол қарақалпақ шайырларының дөретиушилигине белгили дәрежеде тәсир етти. Китап көшириўшилик, үлкен қалалардан баспа китапларды алдырыў ислери үрдис болады. Қалаларда китап базарлары пайда болады.Медреселерде китапханалар ислеп турады, оқымыслы адамлардың үйлеринде жеке китапханалар пайда болады. Көркем дөретиўшилик тараўында шайырлар менен бир қатарда бурыннан киятырған жыраўлар ҳәм бақсылар институты халық арасында үлкен ҳүрметке ийе болды.Олар менен бир қатарда кыссаханлар институты жәмлести. Қыссаханлардың барлығы саўатлы, биразы молла адамлар болып, жазба насырый (проза) текстлерди сол дәўирдеги көркем оқыў қағыйдалары менен, ал назым (қосық) текстлерди жеңил ҳәм жағымлы намаларға салып оқыйды. Қыссаханлар өз жолына муўапык оқып атырған текстлеринен (түп нусқадан) шетлеп кетпеген, оны бузбаған. Олар диний әдебиятларды, қызықлы қыссаларды, лирикалық косыкларды үлкен емес жыйынларда, зыяпатларда оқып берген. Соның менен бирге бул дәўирде қосықшылар институты қәлиплескен. Қосықшылар шала саўат ямаса пүткиллей саўатсыз, бирақ қаты қулак, ядыкеш адамлар болған. Олар шайырлардың қосықларын ядлап алып, жеңил

намалар менен музыка әсбабының жәрдемисиз ядтан атқарған. Қосықшыларда жыраў ҳәм бақсылар менен қатар халық арасында үлкен ҳүрметте болған, олардың ишинен талантлы шайырларда өсип шыққан.

Қарақалпақ шайырларының басым көпшилиги өз шығармаларын жазба усылда дөреткен ҳәм көширме түринде таратқан.Бирақ шайырлардың шығармалары оқыў жолы менен тарқалғаннан гөре тыңлаў жолы менен көбирек мәлим болатуғын еди.Анығырақ айтқанда авторлардың өзлери шығармаларын жазып, қағазға түсирип болғаннан кейин дуўтар менен намаға салып айтып берген ямаса қыссаханлық жолына салып оқып берген.Олардың шығармалары басқа да бақсылар ямаса қыссаханлар тәрепинен көпшилик алдында атқарыла берген ямаса оқылған.Солай етип, XIX әсирдиң ақырындағы XX әсирдиң басында дөретиўшилик еткен қарақалпақ шайырлары өз қосықларын ҳәм тыңлаўға ҳәм жеңил оқыўға бейимлестирип, халық поэзиясының жайдары (силлабика) өлшеминде жазыўды үрдис еткен.

Журтымыз еки бөлинди,
Пухара тозып бүлинди,
Байлар бегликке илинди,
Ийшанлар кәтқуда болды.

Еки журтқа еки патша,
Болып кетти басқа-басқа,
Алмайман деп гүмис ақша,
Қағаз жыйнап алған болды.

Аржағы жарым хан болды,
Сүўрети бар бийжан болды.
Ҳарам дүнья жыйған болды,
Залымлар бий иман болды.

Сыдық шайырдың бул қосығында XIX әсирдиң екинши ярымында Әмиудәрьяның қуяр аяғында жүз берген тарийхый ҳәм сиясий өзгерислер анық берилген.Бир жағынан Россия патшалығынын жаңа жерде өз ҳәкимлик дүзимин орнатыуы , оған жергиликли халықтың бирден көнликпеуи, екинши жағынан , Хийуа ханының өз ҳәкимшилигин дауам еткиси келип, халықтан алым салымларды жыйнауы реалистлик сүүретлеу менен бериген.

Бул дәуирдеги итибарлы шайырлар өз шығармаларында халықтың социяллык турмысын, күн көрис, тиршилик дәрежесин сәулелендимриуге де айрыкша итибар берди. Оларда жалланба мийнет адамының ҳуқықсызлығы,жумысқа жаллаушы мүлк ийесинин ашкөзлиги,тойымсызлығы әшкараланады. Мысалы:

Бәҳәр айдадым арбаны,
Қурыйды адамның дәрманы,
Өмирде көрмедиқ шорпаны,
Я бир балық қарма менен.
(Сыдық шайыр "Пирманбайдын дийқаны")

Дийқаншылык еттиң егин ектирдиң,
Дөңин алып ой жерине төктирдиң,
Ҳәр түрли туқымнан дақыл септирдиң,
Дийқан аштан өлер болды Қазы ийшан.
(Жаңабай шайыр "Қазы ийшан")

Социаллық тема Сыдықтың "Ақ қапшық", Әбдкадир Бекнияз улының(1860-1930) "Қыз кеткен","Бай менен жарлы айтысы", Қазақбай Хожанияз улынын(1860-1946)"Ашлық", Аннақул Мәмбетхожа улының (1841-1936)"Қазыуда"."Ораз алды", "Кетермен","Бизге жақты дУнья қашан келеди?", Гулмурат шайырдын(1832-1897)"Қайда бараман","Надан екенсен", Сарыбай шайырдын(1830-1898)"Ғәрип анам, хош

енди","Қурысын жасым, қурысын" қосықларында оның турмыслық материяллар тийкарында сәулеленеди.

1914-жылы басланған биринши дүнья жүзлик урыс бурынғы Россия империясы халықлары, соның ишинде қарақалпақ халқы ушында ҳәр тәреплеме қыйншылық ҳәм мүсийбет алып келди.Урыс мүтәжлери ушын патша ҳәкимят пәрманы елден адам жыйнау басланды.Бул ауыр мапазда ақсақаллардың, болыслардың, ояз басқарыушысы прыставлардың әдилсизлиги, парахорлығы , ҳүждансызлығы ашықтан ашық көринди. Қазақбай ҳожанияз улының(1880-1946)" Бола баслады", Қудайберген Жебеген улының (1881-1965)"Мәрдикар" қосықларында реал берилген.

Елден жыйнап жигитлерди,
Приставқа буйрық келди,
Жыласқан сес аспан жерди,
Астан гестен қылган екен.

Мәрдикарға барар пулы жоқ сорлы,
Қуда аямады пулы жоқ қулды,
Әне көриң алынбақшы мәрдикар,
Бизге қайыры барма, ол кимге дәркар.

(Қудайберген шайыр"Мардикар")

Тарийх бир мың үш жүз отыз үшинде,
Заман бир қыяла дөне баслады,
Қуда ҳәмри ели журтлар бүлинип,
Ҳәр түрли әламат бола баслады.

(Қазақбай шайыр."Бола баслады")

XIX әсирдин ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятындағы баслы темалардың бири-буләдеп икрамлылық,

адамгершилик, яғный дидактикалық тема. Бул тема , усы сабақлықтың алдынғы бөлимлеринде көрсетилгендей,XIX әсир қарақалпақ шайырлары Күнхожа, Әжинияз, Бердақ дөретиушилигиниң де тийкарын қурайтуғын дәстүрли тема болды. Сөз болып отырган дәуир шайырлары бул тематикалық дәстурди дауам еттирип, оның идеялық мазмунын тереңлетти, тематикалык шенберин кеңейтти, қосықлардын сәулелендириу обьектлерин деталластырды.Шайырлар дидактикалык теманы жаратқанда ислам дини шариятын (нызамларын, тәртииплерин) басшылыққа алды, онырууҳый ҳә ҳуқыкый тирек етти. Сонлықтан болса керек көп ғана дидактикалык косықларда шарият нызамларын өзлери бузып жүрген дин хызметкерлери әшкараланып, олардың унамсыз образлары сатиралық усылда жаратылды. Мысалы, Аннақул шайырдың "Маймолла", Сыдық шайырдың"Әбий сағал", Омар шайырдың "Бар екен", Қазақбай шайырдың"Супы", Жаңабай шайырдын"Нурымбет мақсымға", Қыдырнияз бақсынын "Асқар қазы ","Әллек мақсым" Әбдиқәдир шайырдың"Ийшаным","Супы", "Устазым","Мола Асқар" қосықларында өз нәпсисиниң ыркына жыгылған ямаса жүрис-турыс, әдеп икрамлылық қәделерин бузған айырым моллалар, суупылар, қазылар, ийшанлар аяусыз тилленеди.

Асқар қазы- майлы балта,
Пара берсең қалта-қалта,
«Алмайман» деп айтар жорта,
Миллион берсең қыялы бар.

(Қыдырнияз бақсы"Асқар қазы")

Суўпылық деген-шариятый иш,
Ҳәммени көриу бир тегис,
Мусылманшылықдур бейиш,

Пирден қайтып жүрме суўпы.

(Қазақбай шайыр"Суўпы")

Бай өлди деп келсе хабар,
Торы атын өлгенше шабар,
Ғәрип өлсе ҳүзир табар,
Әламатлар соннан болды.

(Әбдиқадир шайыр"Ийшаным")

Маймолланың өзи күлки,
Адамларға болмай үлги.
Бул киси ҳәммеге белгили,
Аўылдағы Маймолланың

(Аннақул шайыр"Маймолла")

Әлбетте, сөз болып атырған дәўирдиң шайырлары заманнын тек негатив(унамсыз)тәреплерин сынап, минеп қоймастан , халықтың жетискенлик тәреплерин,ўатан тәрийпин, ҳаял-қызлардың сулыўлығын, руухый тазалығын, жигитлердиң ғошшақлығын, ел азаматларының мәртлигин мактанышлы ҳәм көтериңки сезимлер менен жырлады. Шайырлардың бундай эстетикалық сезимлери поэзияның тәрийип жанры арқалы сәулеленеди.XIX асирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебиятында тәрийп жанры оғада кең тарқалған жанр болды.Ҳәр бир шайыр тәрийп қосықларын жазды.уатан тәрийпи, қала тәрийпи, урыў-елдиң тәрийпи, аты шыққан сулыу қызлар тәрийпи, бәйгиден байрақ алып жүрген шапқыр атлар тәрийпи, елге жақсы ис қылған азамат жигитлердин тәрийпи ҳ.т.б. тәрийплер жазылып, халык арасына бақсылар, қыссаханлар, арқалы кең тарқалды.Олардың ишинде әсиресе Қазы Мәулик тәрийплери жоқары шайырлық шеберлик (профессионализм) менен жазылған әжайып көркем шығармалар табылады.Қазы Мәулик атақлы "Шымбай баязы" тәрийпинде Шымбай қаласын, улыума, Шымбай елатын, оны жайлаған қытай-қыпшақлар,

кенегес-маңғыт урыулары, қуда жолына садық, жетик илимли уламаларын, пери яңлы гөззал қызларын, шабандоз ҳәм ғошшақ жигитлерин, Шымбайдың гөззал тәбиятын тәрийплейди, оларды мақтаныш етеди.Қазы Мәулик өзиниң тәрийп қосықларын кобинесе баяз деп атайды.

Олардың ишинде, әсиресе, Қазы Мәўлик тәрийплери көркем-эстетикалық дәрежеси, эмоционал тәсиршеңлиги , қосық қурылысының жетискенлиги менен ажыралып турады. Улыўма Қазы мәўлик тәрийплери жоқары шайырлық шеберлик (профессионализм) менен жазылған әжайып көркем шығармалар болып табылады. Қазы Мәўлик атақлы "Шымбай баязы" тәрийпинде Шымбай қаласын, улыўма Шымбай елатын, оны жайлаған қытай-қыпшақ, кенегес-маңғыт урыўларын, қуда жолына садық, жетик илимли уламаларын, пери яңлы гөззал қызларын, шабандоз ҳәм ғошшақ жигитлерин, Шымбайдың гөззал тәбиятын тәрийплейди, оларды мақтаныш етеди. Қазы Мәўлик өзиниң тәрийп қосыкларын , көбинесе баяз деп атайды.

Баяз яздым халық ишине тарқатып,

Кеше-күндиз аның атын яд етип,

Бир баяз айтайын десем шул яра,

Хатым имласына ақлым ҳайрандур.(Ақлым ҳайрандур")

Демек, баязлар сүўретлеў тематикасы бойынша тәрийп (мақтаў) қосықларының бир түри десе болады. Қазы Мәўлик баяз бенен тәрийп атамаларын теңнен қолланады. Қазы Мәўлик сулыў қызларды тәрийплеп "Гирипдар имди", "Мегзеттим", "Ядыма түшти", "Қушайды", "Перийзат" сыяқлы бири-биринен зыяда баяз-тәрийп қосқларын жазды. Оларда ҳаял-қызлар қол жетпес жулдызларға теңеледи, қызлардың сыртқ ысулыўлығы менен ишки дүньясы қатар сүўретленеди, олардың бир –бирине сәйкеслиги баслы орынға қойылады.

Таза гүлдек ашылады **жүзлериң**

Қашыңның астында ойнар көзлериң,

Шекерден шийриндур айтқан сөзлериң,

Шул сөзлериң мениң ядыма түшти. ("Ядыма түшти")

Сен бир қызыл гүлсең алғым салыпман,

Бир кесе шай өз қолыңнан алыпман,

Әдеп-икрамыңа ҳайран қалыпман,

Мениң ақыл-ҳуўшым алдың перийзат. ("Перийзат")

Ҳаял-қызлар тәрийпин жазыў бул даўирдеги шайырларға үрдис болған. Олардан Аннақул шайырдың "Қызлардың", Омар шайырдың "Перийзат", "Қызлыр", Сәлийма", Гүлбазар", Гүлайым", Қазакбай шайырдың "Бир қыз көрдим аралбайдың елинде", Жаңабай шайырдың "Ақсүңгүл", "Айжамал", "Арзыгүл",Аяпберген шайырдың "Келин", "Бардур", Мақсымжан қыз", "Шул қыздың", "Мазлымжанан", "Бир гөззал" тәрийплери халық арасында кең тарқалған, бақсылар репетуарына кирип, халық қосыкларына айланып кеткен. Олардан "Ақсүңгүл" , "Бир гөззал" тәрийп лери ҳәзир де жасларымыздың сүйип тыңлайтуғын қосыкларынан болып табылады.

Айырым тәрийплер елде атақ-абырайы кешип кеткен, хызмети менен көринген жигитлерди үлги тутып мақтаныш етеди. Мысалы, Аннақул шайырдың "Жүз басы", "Шәҳәрбай" тәрийплери усындай темаға жазылған. Және бир тәрийплер жүйрик атларды мақтауға бағышланған.Қулмурат шайырдың "Бегдиң көк аты", Аяпберген шайырдың "Көк ат" тәрийплеринде бәйгиден озып келген атларрды көклерге көтерип ьақтайды, оларды тек ат ийесиниң ямаса сейисиниң ғана емес, ал гүлли ауыл-елдиң, халықтың абырайын шығаратуғын ар-намыс нышаны ретинде көтермелейди.Бул тәрийплерде шайырлар қарақалпақ халқының улыума атқа болған ҳүрмети, сүйиспеншилигин, атты тек күш-

көлик, қол-қанат емес, ал бир тууысқан сыпатында көретуғынын билдиреди.

Мәрт жигиттиң ат жолдасы,
Аға иниси ғардашы,
Билсең көк ат дәулет басы,
Иләҳийдин келди көк ат.

Узақ емес жол шырағы,
Жигиттиң жанған шырагы,
Ялғаншы дүньяның шырағы,
Қәдирини билсең көк ат.

Жоқарыда айтылғанындай XIX әсирдиң басындагы шайырлардың барлығы дерлик мешит ҳәм медреселерде оқыған саўатлы алымлар болып, қосықларын жазба түрде шығаратуғын болған. Бирақ олардың көпшилик қосықлары халық қосықлары менен идеялык-тематикалық ҳәм көркемлик жақтан күтә жақынласып, айырымлары бирдей болып кеткен еди. Буның баслы себеплериниң бири бул дәўирде әдебияттың бираз демократияласыўы, яғный көпшилик халықтын көркем-эстетикалык дәрежесине, талғамларына, талапларына бейимлесиўи деп есапласа болады.Ҳәттеки усы дәўирдиң үлкен шайыры Бухара медресесин питкерген улама Қазы Мәўликтиң өзи де Шығыс поэзиясының қурамалы қосық қурылысынан шегинип, қосықларын жайдары халық поэзиясының жеңил ырғақлары, турақлы өлшемлери менен жазады. Шайырлар халық поэзиясынын дәстүрли образларын, сүўретлеў қуралларың, таяр сүўретлеў қәлиплерин өнимли қолланады.Поэзия тематикалық жақтан күнделикли халық турмысына күтә жақынласады. Бул жағдай бир тәрептен әдебияттың халықшыллығын, демократиялығын тәмийнлесе, екинши тәрептен оны күтә әпиўайылыстырып жибереди.Әсиресе тәрийп қосықларының бир қатары тематикалық ҳәм формалық жақтан бир бирин қайталайды десек

асыра айтқан болмаймыз. Мәселен, қызлар тәрийпине арналған қосықларда сүўретленген қызлардың портретлерин бир-биринен ажыратыў қыйын, шайырлардың сүўретлеў усылларында индивидуал стил байқалмайды.Олар жырлаған сулыў қызлардың барлығы дерлик таяр сүўретлеў қәлиби менен сүўретлененди; қәра қаслы көзлери сүзилген, бели қыпша, жүзлери айдай, шашлары қара, шийрин-шекер сөзли,кирпиги оқ, қашлары каман, қызыл гүл ҳ.т.б.

Деген менен бул дәўирдиң әдебияты өзине тән идеялық-тематикалық, көркем-эстетикалық өзгешеликлерине ийе. Халық ҳүрметине мүнәсип болған белгили шайырлары болды. Олар өз шығармаларында халық муңын, шерин, оның қыйын социаллық жағдайларын, тарийхый шараятларды көркем сәўлелендирди. Соның ушын да Х1Х әсирдиң ақыры ХХ әсирдиң басындағы әдебият улыўма қарақалпақ әдебияты тарийхының белгили бир басқышы, дәўири сыпатында үйрениледи.

XX әсир қарақалпақ әдебиятының тийкарғы өзиншеликлери

XX әсир қарақалпақ халқының өмиринде ҳәр қыйлы бурылысларға толы әсир болды. Халқымыз бир әсирдиң өзинде үш қыйлы жәмийетлик дүзимде жасады (1917-жылға шекем Хийўа ханының ҳәм патша Россиясының қол астында, 1917-1991-жыллары СССР қурамында, 1991-жылдан кейин Өзбекстан қурамында суверенли ел сыпатында жасап киятыр). Әлбетте, жәмийетлик дүзимниң бундай тез-тез өзгериўи усы жәмийетте жасап атырған адамлардың дүнья көз қарасына, олардың рухый дүньясына, эстетикалық талғамына да тәсирин тийгизди. Демек, жәмийетлик сананың бир формасы болған көркем әдебият та, оған болған талап та өзгериске ушырап отырды. Мине, XX әсир қарақалпақ әдебиятына баҳа бергенде усы өзиншелик есапқа алыныўы тийис.

XX әсирдиң 20-жыллары қарақалпақ әдебиятының раўажланыў барысында түпкиликли бурылыс дәўири болды. Бурынғы дәстүрий әдебияттың орнына жаңа әдебият келди. Бул әдебият сүўретлеў объекти бойынша да, идеялық-тематикалық бағдары бойынша да, көркемлик өзиншелиги бойынша да бурынғы әдебияттан түпкиликли парық қылды. Бул жыллары қарақалпақ әдебиятында бурын болмаған жаңа әдебий түрлер ҳәм жанрлар жүзеге келди. Бул биринши гезекте проза ҳәм драматургияның пайда болыўы менен байланыслы. 20-жыллардың орталарынан баслап биринши қарақалпақ гүрриңлери, очерклери, фелетонлары (Н.Дәўқараевтың, С.Мажитовтың, Н.Кузембаев, Е.Қыдыр-

ниязовтың ҳ.т.б.) жәрияланды. Бул қарақалпақ әдебияты ушын жаңа жанрдағы шығармалар еди. Олардың авторлары да тек жазыўшылар емес, ал ҳәр қыйлы кәсиптеги адамлар болды. Әлбетте, дәслепки прозалық шығармалар тийисли жанрлардың талап дәрежесинен әдеўир төмен жазылды. Усы жыллары биринши қарақалпақ пъесалары жарыққа шықты. Ә.Өтеповтың «Теңин тапқан қыз», Қ.Әўезовтың «Тилек жолында», С.Мажитовтың «Ерназар Алакөз», «Бағдагүл» пъесалары тек өз дәўириниң емес, улыўма қарақалпақ драматургиясының табысы болды. Солай етип, қарақалпақ әдебияты бул жыллары жаңа бағдарда раўажланыў жолына түсти.

Буннан кейинги дәўирде қарақалпақ әдебияты тез пәт пенен раўажланыўын даўам етти. 30-жыллардан баслап әдебияттың жазба әдебиятлық характери еле де күшейди. Қарақалпақ әдебияты дүнья әдебияты менен байланыса баслады. Соның себебинен жазба әдебиятқа тийисли болған түр ҳәм жанрлардың барлығы да қарақалпақ әдебиятында көринди. Бирақ бул жыллары қарақалпақ әдебияты жанрлық-формалық жақтан раўажланғаны менен сол дәўирде СССР деп аталатуғын мәмлекетте ҳүким сүрип турған тоталитар режим, ҳәмме жәмийетлик дүзимди, соның ишинде әдебиятты да партияның басқарып турыўы, әдебиятқа партиялық қадағалаў әдебияттың еркин раўажланыўына жол қоймады. Ҳәттеки, С.Мажитов, Қ.Әўезов, И.Фазылов, Қ.Ерманов, Н.Дәўқараев сыяқлы әдебиятшылар сиясат қурбаны болды. Урыстан кейинги жыллары (1946-1954-жыллары) әдебиятта ҳүким сүрген «конфликтсизлик теориясы» ақыбетлери де әдебиятымыздың раўажланыўына кери тәсирин тийгизди. Әдебиятта көркемлик дәрежеси төмен, турмыс шынлығынан әдеўир алыста, бос жазылған «шығармалар» көбейип кетти. Бул жыллары партияны, Ленинди, Сталинди қурғақ мақтаўға қурылған, оқыўшыны тартпайтуғын шығармалар да жүдә көплеп

жазылды. Мине, булар XX әсир қарақалпақ әдебиятының унамсыз тәреплери еди.

XX әсир қарақалпақ әдебиятында Уллы ўатандарлық урыс дәўири (1941-1945-жыллар) айрықша дәўир болды. Бул жыллардағы әдебияттың характерли белгилери өзинен бурынғы ҳәм кейинги дәўирдеги әдебиятқа салыстырғанда пүткиллей өзгеше еди. Әдебияттың бас темасы – жеңис темасы көркем әдебияттың барлық түр ҳәм жанрларында жетекшилик етти. Әсиресе, лирикалық шығармалар басым көпшиликти қурады. Себеби, көркем сөз ийелери фашистлерге болған жек көриўшилик ямаса жеңиске болған тилеклеслик сезимлерин тезирек қосық қатарларына салып оқыў-шыларға жеткериўге умтылды. А.Дабылов, С.Нурымбетов, Ж.Аймурзаев, Н.Жапақов, Д.Назбергенов сыяқлы шайырлар халқымыздың ең сүйикли шайырларына айланды. Олардың жазған қосықларын адамлар ядлап алып айтып жүрди. Прозалық, сахналық шығармалардың да бас темасы жеңис болды.

Урыстан кейинги жыллары жоқарыда айтып өткенимиздей «конфликтсизлик теориясы»нда жазылған шығармалар көплеп көринди. Бирақ 50-жыллардың ақыры қарақалпақ әдебиятына үлкен жаңалық алып келди. 1958-жылы биринши қарақалпақ романлары баспадан шықты (Асан Бегимовтың «Балықшының қызы», Өтеген Айжановтың «Арал қушағында», Жолмурза Аймурзаевтың «Әмиўдәрья бойында», Хожабек Сейтовтың «Машақатлы бахыт» романлары). Мине, усы шығармалар қарақалпақ әдебиятында роман жанрының дәслепки көринислери болды. Соңын ала қарақалпақ әдебиятында Төлепберген Қайыпбергенов, Караматдин Султанов, Шаўдырбай Сейтов сыяқлы роман жанрының ҳақыйқый шеберлери өсип жетилисти. Повест, гүрриң жанрлары да раўажланды. Эпикалық поэзияда Аббаз Дабыловтың «Баҳадыр» дәстанын, И.Юсуповтың «Жолдас муғаллим», «Гилемши хаял ҳаққында

ҳақыйқатлық» ҳәм басқа да поэмаларын 40-50-жылларда усы жанрда жазылған ең сере шығармалардың қатарына киргизиўге болады.

1960-80-жыллары қарақалпақ әдебияты ҳәр тәреплеме раўажланды. Әдебияттың ең раўажланған дәўири де әйне усы жыллар болды. Бул дәўирде профессионал шайыр-жазыўшылар өсип жетилисти, қарақалпақ әдебиятшыларының шығармалары тек орыс, өзбек тиллерине емес, ал дүньяның көпшилик тиллерине аўдарылып басылды. Демек, қарақалпақ әдебияты дүньялық көлемде танылды.

Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебиятын өз алдына үйрениўге туўра келеди. Өйткени, бул дәўирде әдебият барлық шеклеўлерден қутылып (әдебияттың үстинен партиялық қадағалаў, әдебияттағы цензура, партияны, Ленинди жырлаўға зорлап бағдарлаўшылық, социалистлик реализм методында шығарма жазыўды талап етиў ҳ.т.б.), еркин әдебиятқа айланды. Өтмиштеги қәдириятларды ҳүрметлеў, тийкарғы дыққатты рухый байлыққа қаратыў мәселеси мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Булар әдебиятқа сөзсиз унамлы тәсир жасады. Бирақ бул дәўирде де өзине ылайық машқалалар пайда болды. Енди жаңа түсиниктеги, ғәрезсизлик идеялары менен жасап атырған адамлардың эстетикалық, рухый талғамына сай келетуғын шығармалар дөретиў, ҳәзирги дәўирдиң қаҳарманларын жаратыў жазыўшылардан үлкен жуўапкершиликти талап етпекте. Лекин И.Юсупов, Т.Қайыпбергенов сыяқлы жетекши шайыр-жазыўшылар менен бирликте жас талант ийелери де әдебиятымызды буннан былай да раўажландырыў жолында жақсы-жақсы шығармалар дөретпекте.

Улыўмаластырып айтқанда, XX әсир қарақалпақ әдебияты усындай өзиншеликлерге ийе. Ол ҳәр тәреплеме раўажланған әдебиятлар қатарына қосылды. Ҳәзир дүньяның көпшилик халықлары қарақалпақ әдебияты үлгилерин өз тиллеринде оқыў мүмкиншилигине ийе.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. XX әсир қарақалпақ әдебиятының раўажланыўында унамлы ҳәм унамсыз белгилерди айтып бериң.

2. 20-30-жылларда прозалық шығармалар дөреткен жазыўшылардың қандай дөретпелерин билесиз?

3. «Конфликтсизлик теориясы» ҳаққында айтып бериң.

4. Урыс жылларында жазылған қандай сахналық шығармаларды билесиз?

5. Ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ әдебияты ҳаққында айтып бериң.

6. Биринши қарақалпақ романлары ҳаққында айтып бериң.

1920-40-жыллардағы қарақалпақ поэзиясы ҳәм оның тийкарғы бағдарлары

XX әсирдиң 20-40-жыллары қарақалпақ әдебияты, соның ишинде поэзия жаңа бағдар алды. Бул дәўирде әдебияттың идеялық-тематикалық бағдары түп тийкарынан өзгерди. Бурынғы дәстүрий әдебиятқа тән болмаған тематика кирип келди. Социалистлик қурылыс, бурынғы дәўирдиң қалдықлары менен гүресиў, жаңа жүзимди қурыўға, оқыўға шақырыў - әдебияттың баслы темасы болды. Солай етип, әдебияттың улыўма бағдары өзгергени менен көркем әдебияттың поэзия түри тийкарғы түр болып қалды. Өйткени, әсирлер бойы қарақалпақ әдебияты поэзия негизинде раўажланғанлықтан, бул бағдарда дәстүрлер қәлиплескенликтен ол даўам етти. Лекин усы жыллардағы поэзия мазмун саласында да, форма саласында да түпкиликли өзгерислерге ушырады. Әсиресе, әдебиятқа енди ғана кирип келген шайырлар көп ғана эксперименталар алып барды. Бирақ бундай шығармаларды дөретиўшилерге көркем шеберлик, тәжирийбе жетиспеди.

Сол дәўирдеги Советлер аўқамындағы шеклеўшилик сиясаты әдебиятқа да тәсирин тийгизбей қоймады. 20-жыллары шайыр сыпатында

қәлиплескен, революциядан бурын да шығармалар дөреткен А.Мусаев, А.Дабылов, С.Нурымбетов ҳәм басқа да шайырлардың әдебиятқа жедел араласыўына жол қойылмады. Олардың шығармалары «сиясий надурыслықта» айыпланып баспа сөзде жәрияланылмады. Дурыс, усы жыллардың өзинде-ақ А.Мусаев «Бола баслады», «Ленин», «1-май», А.Дабылов «Жолдаслар» сыяқлы жаңа жәмийеттиң жырын жырлаўшы қосықлар дөретти. Бирақ бул қосықлар да усы шайырлардың аталары диний адамлар деген бәне менен өз ўақтында жәрияланбады. 20-жыллардың орталарынан баслап Х.Ахметов, А.Бегимов, Ж.Аймурзаев, И.Фазылов, А.Матякубов, Т.Сейтмамутов сыяқлы шайырлар өзлериниң шығармалары менен көрине баслады. Бул шайырлар жаңа сиясат дәўиринде әдебият майданына келди, соның ушын да дәўир сиясаты менен тезден масласып, оның пропогандалаўшыларына айланды. Поэзиядағы эксперименталар де әйне усы шайырлар тәрепинен әмелге асырылды. Революциядан бурын қәлем тербеткен шайырлардан тек Сейфулғабит Мажитов ғана Советлер мәмлекетиниң дәслепки жылларынан баслап-ақ әдебиятқа араласып кете алды.

20-жыллардағы поэзияның тийкарғы тематикасы жас Совет мәмлекетиниң душпанлары менен гүреске шақырыў, билимлендириўге, колхозға кириўге шақырыў болды. Мәселен, Ж.Аймурзаевтың «Таярман», Х.Ахметовтың «Жамайым» қосықлары жана сиясаттың душпанларына қарсы гүресиўге шақырықтан ибарат, агитациялық характерде еди. Оларда поэзияға тән көркемлик, образлылық жетиспеди.

Талўаслап жүремен енди мен өзим,
Бахыт туўын алып ашылды көзим,
Байды жоқ қыламан ўәдели сөзим,
Байды жоқ қылыўға ҳәр ўақ таярман.

Ж.Аймурзаевқа тийисли бул қосық сол дәўирде митинглерде, баспа сөзде айтылып жүрген қызыл сөзлерден ибарат. Тилекке қарсы, бундай

кемшилик сол ўақытта жазылған көп ғана шығармаларға тән еди. Усы дәўирдеги поэзияда орын алған және бир кемшилик форма қуўыўдан, орыс поэзиясына көзсиз еликлеўден келип шықты. 20-30-жыллары Советлер аўқамында жасап атырған көпшилик миллий әдебиятларда «маяковскийше қосық» ямаса «текшели қосық» деп аталатуғын қосық формасы кеңнен үрдис болды. Ҳәттеки, айырым шайырлар түркий поэзияға улыўма тән емес өлшем – тоника өлшеминде қосық жазыўға да умтылып көрди. Бирақ бундай «көркем изленислер» көпшилик жағдайда унамлы нәтийже бермеди. А.Бегимовка тийисли болған «Рапорт» қосығын көрип өтейик:

Он саўсағым
Бармағым
Бармағым емес,
Тармағым.
Билекке питкен
Қуўат-күш
Талдырмас
Салған қармағым.

Мине, бул қатарларды поэзиялық шығарма деп болмайды. Деген менен, әсиресе, 30-жыллардың екинши ярымынан баслап қарақалпақ поэзиясы тез пәт пенен раўажлана баслады. Бурын әдебиятымызда болмаған поэма жанры жүзеге келди. Ж.Аймурзаевтың «Гүрес», «Гүресте жеңдик», Қ.Әўезовтың «Қазыў», М.Дәрибаевтың «Айпара»,«Айымжамал», «Қалжан», «Шегерада», «Қоңыратты қорғаў» поэмалары дәслепки поэмалар болыўы менен бирге қарақалпак әдебиятының буннан былай да раўажланыўында айтарлықтай орынға ийе болды. Лирика көп жанрлыққа ҳәм көп темалыққа ийе болды. Әсиресе, бул дәўирде Сейфулғабит Мажитов өнимли қәлем тербетти.

Сейфулғабит Мажитов (1865-1938) белгили қарақалпақ шайыры, жазыўшы, драматург ҳәм ағартыўшы сыпатында кеңнен белгили. Ол өз дәўириниң саўатлы дөретиўшилик ийеси сыпатында көркем әдебияттың үш түри (поэзия, проза, драматургия) бойынша да қәлем тербетти. «Сүйин ҳәм Сара», «Қулмурат», «Онтоғыз» романларын (қол жазба түринде), «Соңғы селтең», «Ерназар алакөз», «Айгүл ҳәм Тайман», «Жигит болдық», «Сабақ», «Бағдагүл» пъесаларын дөретти. Ол 1924-1925жыллары ол Қ.Әўезов пенен бирликте қарақалпақ тилиндеги шыққан «Әлипбе», «Оқыў китабы», «Егеделер саўаты» китапларының авторы болды. 1928-жылы баспадан шыққан «Қарақалпақ әдебияты топламы»нда С.Мажитов тәрепинен жыйнап алынған 120ға жақын нақыл-мақаллар орын алды.

С.Мажитовтың қарақалпақ әдебиятындағы орнын белгилейтуғын шығармалары тийкарынан поэзиялық шығармалары болып есапланады. Ол еле 20-жылларға шекем-ақ шайыр болып қәлиплескен еди. Бирақ шайырдың революциядан бурынғы жазған қосықлары өз ўақтында баспадан шықпаған ҳәм жоғалып кеткен. Ол революциядан кейин-ақ оның сиясатын мақуллап жаңа жәмийетке масласып кеткен санаўлы шайырлардың бири болды. 1918-1920-жыллары-ақ «Еркинлик таңы», «Ильяның улы» қосықларын жазды. Бул шығармаларында Октябрь революциясының халқымыз турмысындағы әҳмийети ҳаққында жырлайды.

Салланып алдында қызыл туў турған,
Таң менен жалтырар алтын пуў урған,
Ҳәмме халық атқан таңға умтылған,
Умтылды бәрше халық бизге не болды.

Бул қосық қатарлары өз дәўири ушын әҳмийетли еди. Қандайда жаңалыққа умтылыў сезимин пайда етиў, қосық көркемлигиниң жоқары болыўы қосықтың тийкарғы жетискенлиги болып табылады. С.Мажитов ҳәмме орыс әдебиятына еликлеп атырған сол 20-жыллардың өзинде-ақ

Шығыс әдебияты дәстүринде, атап айтканда мухаммес формасында бир неше қосықлар жазды. Мәселен, оның «25-октябрь» қосығы усындай формада жазылды. Ол улыўма прогрессив көз қарастағы шайыр еди. Революциядан сәл алдын жазған «Иният болысқа» деген қосығында илим-билимди пропогандалайды, Иният болысқа халықты саўатландырыўдың әҳмийетли екенлигин ескертеди.

Шымбайдың жери кең, суўы пәраўан,
Лекин билимнен жоқ ҳеш наму-нышан,
Жыйырма мың үй, жүз жийирма мың жан,
Бир мектеп жоқ оқып сабақ алмаға.
Гедей елди туўры жолға салмаса,
Оқыў оқып билим-өнер алмаса,
Орысшаға тағы қысса қылмаса,
Имканы жоқ бир қатарда турмаға.

Шайыр буннан кейинирек жазған «Оқыўға кел» қосығында да усы идеясын даўам еттиреди. Тек билимли жаслар менен ғана елдиң келешеги жарқын болады деген пикирди алға таслайды. «Айтып жибер», «Қарақалпақ жасларына», «Қызларға» ҳәм тағы баска қосықларында да шайыр билимлендириў, мәденият,үрп-әдет, дәстүрлерди қәстерлеў керек деген идеяны алға сүреди.

Сондай-ақ бул дәўирде Қ.Әўезов, И.Фазылов, Қ.Ерманов, А.Бегимов сыяқлы шайырлар да көп ғана қосық ҳәм поэмалары менен көзге түсти. 30-жыллардың екинши ярымынан баслап халык шайырлары А.Дабылов, С.Нурымбетовлар әдебиятымызға жедел араласты. Олар сол дәўирдеги Советлер аўқамының орайлық қалаларына дөретиўшилик сапарға жөнетилди. Мине, олардың усы сапарлар тәсиринде дөретилген қосықлары әдебиятымыз тарийхынан ылайықлы орын ийеледи.

Солай етип, 20-40-жыллардағы қарақалпақ поэзиясы идеялық-тематикалық, жанрлық-формалық жақтан еле де түрленип, көркемленип раўажланыў жолына түсти.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. XX әсирдиң 20-40-жыллары поэзияда қәлем тербеткен қарақалпақ шайырларын айтып бериң.

2. Усы дәўирде поэзияда қандай жаңа жанрлар жүзеге келди?

3. «Маяковскийше», «текшели» қосық деп аталатуғын поэзиялық шығармалар, олардың авторлары ҳаққында айтып бериң.

4. М.Дәрибаевтың қандай поэмаларын билесиз?

5. С.Мажитовтың дөретиўшилиги ҳаққында айтып бериң.

6. С.Мажитовтың «Ииият болысқа», «Қарақалпақ жасларына» атлы қосықларының идеялық мазмунын айтып бериң.

20-40-жыллардағы драматургия

Драматургия әдебий тек сыпатында қарақалпақ әдебиятында XX әсирдиң 20-жылларынан баслап қәлиплести. Буның баслы себеби драматургия сахналық шығарма болғанлықтан театр бар жерде раўажланады. Бундай шығармалардың тәсиршеңлиги әдебий текст түринде емес, ал театрда сахналастырылыў арқалы артып барады. Ал сол дәўирге шекем қарақалпақ жеринде театр болмады, ол бизиң мәдений дәстүримизде жоқ та еди. Бирақ фольклорымызда, жазба әдебиятымызда драматургияның ең әпиўайы көринислери орын алды (айтыслар, ертеклер, дәстанлар, жазба әдебияттағы айырым эпикалық шығармалар ҳ.т.б.).

20-жыллары биринши қарақалпақ драматурглери өсип жетилисти ҳәм дәслепки драмалық шығармалар жазылды. Қ.Әўезовтың «Тилек жолында», С.Мажитовтың «Ерназар Алакөз», Ә.Өтеповтың «Теңин тапкан қыз» пъесалары усы бағдардағы ең туңғыш шығармалар болыўына қарамастан қарақалпақ драматургиясы тарийхында айрықша орынға ийе.

1926-жылы қарақалпақлардың туңғыш театры «Таң нуры» трупасының дүзилиўи драматургияның еле де күшлирек раўажланыўына тәсир жасады. Бул трупаға дәслеп З.Ф.Қасымов, 1927-жылдан баслап белгили драматург, режиссер ҳәм актер Әбдираман Өтепов басшылық етти. Ал 1930-жылдың декабринде усы трупа тийкарында биринши қарақалпақ мәмлекетлик театры дүзилди. Мине, усы театрдың репертуарында жоқарыда атап өтилген пъесалардан тыскары усы авторлардың ҳәм Асанов Бегимов, Мырзағалий Дәрибаев, Нажим Дәўқараев, Жолмурза Аймурзаев, Қарабай Ерманов, Рустем Мажитов сыяқлы бир қатар авторлардың сахналық шығармалары жазылды ҳәм сахналастырылды.

20-40-жыллардағы қарақалпак драматургиясының раўажланыўында Әбдираман Өтеповтың (1905-1934) орны айрықша. Ол тек ғана драмалық шығармалар жазып қалмастан оларды сахналастырыў, өзи де актер сыпатында рол атқарыў, улыўма театр исине басшылық етиў менен шуғылланды. Ол еле 1923-жылы-ақ Қоңыратта өзи қатнасатуғын драм дөгерек ушын «Зиндан», «Жездежан» атлы итицинировкаларын, Соң «Алтынкөл», «Кетсең кеттим», «Таза қоныс» атлы иницинировкаларын жазды. Автордың ең ири драмалық шығармасы – «Теңин тапқан қыз» (дәслепки варианты «Шалеке бай») пъесасында жаслардың өз теңине қосылыўға умтылыўы проблемасы көтериледи. Пъесада Шалеке бай, Султамурат, Тиллахан, Салмен муғаллим образлары сәтли шыққан. Тиллахан арқалы өз мақсетине жетиў ушын гүресиўши қарақалпақ қызы образы бериледи. Буннан басқа да автордың «Ашлық зары», «900 грамм», «Сейтмурат жалқаў», «Одеколон», «Еки баслы асқабақ», «Гуман», «Бояўшы ўәкил» атлы сахналық шығармалары қарақалпақ драматургиясының раўажланыўында белгили орынға ийе болды. Улыўма автор қарақалпақ драматургиясына 16 ири сахналық шығармалары ҳәм 40қа жақын майда иницинировкалары менен үлес қосты.

Қарақалпақ драматургиясының қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында белгили мәмлекетлик искер, шайыр ҳәм драматург Қасым Әўезовтың (1897-1938) айрықша үлеси бар. Автор 20-30-жыллары бир қатар лирикалық шығармалар, «Бегжан», «Қазыў», «Гүлсәнем» атлы поэмаларын дөретти. Ол соның менен бирге биринши аўдармашылардан да еди. Оның аўдармасында А.С.Пушкинниң «Евгений Онегин» романынан үзинди, Наўайының «Фархад ҳәм Шийрин» дәстаны, Ҳәмзаның қосықлары, Мольердиң «Скапенниң ҳийлеси» комедиясы жәрияланды. Ол 30-жыллардың басында «Сапар қарақалпақ» атлы киносценарий жазды. Қ.Әўезовтың дөретиўшилигинде айрықша орын ийелейтуғын шығармасы оның «Тилек жолында» пъесасы есапланады. Оның дәслепки варианты 1924-жылы «Саеке батыр» деген ат пенен жәрияланды. Пъесадағы ўақыялар 1916-жылы Шымбай уездине қараслы Есим жаптың қазыўында болып өтеди. Салық жыйнаўшы Дәўлеттиң гүдибузарлығы, Халмурат байдың жалпылдағы Мадаминниң ҳәдден тыс талаплары, Шымбай приставының ўәкили Матжанның Николай патшанын буйрығы менен ҳәр жети үйден бир адам мәрдикарға алынатуғыны ҳаққында хабардың жеткерилиўи, сонша мийнет пенен қазылған жаптан әпиўайы мийнет-кешлердиң пайдалана алмайтуғыны ҳаққында хабардың тарқатылыўы мийнеткешлердиң сол дәўир дүзимине қарсы көтерилиске шығыўына себепши болады. Көтерилисшилер дәслебинде пристав хызметкерлерин, соң приставтың өзин өлтиреди. Пъесаның бас қаҳарманларынан әпиўайы дийхан Саеке ҳәм Айхан ананың образлары жүдә жақсы шыққан. Олардың характериниң ашылыўы, пикирлеўлериниң исенимли шығыўы улыўма пъесаға табыс алып келген. Пъеса қарақалпақ драматургиясы тарийхында айрықша орынға ийе.

Усы дәўирдеги ең көрнекли драматурглердиң бири Сейфулғабит Мажитов (1869-1938) болды. Ол соның менен бирге белгили шайыр, прозаик, ағартыўшы ҳәм аўдармашы еди. 1925-жылы дәслепки қарақалпақ

әлипбесин дүзиўге қатнасты. Ол талантлы аўдармашы сыпатында И.А.Крыловтың ҳәм басқа да орыс шайырларының бир қатар тымсалларын, Интернационалды, Фердаусидиң «Шахнама» дәстанын аўдарды. Оның поэзиялық ҳәм прозалық шығармалары да XX әсирдиң дәслепки 40 жыллығындағы қарақалпақ әдебиятының раўажланыўына тиккелей тәсир жасады. С.Мажитовтың дөретиўшилигинде драматургия тийкарғы орынды ийелейди. «Сабақ», «Жигит болдық», «Соңғы селтең», «Гүлим-Тайман» «Ерназар Алакөз», «Бағдагүл» пъесалары тек ғана автордың дөретиўшилигинде емес, улыўма қарақалпақ драматургиясында белгили шығармалардан есапланады.

20-жыллардың ақыры, 30-жыллардың басында қарақалпақ драматургиясына жас драматурглер келип қосылды. М.Дәрибаев, Н.Дәўқараев, Ж.Аймурзаев, Р.Мажитовлар қарақалпақ драматургиясының буннан былай да раўажланыўына үлес қосты. Олар драматургияны жаңа жанрлар менен байытты. Мәселен, белгили әдебиятшы ҳәм прозаик Н.Дәўқараевтың 30-жыллардың ақырында жазған «Алпамыс» пъесасы белгили қарақалпақ дәстаны тийкарында жазылыўы ҳәм музыкалы драма болыўы менен де тамашагөйлердиң дыққатын тартты. Пъесадағы ариялар музыкасы менен қосық текстиниң бир бирине мас түсиўи менен пъесаның көркемлигиниң артыўына тәсир жасады.

Солай етип, 20-40-жыллардағы қарақалпақ драматургиясы усы бағдарда раўажланды. Драматургия адамлардың рухый талабын өзинше қанаатландырды ҳәм улыўма әдебияттың раўажланыўын белгили басқышқа алып шықты. Жоқарыда атап өткен жетискенликлер менен бир қатарда айырым кемшиликлер де орын алды. Бул дәўирдеги драматурглер натурализмнен, схематизмнен қашып қутыла алмады. Көп ғана пъесаларда көркемлик жетиспеди. Бирақ бундай кемшиликлердиң орын алыўын авторлардың жаңа жанрда дәслепки қәдеми екенлиги, қарақалпақ

әдебиятында драматургияның жаңа қәлиплесип атырғанлығы менен түсиндириўге болады.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. 20-40-жыллардағы драматурглер ҳаққында айтып бериң.

2. Қ.Әўезовтың «Тилек жолында» пъесасы қандай проблема әтирапына қурылған?

3. Ә.Өтеповтың дөретиўшилиги ҳаққында айтып бериң.

4. Усы дәўир қарақалпақ драматургиясы қандай жетискенлик ҳәм кемшиликлерге ийе?

5. С.Мажитовтың «Ерназар Алакөз» ҳәм «Бағдагүл» пъесалары ҳаққында айтып бериң.

6. Қарақалпақ театрының қәлиплесиўинде қандай трупа тийкар болды ҳәм оның дәслепки шөлкемлестириўшилери кимлер?

7. «Тилек жолында», «Ерназар Алакөз», «Теңин тапқан қыз» пъесаларының текстлери менен танысың.

20-40-жыллардағы проза

Қарақалпақ фольклорында прозаның айырым жанрлық түрлери әзелден болғаны менен жазба әдебиятта проза XX әсирдиң 20-жылларында пайда болды. Өзиниң туўылыў дәўиринде қарақалпақ прозасы фельетон, очерк, гүрриң түринде жүзеге келди. Олардың авторлары тек ғана жазыўшылар емес, ал ҳәр қыйлы кәсиптеги адамлар еди. Фельетон ҳәм очерктиң жүзеге келиўи баспа сөздиң (1924-жылы қарақалпақ тилинде «Биринши адым» (ҳәзирги «Еркин Қарақалпақстан») газетасы, 1928-жылы «Қызыл муғаллим» атлы көркем-әдебий қол жазба журналы шыға баслады) пайда болыўы менен әмелге асты. Сол дәўирде енди туўыла баслаған социалистлик жәмийеттиң жетискенлик ямаса кемшиликлерин мақтаў ҳәм минеў ушын айне усы жанрлар керек еди. Дәслепки очерк ҳәм

фельетонларға көп ғана кемшиликлер тән болғаны менен (оларда пикирлерди жуўмақластырыў, көркемлик, образлылық жетиспеди, олардың көпшилиги жанр талапларына жуўап бермеди, көбирек әпиўайы хабарға усап кетти) олар жәмийетлик өмирге терең араласып кетти. Бул жанрлардын жүзеге келиўи ҳақыйқый көркем прозаның (гүрриң, повестлердиң) пайда болыўына жол ашып берди.

20-жыллардың екинши ярымынан баслап қарақалпақ әдебиятында дәслепки гүрриңлер жарыққа шыға баслады. Ол гүрриңлердиң көпшилиги сол дәўирде Төрткүлде шығып турған «Қызыл муғаллим» атлы қол жазба журналында жәрияланды. Олардан «Комсомол Шырман», «Елшибек», «Дем алыс күнлери», «Зийнеп» ҳәм тағы басқа гүрриңлерди атап өтиўге болады. Бирақ бул гүрриңлердиң авторларына жазыўшылық шеберлик, талант жетиспеди. Сонлықтанда олар гүрриң жанрының талап дәрежесинен әдеўир алыста жазылды. Олар дәслепки гүрриңлер сыпатында ғана әҳмийетке ийе. Дәслепки гүрриңлердиң ишинде ең тәўир жазылғаны Н.Дәўқараевтың «Көп күнлердиң бири» гүрриңин атап өтиўге болады. Онда оқыўға дем алысқа келген студенттиң тилинен баспашыларға қарсы гүресте жүзеге келген кескин драматик ўақыялар көркем сүўретленеди. Гүрриңде қаҳарманның ишки дүньясы, оның характери ашып бериледи, баянлаў стили әпиўайы, соның менен бирге көркем. Гүрриң сол дәўирдеги қарақалпақ прозасының ең баслы табысларының бири болды. 20-жыллардағы қарақалпақ гүрриң жанрының раўажланыўына С.Мажитов, Н.Кузембаев сыяқлы авторлар өзлериниң көп ғана гүррилери менен қатнасты. Бул жыллар қарақалпақ көркем прозасының буннан былай раўажланыўына тийкар салды. Әлбетте, бунда әдебий тәсирди де бийкарлаў қыйын. Прозасы бизден ертерек раўажланған өзбек, қазақ, татар әдебиятларының тәсири сезилерли болды. Олардың географиялық жақтан жақын жайласыўы, тилиниң жақын болыўы қол келди.

30-жылларға келип қарақалпақ прозасы әдеўир жетилисти. Жаңа жанрлар жүзеге келди. Усы жыллары дәслепки повестлер жазылды. Очерк жетилискен, көркемлиги жоқары жанрға айланды. Усы жанрдың шеберлери өсип жетилисти. Мәселен, Д.Назбергеновтың «Сейил», «Тойға барғанда», «Авиатехник» ҳам басқа да очерклери усы жанр талаплары дәрежесинде жазылды. Сондай-ақ баспа сөзде усы автордың көп ғана фельетонлары да жәрияланды. Демек, ол усы дәўирге келип журналист-жазыўшы болып қәлиплести. Бул жыллары М.Дәрибаев, О.Кожуров, Қ.Айымбетов, Р.Мажитовлар да өзлериниң очерк ҳәм фельетонларын жәриялады.

Бул дәўирде гүрриң жанры да писип жетилисти, есейди. Ол жанрлық көп түрлиликке ийе болды, тематикасы кеңейди. 20-жыллардың гүрриңлеринде көбинесе жаңа менен ескиниң гүреси, баспашыларға байланыслы ўақыялар сүўретленсе, енди муҳаббат, социаллық-турмыслық темадағы, юмор-сатиралық гүрриңлер жазылды. Усы фактиң өзи-ақ гүрриң жанрының өскенинен дәрек береди. Н.Дәўқараев, Д.Назбергенов, М.Кузембаев, А.Бегимов, М.Дәрибаев, Р.Мажитов, А.Шамуратов, К.Аралбаев сыяқлы онлаған жазыўшылар усы жанрда өзлерин сынап көрди. Кейин ала олардын көпшилиги үлкен жазыўшылар болып жетилисти.

30-жыллардағы қарақалпак гүрриңлериниң ишинде Н.Дәўқараев тәрепинен жазылған «Партизанлар» ҳәм «Интернатта» гүрриңлерин жоқары баҳалаўға болады. Ҳәтте, кейин ала әдебиятшылар «Интерната» гүрриңин повест дәрежесиндеги шығарма деп баҳалады. Гүрриңниң бас қаҳарманы Төреш ҳәм оның анасы образы әдеўир жетилискен, олардың портрети, характери көркемлик пенен жүзеге келген. Гүрриңниң тили жатық ҳәм көркем. Сюжети тартымлы, ўақыялар избе-из композициялық жақтан шебер жайластырылған.

30-жыллары биринши қарақалпақ повестлери – М.Дәрибаевтың «Мыңлардың бири», Ә.Шамуратовтың «Ески мектепте», Ж.Аймурзаевтың «Қуўат» повестлери жәрияланды. «Мыңлардың бири» повестинде бас қаҳарман Ерполат ҳәм Мийиргүл ортасындағы муҳаббат орайлық орында турғаны менен шығарма көп ғана майда сюжетлерден қуралған. Сонлықтанда автор шығарманы майда темашаларға бөлип олардың ҳәр бирине атама қояды. Бул жағдай шығарма композициясын қурыўда автордың тутқан жолын да аңлатады. Ерполат шығарманың басында әпиўайы қарақалпақ жигити, шопан сыпатында сүўретленеди. Оның характериниң ашылыўы Ержан сыйпаң менен қарсыласқанда көринеди. Ерполаттың жазықсыздан-жазықсыз түрмеге түсиўи, соң мәрдикарға кетиўи, ол жақтан қызыл әскер болып қайтып келиўи повесттиң сюжетиниң раўажланыў бағытын белгилейди. «Сырлы мазар» бөлими шығарманың ең үлкен ҳәм шешиўши бөлими саналады. Бул бөлимде жаңа қаҳарман – Ҳүрзия менен танысамыз. Ҳүрзия Мийиргүлге салыстырғанда ҳәрекетшең, принципиал характерге ийе, мәрт. Мийиргүл тәғдирге көнгиш, өз мақсети, муҳаббаты жолында гүресе алмайтуғын қаҳарман. Демек, жазыўшы ҳәр бир қаҳарманның индивидуал характерин жаратыўға итибар қаратқан. Буны жазыўшының баслы жетискенлиги сыпатында баҳалаў мүмкин.

Ә.Шамуратовтың «Ески мектепте» повести де көркем, усы жанрдың талаплары дәрежесинде жазылған шығарма. Повест өз дәўириниң талапларынан келип шыққан ҳалда революциядан бурынғы билимлендириў системасын барынша қаралаў принципинде жазылғанына қарамастан, автор жеке қаҳарманлардың образларын жаратыў арқалы көркем ҳақыйқатлыққа ерисиўге умтылады. Дурыс, революцияға шекем көпшилик қарақалпақ мектеплери повесттеги сүўретленген мектепке уқсас еди. Ҳәр тәреплеме билимли оқытыўшылардың жетиспеўшилигинен, билимлендириўде белгили бир ситема жоқлығынан (оқыў қандайдур оқыў

мәкемеси тәрепинен тастыйықланған оқыў бағдарламасы, оқыў кестеси тийкарында алып барылмады, ҳәр бир мектеп өзинше оқытты) Есимге уқсаған оқыўшылар ол мектеплерден (мешиттен) қашты. Жазыўшы мине, усы турмыс ҳақыйқатлығын көркем ҳақыйқатлыққа айландырады. Ең баслысы повестте бир топар образлар галереясы жаратылған. Тили көркем, баянлаў стили тартымлы. Жазыўшы өз қаҳарманларының жасына, жынысына, кәсибине қарап оларға сөйлеў тилин таңлаған. Бул повест те қарақалпак әдебиятында өз орнына ийе шығарма болып есапланады.

30-жыллары роман жазыўға да умтылыслар болды. 1932-жылы А.Бегимов «Дәслепки адым» деп аталатуғын романынан үзинди жәриялады. 1933-жылы Қ.Ермановтың «Өткен күнлер» деп аталатуғын китабы жарыққа шықты. Сол жыллары С.Мажитоватың «Сүйин ҳәм Сара», «Онтоғыз», «Қулмурат» романларының қол жазба варианты пайда болды. Қулласы, бул жыллары қарақалпақ жазыўшылары тынбай көркемлик изленисте болды. Бул дәўирде орыс ҳәм жәҳән әдебиятынан қарақалпақ тилине аўдармалар исленди. 1932-жылдан баслап «Мийнет әдебияты» (ҳәзирги «Әмиўдәрья») журналы шыға баслады. 1928-жылы «Қарақалпақ әдебияты топламы», оннан кейинги жыллары ҳәр қыйлы әдебий топламлар, әлманахлар шыға баслады. Оларда жазыўшылардың шығармалары жәрияланып барылды. Бул нәрсе жазыўшылардың шеберлигиниң артып барыўына тәсирин тийгизди. Соның себебинен де проза әдеўир дәрежеде раўажланды. Усы дәўир прозасында гүрриң ҳәм повест ең жетекши жанрлар болып қалды.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. 20-жыллар қарақалпақ прозасында қайсы жанрлар дәслеп пайда болды?

2. 20-жыллар қарақалпақ гүрриңлери ҳаққында айтып бериң.

3. 30-жыллардағы қарақалпақ гүрриңлери ҳәм олардың авторлары ҳаққында айтып бериң.

4. Н.Дәўқараевтың «Интерната» гүрриңи ҳаққында айтып бериң.

5. М.Дәрибаевтың «Мыңлардың бири» повестиниң бас қаҳарманлары кимлер ҳәм олар ҳаққында айтып бериң.

6. Ә.Шамуратовтың «Ески мектепте» повестиниң жетискенлик ҳәм кемшиликлери нелерден ибарат?

7. 20-30-жыллар қарақалпақ прозасы ҳаққында қандай изертлеўлерди билесиз?

Екинши дунья жүзлик урысы дәўириндеги қарақалпақ әдебияты

Екинши дүнья жүзлик урысы бурынғы Советлер аўқамында жасаған гүллән халықлар ушын айрықша сынақ болды. Халықтың ең алдыңғы, күшке толысқан жигитлери урысқа атланды. «Барлығы жеңис ушын» ураны бас уранға айланды. Басқа кәсиптегилер сыяқлы әдебиятшылардың да көпшилиги урысқа кетти. Көркем әдебияттың барлық түр ҳәм жанрларында жеңис темасы, халықтын фашизмге жек көриўшилик сезимин оятыў биринши орынға шықты. Демек, бул дәўир әдебияты өзиниң характери бойынша өзининен бурынғы ҳәм кейинги әдебиятқа улыўма усамайтуғын әдебият болды.

Поэзия

Поэзия қарақалпақ әдебиятында бул жыллары да өзиниң жетекшилик позициясын сақлап калды. Себеби, лирика әйне поэзия түринде жүзеге келетуғын болғанлықтан, ал лирика әдебияттың ең жаўынгер, жәмийетте жүзеге келген өзгерислерге тез жуўап бергиш түри болғанлықтан да лирикаға деген талап күшли болды.

Урыс жыллары А.Дабылов, С.Нурымбетов, Ж.Аймурзаев, Н.Жапақов, А.Турымбетов, Д.Назбергенов, С.Қурбаниязов, А.Шамуратов, Ә.Шамуратов сыяқлы көплеген шайырлар өзлериниң жалынлы қосық-ларын жазды. Урыстың дәслепки күнлеринен баслап-ақ Ж.Аймурзаев поэзияда активлик көрсетти. Оның «Тыңлаңызлар» қосығы шақырық, жар салыў формасында жазылды. Онда фашистлердиң ўатан топырағына бастырып киргени, гүнасыз адамлардың ҳақ қанлары төгилип атырғаны, жүрегинде оты бар ҳәр бир азаматтың ўатан қорғаў исине атланыўы керек екенлиги ҳаққында жар салады. Қосық өзиниң актуаллығы, ишки мазмунының тартымлы екенлиги менен ғана емес, ал сыртқы формасының әдеттегиден тыс екенлиги менен де айрықшаланып турады. Шайырдың буннан басқа «Украина от ишинде», «Перзентим», «Полина – Украина қызы» ҳәм басқа да қосықлары усы дәўирдиң ең жақсы шығармаларына айланды. Сондай-ақ Ж.Аймурзаев бул дәўирде бир қанша поэмалар да жазды. Олардан «Батыр», «Түркмен қызы Наржан», «От ишинде» поэмаларын атап өтиўге болады.

Урыстың дәслепки күнлеринен баслап-ақ усы темада көплеген шығармалар жазған Дәли Назбергенов (1913-1942) болды. Оның қосықларынан патриотлық сезим, мәртликке шақырық айрықша көринеди. Мәселен, шайырдың «Ананың хаты», «Мәрт бол», «Ант етемен», «Кеширмеймиз, өш аламыз», «Патриот» қосықлары тиккелей урыс темасына бағышланды. Урыс жылларында өзбек шайыры Ғафур Ғуламның «Сен жетим емессең» қосығы жүдә кеңнен белгили болып кеткен еди. Д.Назбергенов та усы атамадағы қосығында эвикуация болып келген жетим балаларды қарақалпақ халқы қандай жыллы жүз бенен күтип алғанын жазады. Урыс жылларында шайырдың «Еки батыр», «Бизлер жеңемиз» поэмалары жәрияланды.

Усы дәўирде Н.Жапақовтыңда шайырлық таланты ҳәр тәреплеме көринди. Оның «Қолыңды тарт, фашистлер», «Буденный жаўға атланды»,

«Партизанлар», «Гвардия байрағы», «Сыйлық», «Мәрт палўаның киятыр» қосықлары кеңнен белгили болды. Әсиресе, шайырдың «Буденный жаўға атланды» қосығына нама жазылып, көпшилик тәрепинен атқарылып жүрди. Әмет Шамуратовтың қосықларында да ўатан қорғаўға шақырық баслы орынды ийеледи. Шайырдың «Атлан, балам, атлан» қосығында мәрт ана образы жаратылды. Шайыр С.Қурбаниязов та урыстың дәслепки жылларында өзиниң жалынлы қосықлары менен баспа сөзде тез-тез көринип турды. Оның «Мылтық ал халқым қолыңа», «Ўатанымды қорғайман», «Бизиң қорған» қосықлары кеңнен мәлим болды.

Урыс жылларында, әсиресе, халық шайыры Аббаз Дабылов жемисли қәлем тербетти. Шайыр қосықларында фольклорлық ҳәм классикалық әдебияттың көркемлеў усыллары менен қуралларынан шебер пайдаланыўы олардың тәсиршеңлигин арттырды. Шайырдың «Гүзеп кел» қосығы халықлық афоризмлер менен суўғарылған:

Душпан келсе саясына нәрўанның,
Қәтебин жаздырса бизиң кәрўанның,
Сыйласық билмеген нағыз ҳайўанның,
Ҳәм өлтирип, қуйрық жалын гүзеп кел!

Мине, бундай қосық қатарлары урысқа атланған ҳәр бир жаўынгерди илҳамландырып өз күшине исеним пайда етти. Усы жыллары шайырдын «Нәмәрт жигит неге дәркар» қосығы айрықша кеңнен белгили болды. Оны дерлик ҳәр бир жигит-қыз яддан билди. Себеби, бул қосықта эмоционаллық тәсир етиўшилик сезимлер менен бирге философиялық пикирлер араласып жүрди. Қосықтың тәсиршеңлиги айрықша күшли болды. Усы жыллары Садық Нурымбетовтың «Перзентим» қосығы да көпшиликбап қосыққа айланды. Қосық урысқа атланып атырған жигитке әкесиниң наказы формасында жазылды. Бунда жигиттиң ўатан алдындағы миннети жүдә тәсирли түсиндириледи.

Туўған елдиң ар-намысын алып кел,

Душпанның басына саўда салып кел,
Жеңистиң намасын тезден шалып кел,
Мениң саған тапсырмам сол перзентим.
Ядыңнан шықпасын душпанның пәнти,
Гитлердиң бузылған менменлик шәрти,
Азатлық дүньяның болыңыз мәрти,
Ўатан ушын аянбағыл перзентим.

С.Нурымбетовтың усы жыллары жазған косыкларында бизиң исимиз ҳақ, сонлықтанда биз жеңемиз деген идеяны оқыўшылар санасына сиңириў баслы орында турды. Шайыр пикир өткирлиги ҳәм тәсиршең-лигин тәмийинлеў ушын халықлық метафорадан, гипербола ҳәм теңеўлерден өнимли пайдаланды. Сонлықтанда оның қосықлары көпшилик ушын түсиникли ҳәм тәсирли болды.

Урыстың дәслепки жыллары жас талантлы шайыр Артық Шамуратов (1915-1943) активлик көрсетти. Урыстан бурын-ақ (1934-жылы) биринши қосықлар топламын баспадан шығарған ҳәм өзин әдебий сыншы сыпатында да танытып үлгерген ол «Хош бол, ана!», «Бизиң Ворошилов» сыяқлы жалынлы қосықларын дөретти. Шайыр эпикалық поэзияда да өзин сынап көрди. Ол «Мийнет майданында», «Душпан сыры», «Бахытлы ана» поэмаларын жазды. Сондай-ақ Әмет Шамуратовтың да бул жыллары «Жоқ етемиз», «Бар балам, бар!», «Фронттағы ярға сәлем», «Өш ал!», «Сәлем сизге фронттағы улыңнан», «Саўаштан келди» сыяқлы қосықлары жарық көрди.

Урыс темасына арнап А.Бегимов, Х.Сейтов, Б.Қайыпназаров, Ж.Сейтназаров сыяқлы бир қатар шайырлар өзлериниң қосықларын дөретти. Олардың ҳаммесине ортақ тема урыс ҳәм жеңис темасы болды. Бизиң исимиз ҳақ, биз жеңемиз, бизиң топырағымызға бастырып кирген душпанларды нышқырт етемиз дегенге сыяқлы пикирлер орын алды. Сондай-ақ шайырлар пикир өткирлигин ҳәм тәсиршеңлигин тәмийинлеў

ушын фольклорлық теңеўлер менен гиперболалардан, метафоралар менен аллегориялардан көбирек пайдаланды.

Урыс жылларындағы шайырларды тийкарынан еки топарға бөлиўге болады: урысқа тиккелей қатнасып фронт майданынан қосық жазған шайырлар ҳәм аўылда қалып адамларда жеңиске деген исеним оятыўға умтылған шайырлар. Биринши топардағылардың (Ж.Аймурзаев, А.Шамуратов, Ж.Абибуллаев, С.Қурбаниязов, Б.Қайыпназаров ҳәм басқалар) қосықлары тиккелей урыс ҳәрекетлерине арналды. Олар урысты өз көзи менен көргенлери ушын да бул темадағы шығармалары әдеўир исенимли ҳәм тәсирли шықты. Екинши топардағылар да (А.Дабылов, С.Нурымбетов, Х.Сейтов, Ә.Шамуратов ҳәм басқалар) адамларды мәртликке, ўатан қорғаўға бағышлап көплеген қосықлар дөретти. Олар тиккелей халықтын арасында жүрип патриотизмге толы қосықларын оқыды. Мәселен, халық шайырлары А.Дабылов ҳәм С.Нурымбетовлар қыссаханлық жолына салып қосықларын оқып жүргенлиги себепли олардың көпшилик қосықларын тыңлаўшылар ядқа билетуғын дәрежеге келди. Әсиресе, олардын «Нәмәрт жигит неге дәркар» ҳәм «Перзентим» қосықлары жүдә кеңнен белгили болды.

Урыс жылларындағы поэзия ушын бир қатар кемшиликлер де тән еди. Бул кемшиликлер бәринен де бурын аўылда қалған шайырлардың урыс ҳаққында ҳақыйқатлықты билмей турып қосық жазыўында көринди. Қызыл әскерлерди фольклорлық батырларға, душпанларды жүдә қорқақ, әлжиўаз кимселерге теңеди. Бул көркем шынлықтан бет бурыў еди. Деген менен, бул дәўирде шайырлар өнимли қәлем тербетти ҳәм урыстағыларға, аўылда қалып аўыр мийнет етиўшилерге рухый дәрман бериўши үлкен күшке айланды.

Проза

Урыс жылларындағы қарақалпақ прозасы тийкарынан сүўретлеме, очерк ҳәм гүрриңлерден ибарат болды. Әсиресе, очерк жанры әдеўир

күшли раўажланды. Бунда М.Дәрибаев, Ж.Аймурзаев, Д.Назбергенов, Р.Мажитов, Н.Жапақов, Ж.Сапаров, А.Турымбетовлар өнимли иследи. Олардың тиккелей мийнет майданынан ҳәм фронттан жазған очерклери өзиниң оперативлиги ҳәм көркемлиги менен көзге тусти.

М.Дәрибаевтың «Үш батырдың анасы» ҳәм «Жумыс ушын» очерклеринде мәрт ҳәм мийнеткеш ана образларын жасайды. Биринши очерктиң қаҳарманы Айымгүл көп мийнет еткен ҳәм қыйыншылықларды көрген ана. Ол өзиниң фронтқа атланған улына ўатан қорғаўда қырағы, мәрт болыўға нәсият етип хат жазады. Ал екинши очерктиң қаҳарманы Гүлжамал атызда мийнет етеди ҳәм бирге ислеўшилерди де аянбай мийнет етиўге шақырады. Автордың булардан басқа «Тракторшы», «Атыздағы гүрриң» очерклери де сәтли шыққанлығын айтып өтиў керек. Сондай-ақ жазыўшы усы жыллары «Сатыўшы қыз», «Мырзабай бижық» сыяқлы сатиралық гүрриңлерди де жазды.

Р.Мажитовтың «Жемисли мийнет», «Қас қағымда», «Сағынышлы күтиў», «Ашылған сыр», «Даңқ ийеси» очерклери әскерий ҳәм урыс темасына арналды. Олардың көпшилигинде автор урыс майданында болып атырған ҳәрекетлерди шеберлик пенен ашып береди. Очерклердиң қаҳарманларына оқыўшылардың сүйиспеншилигин оятады.

Н.Дәўқараевтың «Өлимди писент етпеўшилер», «Мәртлик» гүрриңлери тиккелей урыс темасына бағышланды. Автор Иванов, Бруднов, Сабырбай образлары арқалы урыс қыйыншылықларын, жаўынгерлердиң жеңис жолындағы мәртликлерин исенимли сүўретлеп береди. Бул еки гүрриңди де усы дәўирдеги ең жақсы шығармалардың қатарына жатқарыўға болады.

Улыўмаластырып айтканда, урыс дәўириндеги қарақалпақ прозасы киши жанрлардан (гүрриң, очерк) ибарат болды. Жазыўшылар усы жанрлар арқалы урыс ҳәм тылдағы ҳақыйқатлықты эпикалық бағдарда баянлаўға ҳәрекет етти. Бул дәўирде повест ҳәм роман жанрында шығар-

малар жазылмады. Буның баслы себеби тез өзгерип турған жағдайларды киши жанрларда сүўретлеў анағурлым абзалырақ еди.

Драматургия

Урыс дәўиринде қарақалпақ драматурглери де өзлериниң шығармаларында көбирек дәўир ҳақыйқатлығын сүўретлеўге умтылды. Ж.Аймурзаевтың «Коля», «Перзент», «Лейтенант Елмуратов», Н.Дәўқараевтың «Алпамыс», С.Хожаниязовтың «Бизиң баҳадыр» пъесаларын тамашагөйлер қызғын күтип алды.

«Коля» пъесасында совет жаўынгерлериниң мәртлиги ҳәм фашистлердиң жаўызлығы сүўретленсе, «Перзент» пъесасында колхоз жылкыманы Мурат пенен агроном Борисовтың парахатшылық дәўирдеги ҳадал мийнет етиўи ҳәм урысқа атланғаннан кейинги ерликлери көрсетип бериледи. Бирақ бул еки пъеса да бир қанша кемшиликлерге ийе еди. Оларда пъесаның улыўма мазмунын ашып бериўге қатнассыз эпизодлар, персонажлардың образын ашыўда үстиртинлик көбирек көринди. Драматургтиң бул пъесаларына салыстырғанда «Лейтенант Елмуратов» пъесасы анағурлым сәтли жазылды. 1943-жылы жазылып сахнаға қойылған бул пъесада Батырбек Елмуратов ҳәм оның досты рус жигити Ивановтың урыста көрсеткен ерликлери исенимли ашып бериледи. Пъесада урыс ҳәрекетлери менен қатар сол дәўирде тылда мийнет етиўшилердиң ерликлери де көрсетиледи. Бул пъеса сол дәўир ушын жүдә актуал темаға қурылды ҳәм тамашагөйлерде үлкен қызығыўшылық оятты.

Урыстан алдыңғы жыллары «Айша» пъесасы менен көринген, кейин ала белгили драматург болып жетилискен С.Хожаниязов 1944-жылы урыс темасына арнап «Бизиң баҳадыр» пъесасын жазды. Пъесада бираз кемшиликлер болыўына қарамастан автор Султан, Бостан, Мария, сатқын Брунниковлардың образлары арқалы урыс қыйыншылықларын ашып бериўге умтылады. Автордың өзи урыс ҳақыйқатлығын билмегени себепли айырым эпизодлар исенимсиз шыққан.

Урыс дәўиринде жазылған драмалық шығармалардың ишинде ең сәтли шыққанларының қатарына Н.Дәўқараевтың «Алпамыс» музыкалы драмасын жатқарыўға болады. Пъеса «Алпамыс» дәстанының негизинде жазылды. Онда автор көп ғана эпизодларды сахна ушын қолайластырды ҳәм жетилистирди, персонажлар қосылды ямаса улыўма ўақыяларға оншелли қатнасы болмаған екинши дәрежели персонажлар алып тасланды. Әсиресе, пъесадағы ариялардың текстлери жаңадан жазылған ҳәм олар пъесаның сәтли шығыўында тийкарғы орынды ийелейди. Патриотизмге толы бул ариялар (әсиресе Алпамыс тәрепинен атқарылатуғын) қаҳарман образларын ашып бериўге, тамашагөйлерде мақтаныш, тилеклеслик сезимлерин пайда етиўге тийкарланған. Бул пъесаның және бир утымлы таманы «Алпамыс» дәстаны ески қарақалпақ дәстанларының бири болып, оның бас қаҳарманы Алпамыс халкымыздың сүйиспеншилигине ийе еди. Бундай халық қаҳарманын сахнада көриў қуштарлығы урыс дәўиринде және де артты.

Урыс дәўириндеги қарақалпақ драматургиясы усындай өзиншеликлерге ийе болды. Ўақыттың қыйын-қыстаўлығына, қыйыншылықларына қарамастан бул дәўирде де драматургияны раўажландырыў бойынша бир қанша жумыслар исленди. Өзбек, орыс ҳәм басқа да бир қанша халықлардын ең жақсы драмалық шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылып сахналастырылды. Бул нәрсе қарақалпақ драматурглериниң өз шеберликлерин арттырыўына жәрдемлесиў менен бирге қарақалпақ театрының репертуарын байытты.

* * *

Улыўма урыс дәўириниң қарақалпақ әдебияты өзинен бурынғы ҳәм кейинги дәўирлер менен салыстырғанда түпкиликли өзиншеликке ийе болды. Бул өзиншелик биринши гезекте урысқа байланыслы келип шықты. Ҳәмменің нәзери урысқа қаратылғанлықтан әдебият та оннан бөлекленип кете алмады. Әдебияттағы тийкарғы тема урыс темасы болды.

Поэзия көркем әдебияттың басқа түрлерине салыстырғанда күшлирек раўажланды. Шайырлар халықтын жеңиске деген исенимин, душпанларға жек көриўшилик сезимлерин оятыў ушын түрлише форма ҳәм мазмунда шығармалар дөретти. Бул дәўирде ең оператив түр болған лирика күшли раўажланды. Прозада киши жанрдағы шығармалар көбирек дөретилсе, драматургияда бир актли пъесалар ҳәм инцинировкалар басым көпшиликти қурады.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар

1. Урыс дәўиринде қәлем тербеткен қарақалпақ шайырлары ҳаққында айтып бериң.

2. «Нәмәрт жигит неге дәркар», «Перзентим», «Улым, тыңла!» қосықларының авторлары кимлер ҳәм олардың идеялық-тематикалық бағыты қандай? Усы қосықларды ядлап алың.

3. Урыс дәўириндеги лирикалық шығармалардың баслы тематикасы қандай?

4. С.Нурымбетовтың урыс жылларында жазған қосықлары ҳаққында айтып бериң.

5. Урыс дәўиринде эпикалық поэзия жанрларында жазылған қандай шығармаларды билесиз ҳәм олар ҳаққында айтып бериң.

6. Урыс дәўиринде жазылған қандай очерклерди билесиз?

7. Урыс дәўиринде жазылған гүрриңлер ҳәм олардың авторлары ҳаққында айтып бериң.

8. Ж.Аймурзаевтың урыс дәўириндеги қандай пъесаларын билесиз ҳәм олардың тематикасы нелерден ибарат?

9. С.Хожаниязовтың «Бизиң баҳадыр» пъесасы ҳаққында айтып бериң.

10. Н.Дәўқараевтың «Алпамыс» пъесасын оқып шығың ҳәм пъеса ҳаққында айтып бериң. Пъесаның дәстаннан айырмашылық тәреплерине дыққат қаратың. Пъесадағы арияларды ядлап алың.

60-80-жыллардағы қарақалпақ әдебияты

1960-1980-жыллар XX әсир қарақалпақ әдебиятының ең раўажланған дәўири болды. 1958-жылы А.Бегимовтың «Балықшының қызы», Ө.Айжановтың «Арал қушағында», Ж.Аймурзаевтың «Әмиўдәрья бойында», Х.Сейтовтың «Ҳәўирли самаллар» романларының жәрияланыўы қарақалпақ әдебиятының ҳәр тәреплеме раўажланғанынан дәрек берди. Урыстан соңғы жыллары 1950-жыллардың орталарына шекем әдебиятта конфликтсизлик теориясы тәсиринде жазылған шығармалар көплеп дөретилип әдебияттың раўажланыўына кери тәсирин тийгизген болса да усы дәўирде де А.Дабыловтың «Баҳадыр» дәстаны (1948-1949-жыллар), И.Юсуповтың «Жолдас муғаллим» поэмасы (1949-жыл), Ж.Аймурзаевтың «Келин» гүрриңи (1948-жыл) сыяқлы улыўма қарақалпақ әдебиятындағы ең белгили шығармалар дөретилген еди. Мине, усындай шығармалар әдебияттың буннан былай өсиўине унамлы тәсир жасады.

1960-1980-жыллары көркем әдебиятымыздың ҳақыйқый жетекшилери өсип жетилисти. Олар әдебияттың барлық түр ҳәм жанрларында шығармалар дөретти ҳәм мақтанышымызға айланды, қарақалпақ әдебиятының дүнья әдебияты тарийхында өз орнына ийе болыўында айтарлықтай хызмет атқарды. Мәселен, поэзияда И.Юсупов, прозада

Т.Қайыпбергенов әдебиятымыздың ҳақыйқый жетекшилери болды. Усы дәўирде драматургияның раўажланыўына С.Хожаниязов, П.Тилегенов, К.Рахмановлар айтарлықтай үлес қосты. К.Султанов, Ш.Сейтов, У.Пиржанов, Ғ.Сейтназаров, К.Мәмбетов, С.Баҳадырова сыяқлы прозаиклер, Т.Жумамуратов, Б.Қайыпназаров, Т.Сейтжанов, М.Сейтниязов, Д.Айтмуратов, У.Хожаназаров, К.Каримов, Ж.Избасқанов сыяқлы шайырлар өсип жетилисти. Бул дәўирде қарақалпақ әдебиятының басқа халықлар әдебияты менен байланысы күшейди. Көплеген дүнья классиклериниң шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылып басылды.

Проза

Бул дәўирде әсиресе, қарақалпақ прозасы күшли раўажланды. 50-жыллардың ақырында дәслепки романлар жәрияланған болса, 60-жыллардан кейин прозада жазылатуғын жанрларда көплеп шығармалар дөретилди. 1960-жыллардың басынан баслап өзиниң повестлери менен танылып жүрген жас жазыўшы Төлепберген Қайыпбергенов дәслепки романы – «Соңғы хүжим»нен соң «Қарақалпақ қызы» романы менен көринди. Бул роман XX әсирдиң дәслепки 30 жыллығындағы қарақалпақлардың турмысын көркем сүўретлеўи, реалистлик образларды жаратыўдың ҳәр тәреплеме жетилисиўи, сюжетлердиң кең планда алыныўы ҳәм олардың бир бири менен логикалық байланыслылығы, композициялық жыйнақлылық, баянлаў стилиниң жетилискенлиги сыяқлы роман жанрына қойылатуғын талаплардың жемисли орынланыўы менен көпшиликтиң дыққатын өзине тартты. Романдағы тийкарғы образ – Жумагүл образының эволюциясы автор тәрепинен исенимли жаратылған. Ол анасы менен үйинен қуўылған жетим қыздан халық басшысы, сиясатшы дәрежесине шекем көп ғана машақатлы жолларды басып өтеди. Бул жолларды Жумагүл сөзсиз басып өтиўи тийис еди. Автор оны исенимли бере алған. Романдағы Турымбет, Дүйсенбай, Сәнем кемпир образлары да өз дәўириниң қарама-қарсылықларын, ҳақыйқатлығын

өзлерине жәмлеген. Роман тек автордың табысы болып қалмай, 60-жыллардағы қарақалпақ әдебиятының да жетискенлиги болды. Жазыўшы усы шығармасы арқалы тарийхый роман дөретиўге таярлық басқышын өтеди ҳәм буннан кейин әдебиятымызда кеңнен белгили болған «Қарақалпақ дәстаны» роман-трилогиясын дөретти.

1961-жылы жарыққа шыққан Караматдин Султановтың «Ақ дәрья» романы да айрықша әдебий қубылыс болды. Романда екинши жер жүзлик урыс дәўириндеги Арал теңизин жағалап қонысласқан халықтың турмысы, адам шыдап болмаслық қыйыншылықлар, жеңисти тезлетиў ушын ҳаял-қызлар, кемпир-ғаррылар, жас балалардың күн-түн демей мийнет етиўлери исенимли сүўретленеди. Роман Өтеген Айжановтың «Арал қушағында» романы менен үнлес. «Арал қушағында» романында ўақыялардың раўажланыўындағы тийкарғы конфликт өндирислик конфликт болса, бунда семьядағы конфликт таңлап алынған. Өтирик-өсеклердиң нәтийжесинде Жәмийлаға ғәремет, жала жабылып семьясынан айырылып қалыў қәўпи туўылады. Бирақ өзиниң ҳақ екенин Жәмийла исенимли дәлиллейди. Романдағы ўақыялардың раўажланыўындағы және бир конфликт Қәдир кашқынға байланыслы. Мине, усы образ кейин ала әдебиятшылар ортасында көп талас-тартыс туўдырды. Бир әдебиятшылар (И.Сағитов, Ә.Қожықбаев) бул образды романға ениспей тур деп баҳаласа, екиншилер (М.Нурмухаммедов) керисинше, дәўир ҳақыйқатлығын, қыйыншылығын ашып бериў ушын дурыс жаратылған деп баҳалады. Қулласы, бул роман 60-жыллардағы қарақалпақ әдебиятындағы ең елеўли шығармалардың бирине айланды.

Усы дәўирде тарийхый-биографиялық роман дөретиў де кең ен жайды. К.Султановтың «Әжинияз», О.Бекбаўлиевтиң «Беруний», «Тарас Аралда», К.Мәмбетовтың «Әжинияз» романлары белгили шайыр ҳәм илимпазлардың өмирин сүўретлеўге бағышланды. Бундай белгили бир миллеттиң атақлы сөз шеберлерине арналған үлкен көлемдеги шығармалар

дөретиў тәжирийбеси бизге қоңсылас халықлар әдебиятында да бар еди. Мәселен, өзбек әдебиятында Айбектиң «Наўайы», қазақ әдебиятында Мухтар Әўезовтың «Абай жолы» роман-эпопеялары дөретилди.

60-жыллардың орталарынан баслап прозада Ш.Сейтов келешегинен үмит күттиретуғын жазыўшы сыпатында көрине баслады. Жазыўшының «Ығбал соқпақлары», «Шырашылар», «Халқабад» (4 китаптан ибарат), «Жаман шығанақтағы ақтуба» романлары, «Қашқын», «Ушып кеткен тырналар», «Жинаятлы исине қосып тигилсин» повестлери қарақалпақ прозасының раўажланыўында өз орнына ийе болды. «Халқабад» романында XX әсирде халқымыздың басына түскен аўыр күнлер – колхозласыў, репрессия, екинши жер жүзлик урыс, оннан кейинги дәўирдеги қыйыншылықлар көркем сәўлеленеди. Романдағы қаҳарман образын жасаўдағы, сюжет, композиция дүзиўдеги жазыўшының шеберлиги көп ғана жазыўшылар ушын үйрениў мектеби болды.

Бул жыллары қарақалпақ әдебиятында повест, гүрриң жанрларында да бир қатар шығармалар пайда болды. Т.Қайыпбергеновтың «Бир суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер», «Муғаллимге рахмет», «Тәнҳә өзине мәлим сыр», Ғ.Сейтназаровтың «Даўыллар арасында», «Гүжим ҳаққында баллада», У.Пиржановтың «Сүўрет», Қ.Камаловтың «Маржангүл», К.Мәмбетовтың «Москвадан келген қыз», «Мен оны сүйер едим», «Имтехан», А.Бекимбетовтың «Сырлы излер изинен», «Аўыр сынақлар», К.Смамутовтың «Перзент» повестлерин оқыўшылар жыллы күтип алды. Олардың көпшилиги басқа тиллерге аўдарылып басылды. Гүрриң жанрында Г.Есемуратова, С.Баҳадырова, А.Атажанов, А.Алиев, А.Садықов, К.Алламбергеновлар жемисли мийнет етти. Олардың гүрриңлери республикалық газеталарда, «Әмиўдәрья» журналында жәрияланды, өз алдына топлам болып басылып шықты.

Усы дәўирдеги прозалық шығармаларға тийкарынан материал таңлаўда документализмге бет бурыў күшейди. Бул өз гезегинде көркем

шығарманың турмыс шынлығы менен жақынласқанын көрсетеди. Өмирдеги ҳақыйқый болған ўақыялар менен реал адамлар турмысынан Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» трилогиясы, К.Султановтың ″Әжинияз″ романы, О.Бекбаўлиевтың ″Беруний″, ″Тарас Аралда″ шығармалары пайда болды. Олардан Ж.Аймурзаевтың ″Жетимниң жүреги″ ҳәм Ә.Тәжимуратовтың ″Сарковлы батыр″ повести тарийхый шығармаларға усағаны менен де, негизинен олар басқа жанрдың талабына жуўап береди. Демек, кейинги еки шығарманыда мемуарлық сыпатлар басым. 1960-80-жыллардағы қарақалпақ прозасының жанрлық ҳәм стиллик көз қарастан жетилисиўи ҳәм раўажланыўы буннан кейин де прозамыздың раўажланыў бағдарларын белгилеп берди.

Усы дәўирдеги роман жанрында көп планлылық сезилди. Буны Т.Қайыбергеновтың ″Қарақалпақ дәстаны″ трилогиясына кирген романлардан анық көриўге болады. Бул романның сюжети тийкарынан бир нешше баслы қаҳарманлардың ҳәрекети менен халық массасының ҳәрекетин бириктирип сүўретлеўге қурылған. Әлбетте, бул дәўир прозасында қаҳарман образын лирико-психологиялық планда сүўретлеў тенденциясы тәўир-ақ күшейди. Бунда Т.Қайыпбергенов, С.Сәлиев, А.Алиев, С.Баҳадырова повестьлеринде жаслардың өмирине, олардың ис ҳәрекетлерине байланыслы болған ўақыялар лиро-эпикалық планда реалистлик пенен сүўретленди. Мәселен, «Уйқысыз түнлер″ повестиндеги Гүлзар, С.Сәлиевтың ″Кәрўан мәнзилди гөзлер″ повестиндеги Кеўлимжай, сондай- ақ С.Баҳадырованың ″Ҳаяллар″ повестиндеги Зийўар образлары лирико-психологиялық планда дөретилген.

Солай етип, бул жыллары қарақалпақ прозасы поэзия, драматургияға салыстырғанда да күшлирек раўажланды. Прозаның тематикасы кеңейди. Тарийхый, тарийхый-биографиялық темада жазылған шығармалар менен бир қатарда, лирика-эпикалық, лирика-психологиялық бағдарларда, дәўир машқалаларына арналған шығармалар көплеп көринди. Жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлиги артты. Дүнья классиклериниң прозалық шығармаларының қарақалпақ тилине аўдарылыўы, қарақалпақ

жазыўшыларының шығармаларының басқа тиллерге аўдарылып басып шығарылыўы олар ушын үйрениў мектеби болды ҳәм активлигин арттырды.

Әдебият теориясынан түсиниклер

Роман. Бул атама француз, немец тиллеринде усылай аталады. Орта әсирлерде латын тилинде емес, ал роман тиллеринде жазылған ҳәр қандай шығарма роман деп аталған. Роман ири эпикалық шығарма болып онда бир ямаса бир неше бас қаҳарманның образы (мәселен, «Қарақалпақ дәстаны» роман трилогиясында Маманбий, Айдос бий, Ерназар Алакөз, «Халқабад» романында Данияр, Саеке, Қунназар ақсақал образлары ҳ.т.б.) толық жасалып, барлық ўақыя ҳәм сюжетлер солардың әтирапына жәмленеди. Романда тийкарғы сюжетлер ҳәм қаптал сюжетлер болыўы мүмкин. Роман тийкарынан прозада жазылады, қосық пенен жазылатуғын да романлар бар (А.С.Пушкинниң «Капитан қызы», Т.Жумамуратовтың «Макарья сулыў» шығармалары).

Повест. Орыс тилине тийисли атама. Орта эпикалық жанр. Романда ўақыялар толық түринде алынып, қаҳарман характери де толық ашып берилетуғын болса, повестте қаҳарман психологиясының белгили бир ҳалаты, пейзажлық көринислер сәўлеленеди. Повестте ўақыялардың ўақты да шекленген болады (романда бир неше он жылдың, жүзлеген жылдың ўақыялары сүўретлениўи мүмкин). Қарақалпақ әдебиятында повест XX әсирдиң 30-жылларынан баслап пайда болып (М.Дәрибаевтың «Мыңлардың бири», Ә.Шамуратовтың «Ески мектепте» повестлери) ең кең раўажланған жанрлардың биринен есапланады. Т.Қайыпбергеновтың «Бир суўық тамшы», «Уйқысыз түнлер», Ш.Сейтовтың «Қашқын», О.Бекбаулиевтиң «Тарас Аралда», С.Баҳадырованың «Ҳаял», К.Мәмбетовтың «Москвадан келген қыз» повестлерин атап өтиўге болады.

Гүрриң. Өмирдиң көлеми бойынша киши қубылысын сүўретлей-туғын болғанлықтан киши эпикалық шығарма деп аталады. Ол бир

конфликтке қурылған сюжет тийкарында жаратылады. Қарақалпақ әдебиятында гүрриң XX әсирдиң 20-жылларында пайда болды. Н.Дәўқараевтың «Көп күнлердиң бири» гүрриңи биринши гүрриңлерден есапланады. Усы автордың «Интернатта», Ж.Аймурзаевтың «Келин», И.Юсуповтың «Сейдан ғаррының геўиши» гүрриңлерин қарақалпақ әдебиятында усы жанрдағы ең жақсы шығармалардың қатарына жатқарыўға болады. Киши эпикалық жанрдың гүрриңнен тысқары очерк, новелла сыяқлы түрлери де бар.

ПОЭЗИЯ

Бул жыллары қарақалпақ поэзиясы да өркенлеп раўажланды. Әпиўайы лирикалық қосықтан баслап эпикалық поэзияға шекемги барлық жанрларда көркемлиги жоқары шығармалар жарыққа шықты. 60-жылларға шекем шайырлар тийкарынан классикалық поэзия, фольклор үлгисинде шығармалар дөретип келген болса, енди ҳәр бир шайырдың жеке стили көрине баслады. Батыс ҳәм Шығыс поэзиясына тән болған көркем формаларда шығармалар жазылды.

А.Дабылов, С.Нурымбетов, Ж.Аймурзаев, Т.Жумамуратов, Х.Сейтов, Х.Турымбетов, Б.Қайыпназаров, И.Юсупов, Т.Сейтжанов, М.Сейтниязов, Ш.Сейтов, К.Рахманов, Т.Матмуратов, У.Хожаназаров, Г.Есемуратов сыяқлы шайырлар менен бирге 70-жыллардан баслап әдебиятымызға кирип келген Т.Қабулов, Ж.Избасқанов, К.Каримов, Ҳ.Айымбетов, Н.Төрешова, Х.Дәўлетназаров, С.Ибрагимов, Б.Генжемуратов ҳәм басқа да көплеген шайырлар қарақалпақ поэзиясының раўажланыўына өзлериниң үлесин қосты.

60-жыллары халық шайырлары А.Дабылов, С.Нурымбетовлар өнимли мийнет етти. А.Дабылов бай уйқасқа, рәң-бәрәң көркемликке ийе қосықлары менен көринсе, С.Нурымбетов «Бердақ», «Қамары», «Жипекши

жаңыл», «Теңизде», «Зарымбеттиң ғабырысы» сыяқлы поэмалары менен көзге түсти.

Өзиниң «Көк емен», «Гүллер» топламлары менен белгили болып үлгерген шайыр Б.Қайыпназаров та усы жыллары көп ғана қосық ҳәм балладалары менен көринди. Б. Қайыпназаров халықлық поэзияның ең жақсы үлгилерин раўажландырыў менен бирге поэзияда лиризмди, сезимталлықты күшейтти. Оның поэзиясында эстетикалық заўық тийкарғы орынды ийеледи.

50-жыллары көбирек сатиралық қосыклар дөреткен Т.Жумамуратовтың таланты бул жыллары еле де тасқынлады. Оның балаларға арналған «Қәсийетли гәўҳар тас ҳаққында ертек», «Кийиктиң еки ылағы» шығармалары жоқары көркемликке ийе болыўы, балалар психологиясына мас түсиўи, жоқары тәрбиялық характери менен айрықшаланып турады. Оның «Украина қызы», «Ананың кеўли баллада» сыяқлы ҳәм басқа да поэмалары, әсиресе, «Макаря сулыў» шығармасы, көплеген лирикалық қосықлары бул жыллардағы қарақалпақ әдебиятын байытты.

Бул дәўирде қарақалпақ поэзиясында И.Юсупов жетекшиликти қолға алды. Оның шайырлық диапазоны, поэтикалық пикирлеўи кең, ол өзине шекемги қарақалпақ аўыз ҳәм жазба әдебиятының ең жақсы үлгилери менен Шығыс ҳәм Батыс поэзиясының синтезинде шығармалар дөретти. Сонлықтанда оның лирикалық поэзиясы да, поэмалары да жоқары көркемликке ийе болды. Ол өз шығармаларында дүнья масштабындағы проблемаларға да толғанысларын билдирди. Оның «Шыбығы сынса шынардың», «Украина жүрегимдесең» ҳәм басқа да қосықлары усындай толғаныслардан туўылған. Шайырдың өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен, рус, украин, азербайжан ҳәм басқа да халықларға, олардың елине, жерине, тәбиятына арналған оғада көп қосықлары бар. Сондай-ақ шайыр қарақалпақлардың миллий өзиншелигин, колоритин аңлататуғын «Күн шығыс жолаўшысына», «Қарақалпақты көп мақтама көзимше», «Ана

тилиме» сыяқлы ҳәм басқа да қосықларын дөретти. Шайыр усы жыллары «Дала әрманлары», «Бүлбил уясы», «Мәңги булақ» сыяқлы поэмаларын жазды. Бул шығармалар қарақалпақ әдебиятының жетискенлиги сыпатында баҳаланды. Шайырдың шығармалары жанрлық жақтан да рәң-бәрәң, формасы бойынша да жаңа. Ол Шығыс әдебиятына тән формалар ғәззел, мухаммести, Батыс әдебиятының үлгилери сонет, октава ҳәм басқа да формадағы қосықларды раўажландырды.

Бул жыллар қарақалпақ поэзиясы ушын ҳақыйқый излениў жыллары болды. Поэзиямыз жанрлық жақтан байыды. Эпикалық поэзияда лироэпикалық, романтикалық, лиродрамалық поэмалар, дәстанлар дөрелди. Қарақалпақ әдебияты ушын әзелден тән болған дәстүрий қосықлардан тысқары еркин қосық (Ш.Сейтов, Ж.Избасқанов, С.Ибрагимов, Б.Генжемуратов, Ш.Аяповлар тәрепинен дөретилди), насырый қосық (Х.Дәўлетназаров, И.Өтеўлиев, Д.Шерниязова ҳ.т.б.) сыяқлы жаңа шығармалар пайда болды. Олар жөнинде қарама-қарсылы пикирлер айтылғаны менен сөзсиз әдебиятымызды байытты. Киши лирикалық қосықлар кеңнен раўажланды.

Усы дәўирдеги қарақалпақ поэзиясында өмир шынлығын реалистлик сүўретлеў тенденциясы күшейди, өмир қубылысларын ҳәм адам ҳәрекетин сүўретлеўдиң жаңа формалары жетилиспекте. Лирикада бурынғы қолланып жүрген формаларға қосымша философиялық лирика, публицистикалық лирика, төртлик, романс, октава, сюжетли лирика ҳәм ғаззел усаған бурын поэзиямызға сийрек қолланылған ямаса дым қолланылмаған формалар пайда болды. Биринши рет поэзияда күшли реалистлик тымсаллар дөрелди.

Талантлы шайыр И.Юсупов поэзияға бүгинги дүнья поэзиясының жоқары талабынан қатнас жасайды. Ол дүнья поэзиясының раўажланыў тарийхын ҳәмме ўақыт көз алдына елеслете алады ҳәм соның прогрессив дәстүрлерин өз дөретиўшилигинде жетилистириўге умтылады. Сонлықтан оның поэзиясы қарақалпақ әдебиятында өзгеше бир бийик сулыў төбе

болып ажыралып турады. Ол бүгинги қарақалпақ поэзиясын бурын көрилмеген дәрежеде байытты. Онда өмир шынлығын сүўретлеўде сиясий-жәмийетлик көз қарастың өткириги, пикирдиң философиялық тереңлиги ҳәм публицистикалық кеңлик ҳәм күшли лиризм анық көзге түсип турады.

Д.Айтмуратов бирнеше тымсаллар жазып, әдебиятымыздың бурынғы тымсал жазыўдың фольклорлық формасының орнына рус ҳәм Европа халықларының реалистлик әдебиятларында тымсалдың формасын алып келип, оны миллий көркем ойлаўымызға терең сиңистирип жиберди.

Талантлы шайыр Х.Турымбетов поэзиямызға белгили дәрежеде үлес қосқан еди. Ол түркий халықлар поэзиясында кеңирек раўажланған сюжетли қосықлар дөретиў дәстүрин әдебиятымызға алып келди.

Халмурат Сапаров белгили балалар шайыры сыпатында көзге түсти. Ол балалар ушын бир қанша қосықлары дөретти. Оның ″Сары тай″ топламы рус тилинде басылып шығып жәмийетшиликтиң унамлы дыққатына сазыўар болды.

Улыўмаластырып айтқанда, үйренилип отырған дәўир қарақалпақ поэзиясының ең раўажланған дәўири болды. Бул жыллары поэзияда жазылатуғын шығармалардың барлық жанрлық түрлери раўажланды, байыды. Қарақалпақ шайырларының поэзиялық шығармалары орыс, өзбек ҳәм басқа да көплеген тиллерге аўдарылды. Дүнья классиклериниң поэзиялық шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылып жәрияланды.

Әдебият теориясынан мағлыўматлар

Поэма. Гректиң poiema сөзинен алынған болып, қосық пенен жазылатуғын ири лироэпикалық шығарма. Поэма сүўретленетуғын ўақыялардың көлеми бойынша повестти еске түсиреди. Онда қаҳарманлардың характери жасалады. Ўақыялар белгили бир конфликтлерге қурылады. Дүнья әдебиятында поэманың дәслепки формасы сыпатында эпослар атап өтиледи. Дәслепки қарақалпақ поэмаларынан М.Дәрибаевтың «Айпара», «Айымжамал», Ж.Аймурзаевтың «Гүрес» поэмалары бар. Ал поэма жанрының ең шебери И.Юсупов болып есапланады. Шайырдың

«Актрисаның ығбалы», «Дала әрманлары», «Гилемши ҳаял ҳаққында ҳақыйқатлық», «Бүлбил уясы» поэмалары қарақалпақ әдебиятында усы жанрды жанрлық, тематикалық, формалық жақтанда түрлендирип, байытты.

Лирика. Көркем әдебияттың ең ески теклериниң бири. Гректиң lyra сөзинен келип шыққан. Lyra музыкалық әсбап атамасын аңлатқан, усы әсбапта қосықлардың намасы атқарылған. Лирикада объект емес, субъект ямаса сезим биринши орынға қойылады. Эпикалық шығармаларда автордан ғәрезсиз болған қаҳарман жаратылса, лирикалық шығармаларда персонаж сыпатында көбинесе автордың өзи (лирикалық «Мен») ямаса оның ишки дүньясы көринеди. X1X әсир қарақалпақ әдебиятында Әжинияз, Бердақ шайырлар лириканың ең әжайып үлгилерин дөретти. Оны жанрлық, тематикалық жақтан байытты. Ал XX әсир қарақалпақ әдебиятында А.Мусаев, А.Дабылов, Т.Жумамуратов, И.Юсупов, Ш.Сейтов, Т.Матмуратов, Ж.Избасқанов, К.Каримов сыяқлы шайырлар лириканы буннан былай да раўажландырды.

Драматургия

Бул дәўирде қарақалпақ драматургиясы поэзия ҳәм прозаға салыстырғанда пәс раўажланғаны менен оннан бурынғы дәўирлерге салыстырғанда бир қанша алға илгерилеўдиң бар екенин көриўге болады. С.Хожаниязов, Т.Алланазаров, Ж.Аймурзаев, П.Тилегенов, И.Юсупов, Т.Жумамуратов, Т.Сейтжанов, Д.Айтмуратов, К.Рахманов, Қ.Матмуратов сыяқлы драматурглер жемисли қәлем тербетти. Олардың көпшилиги дүнья драматурглериниң шығармаларын қарақалпақ тилине аўдарды, усы арқалы өзлери де жеке шеберликлерин жетилистирип, тәжирийбелерин арттырды. Усының нәтийжесинде қарақалпақ драматургиясы жаңа шығармалар менен байыды.

Т.Сейтжановтың «Әбу Райхан Беруний» драмасы көркемлик дәрежеси, тематикасы, қаҳарман образының жасалыўы, жерлесимиз, уллы

алым Әбу Райхан Берунийдиң өмирине, илимий хызметлерине байланыслы реалистлик сюжетлердиң шебер жасалыўы жағынан да қарақалпақ драматургиясының табысы болды. Пъесадағы Махмуд Ғазнавий, Әбу Райхан Беруний, Ибн Сино, Эллада, Садық Абунасыр образлары әдеўир толық жаратылған. Драмада орайлық орында туратуғын Әбу Райхан Беруний өзиниң исшеңлиги, илим ушын жан күйдириўи, әтирапына илимпазларды жыйнай билиўи, ўатанға садықлығы менен ажыралып турады. Пъесадағы таңлап алынған конфликт те исенимли шыққан. Махмуд Ғазнавий, Ерназарбек, дийўанбеги Хасен ҳәм Әбу Райхан Беруний менен идеялас дослары, патриот инсанлар ортасындағы қарама-қарсылық пъесаны көриўшилерди бийпарўа қалдырмайды.

Сол дәўир драматурглерин көбирек тарийхый-революциялық темалар қызықтырды. С.Хожаниязовтың «Бахыт», П.Тилегеновтың «Бегжап трагедиясы» ҳәм Т.Жумамуратовтың «Тикленген туў» пъесалары усындай темаларға қурылған. «Тикленген туў» пъесасының музыкалы драма жанрында жазылыўы оған табыс алып келген. Пъесадағы Байхан образы, ол айтқан ариялар тамашагөйлердиң қызығыўшылығын арттырды. Усы автордың «Қызлар ҳәзили» комедиясы сол дәўирдиң темасына қурылған, жеңил күлки туўдыратуғын комедия.

И.Юсупов тәрепинен жазылған «Өмирбек лаққы», Д.Айтмуратовқа тийисли «Пирқаққан» пъесалары да узақ жыллар қарақалпақ сахнасы репертуарынан жай алды. Биринши пъесада қарақалпақ халқының ең белгили күлки устасы Өмирбек образы шебер жаратылған. Оның тапқырлығы, жоқ жерден күлки табыўы халықлық қаҳарманға деген сүйиспеншиликти еле де арттырса, «Пирқаққан»да сол дәўирдеги айырым басшылардың күлкили, жеркенишли ҳәрекетлери шебер ашып бериледи. Усы шығармасы ушын автор өз ўақтында қуўдалаўға, шоқмарлы сынға тап болды.

70-жыллары К.Рахманов өзиниң «Келин» ҳәм «О дүньяға мирәт» «Егленген бәҳәр» пъесалары менен қарақалпақ драматургиясында жарқ етип көринди. «Келин» пъесасы сол дәўирдиң тематикасына бағышланған. Пъесадағы Зарымбет ҳәм Айша образлары сәтли шыққан. Айша әдеп-икрамлылығы, келинлерге тән ийбелиги, соның менен бирге саўатлылығы менен Зарымбеттиң ата-анасы, аўыл адамлары ортасында үлкен абройға ийе болады. Ол ҳәр қандай келинлерге, улыўма жасларға үлги бола алатуғын образ.

«О дүньяға мирәт» пъесасындағы Тасполат, оның баласы Нурполат, ҳаялы Улпери образлары олардың пүткиллей кериси. Тасполат үлкен саўда мәкемесиниң баслығы болып ислейди. Оның ушын инсап, хүждан деген түсиниклер жат. Ол барлық нәрсени тек ақша менен өлшейди. Ҳаялы Улпери де оннан қалыспайды. Жеке қара басының ҳәзлиги, байлық арттырыў жолында ең иплас нәрселерге де қол урыўдан тайынбайды. Олар екеўиниң тәрбиясынан шыққан баласы да өмирден туўры жол таңлай алмайды. Оқыўға бармай ишиўшиликке, нәшебентликке берилген балаларға қосылып, ақыры солардың қолынан қаза табады. Мине, бул бир семьяда орын алған трагедия адамларға сабақ болары сөзсиз.

Драматургияның жаңа бағдарларының бири кино-драматургиялық, телевидение ҳәм радиоларда қойылып атырған сахналық шығармалар дөреле баслады. Мысалы, Н.Жапақовтың ″Арал балықшылары″ атлы сценарий тийкарында усы атамадағы фильм киноға түсирилип, әдебиятымызды ҳәм мәдениятымызды кеңнен танытыўға үлкен тәсирин тийгизди. Буннан басқа И.Юсупов ″Әжинияз″ атлы операның либреттосын дөретти. Сондай-ақ драмалық шығармалардың ҳәр қыйлы жанрлық формалары пайда болды. Мысалы, музыкалы драма, трагедия, комедия, трагико-комедия ҳ.т.б. Т.Сейтжановтың ″Әбиў Райхан Беруний″ драмасы тематикасы жағынан ғана емес қаҳарман образын жасаўда да драманың үлкен табысы болды.

Драматург Ж.Аймурзаев ″Бердақ″, ″Айгүл-Абат″ пьесаларын қайта иследи. ″Бердақ″ пьесасында Бердақ өз дәўириндеги үлкен тарийхый-социаллық ўақыялардың орайында турады. Пьесада Бердақ, Ерназар алакөз, Қумар ана, Қутым суўпы усаған тарийхый адамлардың ҳәр тәреплеме жетилискен образлары жасалды. С.Хожаниязовтың ″Талўас″ пьесасы сол дәўир темасында дөреген музыкалы комедия. Пьесаның тийкарғы материалы етип аўылда жасап атырған бир шаңарақ турмысы алынған. Шаңарақ басшысы Таўбай ғаррының ҳаялы Айбийке күтпегенде аязлап, төсек тартып жатады. Оны Таўбайдың танысы Избасқан деген молла тәўипке емлетпекши. Саўатлы қызы Талўас бул иске пүткиллей қарсы, ал анасын врачқа емлетиўдиң тәрепдары. Мине семьяда конфликт дәслеп усылардан басланады.

П.Тилегеновтың ″Бегжап трагедиясы″ шығармасы үлкен драматизмге толы. Автор оқыўға баратуғын жаслардың баспашылар тәрепинен усланыўы ҳәм олардың аянышлы аўқалларын жүдә исенимли сүўретлеген. Пьеса қаҳарманлары Қуўат, Елмурат, Қурбангүл, Әлеўетдин молла, Жаралы кемпир, Бийман образлары арқалы берилген.

Қулласы, бул дәўирде қарақалпақ драматургиясы усындай бағдарда раўажланды. Драматургия жанрлық, тематикалық жақтан байыды. Драматурглеримиздиң әдебий шеберлиги артып барды.

Әдебият теориясынан мағлыўматлар

Драматургия. Әдебий түр мәнисинде, яғный драманың синоними сыпатында қолланылады. Сондай-ақ бир жазыўшының яки пүтин бир әдебияттың, дәўирдиң драмалық шығармаларының жыйындысына да драматургия деп ат береди. Мысалы, С.Хожаниязовтың драматургиясы, қарақалпақ драматургиясы, 30-жыллар драматургиясы ҳ.т.б.

Драма. (Грекше drama – ҳәрекет сөзи) Әдебияттың үш түриниң бири (лирика, эпика, драма). Драма ең дәслеп сахнада көрсетиў ушын жаратылған шығарма. Эпикалық шығарма оқыўға бағдарланған болса, драмалық шығарма көриўге бағдарланады. Эпикалық шығарма

оқыўшының абстракт ойлаў, баянланған ўақыяны көз алдына елеслетиў уқыбына мөлшерленеди, ал драмада персонажлардың сөйлеўи менен ҳәрекетлериниң бирлиги баслы орында турады. Сонлықтан драманың екинши өмири театр сахнасында даўам етеди.

Басқа жанрларға салыстырғанда драмада ўақыя күтә шийеленис-кенлиги ҳәм кескинлиги менен ажыралады, қаҳарманлардың рухый дүньясы сыртқы жағдайлардың қатаң тәсирине түседи. Сонлықтан ўақыялардың ҳәм персонаждың рухый драмасы баслы орынға шығады. Көркем шығармадағы бундай жағдайды гейде драматизм деп те атайды.

Комедия. (Грекше comos – кеўилли аламан, топлым, ode – қосық, жыр) Драматургияның бир жанры. Комедияда ўақыялар, адам минез-қулқы күлкили етип сүўретленеди, қаҳарманлар күлкили жағдайларға түсип отырады. Конфликт комедиялы жобада шешиледи. Комедияда күлки, ҳәзил арқалы адамлардағы турмыстағы, жәмийеттеги кемшиликлерди көрсетеди. Қарақалпақ әдебиятында комедия жанрында Ә.Өтеповтың «Теңин тапқан қыз», С.Хожаниязовтың «Сүймегенге сүйкенбе», Қ.Мәтмуратовтың «Өмирбек ҳәм тазша» комедиялары кеңнен белгили.

Трагедия. (Грекше tragos –ешки ҳәм ode – қосық) Драмалық шығармалардың изи қайғы менен питетуғын жанрлық түри. Ол ең дәслеп әййемги Грецияда қудайдың атына ешки сойып тамаша өткериўге байланыслы келип шыққан. Соннан берли трагедия бир неше раўажланыў басқышларын басынан кеширди.

Трагедиялық шығармалар басқа жанрдағы дөретпелерден өзине негиз етип алынған конфликтлериниң оғыры кескинлиги ҳәм тереңлиги, оларда социал-жәмийетлик шәриятлардың терең сәўлелениўи, философиялық жақтан да ойшыллығы менен айрықша сыпатланып турады. Трагедия тарийхый раўажланыўдың айрықша әҳмийетли бурылыс жағдайларын өткир ҳәм кескин түрде сәўлелендирип отырады. Қарақалпақ

әдебиятында С.Мәжитовтың «Ерназар Алакөз», М.Дәрибаевтың «Көклен батыр», «Әрман» трагедиялары бар.

* * *

XX әсирдиң 60-жыллары қарақалпақ әдебиятының ең раўажланған дәўирлериниң бири болды. Әдебияттың барлық түр ҳәм жанрларында жокары көркемликтеги шығармалар пайда болды. Бул дәўирде әдебиятымыздың дүнья жүзлик әдебият пенен байланысы күшейди. Бунда орыс ҳәм өзбек әдебиятларының тәсири ҳәм байланыстырыўшы хызмети үлкен болды. XX әсир әдебиятындағы шайыр-жазыўшылардың шығармаларының басып шығарылыў көлеми ҳәм тиражы бойынша да әйне усы дәўир жетекшилик етеди.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Усы дәўир қарақалпақ әдебиятының ең көрнекли ўәкиллери ҳаққында айтып бериң.

2. Усы жыллар қарақалпақ әдебиятында қандай романларды билесиз?

3. Усы дәўирде дөреген қарақалпақ повестлери, гүрриңлери ҳәм олардың авторлары ҳаққында айтып бериң.

4. Роман дегенимиз не?

5. Повест ҳәм гүрриңлердиң теориялық анықламасын айтып бериң.

6. 60-80-жыллардағы қарақалпақ поэзиясының раўажланыўының улыўма бағдары ҳаққында айтып бериң.

7. Усы дәўирде дөреген ең көрнекли лирикалық шығармалар ҳәм олардың авторлары ҳаққында айтып бериң.

8. Усы жыллары жазылған қандай ең көрнекли поэмаларды билесиз?

9. Лириканың теориялық анықламасын айтып бериң.

10. Поэма дегенимиз не?

11. 60-80-жыллардағы қарақалпақ драматургиясына улыўма сыпатлама бериң.

12. К.Рахмановтың пъесалары ҳаққында айтып бериң.

13. Драмаға теориялық анықлама бериң.

14. Комедия ҳәм трагедиялардың теориялық сыпатламасын мысаллар жәрдеминде айтып бериң.

Аббаз Дабылов

Талантлы халық шайыры Аббаз Дабыловтың поэзиясында оқыўшыны өзине ериксиз тартатуғын күшли лиризм, халық поэзиясының рухындағы шеберлик пенен жазылған, афоризмлерге толы, терең ойшыл шығармалар көплеп ушырасады. Қарақалпақ халқының тил байлығын бай шайырлық тәжирийбеси арқалы терең өзлестирген Аббаз Дабыловтың шығармалары оқыўшылардың ой-әрманын қозғайды, эстетикалық сезимлерин қытықлайды.

Аббаз Дабылов 1898-жылы Тахтакөпир районының ″Қара ой″ деген жеринде туўылған. Аббаз Дабылов ең дәслеп диний мектепте ескише оқып саўатын ашады, кейин Қарақум ийшан медресесинде оқыўға мүмкиншилик табады. 1907-жылы әкеси өлип, оқыўды даўам еттире алмайды. Үй-ишиниң жағдайы аўырласып, Аббаз шет жерлерге талап излеп кетеди, жергиликли байлардың егинин орады, пахтасын тереди, күнликшилик етеди. 1914-жылы өз елине қайтып келеди, аўыл арасындағы байлардың малын бағады.

Аббаз Дабыловтың дөретиўшилиги өзиниң ҳәр тәреплемелилиги, аўызеки әдебияттың тәсириниң күшлилиги менен характерленип турады. Ол дөретиўшилигиниң дәслепки дәўиринде ел арасында қысса оқыйтуғын болған. ″Гөруғлы″, ″Қылышбек″, ″Ғәрип-ашық″ сыяқлы дәстанларды ядқа билген. Демек, ол қарақалпақ қыссаханлық өнерине де үлкен үлесин қосқан.

Поэзиямыздың ири ўәкили сыпатында танылған А.Дабылов XX әсир қарақалпақ әдебиятына бирден гүзар жол менен келген емес. Ол шайыр сыпатында 1917-жылдан кейин жаңа жәмийеттиң сиясатына масласып кете алмады. Сонлықтанда оны «Өткен заман қайта айланып келерме?», «Келинлер» қосықлары ушын сиясий қәтеликте айыплады. Оның қосықларын сол жыллары баспа сөзде басыўды қадаған етти.

Аббаз Дабылов халық арасында өзиниң лирикалық қосықлары менен де белгили болған. Ол өзи менен заманлас А.Муўсаев, С.Мажитовлар менен бирге қарақалпақ поэзиясында ағартыўшылық, улыўма инсаныйлық пазыйлетлерди улығлаў, парахатшылықты сақлаўға шақырыў, мәртлик, елди қорғаў, азаматлық ўазыйпаны кең жәмийетшиликке уғындырыў ҳәм тағы басқа мәселелер ҳаққында өзиниң көплеген шығармаларын жазды.

Аббаз Дабыловтың дөретиўшилигиниң ең шыңға шыққан дәўири урыс ҳәм урыстан кейинги дәўир. Шайыр урыс жыллары фашист басқыншылыры менен гүреске шақыратуғын ″Биз жеңемиз″, ″Нәмәрт жигит неге дәркар″, ″Жеңген жақсы″ қосықларын жазды. Бул сол дәўирдеги Ж.Аймурзаевтың ″Улым тыңла″, Әбитай Турымбетовтың ″Атлан″ қосықлары менен бир қатарда әскерий поэзияның ең жақсы үлгилери болды. Бул қосықлар ўақыяларға қурылмаған. Оларда ўатанды сүйиўшилик сезимлерин оята билетуғын үлкен күш бар. Сондай-ақ бул жыллары Аббаз Дабылов айырым унамсыз иллетлерди ашкаралайтуғын қосықларды да дөретти. ″Бир бригадир ҳаққында″, ″Бир жалқаў мурапқа″, ″Батырларға тийген жоқпа зыяның″, ″Зорға жүк болады бир атқа″ ҳ.т.б. қосықларында ишжақпаслық, ериншеклик иллетлери шебер әшкарала-

нады. Шайыр агитациялық лириканың да шебери болған. Усы тәрепи менен қарақалпақ поэзиясында үлкен из қалдырды. Сол себепли оның бир қанша қосықлары халық арасында кең таралып, халық қосықларына айланып кеткен. Мәселен, ″Бийбисәнем″ қосығын атап өтиўге болады.

Шайырдың урыстан кейинги жыллардағы ең үлкен дөретиўшилик табысы - бул оның ″Баҳадыр″ дәстаны болып табылады. Бул дәстан Аббаз Дабыловтың көп жыллық поэтикалық излеўшилигиниң жемиси. Дәстан 1950-жылы биринши баспадан шықты. Ал, 1957-жылы ол толық түрде жарық көрди. Бул дәстанда Октябрь революциясынан бурынғы қарақалпақ аўылларындағы жағдай, ҳәр қыйлы топарлар арсындағы қарама-қарсылық ҳәм теңсизлик, адамлардың өз еркинлиги ушын гүреслери, жаслар арасындағы мухаббат ҳ.б. мәселелер сүўретленеди. Автор бул мәселелерди жеке түрде алмастан, қарақалпақ турмысына тән болған қыз узатыў, ылақ шабыў, палўан түсиў, қыз-жигит айтыслары ҳ.т.б. ўақыялар менен тығыз байланыста алып сүўретлейди. Халықтың үрип-әдети кеңнен сүўретленип, шайыр оны терең түрде билетуғынлығын көрсетти. Шайыр барлық ўақыяны жанлы түрде өзиниң бояўы менен жеткереди. Шайырдың образ жасаўдағы шеберлиги ҳаял-қызлар образын жасаўда анық көринеди. Мәселен, дәстанда Қырмызы образы үлкен шеберлик пенен жасалған.

″Арыслан палўан, душпаны көп басымның,
Талынша бар басымдағы шашымның,
Заманым тар, қуўанышым аз болып,
Жыртқышқа жолыққан жалғыз ғаз болып,
Өз муңымды өзим жырлап отырман
Дуўтардың намасын шалып, саз болып...″

Бунда Қырмызының тилинен сол дәўир қызларының кеўил кеширмелери, психологиялық ҳалаты шебер түрде берилсе, екиншиден, тил шеберлиги арқалы қаҳарман тәрепинен айтылған пикир еле де көркемленген. Дәстанның реалистлик характери оны фольклорлық дәстанлардан өзгешелеп турады, шығармадағы ўақыялар раўажланыўында

избе-излик логикалылық сақланған, олар тутас бир композицияға жәмленген.

″Баҳадыр″ дәстанында қатнасыўшы қаҳарманлары көп, автор солардың көпшилигин әдебий қаҳарман, көркем образ дәрежесине көтере алғанлығы дыққатқа ылайық. Олардың қайсысы болмасын өзиниң бир белгиси менен есте қалды. Жарлылықтың жарымаған Аллаңғор, өткир тилли тирише Шынаргүл, жасларды бир-бирине жолықтырыўда айрықша орын тутқан қыз жеңгеси Дүрдана, жолдаслыққа садық жигит Азат ямаса усы қусаған толып атырған қаҳарманлар автордың шеберлиги арқалы салмақлы образ сыпатында танылады.

Дәстанда халқымызға тән болған бир-биреўге жәрдем бериў, әсиресе басына ис түскенде қайырқомлық етиў қусаған фазыйлетлер бир неше орында шебер берилген. Мысалы, жарлы Аллаңғор дүньядан қайтты. ″Сыпырасында болмаса, шанашында уны жоқ″ Шынаргүлге халық жыйналып жәрдем етеди. Аллаңғорды жерлейди. Өмирден туўры жол таба алмай албырап турған Арысланға Азат жәрдем береди, оған ағалық етеди, қандай қыйыншылық болса да Арыслан менен бирге болады.

Дәстанның бас қаҳарманларының бири Арыслан болып есапланады. Ол әкесинен он төрт жасында жетим қалады, турмыс жолын таба алмайды, ўақтын бир неше жыллар асық, топ ойнап босқа өткереди. Бул оның анасы Шынаргүлге қатты батады, не ислеў керек, ана сол ҳаққында ойлап баласына қарата:

Балам азанда бир тойсаң,
Мезгилге зордан шыдайсаң,
Мезгилден қалсаң жылайсаң,
Бир нан берсем жубанасаң,
Сөйтип кетип асық топқа,
Мени таслап жанған отқа,
Қарамайсаң барлы жоққа,
Қарның тойса қуўанасаң…

Ата кәсибинде мал бақпай,
Я елден бир аға таппай,
Абыройыңды сөйтип жаппай,
Сен қалай күн көре аласаң,
Болып балам иске қардар,
Мийнетиңде паналасаң, -дейди.

Арыслан образы ҳәм басқа да қаҳарманлар дәстанда қарақалпақ халқының фольклорлық дәстанларының прогрессив дәстүрлерин пайдаланыў арқалы жасалғанлығын көремиз. Арысланды сүўретлеўде автор халықтың уғымындағы батыр жигитлердиң типин жасайды. Ол палўан, қара күш ийеси ҳәм ақыллы, барлық жағы жуп түскен, халық аңсаған идеал жигит. Оның гүреске түсип өзин сынаўы, Артықтан шайбас гүреңди тартып алып миниўи дурысында, эпослық шығармалардың усылы менен үнлес келеди.

Дәстандағы Қырмызы образына да тоқтамай кетиў мүмкин емес. Ол теңсизлик заманда-ақ, өзиниң бас бостанлығын, еркинлигин аңсаған қыз. Өзин малға сатпақшы болған әкесине сөз бенен қарсы шығады, наразылық билдиреди. Демек, Қырмызы бурынғы тәртип бойынша мал бергенниң жетегинде кете беретуғын қызлардан емес, ал өз бахты ушын гүресе алатуғын қыз. Шайыр Қырмызы образын бериўде көркем сөз кестелерин табады, буларды Қырмызы тек көриктиң адамы емес, ал ақыл ой парасаттың адамы сыпатында танылады.

Дәстанындағы жасалған унамсыз образлар да оқыўшыға терең тәсир етеди. Еки адамның арасына от таслап, жаўластырыўшы - Шақмақ кемпир, мақтаншақ бай баласы Артық образлары шайырдың үлкен табысы болып табылады. Артық-мақтаншақ, дүнья-малдың пуўына семирген қуўыс геўде, ақылсыз жигит Ол қыздың, оның жеңгеси Дүрдананың алдағанына ерип астындағы атын береди, натықлығы себепли қыздың бетине тикке қарай алмайды, айтар сөзин билмейди. Ал, Шақмақ кемпир - дәстанлардағы жәдигөй кемпирдиң типин еске түсиреди.

″Баҳадыр″ қарақалпақ дәстанларының үлгисинде жазылған шығарма болыў менен бирге, реалистлик характерде жазылған. Дәстанның бас қаҳарманы Арыслан халық дәстанларындағы батырларға усамайды. Оларға усап ҳәмме нәрсеге илаҳий күшлердиң жәрдеминде ериспейди. Өз мақсетине ерисиў ушын гүреседи. Бул гүрес өмир шынлығына қурылған. Ол өз муҳаббаты жолында гүреседи. Дәстандағы Қайсар палўан, шақмақ кемпир, Артық образларының портретлерин жасаўда фольклорлық дәстүр қатнасқаны менен улыўма шығармада жазба әдебиятлық характер басым. Ол XX әсир қарақалпақ эпикалық поэзиясындағы ең көрнекли шығармалардың бири болып есапланады.

Аббаз Дабыловтың дөретиўшилиги терең халықлық сыпатқа ийе: шайырдың халық турмысындағы әҳмийетли темаларды таўып жырлай билиўи, бир бирине уқсамаған қаҳарман образларын жасаўы, әсиресе, шығармаларында қарысып кеткен уйқасларды қоллана билиўи, өзиниң айтажақ ойын қыйыннан қыйыстырып, философиялық пикирлерди тәсирли жеткериўи, қарақалпақ халқының тил байлығын жете өзлестирип ийелеўи – шайырдың шайырлық шеберлигинен дерек береди.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Белгили шайыр А. Дабыловтың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында айтып бериң.

2. Шайырдың урыс жыллары жазған қандай шығармаларын билесиз?

3. Шайырдың Москва сапарынан соң дөреткен қосықлар дүркининиң көркемлик өзиншеликлери ҳаққында айтып бериң.

4. Шайыр лирикаларында уйқастың шебер жасалыўы, ҳәр қыйлы фразеологизмлердиң қолланылыўы жөнинде мысаллар жәрдеминде түсиндирип бериң.

5. «Баҳадыр» дастанындағы тийкарғы қаҳарманлар ҳаққында айтып бериң.

6. Арыслан образын сыпатлап бериң.

7. Қырмызы ҳәм Азат образларына сыпатлама бериң.

8. «Баҳадыр» дәстанында қаҳарман образларының портретиниң жасалыўын мысаллар жәрдеминде айтып бериң.

9. «Баҳадыр» дәстанынан 40-50 қатар қосықты ядлап айтып бериң.

10. Шайырдың лирикалық қосықларына шолыў жасаң.

Жолмурза Аймурзаев

Қарақалпақ әдебиятының тарийхында XX әсирдиң 20-жылларынан баслап терең из қалдырған жазыўшы Ж.Аймурзаев болып табылады.

Ж.Аймурзаев 1910-жылы 6-ноябрьде Қарақалпақстаның Шымбай районының бурынғы Тазқара волосында (ҳәзирги Қ.Әўезов фермер хожалықлары бирлеспеси) дийхан семьясында туўылады. Ол 1924-жылы Шымбай қаласындағы Мектеп интернатқа оқыўға киреди. 1927-жылы Төрткүл педагогикалық техникумын питкерип бир жылдай Тахтакөпир районында муғаллим болып иследи. Буннан кейин Республикалық баспа сөз орайларында жумыс иследи.

Поэзиясы

Ж.Аймурзаев өз дөретиўшилигин поэзиядан баслады. Ол Шымбайда, Төрткүлде оқып жүрген гезлеринде-ақ ″Гүресиң″, ″Егис егер ўағың келди″ деген дәслепки қосықларын жазды. Сондай-ақ, шайыр бул

жыллары басқа да қарақалпақ шайырлары сыяқлы халықты мийнет етиўге, илим алыўға, билимли болыўға шақырық қосықларын дөретти.

Шайырдың таланты кем-кемнен жетилисиўи менен бирге дүньяға түсиниги артып, поэзияда үлкен жәмийетлик философиялық мәселелерди сәўлелендирире баслаўы ″Палўан қыз″, ″Жазғы күн″, ″Шоманай″, ″Шап тулпарым, шаршама″ қосықларында көринди. Бул қосықларда рус поэзиясына тән болған текшели қосық формасын қарақалпақ поэзиясына енгизиўге умтылыў, қарақалпақ поэзиясы қосық қурылысына жаңалық алып кириўге умтылыслар көзге түсти.

Урыс жылларында шайырдың таланты еле де ашылысты. ″Улым, тыңла″, ″Тыңлаңызлар″ қосықлары усы дәўирдеги қарақалпақ әдебиятындағы ең көрнекли шығармалардың қатарынан орын алды. Бул шығармалардағы патриотизм, мәртлик сезимлери, ўатанды сүйиў, сонлықтанда оны қорғаў ҳәр кимниң перзентлик миннети екенин уғындырыў сыяқлы белгилер оларға табыс алып келди. Сондай-ақ бул шығармаларда ишки ҳәм сыртқы формалардың мазмунға сай түсиўи қосықлардың көркемлигин және де арттырды.

Оның урыстан кейинги дәўирде жазылған қосықларынан ″Пахта″, ″Пахта ушын″, ″Шамурат ата″, ″Өзбек қызы″ сыяқлы қосықларының көркемлиги жоқары. Шайырдың ″Жаңа қосықлар″ дүркининдеги ″Бирге болсын тойлары″, ″Муғәллим″, ″Келдим″, ″Қурбанайға″, ″Үш қызға″, ″Мени күт″, ″Немец қызына″ қосықлары туўралы да унамлы пикирлер билдириўге болады. Мәселен, оның ″Бирге болсын тойларың″ деген қосығында көбинесе сораў-жуўап арқалы образды ашып бериў көзге түседи.

Ж.Аймурзаевтың ″Айдын жол″ поэмасы темасының актуальлығы, қаҳарман образларының жанлы ҳәрекетте көрсетилиўи менен ажыралып турады. Сондай-ақ шайырдың «Гүрес», «Гүресте жеңдик», «Қыз кеткен» поэмалары өз дәўиринде унамлы баҳаланды.

Улыўма алғанда Ж.Аймурзаев поэзиясы қарақалпақ әдебият тарийхында белгили орынды ийелейди.

Прозасы

XX әсирдиң 30-жылларынан Ж.Аймурзаев шайыр, драматург болып қалмастан, ал журналист, прозаик ретинде көпшилликке бир қатар публицистикалық мақалалары, очерклери, фельетон ҳәм гүрриңлери менен таныла баслады. ″Трактор келгенде″, ″Мийнет ери Нуратдин», ″Колхоз ери″ (1931-1932) деген гүрриңлеринде қарақалпақ аўылларында пайда болып атырған жаңалықларды, қарақалпақ дийханлары санасындағы өзгерислерди кеңнен сүўретлеп береди.

Ж.Аймурзаевтың дәслепки прозалық шығармаларының ишинде ең көрнеклиси питпей қалған «Қуўат» повести (1940). Оның мазмуны тийкарынан қарақалпақ халқының өткендеги турмысын, ҳаял-қызлардың бахты ушын гүресин ашып бериўге арналған.

Оның очерклери толығы менен дерлик республикамыздың аўыл хожалығы хызметкерлериниң, пахтакешлердиң күнделикли турмысын суўретлеўге арналған. Жазыўшының гүрриңлеринде де аўыл адамларының турмысы, сол дәўирдеги социаллық турмыс жағдайларын ашып бериў орын алды. Оның ″Келин″, ″Абадан″ атлы гүрриңлери ″Гүлдирсин гүллениўде″, ″Жигерли жигитлер″, ″Гүлленген аўыл″, тағы басқа очерклери усындай.

Ж.Аймурзаевтың ″Келин″ гүрриңи әдебиятымызда усы жанрда дөретилген ең жақсы шығармалардың бирине айланды. Онда жаңа мазмун, сюжет, ўақыя, идея өмир ағысы менен тутасып кетеди, новеллалық сыпат басым. Гүрриңде Өтемурат, оның баласы Дәўлетмурат, келини украин қызы Надежда образлары жүдә сәтли жаратылған. Олардың ҳәр бириниң өзине тән характери бар. Өтемурат өжет, тек өзиниң пикирин дурыс деп есаплайтуғын ески түсиниктеги ғарры. Дәўлетмурат саўатлы, өмирлик жолдасын сыйлайтуғын жигит. Надежда ақ көкирек, сабырлы, барлық нәрсени ақыл менен өлшестирип шешетуғын, өз исиниң маманы

келиншек. Гүрриңдеги тийкарғы конфликт усы қаҳарманлар ортасындағы тартысқа қурылған. Бирақ ол тартыс әдеттеги емес, бул характер гүреси, психологиялық гүрес. Өтемурат ғаррының турмыс практикасының жеңиси менен жаңалықты мойынлаўы өмир өзгериси. Усы идеал моментлерди жазыўшы қысқа гүрриң арқалы ашып бере алған.

Мемуарлық повестьлердиң қарақалпақ әдебиятындағы басламасы Ж.Аймурзаевтың ″Жетимниң жүреги″ повести болды. Бул шығармадан автордың өз басынан кеширгенлери, жаслықтағы аўыр турмыс жоллары, түрли жағдайлар, сондай-ақ жазыўшының творчестолық мектеби, заманласлары, туўған-туўысқанлары, дослары, қарақалпақ әдебияты ҳәм искусствосының гейбир мәселелери ҳаққындағы жаңа мағлыўматларды алыўға болады.

Ж.Аймурзаевтың ″Әмиўдәрья бойында″ романы қарақалпақ әдебиятында дәслепки романлардың бири екенлиги менен де баҳалы. Роман үлкен сатиралық прозаның басламасы да болды. Романның бас қаҳарманы Рәўшан сол дәўир көз қарасы менен бир қанша сәтли жаратылған. Жас қәнийге, агроном қыз Рәўшан мийнетте, жәмийетлик жумыста, семья мәселелеринде де өз сөзине, өз жолына ийе, мудамы жанлы ҳәрекетте болады, активлик көрсетеди.

Ал Ж.Аймурзаевтың ″Қызкеткен″ романы Қызкеткен каналын қазыўшылардың мәртлик мийнетлерин сүўретлеўге арналған. Бунда жас инженер Елмурат Генжеевтың жаңа Қызкеткен каналының сағасын тыңнан жарып салыўдағы пүткил қазыўшы аламан менен бирге көрген қыйыншылықлары баян етиледи.

Драматургия

Ж.Аймурзаевтың драматургиялық хызмети де отызыншы жыллардың басларынан басланды. Ол өзиниң ″Ҳәкислилер″ комидия-сының алғы сөзинде ″Мен бираз ҳәкислилердиң ҳәкисликлерин усы

пьесаға айырықша әкелип қосып терип жаздым″ деген еди. Комедияда мекеме баслығы Таўжан ҳәм оның әтирапында көлегейлеп жүриўши, жеңил минез, нәзелим секретары, семья исине қылап етиўши Қәнигүл, ҳақ кеўилли зайыбы Зийбагүл, Таўжанның жөнсизлигин сырттан әшкаралап, көзинше жалтақлық етип жүриўши қараўыл жигит образлары бар.

Ж.Аймурзаевтың ″Ҳәкислилер″ комедиясы бир акт, үш көринистен ибарат. Комедиялық күлкили ўақыя Таўжан образына байланыслы келип шығады. Оның секретары Қәнигүл менен болған ҳәрекетлери, жумысқа немқурайдылығы көриўшилердиң жек көриўшилигин оятады.

Ж.Аймурзаев 30 жыллардың екинши ярымында «Өз таяғы өзине», «Тотыханның тойында», «Душпанлар», «Той», «Урлыққа хорлық» комедияларын дөретти. Бул дәўирде музыкалы драмалар жазылды, оның дәслепки дөретиўшилери С.Мәжитов, Ж.Аймурзаев, М.Дәрибаев, Н.Дәўқараев, Ә.Шамуратовлар болды. Ж.Аймурзаев пенен Ә.Шамуратовтың ″Арал қызы″ пьесасы қарақалпақ әдебиятында балықшылар өмиринен жазылған музыкалы драма еди.

Ж.Аймурзаев урыс темасына арнап ″Перзент″, ″Коля″, ″Май анты″, ″Лейтенант Елмуратов″ пъесаларын жазды.

Ж.Аймурзаевтың ″Айгүл-Абат″ драмасы қарақалпақ драматургия-сының үлкен утысларының бири болды. Пъесаның жанрлық өзиншелиги, қосық пенен жазылыўы, пъеса персонажлары образларының жаратылыўы, тематикасы ҳәм идеясы бойынша да қарақалпақ әдебияты тарийхындағы ең табыслы дөретилген шығарма болып қалды.

Драматург ″Бахытлылар бағында″, ″Бағдағы қызлар″, ″Әмиўдәрья″ музыкалы драмаларын, ″Қыз ҳәм Көкнаршы″, ″Мениң аппағым″ комедияларын дөретти.

Ал тарийхый темада дөреткен ″Бердақ″ пьеасы қарақалпақ әдебиятының классиги Бердақ Ғарғабай улына арналып жазылды.

Улыўма алғанда Ж.Аймурзаев қарақалпақ әдебиятында өз орнына ийе универсал талантлы жазыўшыларымыздан бири болып табылады. Ол

қарақалпақ әдебиятында 60 жылдан асламырақ ўақыт дөретиўшилик мийнет етип әдебиятымызды көркейтиўге белсене қатнасты.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Ж.Аймурзаевтың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында қысқаша айтып бериң.

2. Жазыўшының «Келин» гүрриңин толық оқып шығып ол ҳаққында өз түсинигиңизди айтып бериң.

3. Ж.Аймурзаевтың урыс дәўиринде жазған қандай поэзиялық шығармаларын билесиз?

4. Шайырдың поэмалары ҳаққында айтып бериң.

5. «Жетимниң жүреги» повестин оқып шығың ҳәм сол арқалы дәўирге, жазыўшы дөретиўшилигине баҳа бериң.

6. «Айгүл-Абат» ҳәм «Бердақ» музыкалы драмаларындағы қаҳарман образларына сыпатлама бериң.

7. Ж.Аймурзаевтың қарақалпақ әдебиятында тутатуғын орны ҳаққында айтып бериң.

Караматдин Султанов

Екинши дүнья жүзлик урыстан соңғы жыллардан баслап баспа сөз орынларында жумыс ислеп, көп ғана очерк, гүрриң дөреткен авторлардың бири Караматдин Султанов болды. Оның ″Ақдәрья″, ″Әжинияз″ романлары оқыўшылар жәмийетшилигиниң сүйип оқыйтуғын шығармалары болды. ″Ақдәрья″ романы 1967-жылы өзбек тилинде басылып шықты.

К.Султановтың дәслепки очерк ҳәм гүрриңлери ″Мениң аўылым″ (1956-ж), ″Аўылласларым″ (1960-ж) топламларында жарық көрди. ″Аўылласларым″ топламындағы ″Арал аўылының адамлары», ″Мениң аўылласым″, ″Сырлы орамал″ атлы гүрриң ҳәм очерклеринде күнделикли өмирди автордың терең байқаўлары, қаҳарманлардың ишки ой дүньясын шебер ашып бериўлери көзге түседи.

″Арал аўылының адамлары″ очеркинде бас қаҳарман Ақантайдың өмири сүўретленеди. Соның менен бирге бул очеркте Қәдир қашқын образы да бар. Усы образ кейин ала дөреген ″Ақдәрья″ романында да көринди. Бул роман жарыққа шығыўдан-ақ, әдебиятшылардың дыққат орайына айланды ҳәм И.Сағыйтов, М.Нурмухаммедов, Қ.Мақсетов, Ә.Қожықбаев ҳ.т.басқалар бул роман ҳаққында баспа сөз бетинде арнаўлы мақалалар жазды. Роман тематикасы ҳәм идеясы, мазмуны бойынша да Өтеген Айтжановтың ″Арал қушағында″ романы менен тиккелей байланыслы. Еки автор да китапларында тек көркем сөз шебери болып қалмастан, ал өзлери сөз еткен ўақыяларды тереңнен билетуғын қәниге сыпатында сезиледи. Бунысыз шығарма тәсирли шықпас та еди. Романда тийкарғы образлар болған Назлы кемпир, Сапар, Жамийла, Жумабай образлары автор позициясын китап оқыўшыларға жеткериўде үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады. Унамсыз образлардың (Қәдир, Салима) роман ақырында халық қатарына қосылып мийнет етиўи дыққатты өзине тартады. Романда ең шебер дөретилген еки образ бар. Булар Назлы кемпир ҳәм Жәмийла образлары. Шығарманың баслы табысы да усы образлар арқалы жүзеге келеди. Романда конфликт ҳәм сюжет ҳақыйқат турмыс ўақыяларына қурылғанлығын көремиз. Сол дәўирде дөрелген басқа романлардағыдай аса сиясатластырыў, ҳәр түрли класслар арасындағы гүреске аса итибар бериўшилик бул романда ушыраспайды.

Жазыўшы Жәмийла ҳәм Назлы кемпир образларын шебер дөрете алған. Әсиресе, Жәмийла жигерли ҳәм исине садық, енесине барынша мийирман ҳаял. Жигитлер фронтқа кеткенде колхозда ислеп, улыўма халықлық иске жәрдем береди. Қыйыншылықларға албырамайды. Жумабай образы да автордың үлкен табысларының бири. Ол ҳадал кеўилли, мийнеткеш жигит. Жан-тәни менен мийнет ислеп өзиниң фронттағы досларына жәрдем етеди. Сапар менен болған дослығын, оған болған садықлығын ҳәмме нәрседен де жоқары қояды.

Романда Назлы кемпирдиң баласы Сапар урысқа кетеди. Фронтқа кеткен жигитлердиң орнына колхоз жумысына жас балалы ҳаяллар шығады. Сапардың келиншеги Жамийла да күйеўиниң орнына балық аўлаўға барады. Назлы кемпир үйдеги ақлығына қарап қалады. Жәмийла кеўиниң досты, өзиниң қурдасы Жумабай менен теңизден балық аўлайды. Көп санлы қыйыншылықларға гезлеседи, бөлинип ығып кеткен муздың үстинде бирнеше күн қалып қойыўларға да дуўшакерлеседи.

Назлы кемпирдиң ақыллылығы, мәртлиги фронттағы баласы Сапардан өлди деген хабар келгенде көринеди. Бириншиден, ол басқа кемпирлер қусап айбарақ салып жыламайды. Бунда келини Жәмийланың кеўил-кейпиятын түсиргиси келмейди. Екиншиден, Назлы кемпир баласынан көрген ақлығы Әскербайдан айырылып қалыўдан қорқып, келини Жәмийланы өз аўылының жигити, Сапардың жорасы Жумабайға турмысқа шығыўына тилеклеслик билдиреди. Ондағы ойы ақлығы көз алдында жүриўи еди. Романда бурын дүканшы, фронттан қашқан Қәдирдиң ҳәрекетлери де жүдә исенимли түрде сүўретленген. Романға сын пикир билдирген әдебиятшылар айне усы образ дөгерегинде бир қанша талас-тартыслы пикирлер билдирди. Бирақ бул образ арқалы шығарманың тәсиршеңлиги еле де артып, урыс дәўириниң қыйыншылықлары айқын сәўлеленеди.

К.Султановтың ″Әжинияз″ атлы тарийхый шығармасы XIX әсирдеги қарақалпақ шайыры Әжинияз Қосыбай улының өмиринен алып жазылған. Шығарманың мазмуны Әжинияздың жаслық гезиндеги халық өмириниң социаллық қарама-қарсылығына қурылған. Романда бала жигит Әжинияздың тәғдирине байланыслы көп ўақыялар сүўретленген. Ол Қулымбет бай, Халмурат бай, Машириплердиң халықты жөнсиз азаплаўына наразы болып, оларға қарсы гүрес апарады, өз әкеси Қосыбай, Өтемурат, Ережеп, Қайыплардың исине сүйсинип қарайды. Романда шайырдың өмирине байланыслы қызықлы ўақыялар орын алған. Роман К.Мәмбетовтың «Әжинияз» романы менен үнлес.

Бул роман бир қанша илимпазлардың дыққат орайында болды. М.Нурмухаммедов, К. Худайбергенов, Ж.Нарымбетов, Ә.Қожықбаев, Зоя Насурыллаева ҳ.т.б. илимпазлар бул роман туўралы бир қанша пикирлерди ортаға таслады. Роман жанры бойынша тарийхый-автобиографиялық роман болып есапланады.

Романда Әжинияздың өмирине байланыслы Асанбайдың, Амангелди батырдың, Ерназардың, Есенгелдиниң, Төремурат суўпы менен Муҳаммед Пананың, Махмуд Рашид ханның тәғдири ҳаққында тарийхый ўақыялар сүўретленеди. Шығармада Әжинияздың ой-өрисиниң өсиўине Мақтумқулының қосықлары тәсир жасағанлығын исенимли сүўретлеген.

Улыўма, бул роман 1960-жыллардағы қарақалпақ прозасының табысларының бири болды.

К.Султанов буннан басқа да көп санлы қосықлардың, очерк, гүрриңлердиң, ″Ағалардың әңгимеси″ атлы повестиниң авторы. Оннан тысқары К.Султанов өз ўақтында бир қатар поэзиялық шығармалар да жазды. Жазыўшының ең тийкарғы хызметлериниң бири журналистлик хызмети болып есапланады. Ол журналист сыпатында халқымыздың арасынан шыққан мийнет адамлары, иси елге өрнек инсанлар туўрасында өзиниң көп санлы очерк ҳәм публицистикалық мақалаларында жазды. Жазыўшының публицистикасы да өзиниң көркемлиги менен өзгешеленер, оларда жазыўшылық шеберлик сөзсиз байқалар еди.

Автордың поэзиялық ҳәм прозалық шығармаларында биринши гезекте халықлық тилден шебер пайдаланғанын көремиз.Оның шығармаларының көркемлик қунын арттырып турған тәрепи де әйне тили болып есапланады.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. К.Султановтың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында айтып бериң.

2. Жазыўшының гүрриң ҳәм очерклери жөнинде айтып бериң.

3. Жазыўшының қандай повестин билесиз?

4. «Акдәрья» романының баслы қаҳарманлары жөнинде айтып бериң.

5. «Ақдәрья» романының тийкарғы конфликти неге қурылған?

6. «Ақдәрья» романын қарақалпақ әдебиятындағы қайсы роман менен салыстырыўға болады ҳәм олардың уқсаслық таманлары қандай?

7. «Әжинияз» романы ҳаққында айтып бериң.

8. Жазыўшының «Ақдәрья» ҳәм «Әжинияз» романлары жөнинде пикир айтқан әдебиятшылардың мийнетлери, олардағы Талас-тартыслы орынлар ҳаққында айтып бериң.

9. Қарақалпақ әдебиятында X1X әсирде жасаған қарақалпақ классик шайыры Әжинияздың образы жасалған қандай шығармаларды билесиз?

Ибрайым Юсупов

XX әсир қарақалпақ әдебиятында, әсиресе, поэзияда ең көзге көринген талант ийеси Ибрайым Юсупов болып табылады. Ол өзиниң ойшыл, терең лиризмге, образлы философияға қурылған лирикалық шығармалары арқалы қарақалпақ лирикасын жанрлық жақтан еле де раўажландырды, жетилистирди. Оның қарақалпақ әдебиятында әсирлер даўамында қәлиплескен дәстүрлерин дүнья әдебияты дәстүрлери менен синтезледи, жаңа жанрлық түрлерди ҳәм көркем формаларды алып келди. Ибрайым Юсупов дөретиўшилиги арқалы қарақалпақ әдебиятында поэма жанры көп түрленди, көркейди. Лиро-драмалық, романтикалық поэмалар айне, И.Юсупов дөретиўшилиги арқалы қарақалпақ әдебиятына кирип келди. Ол

тек шайыр болып қалмастан «Ғарры туттағы гүз» прозалық топламын жәриялады. Әсиресе, оның «Сейдан ғаррының геўиши» гүрриңи қарақалпақ әдебиятында усы жанрдағы ең көрнекли шығармалардың бири болып қалды. Соның менен бирге И.Юсупов қарақалпақ әдебияттаныў илимине де өз үлесин қосты, әдебиятымыздың ҳәр қыйлы проблемалары бойынша бир қанша мақалалар жәриялады. Әдебиятымыздағы усындай уллы хызметлери ҳәм «Актрисаның ығбалы», «Дала әрманлары», «Гилемши ҳаял ҳаққында ҳақыйқатлық» поэмалары ушын Бердақ атындағы Қарақалпақстан мәмлекетлик сыйлығының лауреаты болды. Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры. Өзбекстан Қаҳарманы.

Екинши жер жүзлик урыстан кейин шайыр болып қәлиплескен Ибрайым Юсуповтың балалық ҳәм жаслық жыллары урыс дәўирине туўра келди. Ол 1929-жылы Шымбайдың Азат аўылында дүньяға келди. Урыстан кейинги жыллары Қарақалпақ педагогикалық институтын тамамлағаннан соң онлаған жыл усы института әдебияттан сабақ берди. «Әмиўдәрья» журналының бас редакторы болды. Илимий жумыс пенен шуғылланды. Узақ жыллар Қарақалпақстан республикасы жазыўшылар аўқамын басқарды. «Еркин Қарақалпақстан» газетасының редакторы болып иследи. И.Юсуповтың биринши қосығы 1946-жылы баспада жарияланды. 1949-жылы-ақ биринши поэмасы – «Жолдас муғаллим»и баспадан шыққаннан кейин халқымыздың сүйикли шайырына айланды. Соннан кейинги жыллары шайырдың 20ға жақын поэтикалық топламы, 10нан аслам поэмалары қарақалпақ оқыўшыларына инәм етилди. Ә.Шамуратов пенен бирликте «Қырық қыз» драмасын, «Өмирбек лаққы» комедиясын, «Әжинияз» либреттосын, «Сейдан ғаррының геўиши» гүрриңин, бир неше публицистикалық ҳәм илимий мақалаларын баспадан шығарды. Шайыр дөретпелери орыс, өзбек ҳәм басқа да көплеген тиллерде поэтикалық топлам ҳәм айырым шығармалар түринде жәрияланды. Оның аўдармасында қарақалпақ тилинде дүнья классиклериниң (Пушкин,

Байрон, Гёте, Гейне, Шекспир, Лермонтов, Шевченко, Маяковский), түркий халықлар шайырларының (Мақтымқулы, Тоқай, С.Вургун, М.Карим, Зульфия) айырым қосықлары китаплары ҳәм шығармалары жәрияланды.

Ибрайым Юсупов биринши гезекте лирик шайыр. Оның лирикасы қайталанбас көркемликке ийе, өз халқының эстетик дүньясы менен терең байланған. Ол өз ҳалқының өтмиши менен бүгингисин, миллий қәдириятларын жетик биледи ҳәм қәстерлейди. Сонлықтанда шайыр:

Қарақалпақты көп мақтама көзинше,
Қармаққа тез қабатуғын балықпан,
Ҳәр кимниң бар әззи жери өзинше,
Шортанымдай аңқылдақлаў халықпан, дейди.

Усы қатарлар арқалы-ақ шайырдың өз халқының патриоты, оның жан ашыры екенин көриўге болады. Бул пикирди шайырдың «Ана тилиме» атлы қосығы туўралы да айтыўға болады.

Жыраў сени бәйги атындай баплаған,
Шешен сени даўда шынтлап таплаған,
Алпамыслар уран етип урыста,
Бердақ сени қурал етип саплаған.
Ана тилим - сен басқадан айырмам,
Сен турғанда мен де әдеўир шайырман,
Сонша қатал сүргинлерде жоғалмай,
Бул күнлерге жеткениңе қайылман.

И.Юсупов дөретиўшилигиниң үлкен бир бөлегин оның халықлар дослығы, басқа халықлар турмысына бағышлап жазылған шығармалары қурайды. Буның өзи шайырдың шайырлық пикирлеў диапозоны кең, дүньялық әдебият пенен жақыннан таныс екенин көрсетеди. Ол қайсы халықтың турмысынан шығарма жазбасын сол елдиң тәбиятын, халқының

дәстүрин, миллий қаҳарманларын келтиреди ҳәм усы арқалы әдебий этиканы сақлайды ҳәм өз шығармасының тәсиршеңлигин де арттырады.

И.Юсуповтың ″Алатаўдан ескен самал″, ″Арашан″ қосықлары менен бирге, Қазақстан туўралы шығармаларында да поэтикалық жаңалықлар жақсы сезиледи. Ол Қырғызстанды: ″Жарларына жас қыранның пәрўазын берип, Тоқтағулдың қарт қыялын тербеген үлке″ деп сүўретлейди, ал оның Зәўлим алатаўын ″Гүзектеги жылқышыдай қунтыйып, ақ қалпағын басып кийген шыңларың″ деп ол таўлы жердиң сулыў көринислерин бериўге умтылады.

И.Юсуповтың Қырғызстан ҳаққында жазылған қосықларын соңғы жыллары дөреген ″Қырғызларға″, ″Мен сүйемен, сүйемен қырғыздың Ала таўын″, ″Нарын″ шығармаларын әдеўир толықтыра түседи. Буларда шын жүректен айтылған, көркемликке өткен кеўил сыры бар, бүкпелемей берилген ыссы жүрек толқыны бар. Буннан тысқары қырғыз халқына деген ҳүрмет, олар менен түбимиз бир ағайин екенимизди аңлатыў, усы арқалы халықлар арасындағы аўызбиршиликке, татыўлыққа көпир салыў қусаған уллы идеялар сезиледи.

И.Юсуповтың түркий тиллес өзбек, қазақ, азербайжан, түркмен, татар, башқурт, ноғай халықларына арналған да бир қатар лирикалық шығармалары бар. Олар қарақалпақ әдебиятында халықлар дослығына арнап жазылған ең сере лирикалық шығармалардың қатарына киреди. Ал ҳәр қыйлы жылларда дөреткен Кавказ дүркинлери, украин, рус халықларына арнап жазылған қосықлары да оқыўшыны ериксиз өзине тартады. Оларда сол сүўретленген жерлердиң тәбиятына, халқының үрп-әдетине деген сүйиспеншилигин арттырады. Шайырдың дослық сезимлерин сәўлелендириўши шығармаларының ишинде оның қәлемлес досларына арнап жазған лирикалары да айрықша орынды ийелейди. Мәселен, Расул Гамзатовқа, Шынғыс Айтматовқа, Ғафур Ғуламға, Мустай Каримге ҳәм тағы да басқа белгили жазыўшы-шайырларға арнап жазған

лирикалық шығармалары жоқары көркемликке ҳәм күтилмеген поэтикалық шешимлерге толы.

Дүнья жүзиндеги ҳақ нийетли адамзаттың дослығын жырлаў, олардың қуўанышы менен қайғысына ортақласыў адамлар ушын жат емес. Бул темаға арналған шайырдың қосықлары поэзиямыздың тематикасын кеңейтти. И.Юсуповтың ″Шыбығы сынса шынардың″ деген қосығының күши мине усында.

Ибрайым Юсупов лирик шайыр сыпатында жақсы белгили. Оның дөретпесиниң негизги өзеги болған лириканың тематикасының өзиншеллик белгилерин аңлаў ушын ″Күншығыс жолаўшысына″ (1956) қосығы характерли шығарма. Бунда ол туўған жериниң бай тәбияты, ең тийкарғысы миймандос, мийнеткеш халқы ҳаққында жырлайды. Туўған жери, халқы менен мақтаныў ҳеш қашанда ҳеш бир шайыр ушын жат емес, бул дәстүрли жол:

Өз елиниң бир мүйешин аралап,
Жүрегинде мәңги сақлап кетиўге,
Күн шығысқа сапар шеккен азамат,
Асық достым бизиң жаққа жетиўге.

Шайырдың лирикасының тематикасы усы туўылған жери, оның бурынғы ҳәм ҳәзирги тарийхы менен байланыслы.

И.Юсуповтың туўылған жер ҳаққында, муҳаббат лирикалары терең лиризмге, аўыспалы мәниге ийе. Оларда көркемлеў қураллары менен усыллары өз орнында ислетилип қосықтың көркемлигин арттырады. Соның менен бирге шайыр жәмийетте орын алған ҳәр қандай машкалаларға тыныш қарап отыра алмайды, олар жөнинде өз халқының озық ойлы бир азаматы сыпатында тынышсызланады, оларға өз кеўил сезимлерин билдиреди. Мәселен, шайырдың «Сағалаяқ», «Арал эллегиялары», «Тырналар», «Корабллер қойымшылығындағы елес» атлы қосықлары дәўирдиң ашшы ҳақыйқатлығын батыл айтыўға қурылған. Оларда бәринен де бурын шайырлық сезгирлик, мәртлик сезиледи.

Таңларым оянбас толқын сестинен
Қайлардан аларман ондай күшти мен,
Дузлы шаңғыт көмген көллер үстинен,
Бул жағысқа түспей барар тырналар

Шайырдың «Тырналар» қосығынан алынған бул бир бәнтте-ақ терең ой-пикир жәмленген. Лирик қаҳарманның кеўил кеширмелеринен, оның дәртлеринен ҳәр Ким өз ой кеширмесин, дәртин көреди. Қосықтағы айтылажақ тийкарғы пикир келешек әўлад алдындағы ислеген гүналарымызға оқиниш. Кешеги жылларда жиберилген, бүгин де даўам етип атырған кемшиликлерге күйиниш. Егер қосыққа қатарма-қатар анализ жасайтуғын болсақ биринши қатардағы «Таңларым оянбас толқын сестинен» қатары Әмиў ҳәм Аралдың бурынғыдай толып-тасып турмаўының образлы сүўретлеўин аңлатады. «Дузлы шаңғыт көмген көллер үстинен, Бул жағысқа түспей барар тырналар» деген қатарларда да пикир өткир берилген. Көллерди дузлы шаңғыттың көмип таслаўы аўыр экологиялық апатшылықтын ақыбети. Ақыбетин ойламай исленген ҳәрекетлердиң ақыбети. Сондай-ақ шайыр бир бәнттин өзине терең пикирди жәмлей алған. Лириканың аз сөз бенен-ақ үлкен пикирлерди айтыў мүмкиншилигинен шебер пайдаланған. Бәнттиң дәслепки еки қатарында лирик қаҳарманның өтмишти еслеўи, оны сағыныўы, аңсаўы оның соңғы еки қатарында бүгинги қубылыслар, экологиямыздың, тәбиятымыздың бүгинги келбети сәўлеленеди.Яғный шайыр антитеза усылын қолланыў арқалы пикир өткирлигине ерискен.

«Арал эллегиялары» қосығында лирик қаҳарманның экологиялық апатшылықтан тәшўишке түсиўи еле де тереңлеседи. Онда лирик каҳарманның өкинишке толы сезимлери оқыўшыны бийтәреп қалдырмайды.

Хош, теңиз сүйиклим! Жаралы жандай,
Өлим ҳалатында урасаң ҳаллас,
Мениң қайғым амфибия адамдай,

Сенсиз қырда жасап саўа бола алмас.

Қосықтың баслы өзиншеликлериниң бири онда пикирлеўдиң аналитикалық усылы катнасады. Шайыр өмирди тек сырттан бақлаўшы емес, ал оның қубылысларын изертлеўши де. Бул шығарманың жанрлық сыпатына да тәсирин тийгизеди. Қосық медитативлик-философиялық лирика. Ал «Қайта қурыўдың балаларына» қосығында дәўирдиң, заманның ашшы ҳақыйқатлығы публицистикалық усылда ашып бериледи. Шайыр жүрегинде қатпарланып қалған дәрт төгиледи. Шайырлық сезгирлик арқалы басқалар елестире бермейтуғын қубылысларды коркемлеп жеткереди.

Буйған белди шештик, шалғай салынды,
Мийўе ағашы марапатқа малынды,
Кеўил қәтержамлық шербетин ишип,
Ҳақыйқатқа барар жоллар тарылды.

Билгишлер сөйледи алдынан орап,
Ийкемшиллер ыңғай жабын жағалап,
Аяқларды қағып гөне шөңгелер,
Жағымпазлар жалпылдады ағалап.

Бетон мал қоралар муздың ығындай
Бәри бийғам көшип кететуғындай,
Жайрап атыр техникасы тат басып,
Бийдәўлет баланың хожалығындай

Шайыр бул қосығында публицистикалық ой-пикирди де көркемлеў қураллары ҳәм усыллары арқалы барынша көркемлеп бериўге ерискен. Әсиресе, «Мийўе ағашы марапатқа малынды», «Кеўил қәтержамлық шербетин ишип», «Ийкемшиллер ыңғай жабын жағалап», «Аяқларды қағып гөне шөңгелер», «Бетон мал қоралар муздың ығындай», «Бийдәўлет

баланың хожалығындай» деген қатарларда аллегория, метафора, теңея жүдә шебер қолланылған.

И.Юсупов дүнья поэзиясы үлгилерин қарақалпак поэзиясына алып келген новатор шайыр сыпатында да кеңнен белгили. Ол Шығыс поэзиясына тән болған ғәззел, мухаммес сыяқлы қосық түрлерин дөретти. Бунда шайыр қосықтын сыртқы формасын да, ишки мазмунын да усы формалардың келип шығыў түрине жақынластырғанын көремиз. Шайырдың төртликлери қысқа, тужырымлы, терең пикирге ийе болыўы менен ажыралып турады.

Қонды бир тамшы шық пискен алмаға,
Ҳәм мен «мазмунман» деп керди кокирек,
Бирақ күн шықты да оны жалмады,
Алма тур. Ал қайда сол шықтан дәрек?!

Шайыр төрт қатарға-ақ усындай үлкен мазмунды жамлестире алады. Бул төртликте шайыр символлық сүўретлеўден ҳәм паралелеизм усылынан шебер пайдаланған. Шық – мақтаншақлық, турақсызлық, алма кең пейиллилик, турақлылық ҳәм барлық символы. Өмирде күшсизлер, ертеңгисине исенбейтуғынлар көбирек мақтанады. Шық солардың әдебияттағы көркем образы. Ал алма ушын бул жағдайда мақтаныў да, «мен мазмунман» деп таласыў да зәрүр емес.

И.Юсупов Батыс поэзиясына тән болған сонет, октава сыяқлы қосық үлгилерин де қарақалпақ әденбиятына алып кирди ҳәм бул формалар шайыр дөретиўшилиги арқалы әдебиятымызды байытты.

Улыўмаластырып айтқанда И.Юсупов қарақалпақ поэзиясын рәң-бәреңлестирип, оны ҳәр тәреплеме раўажландырды. Шайыр лирикасы идеялық-тематикалық бағдары, жанрлық түри бойынша да ең жетилискен шығармаларға толы.

И.Юсуповтың қарақалпақ әдебиятында поэма жанрын раўажлан-дырыўға қосқан үлеси де салмақлы. Шайырдың биринши поэмасы ″Жолдас муғаллим″ 1949-жылы жазылды. Бул поэма оның шайырлық

жолын белгилеўши шығармасы еди. Соннан берги дәўирде ″Акация гүллеген жерде″, ″Актрисаның ығбалы″, ″Ески фонтан ертеги″, ″Гилемши ҳаял ҳаққында ҳақыйқатлық″, ″Дала әрманлары″, ″Тумарис″, ″Посейдонның ғәзеби″, ″Бүлбил уясы″, ″Мәмелек ой″, «Мәңги булақ», «Ўатан топырағы» поэмалары белгили.

Шайырдың қайсы поэмасын алып қарасаңда онда шайырлық излениўшиликти, жанрлық өзиншеликке, жаңа пикир айтыўға умтылыўды көремиз.

″Гилемши ҳаял ҳаққында ҳақыйқатлық″ поэмасында түркмен ҳаял-қызларының аўыр тәғдири сүўретленип, он саўсақтан өнери төгилген бул әжайып адамлар қанша мийнет етсе де мийнети баҳаланбағанын, олардын қайғылы өмирин шеберлик пенен ашып береди. Түркмен қызын яўмыт сәрдары ҳаял үстине алады, қолынан өнери тамған келиншек қызлы болады, өзиниң өнерин қызына өткереди. Олар тоқыған гилем даңқы пүткил шығысқа аңыз болып тарайды, буған Хийўа ханы ашық болады. Хан қыздың өзине емес, өнерине ашық. Қыз хан сарайына алдырылады. Хан салтанаты ушын гилем тоқыўдан ол бас тартады. Өйткени, ол тоқыған гилем, бийлеўшилердиң бақ талас ҳәм дүнья топлаў ушын есапсыз қырғын жаўгершилигине себеп болыўын қәлемейди. Қыз зинданға тасланады.

Дөнди гилем гейде таўыс пәриндей,
Аспандағы айқулақтай қубылды,
Гейде гилем Ферузаның гүлиндей,
Сулыўлықтың бар шегинен шығынды.
Ҳәр күни бир кирпик ышқы отындай,
Зер шашағы жалын болып лаўлады,
Гә ғыжлады сексеўилдиң шоғындай,
Гә тандырдай ушқын шашып лаўлады.

Шығармаға халық поэзиясының романтикалық руўхы, тил шеберлиги жақсы сиңген, гилемши ҳаялдың түркмен айдымында өзиниң туўған обасын еске түсириўлерин, гилемши ҳаялдың аўыр мийнетин шайыр

тилеклеслик ҳәм романтикалық көтериңкилик пенен жырлайды, оның көз тартқан нағысы жанландырылады:

Өзим таңлап қылшық тарттым түбиттен,
Өзим ийирип белли жанды қыйнадым,
Кестелерин кеўлимдеги үмиттиң,
Шешек атқан шәменинен жыйнадым.

Сары бояў-кеўлимдеги қайғы-муң,
Қара бояў-тәғдиримниң гүўасы,
Жасыл бояў-әрманлары жаслықтың,
Қызыл бояў-жүрегимнен жарасы.

Ҳақыйқатында да, халықтың түсинигинде бояўлардың реңи усылайынша айтылады, автор усы түсиникти поэтикалық формада уғымлы жеткерди. ″Гилемши ҳаял ҳаққында ҳақыйқатлық″ шығармасы дослық ҳаққында, тәғдирлес халықлардың өткен өмири ҳәм бүгингиси ҳаққында, олардың турмысы, күн-көриси, миллий өзиншелиги ҳаққында жазылған шығарма болды.

″Дала әрманлары″ поэмасы да көркемлиги жоқары, жанрлық өзиншеликке ийе шығарма есапланады.. Поэмада Үстиртти бағындырыўшы адамлардың қаҳарманлық мийнети жырланады. Тайдың изин қырық жыл сақлаған тақыр, қыран ушса қанатын, тулпар шапса дойнағын күйдирген жазийра, муңлы намаға шерткен маялыш, дала жүйриги-жайранлар өскен кеңлик оқыўшының көз алдынан бирли-бир өтеди. Бунда автор пикир образлылығын биринши орынға қояды.

Поэма автордың дала туўралы ойлары менен ашылады:

Кең далада еркин сайранлап жалғыз,
Сен туўралы ойлаў-мен ушын пеше,
″Дала ой туўдырмас адамда″ десе,
Жаным, бул жалған гәп исенбе ҳәргез.
Кеўлимде бул жердиң ҳәр бир путасы,

Қосық, ойлап атырғандай көринер,
Ески Бедеўлиниң тас дәрўазасы,
Түксийип тарийхый ойларға шүмир.

Оқыўшының алдында ески тарийхый өтмиштиң ўақыялары авторлық қыял менен сәўлеленеди. Дурысында да ҳеш кимнен қорқып, етегин жыймаған дала көп әсирлик тарийхый ҳәдийсениң жанлы гуўасы. Талай жаўынгерлер бул далаға салтанат пенен сап тартып келди, бирақ олардың жаны далада қалды, шайыр айтқанындай-ақ ″Қәй Қысраў басы бул жерде қанлы месте жатып пушайман еткен...″

Өршил ойдың жолында қурбан болып, даланың сыйқырлы тилин тапқан, жасырын сырын ашқан, оны халық ийгилигине айландырыўда тынбай изленген, тәбиятқа ашық болған Марияның тағдири оқыўшының сезимине күшли тәсир етеди. Мария бизиң дәўиримиздиң көп санлы романтик, өршил, ойшыл, адамларының бири. Автор тәбият көринислерин, оның сулыўлығын, тәбияттың жанлы-жансыз ағзаларын бир-бири менен байланыстырып, образлы түрде сүўретлейди. Жейранларды баскетболшы қызларға, қуяшты баскетбол тобына, қоянды репортаж алыўшы сүўретшиге мегзетиўи шайырдың жүйрик қыялынан дөреген образлар екени даўсыз.

″Тумарис″- қаҳарманлық темадағы поэмалардың қатарына киреди. Өз халқының өткен тарийхы туўралы фактлер, аңыз әңгимелери шайыр ушын оғада бай материал береди. Өткенди сүўретлеў шайырға бүгингини улығлаў ушын керек. Ҳәр бир халықтың өтмишинде аңызға айланған қаҳарманлық ўақыялар көп. Усылардың бири- қарақалпақлардың ата-бабалары есапланған массагетлердиң ҳаял патшасы Тумарис туўралы қаҳарманлық ҳәдийсе. И.Юсуповтың ″Тумарис″ поэмасында сол ҳаял патшаның өз жери, өз қәўимлериниң еркинлиги ушын жәҳәнгер Кирге қарсы мәртлик саўашы сәўлелендиреди.

Поэмада Тумарис, Шырақлар тәрепинен көрсетилген ерлик, қаҳарманлық драмалық ўақыялар менен бирге сүўретленеди. Оқыўшының көз алдында аңызға айланған батыр ана Тумарис образы турады:

Жолбарыстың жаў бүйрегин,
Жулып жеген ғайбар күшин,
Қас батырдың бас сүйегин,
Зерен етип, қымыз ишкен.
Сен емес пе, елдиң кегин,
Кескинлесип алып өскен?
Асқар, мүйиз ай астында,
Ким көркиңди сағынбаған,
Өгиз суўдың жағасында,
Ким күшиңе табынбаған

Шайыр поэманың жанрлық өзиншелигине байланыслы оған сай сүўретлеў усылын, көркем тил таба билген. Шығарма жасларды өз ўатанына, туўылған жерин сүйиў, оны қәстерлеў рухында тәрбиялаўда айрықша әҳмийетке ийе.

И.Юсуповтың поэмаларының ишинде ең ″Актрисаның ығбалы″ дөретпеси әҳмийетли орынды ийелейди. ″Актрисаның ығбалы″- мәденият ҳаққында оның үлкен бир тараўы театр, қарақалпақтың биринши актерлары ҳаққында жазылған шығарма болғанлықтан поэмада сүўретленген барлық ҳәсийселер, кеширмелер усы мәселениң әтирапында болады. Автор театр көркем өнериниң қарақалпақ мийнеткешлери арасында дәслепки мәденият урығын себиўши, оның көпшиликтиң сана-сезими оятып, ҳәзирги раўажланған мәдениятқа умтылыўға жәрдемлесиўши күш екенин сәўлендирген. Поэмадағы тийкарғы образ сыпатында биринши қарақалпақ драматурглериниң бири Әбдираман Өтепов ҳәм ҳаял-қызлардан шыққан талантлы актриса Айымхан Шамуратовалардың образлары жасалған. Усы образлар арқалы қарақалпақ сахнасының дәслепки дәўирдеги өмири, биринши мәденият

қарлығашларының турмысы кеннен сөз етиледи.Шығармада автор терең мәнили халықлық уғымларды орынлы түрде қаҳарманның минезин ашыўда дурыс пайдалана биледи: ″Қыз кеўили ақ сандық″, ″Дәстүр зан емес өзи заң″, ″Биреўлер талдан да тикенек излер″ ҳ.т.б. Ямаса поэмадағы мынандай қатарларға дыққат аўдарайық:

Сондай жүреклер бар, дүньяда бирақ,
Күшли ағыстан да зиятырақ,
Олар сүйе ғойса, ҳүкими өктем,
Олар күйе ғойса, шыдамы беккем.

Бул пәк ҳәм бир-бирин сүйген жүреклердиң ҳалаты. Бундай тартымлы орынлар поэмада көп.

И.Юсупов буннан кейин ″Қарақалпақ халқында сөз″, ″Бүлбүл уясы″ «Мәңги булақ» поэмалары ҳаққында да унамлы пикирлерди билдириў мүмкин. Шайырдың соңғы жыллары жазған «Ўатан» топырағы поэмасы темасының актуаллығы, қаҳарман психологизмин ашып бериўдеги шеберлик, батыл пикирлеўлер менен ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебиятының табысы болды. Онда ХХ әсирдиң 30-жылларында репрессияға ушыраған ўатанласларымыздың аўыр тәғдири, олардың алыста жүрсе де өз ўатанын ядынан шығармаўы, ўатан топырағын жаннан әзиз көрип қәстерлеўи қаҳарманлардың ишки рухый кеширмелери, олар ушырасқан қыян-кести ўақыялар арқалы ашып бериледи.

Жуўмақлап айтқанда И.Юсупов ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының ең көзге көринген сөз шеберлериниң бири. Ол қарақалпак поэзиясын бурын көрилмеген бийик шоққыларға алып шықты. Оның поэзиясы заман нәпеси менен азықланып, миллий әдебиятымызды раўажландырып киятыр.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. И.Юсуповтың өмири ҳәм дөретиўшилиги ҳаққында қысқаша айтып бериң.

2. И.Юсуповтың қандай прозалық шығармаларын билесиз?

3. Шайыр поэзиясында кеңнен қолланылатуғын Шығыс ҳәм Батыс поэзиясына тән қандай көркем формаларды билесиз?

4. Шайырдың қарақалпақлардың миллий рухын, өзине тән болған өзиншелигин сәўлелендиретуғын лирикалық шығармалары ҳаққында айтып бериң.

5. Шайырдың басқа халықлар туўралы жазған қандай лирикалық шығармаларын билесиз?

6. Шайыр лирикаларында батыл пикирлеў, публицистикалық сыпат ҳаққында айтып бериң.

7. «Қарақалпақты көп мақтама көзимше», «Анна тилиме» қосықларын ядлап айтып бериң.

8. Шайыр поэмалары ҳаққында айтып бериң.

9. «Актрисаның ығбалы» поэмасының жанрлық өзиншелиги ҳаққында айтып бериң.

10. «Дала әрманлары» поэмасының жанрлық өзиншелиги, ондағы сиволлық образлар ҳаққында айтып бериң.

11. «Ўатан топырағы» поэмасын оқып шығың ҳәм ол ҳаққында айтып бериң.

Төлепберген Қайыпбергенов

Төлепберген Қайыпбергенов XX әсирдиң белгили жазыўшысы. Ол өзиниң көп ғана прозалық дөретпелери менен қарақалпақ әдебиятын байытты. Оның очерклери, гүрриңлери, романлары миллий көркем прозамызда өз орнына ийе.

Т.Қайыпбергенов 1929-жылы 7-майда Кегейли районының аймағында дийхан семьясында туўылды. Болажақ жазыўшы еле аўылдағы мектепте оқып жүрген ўақытларында-ақ, зийрек, қунтлы оқыўшы болды. Кейин Хожели педагогикалық училищесинде оқыды. 1950-жылы Қарақалпақ Мәмлекетлик Педагогикалық Институтының рус тили ҳәм әдебияты бөлимине оқыўға түседи. Тап усы ўақыттан оның әдебиятқа араласыўы басланды. Ол дәслеп киши қосықлар жазды. Ал ең дәслепки гүрриң ҳәм очерклери ″Блокнот сөйлейди″ деген топламында басылып шықты. Оның ҳәзирге шекем ″Секретарь″, ″Муғаллимге рахмет″, ″Суўық тамшы″, ″Уйқысыз түнлер″, «Тәңҳә өзине мәлим сыр», «Қара дәптер» повестьлери, «Соңғы ҳүжим» ″Қарақалпақ қызы″, ″Қарақалпақ дәстаны″, ″Көздиң қарашығы″, ″Қарақалпақнама″ романлары, сондай-ақ ғәрезсизлик дәўирине тийисли ″О дүньядағы атама хатлар″, ″Қәлбимниң қамусы″, ″Туркийнама″ «Қарақалпақпан, тәўекелшимен» дөретпелери, көп санлы публицистикалық шығармалары жәрияланды, олар ҳәзирги қарақалпақ прозасының буннан былай да раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе болып табылады.

Жазыўшының 1955-жылы ″Почтальон келгенде″ атлы гүрриңи биринши рет жарық көрди. Соннан кейинги жыллары жазыўшы болып қәлиплести ҳәм жоқарыда атап өтилген шығармаларын дөретти. Ол көркем әдебият тараўындағы хызметлери ушын Бердақ атындағы Қарақалпақстан республикалық, Ҳамза атындағы Өзбекстан Мәмлекетлик сыйлықларын алды. Буннан басқа ол 1986-жылы ″Қарақалпақ дәстаны″ трилогиясы ушын бурынғы аўқамның мәмлекетлик сыйлығына, ″Қарақалпақнама″

роман-эссеси ушын М.Қашғарий атындағы жер жүзлик (Орта Азия) сыйлыққа миясар болды. Т.Қайыпбергенов Өзбекстан қаҳарманы.

Т.Қайыпбергеновтың дөретиўшилигинде повестьлер үлкен орын тутады. Мәселен, 1956-жылы жарыққа шыққан ″Секретарь″, 1958-жылы жәрияланған ″Муғаллимге рахмет″ повестьлери жазыўшының дәслепки повестлери болыўы менен бирге қарақалпақ әдебиятында повесть жанрын раўажландырыўда белгили орынды ийеледи. ″Суўық тамшы″, ″Уйқысыз түнлер″ повестлери көркемлик дәрежеси жоқары, усы жанрдың талапларына жуўап беретуғын шығармалар болды. Усы еки повесттеги Камал ҳәм Гүлзар Қарақалпақова образлары қарақалпақ әдебиятындағы ең шебер жасалған образлар қатарында тилге алынады. Оларда психологизм, қаҳарманлардың рухый ҳалатын ашып бериўге айрықша әҳмийет берилген. Еки повестте де екинши дүнья жүзлик урыс ақыбетлери, оның адамзат өмириндеги трагедиясы Камал ҳәм Гүлзар өмири арқалы жүдә шебер ашып берилген.

Жазыўшының 1960-жыллары жарыққа шыққан ″Соңғы ҳүжим″, ″Қарақалпақ қызы″ романлары миллий прозамызда қаҳарман характериниң эволюциясын сүўретлеўде әҳмийетке ийе болған шығармалар қатарына киреди. ″Қарақалпақ қызы″ романында қаҳарман характери, психологизми шебер жасалған. Шығармадағы барлық ўақыя Жумагүл образы арқалы ашып бериледи. Бунда қарақалпақ қызының ҳуқықсызлық, теңсизлик өмирден еркинликке умтылыўындағы басып өткен азаплы жолы жүдә исенимли түрде сүўретленген, сондай-ақ Зәрипбай, Дүйсенбай, Қутымбай, Турымбет, Айтен молла образлары оқыўшының дыққатын өзине тартады. 60-жыллардың екинши ярымынан баслап ″Қарақалпақ дәстаны″ трилогиясы жәриялана баслады. Роман рус, өзбек, қазақ, түркмен тиллерине аўдарылды. Бул дөретпени қарақалпақ әдебиятшы алымлары менен бирге өзбек илимпазы П.Шермухаммедов, орыс илимпазы Зоя Кедрина, Т.Дабыдова ҳәм басқалар изертледи. Роман үш китаптан ибарат (″Маман бий″ әпсанасы, ″Бахытсызлар″, ″Түсиниксизлер″). Трилогияда

қарақалпақ халқының XVIII, X1X әсирлердеги турмысы тарийхый фактлер тийкарында көркем тилде ашып берилген. Романның биринши китабында тийкарғы орайда XVIII әсирдеги қарақалпақ батыры Маман бийдий тарийхый ҳәрекети турады. 1743-жылы августта қарақалпақ елшилери Маман бийдиң басшылығында патша Россиясына қосылыў нийетинде Петербургқа барады. Романдағв барлық ўақыялар мине, усы тарийхый ҳақыйқатлық әтирапына қурылған. Романның сюжети жүдә көп планлы. Сюжеттиң тийкарғы жолы Маман бий әтирапында раўажланса, оның гейпара тараўлары Абылқайыр, Мурат шайық, Аманлық, Ырысқул бий, Есенгелди, Айғара бий ҳ.т.басқалардың ҳәрекетлери менен тығыз байланыслы. Бирақ, олардың ҳәммеси Маман бий образының әтирапында болып өтеди. Трилогияның екинши китабы - ″Бахытсызлар″ романы. Романда Айдос бий, Есенгелди бий, Төремурат суўпы, Мухаммед Әмин хан, Мухаммед Рахим, Бегис, Мыржық, Қумар, Ырза, Төре, Ерназар, Күнхожа ҳ.т.б. тарийхта болған адамлар бар. Романның үшинши китабы- ″Түсиниксизлер″ Ерназар алакөздиң өз халқының басшысы болып, Хийўа ханлығы зулымлығына қарсы алып барған гүреслерин сүўретлеўге арналған. Романда Ерназар алакөз, Ерназар кенегес, Бердақ шайыр, Зарлық, Жанғазы, Қарақум ийшан, Қумар ана, Сайыпназар, Гүлзийба, Теңел, Қәллибек, Генжемурат сыяқлы образлар берилген. Ерназар алакөз образы әдебиятымыз тарийхында Маман бий, Айдос баба ислерин даўам етиўши өз халқының ғәрезсизлиги ушын гүрес алып барған батыр тарийхый адам образы болып табылады.

″Маман бий әпсанасы″ роман трилогияның биринши китабы. Романда қарақалпақлар өмириниң Жаңадәрья бойындағы дәўири ҳәм Хорезмге көшип келиўи, бул жердеги дәслепки күнлери сүўретленеди. Жаңа дәрья бойында жасап атырған қарақалпақлар қазақлардың киши жүзиниң ханы Абылқайырдың қол астында болады. Абылқайыр бақлаў ҳәм басқарыў ушын оларға Ғайып деген кисини ярым хан етип қояды. Қарақалпақлар Абылқайырға көп салғыртлар төлеп азап көргеликтен

урыўлардың басшы бийлери бул азаптан қутылыўдың жолларын излестире баслайды. Олар ҳәр жаққа тарап кеткен қарақалпақларды бирлестирип күшли халық болыўды мақсет етеди.

″Бахытсызлар″ романы трилогияның екинши китабы. Бунда қарақалпақ халқының XIX әсирдиң биринши ярымындағы өмири сүўретленеди. Роман сюжетиниң орайында халқымыздың тарийхындағы белгили адам-Айдос бий турады. Усы образды жасаў ушын жазыўшы Бердақтың″Айдос баба″ шығармасындағы Айдос образын ҳәм тарийхый шынлықты басшылыққа алады. Айдос бий Хийўа ханлығына сүйенип қарақалпақ ханлығын дүзбекши болады. Ол өз мақсетин әмелге асырыў ушын Хийўа ханлығына барынша жаранады. Бирақ Қоңырат қаласының ҳәкими Төремурат суўпы Хийўа ханлығынан ғәрезсиз Қоңырат ҳәкимлигин дүзиўге ҳәрекет етеди. Елдиң ишинде еки басшы ортасында қарама-қарсылық шығады. Айдостың еки иниси Бегис пенен Мыржық Төремурат суўпы тәрепине өтеди. Хийўадан хан келип Айдосты қоллаған болып Төремурат суўпы ләшкерлерине қарсы урыслар жүргизеди. Усы урыста Айдос инилери Бегис пенен Мыржықты өлтиреди. Айдос буннан кейинде қарақалпақ бийлерин бириктирип ғәрезсиз мәмлекет дүзбекши болады. Бирақ бийлер бирикпейди. Бул Айдостың өлиўине алып келеди.

Романның бас қаҳарманлары Айдос бий, Төремурат суўпы, Бегис, Мыржық, Қумар ана ҳ.т.б. Айдос ойшыл, өз халқының тәғдирин тереңнен ойлай алатуғын адам. Ол өзинен бир әўлад бурын жасаған Маманбийдиң (″Маман бий әпсанасы″ романның бас қаҳарманы) Россияға қосылып ғәрезсиз мәмлекет дүзиў ҳаққындағы идеясы әмелге аспағаннан кейин Хийўа ханлығына сүйенип ғәрезсиз қарақалпақ мәмлекетин дүзбекши болды. Бирақ хан оны алдайды. Ол қала салыў, егин егиў мәдениятын раўажландырады. ″Мириўбет күни″ деген бир-биреўге ғамхорлық көрсете-туғын күнди ойлап шығарды. Буннан басқа да көп ғана жақсы ислерди әмелге асырады. Бирақ халықты изине толық ертиў, аўызбиршиликти

барынша беккемлеўдиң саррас жолын таба алмағанлықтан ол басқарған халық көтерилиси жеңилиске ушырайды.

Романдағы Бегис ҳәм Мыржық образлары мазмуны бойынша бири-бирине жақын. Екеўи де Айдос бийдиң туўысқан инилери. Екеўиде аңқаў ҳәм өжет. Қоңырат бийи Төремурат суўпының сөзине ерип өзиниң туўысқан ағасы Айдосқа қарсы шығады ҳәм оның қолынан өледи.

Төремурат суўпы сум, ҳийлекер ҳәм такабыр адамның образы. Ол Қоңырат ханлығын дүзиў арқалы өзиниң қолында халық бийлигин услап турғысы келеди. Ол бул мақсетин әмелге асырыў ушын сумлық ҳәм ҳийлени иске салады. Бегисти өзиниң әскерлерине басшы етип қояды ҳәм бул арқалы туўысқан ағасы Айдос пенен оны аразластырады. Бирақ Бегис өлгенде оның өлимине қыйланбайды. Орнына Айтмурат қызыл бетти ап-аңсат әскер басы етип тайынлайды. Қарақалпақ қызларын Қорасан байларына атларға аўмастырады. Бирақ бәрибир Қоңырат ханлығын дүзиў жөниндеги мақсетине ерисе алмайды. Тек Айдостың ғәрезсиз Қарақалпақ мәмлекетин дүзиў ҳаққындағы идеясына қарсы шыққаны қалады.

Қумар ана образы - жазыўшының үлкен табысы. Ол ақыллы, уқыплы ҳаял, атақлы Есенгелди мехремниң қызы. Қайнағасы менен күйеўи Мыржықтың арасында, Төремурат суўпы менен Айдостың арасындағы ала аўызлықлардың алдын алыўға ҳәрекет етеди. Ҳәммесин де өз орны менен сыйлайды. Өзиниң ҳаяллық ар-намысын ҳәмме жерде де қорғай алады.

"Түсиниксизлер" романы. Трилогиясының үшинши китабы. Бул роман тийкарынан аты тарийхта әпсана болған адам Ерназар алакөздиң өмирин ҳәм ол жасаған дәўирдеги қарақалпақ халқының тарийхын сүўретлеўге арналған. Романда Ерназардың жигитлик дәўиринен баслап, халық көтерилисиниң басшысы болып, көтерилисшилер ыдырап, жеңилиске ушырап, Ерназардың өлимге гириптар болыўына шекемги жүдә көп жыллық ўақыя сүўретленеди. Ерназар алакөз бул-"Бахытсызлар" романындағы Айдостың иниси Мыржық пенен келини Қумардан туўылған бала. Ол жасынан-ақ ақыллы, сөзге шешен, палўан ҳәм батыр жигит болып

өседи. Гүреслерге түсип жеңислерге ериседи. Усындай фазыйлетлери нәтийжесинде бийлик әмелине ериседи. Бирақ Ерназар бий бийлик әмелин Маман бий менен Айдос баба идеялық тийкарын салған қарақалпақ ханлығын дүзиў ушын пайдаланады ҳәм рус патшалығынан жәрдем сорамақшы болады. Ерназар алакөз бул әрманына ериседи. Қарақалпақ ханлығын дүзеди. Зарлық төрени хан етип сайлап өзи бас ўәзир болады. Хийўа ханлығы бул жас ханлыққа қарсы әскерий ҳүжим етеди. Гүресте жас ханлық жеңиледи. Ол илим билим үйренсин деп бирқатар қарақалпақ балаларын (Теңел, Қәллибек) Россияға жибереди.

Романның баслы қаҳарманларының бири Қарақум ийшан (Түркий ахун) ҳәрекети ″Бахытсызлар″ романында баслансада, ″Түсиниксизлер″ романында жүдә айқынласады. Ол жәдигөй ҳәм еки жүзли адам. Керек жеринде урылар менен де шерик болып кете береди. Ол Ерназарды бир неше мәртебе алдайды. Оның тийкарғы мақсети Хийўа ханлығы арқалы исламның үстемлигин сақлаў. Хийўа ханлығы қурамында ҳәм қарақалпақлар арасында руслардың тәсирин өткермеў.

Романда Зарлық төре, Жанғазы төре, Михайлов, Теңел ҳәм Қәлибек образлары. Басқа да образлар сәтли жасалған.

Т.Қайыпбергенов «Қарақалпақ дәстаны″ трилогиясынан кейин ″Көздиң қарашығы″ романын, ″Қарақалпақнама″ роман-эссесин жазды.

Жазыўшының ″Көздиң қарашығы″ романы тарийхымызда ″тубалаў-шылық жыллары″ деп аталған дәўир шынлығынан алынған. Романның баслы қаҳарманлары Дәўлетов ҳәм Сержановлар. Дәўлетов совхоздың жаңа директоы, ал Сержанов болса ески директоры. Романда сол жыллары орын алған қосып жазыўлар, әмелди ийелеў ушын ҳәр қандай жинаятқа қол урыў, жарамсақланыў сыяқлы иллетлер, экология машқалалары сөз етиледи.

″Қарақалпақнама″ роман-эссеси бүгинги әдебияттың жоқары көркемлик ҳәм идеялық талабынан туўған. Автор романда мифлерди,

әпсаналарды, лигендаларды, дидактикалық пикирлерди эволюциялық жол менен турмыслық материалларға араластырып сүўретлейди.

Бул шығарма өзине тән өзгешеликке ийе. Биринширден, автордың жеке творчестволық эволюциясы менен бирге республикамыздағы көркем ойдың өсиўин береди, екиншиден, миллий фольклорлық материалларды пайдаланыўы бул романның өзине тән ҳәм миллий өзгешелигин көрсететуғын баслы факторлардың бири болып есапланады. Автор өзиниң жеке өмирине, дөретпесине, өзи өскен жәмийетлик өмирге тән мемуарлық элементлерди де шығармаға орынлы киргизген.

Т.Қайыпбергеновтың жоқарыда аты аталған дөретпелери тек ғана қарақалпақ прозасында ғана емес, ал, пүткил түркий әдебий-эстетикалық ой дүньясында үлкен жаңалық болды. Бул шығармалар миллий-эпикалық ҳәм XX әсир реалистлик прозасының дәстүрлериниң принциплерин бир-бирине синтезлестирип, оларды ҳәзирги шешилиўи тийис проблемалардың көркем жылнамасын дүзиўге хызмет еттириўге деген жазыўшының умтылысынан дөреген. Ал, бул шығармаға М.Қашқарий атындағы жер жүзилик сыйлықтың берилиўи ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ прозасында үлкен ўақыя болды.

Ғәрезсизлик жылларында да Т.Қайыпбергенов әдебиятымызды өзиниң көркем форма, жанр ҳәм стиль саласындағы изленислери менен байытты. Буның мысалы сыпатында оның “О дүньяға атама хатлар” роман –эссесин келтириўге болады. Бул дөретпе тиккелей Арал трагедиясына арналып, ол өзбек, француз тиллерине аўдарылды, усы арқалы пүткил регионға қәўип салған апатшылық ҳаққында жер жүзи халықларына мәлимлеўде үлкен хызмет етеди.

Буннан кейин жазыўшы “О дүньядағы атама хатлар”, “Түркийнама”, “Қарақалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы”, “Қәлбимниң қамусы” «Қарақалпақпан тәўекелшимен» шығармаларын дөретти. Бул шығармалар өзиниң жанрлық-формалық, идеялық-тематикалық бағдарлары бойынша

жаңалық болып қалмастан қарақалпақ әдебиятының усы жыллардағы жетискенликлери болды.

«О дүньядағы атама хатлар» дөретпесинде жазыўшы оригиналь көркем форманы таңлайды-Арал трагедиясының акыбетлери ҳаққында автордың қайғылы гүрриңин бул дүньядағы тири, жер басып жүрген адамлар тыңламағанлықтан, о дүньядағы атасына муражат етиўге мәжбүр болады. Демек, бизиң заманласымыз - жазыўшы менен оның марҳум атасы арасындағы сәўбет дәўирдиң, тоталитар жәмийттиң адамлар басына салған трагедиялық ақыбетлерин сүўретлеўге хызмет етеди. Бул нәрсе авторлық идеяны оқыўшыға дәл ҳәм ашшы ҳақыйқатлығы менен қоса жеткериўде үлкен әҳмийетке ийе.

Т.Қайыпбергеновтың және бир жаңа дөретпеси “Қәлбимниң қамысы” деп аталады. Дөретпе автордың философиялық ой-сезимлеринен ибарат, оған жазыўшы репортаж-эссе деп жанрлық атама қойған. Бул шығарма да автордың жеке көз қарасларына, өткир пикирлерине бай.

Т.Қайыпбергенов дөретиўшилигинде “Түркийнама” дөретпеси де белгили әҳмийетке ийе. Дөретпеде пүткил түркий халыклар, олардың тарийхы сүўретленеди, туўысқан түркий тиллес халықлардың ески тарийхын, өтмишин қайта қараў, олардың аўызбиршилигин қайта тиклеў, руўхый жақынлығын беккемлеў ҳ.т.б. мәселелер де ортаға қойылады.

Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақпан, тәўекелшимен» шығармасы жазыўшының өмир тәжирийбеси, оқыған ҳәм көрген ҳәдийселери, фактлери тийкарында дөреген шығарма. Ол оған берилген 999 сораўға жуўаптан ҳәм жасларға деген 99 нәсиятынан ибарат. Бул дөретпеде де ибарат алатуғын пикирлер, үйрениў зәрүр болған факт ҳәм ҳәдийселер көп.

Жазыўшы дөретиўшилигиниң және бир үлкен бөлегин оның публицистикалық мақалалары қурайды. Т.Қайыпбергенов XX әсирдиң 80-жылларының екинши ярымынан баслап елимизде орын алып атырған ҳәр қыйлы машқалалар (көбирек экология машқаласы) жөнинде Москва, Ташкент қалаларында шығатуғын орайлық газета ҳәм журнал бетлеринде

көп ғана мақалалар жәриялады. Бул мақалаларда жазыўшының батыллық пенен айтқан пикирлери еле де орын алыўы мүмкин болған көп ғана трагедиялық жағдайлардың алдын алды, жазыўшылар, журналистлер ортасында ашық сөзлиликти, демократияны раўажландырды. Сондай-ақ олар қарақалпақ көркем публицистикасын буннан былай да раўажландырыўда айтарлықтай хызмет атқарды.

Солай етип, Төлепберген Қайыпбергенов белгили қарақалпақ жазыўшысы. XX әсир қарақалпақ прозасының жетекшилериниң бири болып есапланады.

Сораўлар ҳәм тапсырмалар:

1. Т. Қайыпбергеновтың қарақалпақ әдебиятындағы орны ҳаққында айтып бериң.

2. Жазыўшының дәслепки гүрриңлери ҳәм дәслепки гүрриңлер топламы ҳаққында нелерди билесиз?

3. «Секретар», «Муғаллимге рахмет» повестлери ҳаққында айтып бериң.

4. «Уйқысыз түнлер», «Бир суўық тамшы» повестлерин оқып шығың ҳәм Камал, Гүлзар Қарақалпақова образларына сыпатлама бериң.

5. «Қарақалпақ қызы» романын оқып шығын ҳәм ондағы баслы образларға сыпатлама бериң.

6. «Қарақалпақ дәстаны» роман трилогиясының үш китабы жөнинде, олардағы тарийхый ҳақыйқатлық, тарийхый образлар ҳаққында айтып бериң.

7. Жазыўшының «Қарақалпақнама» роман эссесиниң жанрлық өзиншелиги ҳаққында не билесиз?

8. Жазыўшының ғәрезсизлик дәўиринде жазған шығармаларына шолыў жасаң.

9. Жазыўшының публицистикалық шығармалары ҳаққында айтып бериң.

Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебияты

80-жыллардың екинши ярымынан баслап турмыста демократиялық күшлер ҳәрекетке кирди ҳәм усыған байланыслы қайта қурыў бағдарламасы бурынғы коммунистлик режимниң қулаўына алып келди. Бурынғы Аўқамның қулаўы менен оның қурамындағы аўқамлық республикалар ғәрезсизликке еристи. Халықлардың ғәрезсизликте жасаў әрманы иске асты. Өзбекстан 1991-жылы ғәрезсиз мәмлекет болған болса, ал Қарақалпақстан Өзбекстанның қурамындағы Суверенли республика болды. Бийғәрез ел болғаннан кейин Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан жаңа конституция нызамларына тийкарланып өзиниң байрағына, гимнине ийе болды.

Өзбекстан Конституциясының бир жыллығына байланыслы 1993-жылы ″Бизиң уллы келешегимиздиң ҳуқықлық кепиллиги″ деген баянатында Президентимиз И.А.Каримов тарийхый басып өткен жолларымызды ҳәм ҳәзирги турмысымызды дурыс көрсетиўдиң керек екенлиги ҳаққында ″Бизиң жеримиздиң ҳақыйқый жан күйерлери алдында, оның ийгилиги ушын сөзи менен де, иси менен де ҳәрекет етип атырғанлар алдында бизлер өзбек миллети ҳаққында барлық ҳақыйқатлықты ашыўымыз тийис. Тарийхый ҳақ нийетлилик пенен көрсетиў, бизлердиң барлығымыз ушын ар-намыс иси және парыз болып табылады″, - деген еди.

Өзбекстанның ғәрезсиз ел болыўы турмыстың барлық саласында еркинликке ийе болыўға кең жол ашты. Ең баслысы өзимиздиң кимлигимизди танытық. Өзимиздиң тарийхымызды, тилимизди, динимизди, мәдениятымызды, әдебиятымызды тереңирек үйрениўге мүмкиншилик алдық, мүлкимизге өзимиз бийлик етиўге еристик. Бул бизге ғәрезсизликтиң берген бахты.

Президентимиздиң Өзбекстанның жаңа тарийхын жазыў, Хорезмдеги Мамун академиясының қайта тиклениўи, руўхый мәденият

ҳәм ағартыў орайын дүзиў, халық әўыз еки әдебиятының бай мийрасы ″Алпамыс″ дәстанының 1000 жыллығын 1999-жылы белгилеў, көркем өнер академиясын дүзиў ҳәм театр өнерин раўажландырыў ҳаққындағы шығарған пәрманлары илимди, илимди, тарийхты, әдебиятты, көркем өнерди, мәдениятты терең изертлеўге ҳәм билиўге қаратылғанлығы мәлим.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлик алғаннан кейин қарақалпақ әдебияты да көп ғана өзгерислерге ушырады. Бул өзгерислер биринши гезекте идеялық-тематикалық бағытта жүз берди. Бурын социалистлик реализм деп аталған методқа оранып алып, шекленген тематика әтирапында ғана шығармалар дөреткен жазыўшы-шайырларымыз енди еркинликке ийе болды. Әдебияттың үстинен партиялық қадағалаў алып тасланғаннан кейин өмир шынлығын әдеўир дәл сүўретлеў мүмкиншилиги туўылды. Жәмийетлик дүзим өзгериўине байланыслы онда жасап атырған адамлардың сана сезими, ой-өриси, дүнья көз қарасы, көркем-эстетикалық талғамы да өзгерди. Усыннан келип шыққан ҳалда жазыўшы-шайырларымыздан әдебиятқа жаңаша қатнас жасаў, оқыўшылардың рухый ҳалатын, дүньясын есапқа алыў талап етилди. Нәтийжеде ғәрезсизлик дәўириниң әдебияты жаңа бағыттағы әдебият сыпатында дөреле баслады. И.Юсупов, Т.Қайыпбергенов, Ш.Сейтов, М.Сейтниязов, А.Садықов, Ж.Избасқанов, К.Каримов, К.Рахманов, М.Нызанов, Қ.Матмуратов, С.Ибрагимов, Ҳ.Айымбетов, М.Жуманазарова, Х.Дәўлетназаров, Н.Төрешова, Б.Генжемуратов, С.Жумағулов сыяқлы онлаған жазыўшы-шайыр ҳәм драматурглеримиз усы дәўирде өзлериниң шығармалары менен қарақалпақ әдебиятының буннан былайғы раўажланыўына үлес қоспақта.

ХХ әсирдиң 90-жылларының басында СССР қусаған тоталитар дүзимге тийкарланған мәмлекеттиң ыдыраўы, оның баслы идеологиялық қуралы болған коммунистлик ойлаўдың адамлардың санасынан әсте-әсте сығып шығарыла баслаўы, оның орнын адамзаттың әсирлер бойы жыйналған философиялық, этикалық, эстетикалық, ҳуқықый билим қорлары системасының ийелей баслаўы бизиң әтираптағы жәмийетлик ҳәм

тәбият қубылысларына, соның ишинде, турмысымыздың ажыралмас бир бөлеги болған көркем әдебиятқа деген қатнасымызды да пүткиллей өзгертип жиберди.

Дурыс, ғәрезсизликтиң дәслепки жыллары әдебиятта екилениўлер, бурынғы қәлиптен шығып кетиўде қыйыншылықлар болды. Әсиресе, бул қаҳарман образын жасаўда, шығармаға идея-тематика таңлаўда көбирек орын алды. Шайыр жазыўшылар жаңа дәўирдиң қаҳарманы қалай болыў керек, жаңа дәўирдин ҳақыйқатлығын қалай жырлаў керек деген сораўларға жуўап таба алмай сарсылды. Бирақ бул бағдарда да ХХ әсир қарақалпақ әдебиятының жетекшилери болып үлгерген И.Юсупов ҳәм Т.Қайыпбергеновлар үлги көрсетти. И.Юсупов дәўир ҳақыйқатлығын бурынғыдан да батыл айтты. Оның шығармаларында пикир еле де өткирлесип, тың пикир айтыў көбирек көринди. Ғәрезсизликтиң дәслепки жыллары-ақ жазған «Мустақиллик майданынан өткенде», «Алыс Малайзия кошелеринде», «Беглигиңди бузба сен» лирикаларында ғәрезсизлик дәўириниң әдебияты қандай бағытта раўажланыўы керек екенлигин көрсетип берди. Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақнама», «Қәлбимниң қамусы», «Қарақалпақпан, тәўекелшимен» ҳәм көп ғана публицистикалық шығармалары қарақалпақ жазыўшылары ушын үйрениў мектеби болды. Солай етип, ғәрезсизлик дәўириниң қарақалпақ әдебияты да қарақалпақ әдебиятында қәлиплескен дәстүр тийкарында жаңа бағытта раўажланып киятыр.

Проза

Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ жазыўшылары да жәмийетлик, сиясий өзгерислерди есапқа алған ҳалда қәлем тербетти. Усы дәўирге шекем көркем сөз усталарымыз, соның ишинде, прозаиклеримиз де белгили бир шекленген темалар әтирапында шығармалар дөретип келди. Мәселен өзлериниң роман, повестлерин көбинесе я алыс өтмиш ўақыяларына, я бирде Октябрьден аўдарыспағы ўақыяларына қурды. Бул жолда, әлбетте, олар белгили табысларға да еристи. Бирақ, бунда

коммунистлик идеологияның тәсири басым болды. Мәселен, 1920-30-жыллардағы қыян-кести тарийхый ўақыялар, колхозластырыў ҳәм советлестириўге байланыслы совет ҳүкиметиниң жүргизген сиясаты ҳаққында ҳақыйқатлықты, ол дәўирдиң қарама-қарсылықлы хәдийселери ҳаққында шынлықты жазыў мүмкин болмады. Ал, егер бул темаға арналған дөретпелер жазылса да, олар сиясий қәлиплердиң шеңберинен шығып кете алмады. Буның тәсири жазыўшыларымыздың бир бирине қарама-қарсы класслардың гүресине шеннен тыс итибар бериўлеринде, қарақалпақ урыўлары арасындағы алаўызлықты ҳәдден тыс бөрттирип көрсетиўинде, ийшан- бурынғы зиялылырымыз болған руўханыйлардың келбетине қара бояўларды аяўсыз жағыўында, жасалма конфликт жасаўға умтылыўшылықта, большевиклердиң образын шеннен тыс идеалластырып сүўретлеўлеринде ҳ.т.б. көринди.

Бирақ ғәрезсизлик дәўири басланыўдан бул кемшиликлердиң бәри сапластырылып, жоқары көркемликтеги, оқыўшылардың рухый шөлин қандыратуғын, өмирди көркем реалистлик бағдарда сүўретлеўи жағынан ҳәр тәреплеме жетилискен шығармалар дөретилип кете бермеди. Керисинше, айне проза тараўында көбирек кемшиликлер жүз берди. Өткен 15 жыл ишинде Т.Қайыпбергенов, Ш.Сейтовлардың романларын есапқа алмағанда усы ири эпикалық жанрда шығармалар жүдә аз дөретилди. Әсиресе, дәўир машқалаларын ашып беретуғын, дәўиримиздиң адамлары образын жаратқан шығармалар санаўлы ғана. Сонлықтан да, бул дәўир прозасы ҳаққында сөз еткенде әдебий процессте елеўли ўақыя болған, әдебият ықласбентлериниң дыққатын өзине тартқан роман, повесть, гүрриңлердиң кем екенлигиниң гуўасы боламыз.

Проза ҳаққында сөз болғанда оның ең үлкен жанры роман ҳаққында айтпай кетиў мүмкин емес. Ғәрезсизлик жылларында қарақалпақ жазыўшылары да бир қатар романларын жәриялады. Мәселен, Т.Қайыпбергеновтың «О дүньяға атама хатлар», «Қаракалпақтың өз қалпағы менен сырласыўы», «Қәлбимниң қамусы», «Түркийнама»,

Ш.Сейтовтың «Жаман шығанақтағы ақтуба», А.Садықовтың «Таста да гүллейди», Ҳ.Ҳамидовтың «Ушқын», К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар», К.Рахмановтың «Ақыбет», Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес», Амангелди Халмуратовтың «Жәннет бағы», Қ.Айымбетовтың «Қарабуўра», С.Исмайловтың «Жүрек галлактикасы», Ҳ.Өтемуратованың «Ҳүрлиман», А.Әбдиевтиң «Жин-жыпырлар уясы» атлы романларын атап өтиўге болады.

Т.Қайыпбергеновтың жоқарыда аты аталған дөретпелери тек ғана қарақалпақ прозасында ғана емес, ал, пүткил түркий әдебий-эстетикалық ой дүньясында үлкен жаңалық болганын атап өтиўимиз керек. Бул шығармалар миллий-эпикалық ҳәм XX әсир реалистлик прозасының дәстүрлериниң принциплерин бир-бирине синтезлестирип, оларды ҳәзирги шешилиўи тийис проблемалардың көркем жылнамасын дүзиўге хызмет еттириўге деген жазыўшының умтылысынан дөреген. «Қарақалпақнама» шығармасы арқалы Т.Қайыпбергенов тек ғана қаракалпақ прозасында емес, ал, ҳәзирги Орайлық Азия халықлары әдебиятында биринши болып роман-эссе жанрын дөретти. Сонлықтан да, Өзбекстан халық жазыўшысы Ә.Якубов ″Қарақалпақнама″ дөретпесин жоқары баҳалап ″Әййемги Түркстан әдебиятында биринши роман-эссе, XX әсир түркий әдебиятында болса, дәслепки нама деген еди. Бул шығармаға М.Қашқарий атындағы жер жүзилик сыйлықтың берилиўи ғәрезсизлик жылларындағы қарақалпақ прозасында үлкен ўақыя болды.

Ғәрезсизлик жылларында Т.Қайыпбергенов прозамызды өзиниң көркем форма, жанр ҳәм стиль саласындағы изленислери менен байытты. Буның мысалы сыпатында оның ″О дүньяға атама хатлар” роман-эссесин келтириўге болады. Бул дөретпе тиккелей Арал трагедиясына арналып, ол өзбек, француз тиллерине аўдарылды, усы арқалы пүткил регионға қәўип салған апатшылықтың көркем тарийхын жер жүзи халықларына мәлимлеўде үлкен хызмет етти. Әлбетте, Т.Қайыпбергеновтың бул дөретпеси тақыр жерден шыққан жоқ. Жазыўшы ол шығарманы жазбастан

алдын көп ғана жер жүзилик конференцияларда шығып сөйледи, ҳәр қыйлы тиллерде, баспаларда мақалалар, очерклер жәриялады, бул проблемаға дүнья жүзи жәмийетшилигиниң пикирин қаратты, әсиресе, акад. А.Сахаровтың жазыўшымызды қуўатлап, Москва трибунасынан шығып сөйлеўи жазыўшының бундай шығарманы дөретиўге әзелден-ақ үлкен таярлықлар көргенлигин аңлатады.

Т.Қайыпбергеновтың және бир жаңа дөретпеси ″Қәлбимниң қамусы” деп аталады. Дөретпе автордың философиялық ой-сезимлеринен ибарат, оған жазыўшы репортаж-эссе деп жанрлық атама қойған. ″Түркийнама″ дөретпеси де белгили әҳмийетке ийе. Бул дөретпе автордың ядында қалған ўақыялар тийкарында жазылған. Дөретпеде пүткил түркий халыклардың образы жаратылған.

Ғәрезсизлик жыллары жазылған романлардың ишинде Ш.Сейтовтың «Жаман шығанактағы ақтуба», К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллары», А.Садықовтың «Таста да гүллейди», С.Исмайловтың «Жүрек галактикасы», Қ.Матмуратовтың «Тербенбес» романлары ҳаққында унамлы пикир билдириўге болады. Дәслепки үш романның тематикасы бир-бирине жақын. XX әсирдиң 50-жылларынан баслап ғәрезсизлик жылларына шекемги дәўирде елимизде орын алған машқалалар Әмирхан, Жалғас, Жумабай образлары әтирапында ашып бериледи. Әсиресе, Ш.Сейтовтың романында дәўирдиң ашшы ҳақыйқатлығы ҳеш қандай қыпсаламастан ашып бериледи. Әмирхан бузақылық, ҳийлекерлик, жаўызлықты өзинде жәмлеген образ. Ол өз мақсети, байыў, ҳәмел текшесине көтерилиў жолында ҳеш қандай жеркенишли ҳәрекеттен тайынбайды. Оның ушын басқа адамлар тәғдири бир пул. Ал К.Алламбергенов ҳәм А.Садықовлардың романларындағы Жалғас ҳәм Жумабайлар дәўир теңсизликлери, нызамсызлықлары менен гүресиўге, бунда ҳәр қайсысы өзинше жол таңлаўға бел байлаған қаҳарманлар. Бирақ партиялық жеке ҳәкимлик ҳүким сүрип турған сол дәўирде Жалғас, Жумабай кусағанлардың ҳақыйқатлық ушын гүресте

жеңиске ерисиўи мүмкин емес еди. Бул ҳақыйқатлық еки романда да жүдә сәтли ашып бериледи. С.Исмайловтың «Жүрек галактикасы» романы жанрлық жақтан жаңа роман. Ол илимий-фантастикалық жанрда жазылған. Қарақалпақ әдебиятында еле бундай жанрда романлардың дөретилмегенин есапқа алатуғын болсақ, бул роман қарақалпак әдебиятында өз орнына ийе екенлиги сөзсиз.

Қ.Матмуратовтың «Тербенбес» романлары соңғы дәўирдеги әдебиятымызда елеўли қубылыслардың бири болды. Романның ең утыслы таманларының бири де әйне қаҳарман образын жаратыўда ҳәм ҳәзирги дәўир ушын әҳмийетли машқалаларды көтерип шығыўында болып табылады. Романда Х1Х әсирдиң ақыры, ХХ әсирдиң басында Тербенбес атаўының әтирапында жасаған халықтың өмири сөз етиледи. Шығарманың бас қаҳарманы Лепесбай әпиўайы аўыл баласынан ис билермен, ел басшысы дәрежесине шекемги жолларды басып өтеди. Бул жолды жазыўшы исенимли сүўретлей алған. Лепесбай ис үйрениўди баслы мақсет етип өз алдына қояды. Ол киши заводлар қурады, усы арқалы халықты жумыс пенен тәмийинлейди. Екиншиден, өз жеримиздиң тәбийғый инәмын (балықты) халықтың ийгилигине жумсай биледи. Балықты дузлап, қақлап таяр өним ҳалына келтирип Россия ҳәм Европаның басқа еллерине сатыўды шөлкемлестиреди. Ол өз аўылласларына биймиллет ғамхорлық етиўди оларды жумыс пенен тәмийинлеў, берген қарызларын жумыс ислетиў менен өндирип алыў арқалы әмелге асырады. Мине, соның ушын да роман қызықлы окылады ҳәм оқыўшылар тәрепинен қызғын күтип алынды.

Бул дәўирде повест, гүрриң жанрларында да бир қатар шығармалар жүзеге келди. Әсиресе, повест жанрында бир қатар жанрлық ҳәм көркемлик изленислер жүзеге келди. С.Исмайловтың «Пайғамбарлар ҳәм шайтанлар», М.Нызановтың «Еки қанхор» повестлери бурын карақалпақ әдебиятында оншелли раўажланбаған дедектив жанрында дөретилди. Г.Есемуратованың «Дуўдендеги дәптер», «Ески сүренлер» повестлери

дәўир ҳақыйқатлығын батыл ашып бериўи менен қунлы. С.Исмайловтың «Бизлер бир үйде жасаймыз» атлы повести илимий фантастика жанрында жазылды. Улыўма С.Исмайлов қарақалпақ прозасын жаңа жанрлар менен байытты. Бул салада изленислер алып барды. М.Нызановтың «Ақшагүл» повести ҳәзирги дәўир проблемаларына арналған. Бунда бир шаңарақ мысалында адамлар арасында сыйласық, инсап ҳәм инсапсызлық, жақсылық ҳәм жаманлық проблемасы, адам тәғдири, оның қәдир-қымбатының аяқ-асты етилиўи шеберлик пенен ашып бериледи. Шығармада қаҳарман психологизминиң жасалыўына айрықша итибар қаратылады. Бирақ ғәрезсизлик жыллары қарақалпақ прозасында жоқарыда атап өтилген повестлерди ҳәм Ҳ.Өтемуратованың гүрриңлерин есапқа алмағанда бул жанрлардағы шығармаларды дөретиўшилер тийкарынан жас жазыўшылар болып қалды.

Улыўма алғанда, ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ прозасы бурын қол урылмаған темаларға, идеяларға қәлем тербетиўде, ел тарыйхында үлкен орны бар реал шахслардың көркем образын жаратыўда, қаҳарман характерин жасаў жолында бурынғы қатып қалған кестелерден, стереотивлерден қутылыўда, жаңаша жанрлық стильлик шоққыларды ийелеўде белгили табысларға еристи. Соның менен бирге бул дәўир прозасының раўажланыўының еле де жоқары болыўына тосқынлық жасаған объектив ҳәм субъектив себеплер болды. Бириншисине экономикалық қыйыншылық, қағаз қытшылығы себеп болса, екиншисине жазыўшыларымыздың өзлериниң жаңа дәўирге таяр емеслиги, эстетикалық ой-дүньясының бурынғы тоталитар жәмийетте орныгып қалған қәлиплерден, догмалардан толық қутылмағанлығы, көркем изленисиниң төменлиги себеп болды.

Поэзия.

Бул дәўирде қарақалпақ поэзиясы да өз раўажланыў жолына ийе болды. Негизинде поэзияға демократиялық кейпият, көз қарас ертерек 80-жыллардың екинши ярымынан баслап кирип келген еди. Усы жыллары сол

дәўирдеги аўқамның ыдырайтуғыны белгили болып қалды. Өйткени, ҳәмме орынларда нызамсызлық, жеке ҳәкимшилик, тәртипсизлик, тубалаўшылық орын алды. Бул нәрсе сол мәмлекетте жасаўшы адамлардың орынлы наразылығын пайда етти. Жәмийетте, проблемалар сондай көбейип кетти, олар бир-бири менен уласып жәмийетти қаплап алды ҳәм бундай жәмийеттиң тозғаны көринип турды. Бизиң шараятымызда экологиялық проблема биринши орынға шықты. Сонлықтанда усы жыллары поэзиямыздын ақсақалларының бири И.Юсупов «Қайта қурыўдың балаларына», «Ашық сөз», «Диалектика», «Корабльлер қойымшылығындағы елес» сыяқлы турмыстың ашшы ҳақыйқатлығын батыл сүўретлейтуғын лирикалық шығармаларын дөретти. Бундай демократиялық кейпият басқа да қарақалпақ шайырларына отти.

Ғәрезсизлик дәўири әдебияттың басқа түрлери сыяқлы поэзияға да еркинлик берди. Сонлықтанда И.Юсупов, К.Рахманов, Т.Қабулов, Ж.Избасқанов, К.Каримов, Ҳ.Айымбетов, Н.Төрешова, С.Ибрагимов, Х.Дәўлетназаров, Б.Генжемуратов, М.Жуманазарова ҳәм т.б. қарақалпақ шайырлары идеялық-тематикалық, жанрлық-формалық изленислер алып барды. Олардың лирикалық шығармаларында еркин пикир айтыў, жаңаша пикирлеў көбирек көринди. И.Юсуповтың усы дәўирдеги лирикалық шығармаларының базы биреўлери ҳаққында жоқарыда айтып өткен едик. Шайыр Ж.Избасқанов та бул дәўирде дөретиўшилик пенен жедел шуғылланды. Шайырдың қосықларында күшли лиризм, жоқары эстетикалық талғам, ең баслысы пикир сулыўлығы көзге тасланады.

Толқынлардың төсин аймалардай,
Желпинесиз жазғы сулыўлар,
Төменде суў емес, айна бардай,
Серпилесиз назлы сулыўлар.

Ямаса

Көргениңиз барма гөззалды,
Таң сәҳәрде шашырап оянған

Ушқынланып әне қозғалды,
Сулыў емес, бир уўыс әрман.

Биринши мысал Ж.Избасқановтың «Шағалалар» қосығынан алынды. Бунда лирик қаҳарман өз сезимлерин шағалалар менен сәўбетке қурады. Тәбияттың еркин ҳәм ерке ағзасы болған шағалалардың ҳәрекетинен гөззаллықты, сулыўлықты көргиси келеди. Оннан эстетикалық заўық алғысы келеди. Екинши мысалда да («Көргениңиз барма гөззалды» қосығынан) әдеттегиден тыс пикирлеў бар. Қарақалпақ халық дәстанларында «батыр уйқысынан шашырап оянды» деген ибараның ислетилетуғынын билемиз. Бунда шашырап ояныў деген бизиң санамызға батырлықтың, айбатлылықтың символы сыпатында сиңеди. Ал шайыр бул қосығында бул ибараны қызлардың гөззаллығын тәбийий ҳалында жеткериў ушын ислетеди.

Х.Дәўлетназаров «Ғайры журттағы қарақалпақлар», «Қозылар» деп аталатуғын қосықларында халқымыздың өтмиши, оның өткендеги өмирине байланыслы эмоцияға толы сезим-пикирлерин береди. Бул қосықлар көркемлиги, тәсиршеңлиги бойынша үлкен табысқа ийе болды. К.Рахмановтың көп ғана қосықлары оқыўшылар тәрепинен қызғын күтип алынды. Әсиресе, шайырдың экологиялық қыйыншылықларды сүўретлеўге арналған қосықлары тәсиршең.

Көк аспанда теңбил-теңбил ақ бултлар,
Сазарады алағада кеўлимдей,
Шақырғандай болар гейде жат журтлар,
Сениң соңғы қол былғаған белгиңдей.

Қуяш бултқа гә сүңгип, гә жарқ етер,
Тәбияттың бәҳәрдеги назындай.
Диң аспаннан қуслар менен дәрт өтер.
Сести… Аралдың ең ақырғы сазындай…

Мине, бул лирик қаҳарманның қулазыған кеўлинен өтип атырған кеширмелер. Лирик қаҳарман қыялый тәбият пенен сырласып, оның менен дәртлесип атыр. Бул қосық тәбият пенен инсан арасындағы катнасықты, олардың бирисиз екиншиси өмир сүре алмайтуғынын көрсетеди. Шайыр экология проблемасын усы усыл арқалы жеткериўди мақул көрген.

Сондай-ақ бул дәўирде М.Жуманазарованың лирикалық шығармаларында батыл пикирлеў, Ҳ.Айымбетовтың лирикаларында пикирди аўыспалы мәниге қурыў, Н.Төрешованың қосықларында ҳаял-қызлардың дүньяға көз карасының сәўлелениўи, Б.Генжемуратовта жанрлық-формалық изленислер көбирек сезилди.

Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ шайырлары поэма жанрында да бираз жемисли иследи. Бул дәўирде И.Юсуповтың «Мәңги булақ», «Ўатан топырағы», Ж.Избасқановтың «Қамал» (драмалық поэма), «Оқыўшыма хат», Н.Төрешованың «Тутқын», «Қызымаў», «Аналық ҳаққында қысса», «Жетим қыз», Х.Дәўлетназаровтың «Ийесиз журт», «Қарақалпақ баязы», «Зийўарий шежире», « Әлўидағ муҳаббат. Хош қал жаслығым» (насрый поэма), Б.Генжемуратовтың «Қытай жипегиндеги битик», А.Өтениязованың «Айсултан» ҳ.т.б. поэмалар, Ә.Өтепбергеновтың «Аллаңды умытпа», «Аллада да есап бар», Н.Төрешованың «Ялғаншы» дастанлары жәриялланды. Усы поэмалардың ишинде И.Юсуповтың «Ўатан топырағы» ҳәм Б.Генжемуратовтың «Қытай жипегиндеги битик» поэмалары айрықша сөз етиўди талап етеди.

И.Юсуповтың поэмасында ХХ әсирдиң 30-жылларындағы репрессияда мәжбүрий өз ўатанын тәрк еткен ўатанласларымыздың аянышлы тәгдири сөз етиледи. Ҳәр тәреплеме саўатлы Әбдисәмед ахун алыс Туркия елинде жүрип-ақ өзиниң таланты, саўаты, адамгершилиги арқасында көпшиликтиң ҳүрметине миясар болады. Ол өлип баратырып та улы Мамытқа өз ўатанына садық болыўды, оған қайтып барыўды нәсиятлайды. Поэмада Мамыттың ўатан сағынышы, айралық жолындағы азапланыўлары, кеўил кеширмелери, рухый ҳалаты шеберлик пенен жеткерилген. Өз

ўатанын аңсап келген Мамыт қусаған ўатан гедейларына кешеги қызыл империя дәўиринде гумансырап караўлар, оларға жөнсиз азап бериўлер сүўретленген. Өз ўатанының топырағына аяғы тийиўден оған таўап етип, дуўа оқып атырғанда оны жансыз деп гүманланып тюрмаға қамайды.

Қапа болып, албырақлап турғанда,
Үш милийса жетип келди булманға,
Қолға кисен салып сөзге келтирмей,
Жабық машинаға мингизди сонда…

Мине, бул Совет дәўири сиясатының бир көриниси еди.

Поэмада ҳәр ким ибрат алғандай адамгершилик фазыйлетлери сүўретленген орынлар көп. Әбдисәмед ахун баласы Мамыт пенен өз елин тәрк етип Туркиядан баспана табады. Ол жерде басқа адамлар қатары жергиликли жердиң исбилермен, қайыр сақаўатлы инсаны Нурылла бий оларға қайыр сақаўат көрсетеди, баспана береди. Усындай ғамхорлыққа Әбдисәмед ахун адамгершилиги, инсанлық ҳүжданы менен жуўап береди. Нурылла бийдиң үйи өртенип, қызы Жанна от арасында қалғанда өз өмирин қәўипке қойып (денесиниң көп жери ҳәдден тыс күйип кетиўи ақыбетинен Әбдисәмед ахун қайтыс болады) оны аман алып шығады. Қулласы, бул поэма жоқары адамгершилик фазыйлетлери менен ҳәдден тыс жаўызлықты, жақсылық пенен жаманлықты қатара қойып сүўретлеў арқалы инсанға тән болған қурамлылықты ашып береди. Өз пуқараларын тентене еткен қызыл империяның ҳеш бир ҳуқық нормаларына сыйыспайтуғын сиясатын әшкара етеди. Поэма оқыўшыны өтмишке нәзер таслаў, тыныш турмыстың қәдирине жетиў, адамгершилик сыяқлы уллы түсиник ҳаққында ой жуўыртыўға жетелейди.

Б.Генжемуратовтың поэмасы да оқыўшылар тәрепинен қызғын күтип алынды. Шығарма өзбек тилине аўдарылып жәрияланды. Оған өзбек әдебиятшысы Әзим Суюн «соңғы дәўирде ўатан ҳаққында жазылған ең жақсы шығарма болды» деп баҳалады. Поэмада түрк қағаны Мөде ханның тилинен ел-журт, ўатан тынышлығы ушын елди бирлестириў, жасларды

ўатанға садық қылып тәрбиялаўдың усыллары баян етиледи. Мөде хан өз нөкерлериниң садықлығын, бирлигин сынап көриў ушын оларды талай сынақтан өткереди. Қоңсы шын патшасы ең жүйрик тулпарын соратқанда да, он төрт жасар жалғыз қызын соратқанда да ел-журт тынышлығын гөзлеп иркилместен берип жибереди. Бирақ ўатан жеринен бер деп сорағанда иркилместен саўашқа шығады ҳәм шын патшасы үстинен жеңиске ериседи. Демек поэмадан шығатуғын жуўмақ ўатан топырағы, жери ҳәмме нәрседен әзиз. Оны көздиң қарашығындай сақлаў сол жерде жасаўшылардың ҳәр биринің миннети.

Ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ драматургиясы да раўажланыўға ийе болды. Бул жыллары Қ.Матмуратовтың «Бир үйде еки өмир», «Әкели жетимлер», «Өмирбек ҳәм тазша», «Ақ текеш ҳәм көк текеш», А.Өталиевтиң «Ерназар Алакөз», «Әмир Темурдың бир күни», «Султан Жалелетдин», Ш.Сейтовтың «Халқабад романы тийкарында жазылған «Қутлы жол» пъесасы (қайта ислеген Қ.Матмуратов), «Шарияр» дастаны тийкарында жазылған «Шарияр» пъесасы (Қ.Матмуратов), М.Нызановтың «Еки дүньяның әўереси», К.Рахмановтың «Тәғдир соққысы», Б.Баймурзаевтың «Бәддиўа», «Пәлектиң гәрдиши», А.Өтениязованың «Жигиттиң ығбалын берсин», «Муҳаббат ҳәм ғәзеп», «Үмит ушқыны», «Жумбағы көп дүнья бул», С.Жумағуловтың «Экстрасенс», «Күйеўиңди берип тур», «Адамлар қалай бузылған», «Бултлы күнлер» пъесалары жазылды. Бул пъесалар сахналастырылып тамашагөйлердиң нәзерине усынылды.

«Бир үйде еки өмир» пъесасы драмалық жанрда жазылған. Онда әпиўайы бир үйдиң өмири арқалы турмыстың драмалық тәрепи ашып бериледи. Бир үйдиң еки келини еки қыйлы минездеги, еки қыйлы дүнья түсинигиндеги келин. Олардың ата-аналары да сондай. Шығармадағы тийкарғы конфликт те шаңарақ ағзалары арасындағы тартысқа қурылған. Қулласы, бул шығарма ҳәзирги дәўир темасынан алып жазылған болып,

онда миллий менталитет проблемасы, миллий үрп-әдет, дәстүрлерге садықлық мәселелери баслы орынға қойылады.

«Өмирбек ҳәм тазша» комедиясы да табысқа ийе болды. Онда Өмирбектиң тапқырлығы, сөзге шешенлиги, бәрқулла кеўилли жүриўи оған деген сүйиспеншиликти оятады. Өмирбек қарақалпақлардың миллий қаҳарманы. Оның атына байланыслы жүдә көп санлы анекдотлар бар. Өмирбек айтыпты деген ушырма сөзлер халық арасында толып атыр. Бурын да И.Юсупов тәрепинен жазылған «Өмирбек лаққы» комедиясы узақ жыллар даўамында қарақалпақ сахнасында қойылған еди. Қ.Матмуратовтың комедиясы да үлкен табысқа ийе болды. Өмирбектиң Таўасар бай менен бәсекиге түсиўи ҳәм онда жеңип шығыўы бир неше күлкили эпизодлар арқалы бериледи. Пъесада Қулымбет қазы, Тазша, Лабақ, Таўасар байдың кемпири образлары сәтли шыққан. М.Нызановтың «Еки дүньяның әўереси» пъесасы да комедия жанрында жазыл2ан. Онда бурын2ы склад баслығы о дүнья2а барғаннан кейин де гүнәси көп болғаннан кейин көп сораўға тутылады. Қулласы, ол о дуньяның да, бул дүньяның да әўересине айланады.

Бул дәўирде жазылған драмалық шығармалардың ишинде А.Өталиевтиң «Ерназар Алакөз» драмасын ең сәтли жазылған сахналық шығармалардың қатарына киргизиўге болады. Шығарманың тийкары Х1Х әсир қарақалпақлардың өмиринен алып жазылған. Усы дәўирдеги миллий қаҳарман Ерназар Алакөз пъеса орайында турады. Пъесадағы ўақыялардың тарийхый шынлыққа қурылыўы, онда қатнасыўшы персонажлардың да тарийхта болыўы, олардың ҳәрекетлериниң исенимли шығыўы бул шығармаға табыс алып келди. Усы автордың «Әмир Темурдың бир күни», «Султан Жалелетдин» атлы пъесалары да тарийхый шахслардың өмиринен алып жазылыўы менен баҳалы.

Сондай-ақ бул дәўирде бир қатар басқа халықлардың әдебиятынан да драмалық шығармалар қарақалпақ тилине аўдарылды. Мәселен, Өзбекстан қаҳарманы А.Ариповтың «Саҳып қыран» пъесасы, қазақ

драматурглери С.Балғабаевтың «Бизлер де ашық болғанбыз», «Ең сулыў келиншек», «Муҳаббатсыз әсир», К.Жетписбаевтың «Бул қандай той», Б.Журтовтың «Қәйинене қылўасы», К. Сүйинишовтың «Кемпир-ғаррының еркеси», азербайжан драматурги Г.Хугаевтың «Қатынымды қайтып бер», өзбек драматурги Багдасаровтың «Жығылғанға жудырық», түркмен драматурги Н.Гуллаевтың «Кейипли келин», қырғыз драматурги Н.Закиевтиң «Әке тәғдири», тәжик драматурги М.Бахтийдиң «Мектептеги муҳаббат» пъесаларын атап өтиўге болады. Бул шығармалар қарақалпақ театрының репертуарын кеңейтиў менен бирге қарақалпақ драматургиясын да байытты.

Улыўмаластырып айтқанда ғәрезсизлик дәўиринде қарақалпақ драматургиясы усындай өзиншеликлерге ийе болды. Ол әдебияттың басқа түрлерине салыстырғанда әззи раўажланды. Бул дәўирде көбирек комедия жанрына итибар берилди. Әсиресе, жеңил күлки туўдыратуғын ҳәр қыйлы тамашалар театрда көбирек сахналастырылды. Драма жанрында шыгармалар дым аз жазылды. Ал трагедия жанры болса улыўма итибардан шетте қалды.

*** *** ***

Солай етип, ғәрезсизлик дәўири қарақалпак әдебияты әсирлер даўамында раўажланып келген қарақалпақ әдебиятының дәстүрлерин буннан былай да жалғастырып халқымыздың рухый байлығын еле де толықтырыўға, олардың эстетикалық дүньясын байытыўға хызмет атқарды. Әдебиятымыздың түр ҳәм жанрлары түрленди, тематикасы кеңейди. Ең баслысы жазыўшы-шайырларымыз бурынғы аўқам дәўиринде қәлиплесип қалған қызыл идеологияның силтеўи бойынша шығарма жазыў қусаған иллетинен қутылды. Баспа сөз, әдебият үстинен орнатылған қадағалаў алып тасланды. Буның барлығы әдебиятымызда жүз берген унамлы өзгерислер еди.

Тест сораў-жуўаплары

1. Берилген үзинди қайсы сөз шеберине тийисли.

Қанша гөззал усы жер бети
Лекин менсиз бул да бир жетим,
Ал досларсыз гүллән нийетим,
Шөлден өлген бүлбүлге мегзер.
Яки солған бир гүлге мегзер.

1. И.Юсупов
2. Т.Жумамуратов
3. А.Дабылов
4. С.Нурымбетов
5. Ш.Сейтов

2. Қулназар, Мәдияр қайсы шығармалардың қатнасыўшылары.

1. "Халқабад" романы
2. "Соңғы хүжим" романы
3. "Көп еди кеткен тырналар"
4. "Босаға" романы
5. "Қарақалпақ қызы" романы

3. "Жақсы адамның жүреги" поэмасы жанр жақтан түрин анықлаң.

1. Драмалық поэма
2. Сатиралық поэма
3. Лирикалық поэма
4. Мифологиялық поэма
5. Барлық жуўаплар дурыс

4. "Ақ дәрья" романында қайсы дәўир ўақыясы суўретленеди.

1. 20-жыллардағы ўақыялар
2. Урыс дәўириндеги ўақыялар
3. Урыстан кейинги дәўирдеги ўақыялар
4. Бүгинги турмыс ақыялары
5. В,С

5. "Иним саған туўры жолды айтып отырман, егер боламан десең, жаўдан кегимди аламан десең, уўайымды қой, гүрес майданына шық. Ҳәзир пүткил дүнья жүзинде, лаўлаған от алысып, туўлаған толқын басланды"-деген сөзлер қайсы қаҳарманның сөзи.

1. Досберген
2. Бектурсын
3. Ерполат
4. Айқыз
5. Алламберген

6. "Посқан ел" романының авторын табың.

1. К.Мәмбетов
2. Т.Қайыпбергенов
3. С.Ахметов
4. И.Юсупов
5. К.Рахманов

7. "Арал қушағында" романында қайсы дәўирдиң ўақыялар суўретленген?

1. XIX әсирдеги тарийхый ўақыялар
2. XX әсирдиң 30-жылларындағы тарийхый ўақыялар
3. Урыс дәўириндеги тарийхый ўақыялар
4. A,B
5 A,B,C

8. 70-жыллардағы қарақалпақ әдебиятының ўәкиллери кимлер.

1. А.Бегимов, И.Қурбанбаев
2. Ж.Аймурзаев, И.Юсупов
3. Т.Қайыпбергенов, К.Мәмбетов
4. A,B
5 B,C

9. "Арал қызы" пьесасының авторын анықлаң.

1. Ә.Шамуратов
2.Т.Алланазарова
3. П.Тилегенов

4. С.Хожаниязов
5. К.Рахманов

10. Шам едйң хӑстеси сынған,
Дуўтар едйң дәстеси сынған,
Хӑр пердең алтын сымнан,
Тар тағылды шарқамадан.
Қосықтың дөретиўшисин табың.
1. А.Дабылов
2. И.Юсупов
3. С.Нурымбетов
4. Т.Жумамуртов
5. Ж. Аймурзаев

11. Оқыў-ғайрат, оқыў-күш,
Оқыўсыз мийнет -геўик пуш,
Оқыў менен хӑр нәрсе,
Өзгерип болмақ таза түс.
Қосық қатарлары қайсы сөз шебериниң дөретпесинен.
1. И.Юсупов
2. Х.Ахметов
3. И.Фазылов
4. Д.Назбергенов
5. А.Матякубов

12. С.Мажитовтың "Айтып жибер" деп аталған қосығы қайсы шайырға арналған
1. Қазақбай
2. А.Муўсаев
3. Қулмурат
4. Әмет
5. И.Юсупов

13. Қарақалпақ жасларын оқыўға, саўатлы болыўға, билим алыўға шақырыўшы "Оқыўға кел", "Өнер билим", "Инан мәккем" қосықларының авторы?

1. М.Дәрибаев
2. А.Муўсаев
3. С.Мәжитов
4. А.Дабылов
5. Ж.Аймурзаев

14. 20-жыллардың орталарынан баслап қарақалпақ әдебиятында драма жанры пайда болып, ол…
1. С.Мәжитовтың "Бағдагүл" драмасы
2. Қ.Әўезовтың "Тилек жолында" драмасы
3. С.Хожаниязовтың "Сүймегенге сүйкенбе" драмасы
4. Ә.Өтеповтың "Теңин тапқан қыз" драмасы
5. Драма жанры пайда болған жоқ.

15. С.Мәжитовқа тийисли драмалық шығармалар қайсы қатарда берилген?
1. Ерназар алакөз, Жигит болдық, Сабақ
2. Бағдагүл, Гүман, Лейтенант Елмуратов
3. Гүлим-Тайман, Гелўас, Сүйин Сара
4. Тилек жолында, Теңин тапқан қыз
5. Сабақ, Сүйсегенге сүйкенбе, Теңин тапқан қыз

16. Садық шайырдың қайсы шығармасы ушын Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлық берилди?
1. Бердақ
2. Бахтияр
3. Қамары
4. Жипекши қыз
5. Ханаласлар

17.Садық Нурымбетовтың юмор-сатиралық қосықлары берилген қатарды табың.
1. Шуғылларға, Өгизлерден хабарың жоқ, Шалағай болмаң ҳәр иске
2. Күш-көликлерден арза, Трактор ҳәм кетпен
3. Критикашыл баслық, Шуғылларға, Таймасбек
4. Мәспамбеттиң түси, Ат саўдасындағы алдаўшыларға қарсы

5. Той қыламыз, Өтеш батыр, Инимниң хаты

18. Ж.Аймурзаевтың урыс жылларында жазылған лирикалары.
1. Жеңимпаз халық, Улым тыңла
2. Фронттан хат, Тыңлаңызлар, Атасы менен баласы
3. Атасы менен баласы, Шмбайға, Ўатан ушын
4. Өтеш батыр, Кеўил-кеўилден суў ишер
5. Ж.Аймурзаевтың урыс дәўиринде жазылған дөретпеси жоқ.

19. Драма жанрында кеңнен белгли болған "Әмиўдәрья бойында", "Бердақ", "Ҳәкислилер" пьесаларының авторы.
1. С.Нурымбетов
2. Т.Жумамуратов
3. Ж.Аймурзаев
4. Т.Мәтмуратов
5. И.Юсупов

20. Дәўиримиздиң ең актуаль проблемаларының бири тәбиятты, ҳайўанларды қорғаў мәселелерине арналған шығарма
1. Кийиктиң еки ылағы
2. Океан ортасында
3. Суўға кеткен адам
4. Критикашыл баслық
5. Акация гүллеген жерде

21. Сурша ҳәм Атырақ образлары қайсы шығармада сөз етиледи?
1. Ананың кеўли балада
2. Бала туўрлы сөз
3. Ағайинли еки батыр
4. Қәсийетли гәўҳар тас ҳаққында ертек
5. Океан ортасында

22. "Бағдагүл", "Теңин тапқан қыз", "Сүймегенге сүйкенбе" драмаларындағы бас мәселе…
1. Класлық гүреслерди сәўлелендириў

2. Ҳаял-қызлардың еркинлик ушын гүреси
3. Жасларымызды билимли болыўға шақырыў.
4. Муҳаббат мәселесин сәўлелендириў
5. Ҳаял-қызлардың ҳуқықсызлығы үстинен әшкаралаў

23. Урыс жылларындағы поэзиялық шығармалар қайсы қатарда берилген?
1. "Ўатан ушын", "Атлан", "Нәмәрт жигит неге дәркар"
2. Улым тыңла, Даў болмасын, Биз жеңемиз
3. Умытпа мени, Дослық жайы, Өзек,
4. Перзентим, Ананың сүйиўи

24. Н.Дәўқараевтың урыс жылларында жазылған прозалық шығармасы
1. Интернатта, Қаҳарманның анасы
2. Германияның гүржилери, Партизанлар
3. Батырлық, Өлимди писент етпеўшилер
4. Сағынып күткенде, Тағы да алға
5. Прозалық шығарма жазбаған

25. Фронтқа кеткен сапар, оның ҳаялы Жәмийла, енеси Назлы кемпир образлары қайсы шығармада сөз етиледи?
1. Н.Дәўқараевтың "Батырлық" гүрриңинде
2. М.Дәрибаев "Мыңлардың бири" повестинде
3. К.Султанов "Ақ дәрья" романында
4. И.Юсуповтың "Актрисаның ығбалы" поэмасында
5. С.Салиевтиң "Тырнақ" романында

26. Халық легендасы тийкарында жазылған шығарма
1. Бала туўралы сөз
2. Қардағы из
3. Бүлбил уясы
4. Мәкарья услыў
5. Баҳадыр

27. Т.Мәтмуратов поэмалары қайсы қатарда берилген
1. Перийзат, Урыс дәртлери, Айсәнем

2. Мениң жулдызым, Мәмелек ой
3. Жақсы адамның жүреги, Гүрес
4. Гүресте жеңдик, Ербай батыр
5. Кәрўан мәнзилди гөзлер, Тырнақ

28. Қарақалпақ әдебиятында роман жанрының тийкарын салыўшы
1. Ө.Айжанов "Арал қушағында"
2. Х.Сейтов "Машақатлы бахыт"
3. А.Бегимов "Балықшының қызы"
4. Ж.Аймурзаев "Әмиўдәрья бойында"
5. А.Бекимбетов "Аўыр тәғдирди жеңиўшилер"

29. 60-жыллары жазылған прозалық шығармаларды табың?
1. Бостансыз бүлбил, Халқабад, Турмыс сабағы
2. Қарақалпақ қызы, Бир аўыз сөз, Әжинияз
3. Қоңырат, Тәғдир, Шымбай
4. Босаға, Жетимниң жүреги, Көздиң қарашығы
5. Жалынлы жыллар, Бозатаў, Посқан ел

30. Анасы менен баласы дийўанашылыққа ушыраған, қуўанышлы өмирге үмит пенен қәдем таслаў жолы арқалы көплеген қарақалпақ балаларының тәғдирин типик образда сүўретлеген қаҳарман ҳәм ол қайсы шығармада берилген?
1. Бахытлы мийнет гүрриңинде Садулла
2. Қарақалпақ қызы романында Жумагүл
3. Батырлық гүрриңинде Сабырбай
4. Интернатта гүрриңинде Төреш
5. Бағдағул драмасында Бағдагүл

31. М.Дәрибаевтың қайсы шығармасы реалистлик қарақалпақ прозасының қәлиплесиўинде белгили әҳмийетке ийе болды.
1. Шегарада
2. Жаңа адамлар

3. Үш батырдың анасы
4. Әрман
5. Мыңлардың бири

32. Жесир кемпирдиң қызы Ҳүрзия, жигит ағасы Айтбай образлары қайсы шығармада сөз етиледи?
1. Көклен драмасында
2. Шегарада поэмасында
3. Мыңлардың бири повестинде
4. Әмиўдәрья бойында романында
5. Баҳадыр дәстанында

33. "Өмирбек лаққы" комедиясы, "Искендер патшаның түси" пьесаларының авторы?
1. Т.Жумамуратов
2. И.Юсупов
3. Т.Мәтмуратов
4. М.Дәрибаев
5. Ә.Өтепов

34. И.Юсуповтың қайсы шығармасы өзиниң мазмуны жағынан узақ тарийхты еске түсиретуғын, патриотлық мақтаныш сезимлерди, философиялық ой-пикирлерди өзинде жәмлейди.
1. Кеўил-кеўилден суў ишер
2. Айт сен Әжинияздың қосықларынан
3. Кегейли
4. Ана тилиме
5. Құдиретли шынар ҳаққында

35. Бул мениң идиралды ири сүйкимли дөретпем еди,-деп жазады И.Юсупов-Шайырлық деген "ләззетли сүргинге" айдалыўым усы поэмадан басланды.
И.Юсупов қайсы шығармасын нәзерде тутқан?
1. Акация гүллеген жерде
2. Дала әрманлары

3. Тумарис
4. Гилемши ҳаял ҳаққында ҳақыйқатлық
5. Жолдас муғаллим

36. Т.Қайыпбергеновтың қайсы шығармасында тарийхымызда "тубалаўшылық жыллары" деп аталған дәўир шынлығы сөз етиледи?
1. Қарақалпақ қызы
2. Қарақалпақнама
3. Көздиң қарашығы
4. Қарақалпақ дәстаны
5. Соңғы ҳүжим

37. Ўәсият екен ал сондағы
Айтып кеткен урпағына,
Тыр жалаңаш қалсаңдағы,
Бек бол, бала қалпағыңа
қосық қатарлары қайсы шайырдың шығармасынан алынды?
1. И.Юсупов "Қарақалпақ ҳаққында сөз"
2. А.Шамуратов "Достың сыры"
3. Т.Мәтмуратов "Қаракең"
4. М.Дәрибаев "Түрк қызы"
5. А.Дабылов "Өткен заман"

38. Ж.Аймурзаевтың "Тыңлаңызлар", С.Нурымбетовтың "Перзентим" қосықларындағы тийкарғы идея….
1. гуманизм
2. дидактика
3. халықлар дослығы
4. реализм
5. патриотизм

39. А.Бегимовтың қайсы очеркинде Шымбайлы муғаллим Шәрипбай Алламбергеновтың фронттағы ерликлери сүўретленеди?
1. Намыс
2. Өрнекшилер

3. Ўатандарлық урыстың ветераны
4. Ол ўатан ушын урысты
5. Қазақ корпусының маршы

40. Урыстан кейинги жыллары дөретилген драмалар?
1. Биринши гудок, жигит болдық, Алпамыс
2. Сүймегенге сүйкенбе, Айгүл-Абат, Арал қызы
3. Жас жүреклер, Бизиң баҳадыр, Қырық-қыз
4. Ғәрип-Ашық, Әмиўдәрья бойында, Бағдагүл
5. Гүман, Тилек жолында, Арал қызы

41. Н.Дәўқараевтың қайсы шығармасы биринши мәртебе қазақ тилинде 1929-жылы "Жаңа мектеп" журналында басылды
1. Кешеги бир күнлерде
2. Батырлық
3. Бахытлы мийнет
4. Интернатта
5. Көп күнлердиң биреўи

42. Ғәрезсизлик дәўири жылларындағы прозалық шығармалар қайсы қатарда берилген?
1. Түркстан, Жийрен, Дөҳмет
2. Дәрья тартылған жыллар, Баҳадыр, Гүрес
3. Посқан ел, Жаңа адамлар, Шырашылар
4. Халқабад, Қарақалпақ қызы, Посқан ел
5. Жаман шығанақтағы ақтуба, Әмиўдәрья бойында

43. Шақмақ кемпир образы қайсы шығармада сөз етиледи?
1. Халқабад
2. Баҳадыр
3. Қарақалпақ қызы
4. Шырашылар
5. Қызкеткен

44. Адамлар тирилигинде жақсы болып, адамлардың сүйиўшилигине бөлениўи керек, олардың даңқы өлсе де өшпеўи тийис. Жаман адамлардың өмирин узайтыў бул жәмийетке зыян деген ойды, идеяны алға қойған мазмунлы шығарма қайсы?
1. Жетимниң жүреги
2. Мениң жулдызым
3. Жалынлы жыллар
4. Жақсы адамнын жүреги
5. Дурыс жуўап жоқ

45. Қарақалпақ әдебиятында мемуарлық шығарманы табың.
1. Қарақалпақнама
2. Қарақалпақ қызы
3. Жетимниң жүреги
4. Посқан ел
5. Түркстан

46. Садық шайырдың эпикалық шыгармаларын дурыс табың?
1. Тойға үлес, өткен күнлер, Фарҳад
2. Жипекши Жаңыл, Алламурат әлпайым
3. Қамары, Бердақ, Шоманай
4. Бахтияр, Ерназар Алакөз, Түркстан
5. Бердақ, Зарымбеттиң ғабырысы, Қәдирдан доктор

47. К.Рахмановтың қайсы драмасы "Ақыбет" романының сюжети тийкарында жазылып, қатнасыўшыларыда романдағы адамлар болып табылады.
1. Келин
2. Ынжықтың муҳаббаты
3. Егленген бәҳәр
4. Жаралы жүреклер
5. О дүньяға мирәт

48. С.Хожаниязов атындағы жас тамашагөйлер театры өзиниң биринши пердесин қайсы драманы қойыў менен ашқан еди?
1. Т.Жумамуратов "Тикленген туў"
2. И.Юсупов "Өмирбек лаққы"
3. К.Рахманов "Жаралы жүреклер"
4. К.Рахманов "Егленген бәҳәр"
5. Ж.Аймурзаев "Коля"

49. Қайсы шыгарма дослық ҳаққында, тәғдирлес халықлардың өткен өмири ҳәм бүгингиси ҳаққында жазылган болып табылады?
1. Жетимниң жүреги
2. Гилемши ҳаял ҳаққында ҳақыйқатлық
3. Қарақалпақнама
4. Дала әрманлары
5. Мениң жулдызым

50. "И.Юсуповтың поэзиясы" деген илимий монографияның авторы?
1. Г.Есемуратов
2. Қ.Байниязов
3. С.Баҳадырова
4. С.Ахметов
5. А.Алиев

51. "А.Муўсаевтың шайырлық стилиниң өзгешеликлери" деген темада кандидатлық жумыс жазған илимпаз?
1. Т.Алланазаров
2. О.Бекбаўлов
3. Н.Жапақов
4. Қ.Байниязов
5. И.Сағыйтов

52. Көркем өнердиң баслы ўазайпасы.
1. Характер жаратыў
2. Ишки сезимлерди оятыў
3. Халық турмысын сәўлелендириў

4. Көркем образ жаратыў
5. Сулыўлықты бериў

53. Көркем әдебияттың басып өткен тарийхый жолы.
1. Мифология. Фолкьлор. Әдебият.
2. Ўақыяларды әпиўайы баянлаў, образ жаратыў
3. Реалистлик әдебият, фольклор.
4. Романтикалық әдебият, фольклор, реалистлик әдебият.
5. Фольклор, реалистлик әдебият, романтикалық әдебият.

54. Әжинияздың "Бардур", "Еллерим барды" қосықлары қандай эстетикалық сезимлерди оятады?
1. Көтериңки ҳәм гөззал сезимлерди оятады.
2. Трагедиялық сезимлерди.
3. Күлки ҳәм ҳәзил сезимлерин.
4. Қорқыныш ҳәм трагедиялық сезимлерди
5. Трагедиялық ҳәм гөззал сезимлерди

55. Бердақтың "Алты қыз" шығармасы қандай эстетикалық категорияға тийкарланған?
1. Трагедиялық категориясына, себеби қатнасыўшылардың өлими сүўретленеди.
2. Комедиялық, себеби күлкили жағдай сүўретленеди.
3. Гөззаллық категориясына, себеби қызлардың сулыўлығы сүўретленеди.
4. Көтериңкилик категориясына, себеби салтанатлы жағдайлар сүўретленеди.
5. Қаҳарманлық категориясына, себеби алты қыз қаҳарманларша қурбан болады.

56. И.Юсуповтың "Шөгирме" қосығында шөгирме…
1. Этнографиялық элемент, себеби халықтың миллий кийимин билдиреди.
2. Аллегориялық образ, себеби ол қарақалпақ халқының образын астарлап береди.
3. Символикалық образ, себеби ол қарақалпақ халқының символын (нышанын) аңлатады.

4. Трагедиялық образ, себеби ол халықтың қайғылы тарийхын береди.
5. Тарийхый образ, себеби ол қарақалпақ халқының узақ өтмишин еске салады.

57. Шекспирдиң "Ромео ҳәм Джульетта" трагедиясында Ромео қандай образға жатады?
1. Қаҳарманлық образ, себеби ол муҳаббат жолында қаҳарманлық ислейди.
2. Көтериңки образ, себеби ол көтериңки сезимлерди оятады.
3. Комедиялық образ, себеби Ромео көп жерлерде күлки жағдайларда ҳәрекет етеди.
4. Трагедиялық образ, себеби Ромео муҳаббатқа садық болып қурбан болады.
5. 1 ҳәм 2 жуўаплары дурыс.

58. Көркем әдебияттың түрлерин көрсетиң.
1. Мифология, аўыз әдебияты, драма.
2. Драма, Эпос, лирика
3. Драма, эпос, лиро-эпика, лирика
4. Мифология, қаҳарманлық эпос, роман
5. Роман, поэма, лирика, эпика.

59. Ахмаққа ҳәмдам болсаң, қалмас **ар-уят,**
Сол ушын Ҳайяамнан тыңла нәсиҳат:
Ахмақлардың берген **балзам** суўынан
Ақыллының берген **зәҳәри** зият.
Асты сызылған сөзлер көркемлеўдиң қайсы түрине жатады?
1. Троплар
2. Аллегориялық сүўретлеў
3. Символикалық сүўретлеў
4. Көркем синтаксис
5. Көркем лексика

60. Қарақалпақ поэзиясының тийкарғы қосық өлшеми
1. Аруз
2. Бармақ

3. Тоника
4. Силлаба-тоника
5. Метрика

Мазмуны:

1.Көркем әдебият ҳаққында түсиник 3-бет

2. Қарақалпақ фольклоры ҳәм оның түрлери. Салт дәстүр қосықлары 6-бет

3. Балалар фольклоры 22-бет

4. Халық даналығының киши жанрлары 25-бет

5. Ертеклер ҳәм аңыз сөзлер 30-бет

6. Халық қосықлары 42-бет

7. Дәстанлар 47-бет

8. Қарақалпақ жазба әдебияты ҳаққында 86-бет

9. Ноғайлы ҳәм Түркстан дәўириндеги қарақалпақ әдебияты (XY-XYШ әсирлер 92-бет

10. Жийен жыраў Аманлык улы 97-бет

11. Күнхожа Ибрайым улы 103-бет

12. Әжинияз Қосыбай улы 110-бет

13. Бердақ Ғарғабай улы 120-бет

14. Өтеш Алшынбай улы 163-бет

15. Омар Сүйирбек улы 168-бет

16. X1X әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты 173-бет

17. XX әсир қарақалпақ әдебиятының тийкарғы өзиншеликлери 185-бет

18.1920-40-жыллардағы қарақалпақ поэзиясы 189-бет

19. 1920-40-жыллардағы драматургия 194-бет

20. 1920-40-жыллардағы проза 198-бет

21. Екинши дүнья жүзлик урыс дәўириндеги қарақалпак әдебияты 203-бет

22. 1960-80-жыллардағы қарақалпак әдебияты 212-бет
23. Абаз Дабылов 228-бет
24. Жолмурза Аймурзаев 234-бет
25. Караматдин Султанов 239-бет
26. Ибрайым Юсупов 243-бет
27. Төлепберген Қайыпбергенов 256-бет
28. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ әдебияты 265-бет
29. Тест сораў жуўаплары 28-бет